С2 (Чеч)
Н-896

НУНУЕВ
САЙД-ХЬАМЗАТ



ТАПЧА ЦА ОЬШУ

Забарш, анекдоташ, новеллаш, хьехамаш, кицанаш

С2(Чеч)
Н89 6

НУНУЕВ
САЙД-ХЬАМЗАТ

ТАПЧА ЦА ОБШУ...

ЗАБАРШ
АНЕКДОТАШ
НОВЕЛЛАШ
КИЦАНАШ
ХЬЕХАМАШ

-6857-
Кстати выдается не дом
КНИГОХРАНЕНИЕ
Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

Г. Москва, 1997 шо.

Национально
краеведческий
отдел

С2(Чеч)
Н 896

ISBN 5-88653-008-8

© Нунуев С-Х. М.
© Художник Саевич Ю. С.
© «11-ая типография»


Выход любого общества из состояния глубокого кризиса бывает наиболее успешным там, где в первую очередь решаются проблемы духовности, культуры. Так было в США в годы великой дипрессии, так было в послевоенной Японии и в очищающейся от фашизма Германии.

Московский общественный Фонд поддержки чеченской культуры "Нохчмохк" не берет на себя слишком больших, непосильных задач. Наша цель — непосредственная помощь в издании и переиздании литературных и исторических произведений, составляющих основу духовной культуры нашего народа.

Сборник веселых и поучительных историй писателя Нунуева Сайд-Хамзата — тот самый оптимистический камертон, с которого мы хотим начать свою работу.

Пусть наша издательская деятельность будет скромным, но посильным вкладом нашего Фонда в скорое избавление нашей исторической Родины от последствий самой жестокой в истории Кавказа войны.

Президент Московского Фонда
поддержки чеченской культуры
"Нохчмохк"
Висради Анасов



ЗАБАРШ, АНЕКДОТАШ

Ишта-м дуккха а делара!

Цхьанхьа-м аренца веллачу стеган дакъа кешнашка дIадахьа ламаро — нуц валийна хилла охьарчу наха. Невцо жимо ши старгIа ялийна хилла ворданца.

— Ванах, и ши старгIа ма жима ю хьан, цаьршинга дахьалур дуй – тIехьа хIара дакъа? — хаьттина стунзахоша.

— Ишта-м тховса сахиллалц дIакхехьа дуккха а делара шун хIорш, — бохура боху ламарочо.

Цу кхаьллинарг

Ламарочуьнга цу беха веана лулахо. Важа хIетта бага юьззина цу а кхаьллина, Iаш хилла.

Шега цу мел боьху корта хьовзош хилла ламарочо, амма лулахо дIаваха кхеташ ца хилла.

Цо гIад а, амал а дайича "бац!" — аьлла, багахь мел болу цу аракхоьссина ламарочо:

— Боцче цу-м муххе а бойтур бара шу наха, старе эса дойтур даракха аш, цкъа тIедирзича!

ВОДАХЬ ЦХЬАНЕ ГІУР ВУ

Аренца Іер — вахар атта ду, аьлла, охьакхелхаш хилла ши ваша, ши ламаро. Цхьаъ шен салпал сихха вордана тІе йиллина ваьлла. Важа хьелуш, делкъанга волуш хилла.

— Со дІаволало, хьуо ваьлча тІаьхьакхуьур хьо, — аьлла вешо.

— ХІан-хІа, ког дІа боккхур бац. ДІахецал говр. Водахь цхьане гІур ву вайшиъ. "Кху ламароша хІун леладо-те, шайн цІахь ца Іаш" — баха воллу-кха хьо а, селхана цига баханчара санна, — тІечевхина шозлагІа ваша.

ЛАМАРОЧУН КІАНТ

Соьлжа-ГІала деша ваханчуьра цІавеана хилла ламарочун кІант, аьчгапхьеран говзалла а Іамийна. Ша хІора жІов мосазза туху "та-ак" — олуш хилла кІанта.

— И хІун ду, бисмиллин метта "та-ак" бахар? КхултІехьа сан лергашна и гІазакхийн шайтІанан дош ма хазийталахь! — кхерам тесна дас.

Цул тІаьхьа Соьлжа-ГІала а вахана юха ваьча шена коьртахь лело "фуражка" олу оьрсийн лаба йолу куй беана кІанта.

Дукха хIуманаш дехка волавелча шеца кIант эвхьаза валарна кхера а велла, цунна тIе кIентан нана яхийтина ламарочо: "И "та-ак" боху дош юха алий а, и коьртара лаба йоцу гIазакхийн куй дIабаккха алахьара цуьнга!"

ЧЦО КАЧЬЕЛЧА ХIЦ ДО АШ?

Цхьа ламаро вахана аренга Iен-ваха. Лома хьала а веана, кураллаш ян волавелла:

— ДIадовла дIа, дош дац шу ламароша лелош дерг, кху бердашний, хьаннашний юьккъе а хевшана. Дуьне а, дахар, а хIумма а шуна гуш а дац.

Мохк бу хIара? Ша дерриге а Iаннаший, кIаьгнашший, тIулгашший, бедашший? Дуьне со вехаш верг ду шуна! Го баькхина аре, бIаьрго ма лоццу! Хьун а яц, бердаш а дац. Вехар ву шена маттов! Хьунхахь бежана дарна а кхоьрур вац, бардах дахарна а кхоьрур вац. Цу тIе дуьненахь хуьлуш дерг а ца хеа шу пекъаршна, кху лаьмнашна тIехьа а левъкъана...

ЛадуьйгIуш лаьтташ хилла ламарой, шайн хьешан хабар ца товш. Кегийчара човхор волуш хилла, амма баккхийчарах хIуттуш ца хилла.

Мацца а пхоьханна юьккъера схьа мохь туьйхира боху цхьана лохачу, кIай маж йолчу ламарочо:

— Сан ваша, хьун а, кондарг а яц боху ахь хьуо вехачахь. Делхьа дийца, пешахь яга хIун йо аш ткъа?

— Оха дакъа а деш, бежнийн кхо дагадокха! — жоп делло хьешо.

— Со вала хьан дийца, — хаьттира боху тIаккха ламарочо, — нагахь цу бежнийн чуо качъелча хIун до аш?

Бийлабелла, гIадбахана ламарой. И хаттар а, нехан бийлар а шен хабарех цабашар дуй а хиъна, сихха дIавахара боху хьаша.

ЗЕРАТЕ ЯХАНАРТ

Аренга зерате боьлхуш хилла ломара зударий. Бехачу новкъа дIа мел боьлху, цхьацца хьехамаш беш хилла вовшашна, дика зударий муха хила беза, бохуш.

Цхьаммо, жайнаш тIехь дерг дика хеа бохучо, дийцина:

— Майрачунна муьтIахь йоцчу зудчун эхарте сатийса меттиг бац. Шен майрачунна лууш долчунна, цуьнан лаамашна яла а елла хила еза зуда. Дика зуда шега хIумма а бахаре а ца хьоьжуш, буьйсанна нийсса кхозза тIе хIотта езаш ю майрачунна: со оьший хьуна, соьца гIуллакх дуй хьан, олуш...

Хьехамашка чIогIа ладийгIина дика зуда хила лууш йолчу Масанис а.

ШIа цIаеанчул тIаьхьа, дийнахь сарралц яйна шинарш лоьхуш а лелла, кIадвелла вижина Iуьллучу майрачунна тIе яхана Масани. Муьшка йина, иза сама а ваьккхина, хаьттина:

— ХIей, стаг, соьца гIуллакх дуй хьан?

— Дац. ДIаяла суна уллора. Со сама стенна ваьккхи ахьа? — дов в дина, дахьажийна ламарочо шен зуда. Буьйса юьккъе яханчу хенахь юха а самаваьккхина Масанис шен майра:

— ХIей, стаг, соьца гуллакх дуй хаан?

— Ас "дац" ма аьлла хьоьга! Витахьа со вижанчахь, хIай зуда! — юха а дов дина майрачо.

Мацца а сахуьлучу заманчохь, уггаре а наб мерза хуьлучу хенахь, юха а муьшканаш йина Масанис шен майрачунна:

— ХIей, стаг, хIинца а дуй хьан соьца гIуллакх?

Кхоччуш дарвелла, хьалаиккхира боху ламаро:

— Ванах, телхинакха хьо зуда! Зерате йоьду, аьлла, дIа а яхана барше а еана схьакхаьчнакха хьо! Кхин хьо суна улло дагIахь ас легаш Iаьвдина дуьйр ма ду хьо, йилбаз!

"Дика зуда хила а, уллехь дика майра хила веза" — доккха са а даьккхина, дог а диллина, дIайижина Масани.

ЛАРЛОЛАШ ОРЦАХА БОГIУРШ!

Лома буьххье хьалаволлучахь ворданан Iарш каг а делла, ворданах букъ а гIортийна, шена цIераш йохуш мел хезначу устазашкий, шайхашкий гIодоьхуш, кхийкха хIоьттина цхьа ламаро. Некъаца охьахьоьжуш хилла иза леррина, орцах кхочий техь уьш, бохуш.

Цхьана хенахь говро дIа а гIоьртина, шозлагIа Iарш а кагдина. Ворда новкъахула чухахкаелла.

— Во-о-о суна орцах богIуш берш, ларлолаш! Ворда хецаелла шуна! — бохуш, мохь боьттура боху ламарочо.

ТХАН ХЕНАН ДАРА И ШЕЛИТ

Мацах, паччахьан заманчохь, тIом болчу хенахь, цхьа пурстоп веана хилла лома. Берриге а цу юьртара ламарой тIе а гулбина, къамела ваьлла хьаькам:

— Вайн паччахьо бечу сийлахьчу тIамехь дакъалаца декхарехь ву хIора а стаг а. Там тIе ван луург схьакъаста веза шуха. Ша тIам тIе ца вогIучун декхара

ду я говр, я ахча, я герз дала. Цхьана цхьаъ а юьстаха латта мегар дац цу сийлахьчу гІуллакхана...



Пурстопа беана некъ шайна бовза ма бевззинехьа цхьацца, шишша воьдуш, ламарой дІаиха бийлабелла. Цхьана хенахь, берраш а дІабахана бевллачул тІаьхьа, цхьа ламаро хилла юьхка тІе а хеъна, дІа ца воьдуш Іаш. Цунна ша волавелла тІе вахана тІаккха пурстоп:

— Хьо цхьаъ вукха хІинца ас бохуче ладоьгІна, сецна. Дийцал, хьан хІун Іалашо ю: хьуо тІам тІе вогІу хьо, я говр, ахча, герз ло ахь?

— ТІамтІехь-м, Дела вазалор, гІуллакх ма дацара я сан а, я сан говран а. И хьо тІехь лаьттина шелаг тхан

нанас хIора шарахь а чохь берам беш дара. Хьо цу тIера охьавоссалц, бохуш, ладуьгIуш Iаракха...

ЦIА ВАХИЙТА АЛА

Пурстоп веана лома. Берриге а ламарой шена тIе а гулбина, хабаре воьлла:

— ХIан-хIа, кIентий! Цхьана хIуманах кхета деза вай. Шу шайна тIейожийна ял схьалуш дац. Аш жижиг а, даьтта а, ахьар а ца делча, вай вешан паччахьалкхан арме муха кхаба еза? Шу цхьана хIуманах кхетал шу, шуха хIора а ларвеш цхьацца салте ву шуна! Цундела сихха ял схьаяла еза аш!

Цхьа ламаро схьакхайкхира боху:

— ХIей, пурстоп, цхьа хIума дехьа хIинци хьуо дIавахчи.

Вайна сиха хан ю. Оханаш дан деза хан ю. Шен цIахь гIуллакхаш хир ду хIоранан а. И со ларвеш волу салте шен цIа вахийта алахьа цу паччахье.

ДАКЪАЗАБЕВЛЛАРШ КХЧ ЧОХЬ БЦ

Нускал далийна хилла цхьана ламарочун хIусаме.

Іуьйранна, арадаьлла, хи тІе дахана нускал. Амма юхадирзича ша араяьлла ков-керт девзаш ца хилла.

Урамехула хьаладоьдуш, охьадогІуш, лелаш хилла нускал, чудаха ца хууш. Цо хІун леладо техь, бохуш, терхе тІе а хеъна, цецваьлла Іош цуьнан марда а хилла.

Пхиазза-ялхазза цунна тІех дІаса а даьлла, эххара а тІе а дахана, хаьттина нускало:

— ХІей, стаг. Кху урамехь кесталха нускал далийна нах муьлха чохь бехаш бу хеий хьуна?

— Нускал аьлча а, хьо Іовдал а ялийна дакъаза бевлларш-м кху чохь бу, — бохуш, шайн ковна тІе Іаса хьежайо бохура мардас.



ЭЧИГПХЬАР ЦIАХЬ ВИТА ВЕЗА

Ломахь хIетта кхоьллинчу колхозана дуьххьара машен елла хилла. Цу тIе балха муьлха вахийта веза дагабовлуш, вовшахкхетта колхозхой.

Дукха къийсина. Эххар а барт хилла церан: "вайн эчигпхьар ву цу эчигашна юьккъехь воллуш. Мелла хеъна а цхьа хIума ца хууш хир вац иза. Цундела иза вахийта веза цу машена тIе".

Ши де далале эчигпхьеро машен бердах а тесна, аьтта дIаяьккхина. Бехкениг чувуллур волуш хилла.

Юха а вовшахкхеттачу ламароша барт бира боху:

"Эчигпхьар цхьаъ бен вац, дечкапхьераш кхоъ ву. Цундела цераха цхьаъ чу а воллийтина, эчигпхьар цIахь вита веза".

ШИБIАЬРТ ДИКА БАЦАРА ЦУЬНАН

Юург яа охьа ма хеъанехь хIора сарахь чу уьхуш лулахо кIордийна хилла цхьана ламарочунна. Цхьана сарахь, корах ара юха а иза вогIуш гича, аьлла ламарочо шен зудчуьнга:

— Ялохьа, дІалачкъахьа маьнгана кІел. Хьо ас йитина дІаяхийтина аьлча мукъа сихха дІагІур вацара техь иза, юург яларе са а ца туьйсуш?

Зуда маьнгана кІел дІалечкъина.

Чувеана лулахо.

— Стенга яхана хІусамнана? — хаьттина цо майрачуьнга.

— ДІаелира иза-м кочара. Йитина дІаяхийти ас сийсара.

— Лаа? — цецваьлла лулахо.



Кхин бахьана а ца карийна, майрачо аьлла:

— Божаршхахь безам болчах тера хетара суна иза.

— Эхl! Ма бакъ бохура ахь иза, — тlетодина лулахочо. — Ши бlаьрг дика бацара цуьнан. Хьо цlахь воцуш ши-кхо буьйса-м аса а текхнера хьуна цуьнца. Дохко ма валалахь. И ахь лахьанна бийначу стеран жижиг марца-м вайшинна ваьшина а хуур ду хьуна.

ХЬЕ-М БАН А БАЦАРА

Бахьана доцуш дов а даькхина, шен коьртах шаьлта еттийтина хилла цхьана ламарочо. Иза лоьрана тlе эцна вахана цуьнан верас.

Лор коьртан туьтанна чу гам хьекха волавелла.

— Хье ма лазабелахь цуьнан, — дехна, къахеттачу верасо.

— Хье-м бан а бацара кхуьнан, — бохура боху лоьро. — Белахьара хlара болх шена тlехь бойтур а бацара.

КОРТА-М ХИЛА А ЦА ХИЛЛА

Талла вахана хилла кхо ламаро. Цхьанна ченан бен гина. Цу чохь ча ю я яц хьажа, .корта чоьхьа баькхина ламарочо. Чано иза дlакхаьллина.

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

Мацца а бена уллохь Іуьллуш карийна шайн накъост, ши ког а лаьцна юха такхийна шина ламарочо. Накъостан белшаш тІехь корта ца хилла.

— Ванах, корта бан а барий техь кхунна тІехь? — ойланашка ваьлла ши ламаро. Цхьаммо шена шимекх дагадогІура олуш, вукхо цхьа чаьмза дешнаш чуьра схьадуьйлуш бат яра цуьнан, олуш, билггала корта хилла — ца хилла ца хууш ойланаш еш Іаш хилла ши накъост.

Юьххех тІехволуш хилла хьуьнах дечке веана юьртахо.

— Аьшшимо стенан ойла йо? — хаьттина цо.

— Кху Іуьллучунна тІехь корта хилла, я ца хилла дага ца догІуш ойланаш еш Іара тхойшиъ-м.

Доллучух а кхеттачу юьртахочо бохура боху:


— Ойланаш ма а аьшшимо, хила а ца хилла цунна тІехь корта. Хиллехьара иза цу Іуьргех чу гІертар а вацара.

ТХАН МОРЗА МЕТАР ДАЦ

Ламарочо бага лейина хилла шен лулахошка, сийсара шун отто Іоьхуш, наб ца яйтина шега, бохуш.

ШозлагІчу дийнахь ламарочун зуда лулахошка морза деха яхана.

"Тхан аьттан морза мегар дац шуна. Тхан етт Іоьхуш бу" — аьлла, юхаяийтира боху лулахоша ламарочун хІусамнана.



МА ХАРЦЛОЬ ХЬО!

— Осто-о-пирлахІ, ма харц лоь хьо! Ма гуш лаьтташехьа харц лоь хьо! — бохуш, ша шега а луьйш, чухула дІасауьдура боху цхьа ламаро.

— Мила лоь харц? Стенна реза вац хьо? — хаьттира боху чувеанчу лулахочо.

— Хьажахьа кхо дуьйцург! Шена вон болх бинчунна дуьхьал дика болх бе бохукха кху тIехь, — аьлла, лулахочунна хьалха жайна кхоьссира боху ламарочо.

ШИНА НЕIАРАН МАХ

Юьртахочуьнга мачаш ян неI деха вахана хилла цхьа ламаро. Амма дIа а кхачале юха а вирзина, цIавогIуш хилла.

— Ахь хIун леладо? Хьо стенгара вогIу? — хаьттина лулахочо.

— Воьдуш-м ЖIаппаре мачаш ян неI деха дагахь ма вахара со, вуьшта, цуьнгара дехна неI доккхучул цуьнан муцIар ца гар шина неIаран мах а хетта, юхавогIукха, — бохура боху ламарочо.

КЪОЛАШ ДАН IЕМИНАРГ

Къолаш дан Iемина хилла цхьана ламарочунна.

Шена кхин лачкъо хIума ца карайчи, урама юьккъе а хIуттий, дIаса а хьожий, схьабоккхий, шен коьртара куй чета а буьллий, водура боху ламаро.

"ЦХЬАЬ" ХІЦН ДЦ ЦА ХЕА...

Ломахь цхьа чІогІа хаза, хьекъал долуш йоІ ю, аьлла хезна хилла Соьлжа-ГІаларчу цхьана къонахчунна. Мехкадаьтта долу латтанаш дихкина дукха чІогІа хьал гулделлачу нехан хилла иза, хІун духур, хІун дуур ца хууш. Яло башха зуда ца карош, халчахь бохкуш а хилла.

Ши пайтон а йоьжна, хьалхарчунна тІе шай, шен доттагІай хеъна, шозлагІчунна тІе шаьшшинна некъана дуург-мерг а диллина, баьхкина лома хьалакхаьчна къонахий. ЙоІ ехачу лула бахана, йоІ схьаялаяйтина.

Нуц хила гІертарг-м вистхила вешаш а, я карахдолуш а ца хилла. Маьнгана буьххье а ваьлла, назбаршна тІе дІа а таьІна, Іаш хилла. ЙоьІаца къамеле ваьлларг, иза зен хІоьттинарг невцанакъост хилла.

ЙоьІан хьекъал мел ду хьожуш, хеттаршка ваьлла накъост.

— ЙоІ, тхойшинна дукха мехкарий гина кху ДегІастанахь.

Юьхьсурт хаза хилча дегІ ца нислуш, дегІ а, юьхьсурт а нисделларг хьекъалца кІорге йоцуш, боккха бала бу охшимма лелош берг. Хьо, схьагарехь, хаза йоІ ю, вуьшта, ас деллачу хаттаршна жоп дала деза ахь, — аьлла кІентан накъоста. И кІамел шена чІогІа товш ца

хетташехьа, хьала а гIеттина дIаяхар шен гIиллакхаца догIуш доцу дела, са а детташ, Iадда Iийна йоI.

— Дика ду хIета. Сайна хуург дуьйцур ду аса-м, — аьлла цо.

— Дийцал хIета, шиъ бохучу дешан муха маьIна дийр дара ахь? — хаьттина накъоста.

— Яра дуьне кхоьлличахьанна, азаллений, абадений юьккъехь ши ницкъ бу къийсалуш аьлла хетакха суна: серлӧй, бодий; йовхой, шелой; бакьой, харцой; хьарамниггий, хьаналниггий; безаммий, цабезаммий.. Шина ницкъан къовсамехь стаг ша шен хадийначу мехаца мах хадор бу ша стеган а, аьлла дош ду бохукха вайн везачу Делан...

— Иза хаза жоп ду, — реза хилла накъост. — Делахь хIета, пхиъ хIун ду? — хаттар дина накъоста.

— Пхиъ вай дийцича, Дала вайна тIедиллинчу пхеа ламазал деза суна хIумма а ца хета, — жоп делла йоIа.

— Исс хIун ду тIаккха?

— Исс дуьне ду олуш хезнакха суна сайн дас.

— Делахь хIета, тIаьххьара хаттар до ас хьоьга. Ахь цу хаттарна жоп лахь, хьо йига а мега охшимма. Дийцал хIета, цхьаъ хIун ду? — хаттар дина йоIе кхуьнан хьекъал зуьйш волчо.

— Валла хаац суна-м цхьаъ хIун ду-м, ша оцу дIогахь маьнгана буьххьехь разваьлла Iуьллучу хьан накъостан цIога доцахь, — аьлла йоIа.

И жоп хезча, кхаьрга къайлах а, къулах а ладуьйгIуш лаьтта ламарой шайн чонаш а лаьцна бийлабелла, гIадбахана. ЮьхьIаьрча хIоьттина, цIий а велла, ши хьаша шаьшшинан ши пайтон а хаьхкина, дIавахана.

Йоккха хан ялале, йоIа делла жоп йоллучу а ДегIастанна дIахеъна. Цо и жоп хаза даларна наха йоIана ахчанаш кхоьхьуьйтуш хилла. (ХIетахь хаза дош аьллачунна ахча луш хилла).

ТIаккха йоIа СоьлжаГIала шена веана хиллачу кIанте кехат яздира боху:

— Хьан хьал-м мехкадаьтта бахьанехь дебнера, сан хьал а дебаш лаьтта и хьан цIога беркате даьлла. Вола юха а тхан самукъа даккха!

ХАЗАЧАРНА ХАЗАНАШ А БУ...

Лома йоI лаха веана хилла цхьа къонаха. Ша ирча хилла хIара, гича хецна ворда яддал. Делахь а, ша токхечу аренгара хилча, шега хазаниг ян декхара ду моьттуш хилла.

Эвла юьккъехула дIа волавелча цхьа а хаза йоI гуш ца хилла кIантана. Эххара а хийисте а вахана, хи тIе уьхучу йоьIаршка бIаьрг бетта хIоьттина.

Іа а ца велла, цхьана ирчачу йоІе хаьттина кІанта:

— ХІай, йоІ, кху шун лаьмнашкахь хаза мехкарий бан а буй?

— Хазачарна хазанаш а бу. Цхьа хьо санна болчарна со саннарш а бу, — жоп делира боху йоІа.

ХЬО ХАЛАХО А ТО...

Юьртада вахийтина хилла цхьа ламаро.

ТІечевхича, стоьла тІе буй тоьхча, хаьнтІарчу тапчайх катоьхча, юьртахой озалуш хилла. Амма цІахь шен зуда кхералуш ца хилла кхуьнга хІуъа дича а.

ТІаьххьара а, къар а велла, юьртадас бохура боху:

— Ванах, зуда, хІара ерриге а юрт а цхьана агІор яьлча, хьо вукха агІор яьлча, хьо халахо а юкха суна...

САЙН ЦІА ТІУР ВАРА

БатІал боху цхьа ламаро хилла муьлхху а хан йоцчу хенахь хьошалгІа нехан чу а воьдий, хенахь дІа ца воьдуш Іаш Іедал долуш. И кІорда а веш, кІордийча а цуьнга дІагІо ала йиш а йоцуш, хала хьийзош хилла цо нах, шайн хІусамашкахь пергІат садоІа ца буьтуш.

Цхьана буса хІара шайн чохь ишт та хьевелча, луларчу хІусамдас элира боху:

— Дависса, БатIал, шуьгахь велара вайшиъ.

— ХIунда? — Цецваьлла БатIал.

— Сайн цIа а вахана, дIавуьжур варакха, — бохура боху хIусамдас.

ХЬАН ДОЬХНА ХЬИЙЗАР...

ДегIо ма лоццу кеп а йина, цIакхаьчна хилла цхьа ламаро. Бодечу чохь цIенкъахь Iуьллучу цициган гай тIе ког баькхина. Мохь аьлла, кхоссаделлачу цициго кхерийна ламаро. Дог даьттIа, цIога а лаьцна, ластийна, дIакхоьссина цициг йогуш лаьттачу пеша чу доьжна. Дагийна, схоьакхоссаделла цициг юха а ламарочун когах хьаьрчина.

— Осто-о-пирлахI, цициг, хьан доьхна хьийзар. — бохура боху ламарочо, — шен кхеравалар дIадайаш

IАДДА ГИЙЧА ТОЬЛА

ДегIана эгIаза, чIиркъе стаг хилла цхьа ламаро. Мала а молий, нехан коча воьдуш, цара, тухий, Iункар хIоттош, лелаш хилла иза къелла валла воллуш, доьзал а боцуш.

Цхьана Іуьйранна, кхоччуш ша шелвелча, лулахочуьнгара говр-ворда а яькккхина, хьуьнах дечке воьдуш хилла иза. Ворданна улло хІоьттина догІуш и ворда йолчуьн цхьа жима кІеза а хилла.

Юьртарчу урамех шаьш чекхдовлуш и кІеза Іаш ца хилла, нехан жІаьлешна леташ, чукхийссалуш.

Цхьана куьпахь жІалеша, тІедевдда, хьакхийна, лазийна, шийла мохь ихийтина кІезехь. ТІаккха кІеза, дедда, ворданна тІе а икхина, кхераделла, дега а деш, цу тІехь волчу ламарочунна уллохь дІатебна, кхин шен багара гІалх ца долуьйтуш.

— Маржа кІеза яІ, — бохура боху эгІазчу ламарочо, — гІорайха тІитІ а бац, майралла дала а доллу. Ма цхьатера ду вайшиъ. Ма Іадда Іийча тоьла вайшинна.

ХАРЦАХЬА А ЮТТАВЕЛИ

Цхьа майраллина цІе яхана стаг хилла ломахь, Аьлтимар бохуш.

— Аьлтимара хІун динера вайга ца далург? — меттаха ваьлла, шаьш молуш Іачахь, цхьа хьаьрса ламаро.

— Летачахь лата а, тухучахь тоха а, цхьаний дех озалур воцуш, майра стаг ву Аьлтимар жимастаг волуш доьнна а. Майрачунна майра ву ала мегар ду, —

къамелашка бевлла чохь берш, хьаьрсачу ламарочо дуьйцург башха къобал ца деш.

— Масала, со хьенах кхералур вара аьлла хета шуна? Со хьан къарвийр вара Аьлтимар ца къарвинчо? — тІеттІа карзахволуш хилла хьаьрса ламаро. Амма чохь болчара цхьаммо а "хІаьа, хьо а ву майра стаг" — олий, там беш ца хилла кхунна.

— Дика ду! — меттаха ваьлла тІаккха хьаьрса ламаро. — Вай хІинцца пхьоьхана арадевр ду кху чуьра. Цу пхьоьханехь уггаре а хьалха сайна тІеІоттавеллачунна ас оцу бетах буй туху шуна, багахь мел йолу церг охьа а йожош!

— И мегар дац, и питана ду. Харцахьа ма лелахьара, хьоьгахь, мелла елахь а, майралла юй а хеара, — дехарш дина чохь болчара. Амма хьаьрса ламаро, цаьрга цхьаьнге а ла ца дугІуш, сихха чуьра ара а иккхина, пхьоьхана хьадда.

Пхьоьханна улло кхоччушехьа цхьана зоьрталчу накъостана ластийна, бетах буй тоьхна хьаьрсачу ламарочо. Зоьрталчу къонахчо иза хьала а айвина, цхьана боьхачу хотта бертал а тоьхна, легаш тІе мийра а биллина, вуьйш хилла цхьана маьІаргонна, тІаьхьабаьхкинчу накъосташа кІелхьара ца ваьккхинехь.

Шен багара хатташ шеташца дІа а кхуьйссуш, бохура боху хьаьрсачу ламарочо:

— Цхьелае хьан, тІеІотталушшехьа ма харцахьа а Іоттавели...

ГIАТТА А-М ГIАЬТТИРА...

Ши ламаро хилла къамела ваьлла. Цхьаъ оьрсийн мот а, йоза-дешар а хууш хилла.

— Ванах, оцу партехь болчу нехан шайн назма хила а хуьлий, вайниг-м хезча а чолаза йолура церан? — хаьттина йоза-дешар цахуучо вукхуьнга.

— Дера хуьлу. Шаьш вовшахкхеттачахь ира а хIуьттий, йир олу цара-м "Вставай паркляти заклимони вес мир голодний и рабов" — бохуш.

— И бохург хIун ду?

— Иза дера ду и Делан наьIалт тIеьхь мел ду мецигийн, лайн тоба хьалагIотта, бохург!


— ЭхI! — Корта лестайра боху вукхо, — дера гIатта а-м гIаьттира...

ЕТТ БУХКУШ БАЦ!

Етт а боьхкина, маре яха кечъеллачу йоIана гIабали оьцур ю, — аьлла, барт бина хилла цхьана ламарочун доьзалахь.

Етт къена хилла. Кхарна безачу мехах цхьаммо а дIаоьцуш ца хилла.

Цхьана шарахь а, шина шарахь а, хIора кIирандийнахь базара лелийна цара иза. Амма бохкалуш ца хилла.



Цхьана кIирандийнахь, дIахьаьжча, етт ца хилла божалахь. ДIа лехча а, схьалехча а цхьаний меттахь ца карийна. Iуно шена бежаца а ца гина, аьлла.

ТIаккха зудий, йоIIий тIейирзина ламарочунна, ахь къайлах бига а бигна, дIабаьхкина и етт, бохуш. Ца боьхкина аьлча а, дуйне ваьлча а, хIуъа дича а бехкалара волуьйтуш ца хилла цаьршиммо иза.

Иштта дов деш, кертара араваккха хьийзош хIара пекъар а волуш, де суьйрангахьа лестина.

Мацца а кхеран уьйтIа кхаьчна байна етт а, цунна тIаьхьа хIиттина иза эца безам болуш баьхкина нах а.

— Вуй! ХIара мичара бели? ХIара байна хьийзаш ма дара тхо! — цецбевлла етт берш.

— Тхо а дукха кху атто цецдаьхна. Базар дIахIуттушехьа утгаре а хьалха бан а беана дIа а хIоьттира хIара цига. Бага хьажа луучунна бага гIаттош, цIога айда луучунна цIога айдеш, дукха лерина, хьажа луург шега а хьежийтина, базар чекх ма яьллинехьа, ша болабелла кху шун керта беакха хIара! — тешалла дина етт эца баьхкинчара. Кхетта етт берш а цо лелийнарг кху масех шарахь шена Iамийнарг дуй.

— Етт бухкуш бац! — дуьхьалваьлла хIусамда.

— ХIунда ца бухку? — цецбевлла берраш а.

— ХIара а дIабохкахь кху кертахь кхетам болуш сте хIума йисса а ца юьссу! — дIачIагIвелира боху ламаро.

МАЦДЕЛЧА ХЦЦР ДЦ

ЙоI еха нах баьхкича, нуц хила гIертачунна хьалха цхьа дукха шеддаш долу гуьйриг кхуссуш хилла мацах ламароша. Нагахь иштта гуьйриг дагарца цуьнга якккхалахь, йоI маре луш хилла. Ца якккхалахь, гIора дац кхуьнгахь хIинца а, олий, дIабохуьйтуш хилла.

Иштта, аренгара цхьа нах баьхкина хилла ломара йоI еха. ЙоIана кIант шен бIаьрга гушшехьа везавелла.

Амма иза, схьагарехь, коча лелийна, башха гуьйриг йоккху йолчух тера ца хилла.

Цхьана хенахь невцагуьйриг (иштта хуьлуш хилла цуьнан цIе) хьалха тесна кIантана. КIант гуьйригана юкъаметте диг детташ воллуш хилла хьацарша а вуьзна. "Маржа яI, йист-йисте диг а тухуш йоккхуш елара цо иза!" — геннара схьа бIаьрг бетташ, догъэтIаш Iаш хилла йоI. ТIе а сена хьехар дан йиш ца хилла цуьнан. Амма Iа ца елла. Ша жIаьлена доьша дуттучаха гуй улло яхана йоI. Доьша доьттина а яьлла, жIаьлена тIечийхара боху йоI: "Йист-йисте мотт а хьоккуш даахьа иза, хьо делла тхо диссарг!"

Нуц ца кхетта йоIа дуьйцург шега дуй. Амма йоьIан да кхетта. Цунна хеъна шен йоIана цу кIанте маре яха леий. "Дикка ша мацделча хуур ду жIалена доьша муха даа деза а", — элира боху дас. Баьхкинарш йоI а елла, дахьовсийра боху.

ЙОККХАЧУ СТЕТАН ДАТАЛЕЦАМАШ

Йоккхастаг йигна хилла пионераша школе кхайкхина, Iедал доккхуш дагадогIурш дийца шайна, аьлла.

— Дийцахьа, Баба, муха тIеийцира аш Советан Iедал? — хаьттина йоккхачу стаге.

— Со жима яра хIетахь, хIетта ловзар — синкъерама охьахаа йолаелла, — дуьйцура боху Бабас. — Цхьа хабар даьржира, ша массо а цхьатерра вехаш хир ву, хьалдерг а, къениг а воцуш. Суна моьттура, Советан Iедало доцчарна даьхний а делла, аьтто а бина, ша массо а цхьатерра дика вехаш хир ву. ДIа ладоьгIча, цара хиллера даьхний а, гIишлош а, дерриге а долчуьнгара дIа а даьккхина, иштта ша массо стаг дакъаза а ваьккхина вовшех тарвийр волуш.

Цул тIаьхьа сан бIаьрга гинарш ма гойла...

— ДIаяккха, дIайига и йоккхастаг шен цIа! Мила ву иза ккуза ялийнарг? Ца го шуна цо дуьйцу лартIехь мел доцурш? — кхеравелла, хьалаиккхира боху школан директор.

ПАРТЕ А ЦА ХИЛИ, ДЕЛАХА А ВЕЛИ...

Ламаро хилла парте волуш. Хаттар дина бюрохь райкоман секретара:

— Делах теший хьо?

— Ца теша! Ша Iовдал воцург тешар а вац! — майра жоп делла ламарочо.

— Хьо парте валар хIун бахьана ду тIаккха? — хаьтти бохура ламароче.

— Со цу парте валар дера ду къолаш дечу, кхаьънаш оьцучу, харц лоьчу, къаьркъа моьлуш лелачу нахах летта, летта, летта валар! — бохура боху ламарочо.

Бюрохь Іаш берш вовшашка хьаьвсира боху, шайн дагахь "ванах, хІара-м вайх лата ма воллу" — аьлла. Цул тІаьхьа, кхин дукха ойла ца еш, парте а ца оьцуш, эккхийра боху цара ламаро.

Цу чуьра ара а ваьлла, лома хьалавоьдуш ламарочо гІийла ойланаш йора боху: "ДІаэца хьайна хІинца, Іовдал. Наха "Іовдал ламаро" аьлча, новкъа догІура хьуна. Хьайн сил дукха еза компарте а ца хили хьуна, кханалерачу дийнахь дуьхьалхІутту волчу Делах а вели хьо..."

ІЕХАВЕЛИРА ХЬО, СТАЛИН!

Актюбинскехь, цІокарчий тоечу цехехь цхьаъе, юург чохь йолчу складехь важже, дика дІанисвелла хилла Казахстанехь, вай дохийна дигначахь, ши чІебарло.

Алма-Ата вахана, шиъ сийна "Волга" а ялош схьавеана, Сталинан памятникана хьалхха дІахІоьттина, вовшех стаканаш а детташ, къаьркъанан шиша дІа а мелла, бохура боху:

— ЧIичI! ДIалаца хьайна! IехавелIира хьо, гуьржийн кIант, Сталин! Хьуна моьттина хир дара цу можий, цIей ши бос лепачу сацкъарна юкъара айхьа схьадаьхча тхо лийр ду! Хьуна моьтту хир дара акха гезарий бен ца лелачу бердаш буьххьехь бIаьвнаш а юьйгIуш лелла долчу тхоьга хIара хьовла санна болу хьена мохк караберзалур бац. Хьуна моьтту хир дара, кога юха мачаш йоцуш, бежино теллачу довхачу кхо юьккъехь тхешан Iора когаш а бохбеш, лелла долу тхо ккузахь-м муххе а къелла лийр ду. IехавелIира хьо! Тхан кийрара яхьаха догу дегнаш ахь схьадаххалц иштта, кхечу нахал а тоьлла хир дукха хьуна тхан дахар тхо делла, кхачийна дIадовллалц!

Хьан наьIалтаца валарна, тхан ирсаца дебарна тIера! — аьлла, цхьа кхин шиша а схьа а даьстина, дIамели бохура шина ламарочо.

ЕЛИКХА И ХЬАКХА...

— Ели бохукха и хьакха! — чуэккхира боху Казахстанехь цхьа ламаро шен лулахочун.


— Уьрсе мукъа елинна хIара? — хаьтти бохура вукхо, гена боццуш бехачу цхьане оьрсийн хьакха цомгаш юй хууш волчу.

— Хаац уьрсан болх-м. Массо а воьлхуш ву боху иза халахетта.

— Хьакха ялархе белха стенна боьлху? — цецвелира боху лулахо.

— Ас юьйцург-м Сталин боху хьакха яй! Ели боху и боьха хIума!

— Цунна тIаьхьа гIойла цуьнан докъана тIаьхь мел воьлхург! — аьлла, шега кхаъ баьккхинчунна газа йий бохура лулахочо.



Со ву хеттарш деш верг!

Школехь хьехархой а ца тоьъна, гIехь йоза-дешар хеа, аьлла, цхьа ламаро хилла нохчийн мотт хьеха хIоттийна.

Доски улло дешархо а вахийтина, предложени дIаязъяйтуш хилла цо.

— ДIаяздел, "Дапп" — аьлла топ елира..."

— "Топ" бохучу дашехь "п" элп шиъ дуьллу, я цхьаъ дуьллу? — хаьттина хьехархоче дешархочо. Жимма ойла а йина, хьехархочо жоп делла:

— Ши "п" догIу.

— Кху книгай тIехь-м цхьаъ бен ма дац...

— Цкъа йолуш ерг елахь цхьа "п" догIу, шалгов топ елахь ши "п" догIу. Со ву кхузахь хеттарш деш верг, шу дац. ГIовгIа а ца еш, шайна ма хаззара дIаязде, къотIарчий!

Хоо-м вац олеко дундиг?

Соьлжа-ГIала кино хьажа вахана хилла ламаро. Цхьана зоьрталчу къонахчунна тIехьа нисвелла, хIумма а гуш ца хилла кхунна. Аьххар а, тIехьа хеъна Iаш

хIоккхул лоха ша гича мукъа иза жимма дIатаьIар вацара техь, аьлла, шена хIумма а ца гой а хоуьйтуш, вистхилла хIара цуьнга, букъах муьшка а йина:

— ХIей, сан ваша, хIара хIун кино ю?

— Олеко Дундич ю, — тIечевхина зоьрталниг.

— Хьо-м вац и Олеко Дундич? — хаьттина ламарочо.

— Вуй! И бохург хIун ду? Соьх цавашар-м дац хьан иза? — девне ваьлла къонаха.

— Вайн Делор, суна хьо воцург кхин цхьа а Дундич кху чохь гуш-м вац. — бохура боху ламарочо.

ТЕРА-М ГО.

Гомашах нал олуш а хезна, таIзар дина хилла моллас шен мутаIеламана. Чувоьллина, кхо дей, кхо буьйсий даккхийтина цо цуьнга.

Цул тIаьхьа цхьа гомаш гина мутаIеламана цхьана нехан керт а кагъеш чоьхьаяьлла, хьаьжкIаш юуш.

— Аьлчи мага-м ца мега, амма тера-м ю, — бохура боху мутаIелима.

ВОЙ ЗАБАР

Базара юьккъехь, массо а нахана а гуш, цхьана ламарочо вукху ламарочунна дикка ластийна, лерга улло

тIара туьйхира боху, коьртара куй кхоьссана дIа а бохуьйтуш.

Шена тоьхна тIара сихха юхадекха хIотта а ца хIоьттина:

— ХIай, къонаха, и тIара боккъалла а тоьхна дарий ахь, я забар яра ахь йинарг? — хаьттира боху тIара кхеттачо.

— Дера дара боккъалла а, доггах тоьхна! Хьо хIун дан воллура? — жоп делира боху вуккхо.

— Дика ду хIета, боккъалла а тоьхнехь-м, — юьстах велира боху кьонаха, — вуьшта, иза забар хиллехь-м вон забар яра хьан иза...

БАРКАЛЛА ХИР ДАЦ

Ша эвлаюьккъехула говрахь чекхволуш цхьана а стагана тIехваьлла дIавоьдуш ца хилла ламаро, цкъа цуьнга хьалде, могаш — паргIат ца хоттуш. Амма цхьана дийнахь, наха шен мангал хьокху меттиг дIалаьцна, аьлла, хезна, сихвелла юьртара аравала воьлла ламаро. Вуьшта, хIинцалц хIора стаг дуьхьал мел Iоттавели, сеца Iамийна йолу говр, закъ, олий, соцуш хилла, ур-аттал бер дуьхьалкхетахь а.

Шед еттарх, къехкаярх, кхи гIуллакх хила а ца хилла, говрара охьа а иккхина, гIаш дIахьаьдира боху ламаро:

— Хьо яа мецачу берзалоша! Цхьадика, суначал башха баркалла-х хир ма дац хьуна цу нахера, мел дукха ахь цаьрца гIиллакхаш леладарх!

ХХААННАХА ЦХЬАЪ ВАЦ ИЗА?

Кхо ламаро вахана хилла аренга йоI еха. КIентарий захалу дийца ~~ма бийлабеллинехьа~~, йоI, мела хи Iанийна, гIийла йилхира боху.

— Вуй, хьо стенна йоьлху, хьуна-х цара муьлхачунна дуьйцу а ца хеа хьайна захалу? — хаьттира боху уллохь лаьттачу зудчо.

— Хьанна дийцахь а, цу кхааннаха цхьаъ вац иза? — кхин а чIогIа елха йолаелира боху йоI, ламаройн батошка цкъа юха а шийла бIаьрг а тоьхна.


ДОККХА ХИЛЛА ШАЙТIА

Цхьа йоккха стаггий, йоIий хилла новкъа йогIуш. ЙоI чIогIа хаза хилла, бIаьрго яттIол. Цаьршинга геннара бIаьрг бетташ лаьтташ хилла ши ламаро.

— Маржа яI, и йоккха стаг шуьга йогIуш елара, цунна уллора йоI тхоьга йогIуш елара, — хабаре ваьлла цхьа ламаро.

— Со цу йоІана мара кхетахь хІун ло ахь? - аьлла вукхо.

Къовсавелла ши кІант, уьстагІа а биллина.



Новкъа йогІу шиъ улло кхоччушехьа, тІевахана, цкъа хьалха йоккхачу стагана мара кхетта ламаро:

— Вуй, Баба, хьо яц хІара? — аьлла.

ТІаккха уллора йоІ къевллина мара йоьллина:

— Хьажахьа, шайтІа, мел доккха хилла хІара а! Йоккхачу стага, гІадъяхана, хаьттина:

— Баба яла хьан делаІ, Бабийна ма ца вевза хьо?

— Баба лайла-кха сан, суна Баба а-м йовзахь, — дІаиккхира боху ламаро, гІуллакх кхи гена далале.


ШИННЕ А ДЕНА ХУЬЛДА!

Ши ваша хилла боху дов даьлла, вовшашна дена наьIалт кхийкхош воллуш:

— Хьан дена хила наьIалт!

— Хьан дена хуьлда иза!

И дов хезна уллох тIехволучу дена: "Вуй! Суна наьIалташ кхийкхош яц и ши хIума?!"




— ЛадогIал цкъа! — мохь туьйхира боху оьгIазваханчу дас шина кIанте, — шуьшиннан шинне а дена хуьлда и наьIалт! И хIун ю цаьршиммо юьйцург?!

МА МОКЪА НАХ ХИЛЛА ЦЪШ...

Цхьа хабар кхаьчна хилла лома: аьчкачу некъатIехула цхьа тамашина хIума еана Гуьмсе багах ара цIейе, кIуррий туьйсуш. Инзаре дукха, рагIеш санна якхий ворданаш ю боху цунна тIаьхьа, цо текхош...

И хIун Iаламат ду хьажа вахийтина ламарочо шен кIант, мангала юькъара а ваьккхина.



— Гинна хьуна? — хаттар дина юхавеанчунга.

— Дера гин. Осто-о-о-о-о-пирлахь! Ма мокъа нах хиллакха иза бинарш, — бохура боху кIанта.

КЪА МА ХЕТА МЕЗЕХ

Кара цIеххьана рицкъа кхаьчна, ойла кураяьлла лелачу къонахчо аьлла шен ширачу, мискачу доттагIчунга, дов даьллачохь:

— Аса шаьлта йиттина юьйр яра хьо мециг, хьан кетарах леттачу мезех къа ца хетахьара!

Къа ма хеталахь цу мезех, — бохура боху вукхо, — хьан да вийнарш ду хьуна и мезий.

БЕНЗИН КХАЧИЙНА...

Шайн зуьдана тIаьхьара жIаьлеш дIадаха гIерташ, цуьнан цIога бензина чу теIош воллуш хилла воккха стаг.

— Дада, во Дада, хьо хIун деш ву цу жIаьлена? — тIевеана, хаьттина кIентан кIанта.

Ша муха жоп лур а ца хеъна, воха а воьхна, дедас аьлла:

— Со-м кху вайн жIаьлена заправка еш воллура.

ШозлагIчу дийнахь ведда, керта иккхина кIентан кIант:

— Дада, Дада, ахь тахана вайн жIаьлена заправка йирий?

— Ца йира...

— Ма вон вицвелла хьо. Цундела, эвлаюьккъехь бензин а кхачийна, кху юьртахь мел долу жIаьла дукха иза теттина цIа далош!

ИЗА-М ДIАДЕКХАДЕЛИРА

Ойла йоьхна, доллучу дуьненаха а догдаьлла, кхоьлана, пхьоьхана ваьлла, лаьтташ хилла луларчу юьрта веана, цхьа ламаро.

— ХIун хилла хьуна, ма чIогIа кхоьлана хьо? — хаттар дина хьеше цу юьртахоша.

— Делахь, цхьа вон гIан гина суна сийсара, со велла Iуьллура, со дIаволла гулбелла нах а бара.

— Далай, маликашай, диканиг дойла, — аьлла наха.

Цхьа ши бут баьлча юха а шайн юьрта хьошалгIа веанчу ламароче хаьттина наха:

— ХIун хилира цу гIенах?

— Иза-м, цхьа дика, дIадекхаделира, тхан дейиша а елла, — самукъане жоп делла ламарочо.


ТХОВ ТЦЬЛЛЦТ ВЦ БОХЦ

— ХIун деш ву хьан кIант Маскох? — хаьттина ламароче.

— Цхьанхьа-м тхов туьллуш ву боху. Шен дайн говзалла караерзай цо хьаьвззина. Тхан ворхIе а да а ма хилла дечиг — пхьераш.

ХЬАЙНА ЛУЬЦРГ ДЕЛАХЬ ХХЦ ДУЬЗЕНАХ!


Обаргех кIелхьара вала ведда воьдуш хилла цхьа ламаро. Цхьана Iинал дехьа волуш, доккхачу хина йисте кхаьчна. "Веза Дела, хьо хьан ца вуьтура кхузах охьа хIара хIорд ца хецча?" - бохуш, реза воцуш, Далла дов деш, дехьаваьлла ламаро шийлачу хих.



Кхунна тIаьхьабевлла богIучу обаргин а дезна цу хих бовла. Шаьш тIаьхьакхиа боьлча, ведда воьдучунна тIе а ерзийна, тоьпийн легнаш озийна обаргаша. Амма хих бовлуш молха тIадийна а хилла, тоьпаш ца евлла. XIинци кхоччуш кIелхьара ваьллачу ламарочо бохура боху, стигала хьала а хьоьжуш: "Веза Дела, хьайна луъург делахь кху дуьненах!"

XIИНЦА ТIАЬХЬА ДУ

— Деле кхайкха, Деле кхайкха! — мохь тоьхна ламарочо, ког а шершина, бердах чу оллавеллачу шен накъосте.



— Ца эш, кондарг кхаьчна сан буйна! — бохура боху чуоллавеллачо. Кестта, кондарг бух а яьлла, бердах чу воьдуш хилла накъост.

— Деле кхайкха! Дела кхайкха! — чу мохь тоьхна юха а ламарочо.

— ХIинца тIаьхьа ду, — бохуш, хьала мохь беттара боху хецавелла воьдучо.

ХЬУО ЛАМАРО ЦА ХИЛЧАХЬАННА...

Дов даьлла хилла цхьана ламарочун, аренгарчу къонахчунца.

— "Хьо ламаро, ламаро хьуо ма варра!" — аьлла, тIехтоьхна аренгарчу къонахчо.

— "Хьо вала велла, — бохура боху ламарочо, — хьуо стаг ца хиларх-м хIумма а ца хета хьуна, хьуо ламаро ца хилчахьанна..."

МАХАЧА КХАЙКХИЧА КХАЧА МУКЪА ДАТIАХЬАРА ШУ...

ПIераскана де ду моьттуш, еарий дийнахь маьждиган момасара буьххье а ваьлла, кхийкха хIоьттина молла, нах рузбане гулбеш.

— Хьо галваьлла, молла, хьалхе кхуьйкху хьо. Тахана еарий де бен ма дац, — аьлла моллига ламарочо.

— Шайн нанна моха ярш, тахана кхайкхича а, кхана мукъа дагIахьара шу, — бохура боху шен мурдийн низамна реза воцучу моллас.

ЦКЪА А АДАМИЙЧУХ ТАРЛУР БОЛУШ ЦА ХИЛЛАКХА!

КIунзал баьлла хилла ламарочун коьрта тIе. Моллийна тIе вахана ламаро, дарба хьехахьара шена, аьлла.

— Шек а ма вала хьо, вохий а ма хьовза хьо. Къематан дийнахь дашо хир бу хьуна хьан корта, малх санна лепа а лепаш, — хьаьстина моллас дархо.

Мохь тоьхнна, велха волавелла ламаро.


— Хьо стенна воьлху? — цецваьлла молла.

— Я дуьненахь а, я эхартахь а адамийчух тера хир болуш ца хиллакха хIара сан корта, — бохура боху ламарочо.

ДIАЯХИЙТА, СО СЕМА ЮО

Солжа-Гlала базара шинара дохка вахана хилла цхьа ламаро. Ворданахь гlабакхаш а, шен зуда а йигна хилла цо.

Базарахь гlабакхаш дlайохкаелла, амма шинарех кхо боьху мах ца белла. Шен зуда вордана а хаийна, шинара ворданан сонах а тесна, цlехьа волавелла ламаро.



— Варийлахь, зуда, и шинара дасталой хьажалахь, наб ма кхетийталахь! — олуш хилла ламарочо.

Мацца а, цхьана хенахь, юхахьаьжча ворданах тесна шинара а хецаделла, тІаьхьара дІадаьлла хилла, ворданахь зуда а ца хилла. Сихха говр-ворда юха а ерзийна, новкъа юха вахана цецваьлла ламаро.

Цхьане хенахь новкъа юьккъехь, хар а деш, йижина Іуьллуш карийна цунна шен зуда.

— ХьалагІатта хІай, Іовдал! Шинара стенга дахана вайн?! — тІехІоьттина майра шен зудчунна.

— ДІаяхитта ахь ворда, сеца а ца еш, со-м сема ю хьуна, шинаре хьожуш ю, — бохура боху хІусамнанас.

ХІАРА ХЬАЙН ДАН ЙИШ ЙОЛЛУШЕХЬА...

— Вало, тІаьххьара а бІаьрг тоха хьайн хІусамнене, кешнашка дІаяхьале, — аьлла юьртахоша ламарочуьнга.

Чу а вахана, бІаьргаха хиш дІа а хьоькхуш, стигал хьала а вирзина, бохура боху ламарочо:

— Веза Дела, хьайн хІара хІума дан йиш йоллушехьа хьийзавайтикха ахь со кхуьнга кху шовзткъа шарахь!

ИШТА-М ДАРА ИЗА...

Дезткъа шо кхаьчначу ламарочо шен хеннара йолу шен зуда йитина дIаяхийтина.

— И хIунда дина ахь? Эхь дац иза, шуьшинна-х къанделла бераш а ду, берийн бераш а ду, аьшшима-х кхузткъа шо гергга хан цхьана а яьккхина, хьан зудчул эсала стаг-ха кху куьпахь а яцара? — бехк баьккхина юьртахоша.

— Ишта-м дера дара иза, делахь а хаза яцаркха иза, — бохура боху ламарочо.

ШАЙНА БУХАХЬ А ДЦЬТУШ-М ЦА ДЕЛЛА...

Ламарой, гIалгIай хилла къовсавелла: бусалбана дин гIолехь хьан леладо, бохуш. ТIаьххьара а, оьгIаз — ваханчу ламарочо аьлла:

— ХIай, гIалгIа, хьо ирах стенна кхийссало? И бусалбан дин шул хьалха тIе а эцна, дан а деана, шуна дIаделларг тхо дац?!

— Ошшада балля, шайгахь дукха хIума буха а юьтуш-м ца делла аш иза! — бохура боху гIалгIачо.

ЦХЬАННА А МОЬТТИРТ А ЦА ДИЙ АХЬ...

Лулахоче вир а ехна, дечке вахана ламаро. Вир цхьана хонах дІа а тесна, дечиг кечда валавелла ламаро. Йихкинчара хеца а елла яжа яха гІерташ, дІасахьийзина вир, хорам а хилла елла.



Мацца а сарахь, дечиг тІедилла вир схьаяста улло вахча ламарочунна елла Іуьллуш вир гина.

— Маржа яI, вир, — бохуро боху ламарочо, — суна моьттура со хIинцца хьуна тIе дечиг а деллина, цIагIур ву. Хьан дена моьттура со сарахь хьо а эцна, хьуна баа цIов а эцна, ша волча вогIур ву, баркаллаш а бохуш. Хьуна моьттура хьо иштта дIагIиртича, яста а елла, сийна буц яа гIур ю...

Ма суна моьттург а, хьайн дена моьттург а, хьайна моьттург а ца дикха ахьа!

СО КХУЗАРА ВАЦ

Ши ламаро хилла дов даьлла воллуш, шаьлтанаш а яьхна. Цхьаммо олуш хилла "вайна де ду"! Вукхо олуш хилла "буьйса ю"!

Уллох тIехволу кхозлагIа ламаро саца а вина шиммо а цунна тIе шаьлтанаш лаьцна:

— Дийцал хIинца ахь! Де ду вайна, я буьйса ю?

— Суна-м хаац. Со кхузара а вац, — бохура боху кхозлагIчу ламарочо.

ТАПЧА ЦА ОБЦ

Базарахь тапча юхкучунна тIе веана цхьа ламаро.

— ХIун доьху тапчайх?

— Шовзткъа туьма.

— Шина туьманах схьалохьа.

— Делор, къонаха, хьуна тапча эша-м ца оьшу.
— ХIунда?
— Ахь догдатIийна а вуьйр ву стаг!



ХОАН ДА А ВАЦАРА БАШХА ВОККХА А...

ЧIогIа сутар стаг хилла цхьа ламаро. Ураттал ша вехачу гу уллохь дух-дуьйлу шовда оьцуьйтуш ца хилла цо нахе.

Цхьана Іуьйранна ду шовданна уллохь сецна ворда гина ламарочунна. Ворданна тІехь шелиг хилла, ду шелига чу хи дуьттуш воллуш лулара кІант а хилла.

ОьгІаз вахана, моха хьаьдда, ворданна улло а вахана, аьлла ламарочо:

— ХІара хи ас цхьаьнгга а оьцуьйтуш доций ца хеа хьуна? Хьо стенна веана дийнна шелаг а дахьаш?

Луларчу кІанта, велхаран къурдаш а беш, аьлла:

— Да дІаваьлла сан сийсара. Цуьнан дакъа лийчо хІара хи дан веанера со...

Четара схьаяьккхина, тапча тоьхна, шелагана юьккъе Іуьрг а эккхийтина, бохура боху сутарчу ламарочо:

— Тоьар ду хьуна ах шелаг хи. Хьан да башха дегІана воккха а ваца!

ТО ХЬУНА ХЬО ПХЬАГАЛ-М!

Ши ламаро хилла талла вахана. Сискал бен шаьшшинца юург ца эцна цаьршимма, цхьа экха дехь, иза морцур шаьшшимо, аьлла.

Дийнахь сарралц волавелла лелла, чІогІа мацвелла, дарвелла хилла ши иччархо, гучадолуш цхьа а экха а ца хилла, цу тІе эвлана башха генавала ваьхьаш а ца хилла.

Цхьана хенахь Іина йистехь циций гина иччархошна.

— Пхьагал яц иза? — хаьттина цхьаммо.

— Пхьагал ю! — тІетадина мацалла чуьйраш къийкъаш вогІучу вукхо.

"Дап-дип-п!!" — аьлла тоьпаш тоьхна, цициг охьа а диллина тІера цІока яккха волавелла ши ламаро.

— Ю хьуна хьо пхьагал-м ахь мел "мІаьу" бахахь а! — бохура боху шина иччархочо.

МАЙРА СТАГ

Цхьа буьрса, ирча, дегІана онда а волуш ламаро хилла наха "Букъарш" аьлла цІе а тиллина. Цуьнан боккъала а йолу цІе йицъелла хилла эвларчу нахана.

Нахе вист хуьлуш а, ураттал дуьхьалкхеттаче салам луш а ца хилла Букъарша шен куралла.

Цхьана сарахь говрахь пхьоьханна тІехволуш, нахе дІа а ца хьаьжна Букъарш. Шега бехк баьккхича иза девне вер волудела, наха тергал а ца веш, вуьтуш хилла. Амма цхьа лоха ламаро ца Іавелла.

— ХІей, Букъарш! — аьлла, мохь тоьхна лохачу ламарочо. Шега иза иштта схьакхайкхарна цецваьлла, шен говр юха а ерзийна, сецна Букъарш. Амма "хІун боху ахь?" — аьлла а, вист хила даго ца витина.

— Букъарш, ма майра стаг вукха хьо! Хьоьл майра стаг кху дуьнентІехь хир а вуй техьа ша юха а хьо вацахь? — аьлла, дІакхайкхина лоха ламаро.

Шена майра ву аьлча там хилла, сецна лаьтташ хилла Букъарш. Пхьоьханара нах а хилла шайн накъоста иза иштта хасташ цецбевлла, бист а ца хуьлуш Iаш.

— ХIай веза Дела, ма майра а кхоьллина хиллакха ахь и Букъарш! Доккха сий дукха массо а ДегIастанна а иштта майра кIант хилар! — гуттара чуьраваьлла, хастийна, сенчу стигал ваькхина лохачу ламарочо Букъарш.

Оццул чIогIа ша хастийча, ша а цецваьлла, Iа а ца велла, Букъарш схьакхайкхина:

— ХIунда боху ахь иза?

— Оццул буьрса, ирча, дера и хьайн корта гIовланга а буьллий, дIавижа-х ваьхьий хьо! — бохура боху лохачу ламарочо.

ХЬАЙНА АЬЛЧА МЕГАР ЯЦАРА

— Зуда, и дена-нанна суна дукха а хьежадо ахь, хьайна иштта ниг аьлча мегар а яцара хьо, — бохура боху цхьана ламарочо.

ГIОВIА КХАНА ЕР 70


Буьйсанна херхаца аьчган гIуй хадош воллуш хилла цхьа ламаро, кертал чоьхьа а ваьлла, уьстагIий а, бежнаш а дига дагахь.

— Хьо хIун деш воллу? — хаьттина тIехволучу цхьана юьртахочо.

— Со-м мерзпондар локхуш вара, — жоп делла курхалчо.

— ГIовгIа хIунда яц ткъа? — хаьттина тIехволучо.

— ГIовгIа-м кхана Iуьйранна ер хьанха ю, хIорш самабовлахь! — бохура боху херх хьоькхуш воллучо.



ШАЬШ ЖИЖИГ-ГАЛНИШ А ДЕЛЧА-М...

ХIума яа чукхойкхуш хилла аренгарчу наха цхьа ламаро.

УьйтIа дIа а хIоттийна, саба дахьаш, гата дахьаш, дукха лерана куьйгаш дилийтина цуьнга, шен мацваларца, сихха юучунна тIе ца вуьгуш.

Мацца а, стоьла улло хаийча, цхьа кIолдан цуьргге, чайе бен ца делла. Хьалха йиллинарг дIа а кхаьллина ша араваьлча, шега куьйгаш дилийтина, чопа яьллачу метте дIа а хьаьжна, бохура боху ламарочо:

— Шаьш жижиг-галниш а луш хиллехь-м аш со лиьйчаьйтур хиллера!

МА САН ЛАМАЗ ДАРА ИЗА...

Соьлжа-ГIалахь буру тухучахь цхьана балха нисвелла хилла мацах цхьа ламаройе, оьрсейе. Шиммо а делкъа хан тIекхаьчча ламазаш деш хилла. Оьрсе шина белшаххий, хьаьжа тIей пIелгаш а Iуьттий, сихха хIума яа хууш хилла. Юучунна дукха тIера волу ламаро гуттара а хьелуш хилла, делкъа — ламаз деха хиларе терра.

— Маржа яI, — бохура боху ламарочо эххара а, стигала хьала а хьаьжна, — ма атта ламаз а дара иза, ма сан ламаз а дара иза, ма гIуллакх доцуш а деллера ахь и доца ламаз оцу мIодаша вуьзначу гIазакхечунна!

СУНА А ХIОККХАЛ ДЕЛЧА...

Шена хьалха диллинчу жижигана цкъа а реза хуьлуш ца хилла цхьа бIаьрзе ламаро, кIезиг диллина шена моьттуш.

Цхьана сарахь, барт а бина, ша дерриге а жижиг а бIаьрзечунна хьалха диллина доьзало, шийна цхьа цуьрг ца дуьтуш.

Сихха куьйгаш хьаькхна, шена хьалха жижиг мел ду а хьаьжна, бохура боху бIаьрзечо:

— Iале-е-лай! Суна а хIоккхал делча, шайна ма дитина хир ду аш иза...

МАЦАХ ЛЕТАШ, ГIОВГIА ЙОРА...


— Тамашена ду хIинца хIара жIалеш, — бохура боху цхьана воккха хилла, къоравоьллачу ламарочо, — тохара леташ, гIовгIа йора кхара, хIинца багош а гIеттош, тIекхийссало.

ЛАРОР ВЦ ДЕРА

Рузбана ламазе маьждиге кхача сихвелла говр хаьхкина эвла юьккъехула чувогIуш хилла цхьа ламаро. Рузба-м тоххара чекх а даьлла, нах шайн цIа уьхуш хилла.

Шена дуьххьара дуьхьалкхеттачу цхьана къонахче хаьттина ламарочо:

— Оссолом Iалайкум! Дийцахьа, рузбана ламазана дIакхиа ларорвуйтехьа со?



— ВаІалайкум салам! Хьо муха ца лараво, хьалха дийнна кІира а хилча, цу тІе а хьо говрахь а хилча? — жоп делира боху къонахчо.

ИЗА-М ХЬАННА ЛЕАРА...

— Шен марнана яла луучо ши гала цхьана кхалла еза, — аьлла, хьехар делира боху цхьана ламарочо аренгарчу нехан хІусамехь.

— Вала-а-лай, иштта несарий а хуьлу техьа шун ламанца? — аьлла, сихха мІера буьххье а йоьллина, кхо гала кхаьллира боху цу хІусамерчу несо.

САЙН НЕНАВАША-М ВУЬЙЦУР ВАЦ!

— Схьабийца сийсара къола динарш, хьуна хеа боху уьш муьлуш бу! — Чулилхира боху цхьа нах къоначу ламарочунна.

— Аш со вехь а, сайн ненаваша-м вуьйцур вац! — дІачІагІвелира боху ламаро.

Моллийначул дика хеа хьуна?

Цомгаш Іуьллучу шен нене хьажа валийна къоначу ламарочо молла.

— Дера, кІант, маре яхча сихха толур ма яра хьан нана, — хьехар делла боху моллас.

— Маре? Сан наний? Ахь хІун дуьйцу? — чуьраваьлла кІант.

— Ма къийссалохьа, хІай! — бохура боху бІаьрг серлабаьллачу нанас, — моллийначул дика хеа хьуна?

Ламарочун говр


Къанъелла говр хилла цхьана ламарочо йохка базара лелош. Базарахь нах улло а богІий, говран бага а гІаттайой, цергашка а хьовсий, дІабоьлхуш хилла.

Цхьана шарахь а, шина шарахь а, кхаа шарахь а лелийна ламарочо говр базара.

ПхеалгІачу шарахь "хІара говр юхкуш юй?" — олий стаг улло гІоьртича, говро схьа а йоьрзий, йоккха бага гІаттайо бохура.

Бодуш буй етт?

Цхьа ламаро хилла базара уьхуш, эца етт лоьхуш. Къона-къена хилар а, шура луш хилар а хIумма а хоттуш ца хилла ламарочо цхьаъ бен: "Бодуш буй шун етт?"



— Накъост, ахь гуттара а "бодуш буй етт" — олий, ма хотту, хьалхабаларех хаххка дагахь-м вац хьо иза? — хаьттина эххара а цхьана къонахчо.

— Суна сайна дика хеа айса хатта дезарг, — жоп делла ламарочо. — Аренгара нисъелла суна хIусамнана.

Иза йижанчуьра хьалагIаттале тхан юьртара бажа Iинал дехьа а болий, даккъашца хьалагIоьртий хуьлу. Нагахь хIинца ас оьцуш болу етт дика бодуш ца хилахь, сан я цу аттах, я зудчух вала дезар ду.

БАХЬАНА ЛЕЛО ДЕЗА

Цхьа моллас гуттара а хьехамаш беш хилла нахана:

"Садагийна хьийза оьшуш дац. Нагахь доьгIна делахь, рицкъа хIоранна а карор ду. Яздинчух а, доьгIначух а, цхьа а вер вац" — бохуш.

Дукха ладийгIина цхьана ламарочо моллийга. И гIуллакх зуьйр ма ду ша, аьлла, чIагIо йина.

Цхьана базар хIуттучу майдана а вахана, шелаг бертал а дерзийна, цу буха а хиъна, ладийгIа воьлла ламаро.

"Моллас-м хIурда бухахь а рицкъанна шен да карор ву ма бохура, кху шелигана бухахь каравойтехьа со цунна?"

Буьйса а, де а дIадаьлла, шелигана улло вогIуш стаг а ца хилла. Мацалло халчахIоттийна ламаро.

ШозлагIа де базар хIутту де хилла. ГIовгIанаш яьржина майданахь. "ХIинца-м карор вара со цу рицкъайна!" — догдаха волавелла ламаро. Амма цхьаммо а тергал а ца дина шелиг. Цхьа жIаьла бен

улло а ца деана. Иза а ког а айбина, шен гIуллакх а дина, дIадахана. Дог даьттIа ламаро йовхарш етта волавелла. Берриге а нах дIабохале мукъа цхьаммо а тергалвийр вацара техь ша, аьлла.

Шелига бухахь татанаш хезна, хьала а айдина, кIел хьаьвсина нах. Мацаллой, шелоной кIай а вина, вега а вешӀ хеъна Iаш ламаро гина.

— "Пекъар, кхетамха ваьлла ву шуна хIара" — аьлла, сискал а, нехча а елла цунна наха.

ХIетахь дуьйнна шайн юьртахь молла хьехамаш бан воьлча, ламарочо олу бохура:

— Харц ма лел хьо, ма-дарра дийцал ахь, молла! Цу рицкъайна-м стага ша вуй хоуьйтуш хила везий, кхин дан хIума дацахь, йовхарш тоьхна а!

ШЦ КХОЬ IАДДА ГЕАХЬАРА...

Луравоьлла стаг витийта баьккина хилла ламарой. Марчу а хьарчийна, барамна тIе а виллина, валийна хилла луравоьлларг. Иза кхо вийначун кхаа кIентан а, зудчун а когашке охьа а виллина, дехарш дан хIиттина ламарой, витахьара иза, бохуш.

КIенташха цхьаммо аьлла эхаре а:

— Тхо-м Iадда Iийр ма дара, хIара тхан нана реза хилахьара.

Борам тIера хьалакхуьйкхура бохура луравоьлларг:

— Цуьнца-м ас айса дуьйцур ма даре, шу кхоъ Iадда Iехьара!

ИШТТА ДУКХА АХЬ МЕЛ ДУЬЙЦУРТ!

Тезетахь, дакъа кешнашка дIадахьале, гулбеллачу нахе елларг хестош къамел дан волавелла туркх:

— Дера яра хIара дукхе дукха чIогIа эсала, комаьрша стаг. Кхул беркате, кхул нахаца таръяла хууш, кхул дика стаг хир а яцара кху куьпахь а...

— Осто-о-пирлахь! — юькъаиккхира боху еллачун хIусамда. — Иштта харц дукха, туркх, ахь мел дуьйцург а! Муха буьттур бу иштта аьшпаш гуш лаьтташехьа? Хьуна дика евзара иза я суна евзара, цуьнца шовзткъа шарахь ваьхна волчу?!

КХУ ХОТТАЛАХЬ А ЦА ГОЬЛЛУШ...

Ломара аренга веанчу цхьана ламароча бохура боху:

— Ма Iовдал ду шу нах. ХIара юрт кху хотталахь а ца юьллуш, цхьана цIеноча бай тIехь йилла ца мегара аш, гонахьа шортта латта а хилча?

ВУКХА ВЕШЕ АЛА АХЬ

Бертаза араваькккхина, устагIаш дажо вохуьйтуш хилла цхьана ламарочо шен кIант. Ваха ца лууш, юхахьийзаш иза а волуш, уллох тIехволучо аьлла:

— Дебойла хьан жа, жима къонаха!

— Со вац хьуна хIорш дажо воьдуш верг. Чу а гIой, тхан вукха веше ала ахь, — бохура боху реза воцчо.

ГIУГI ОХЬАБАХЧАХЬАННА...

— Басах а гIой, поп охьа а тохий, се баабелахь кху гезаршна! Со ладугIуш хир ву хьуна, ахь поп охьатухий хьожуш, — аьлла, кIант дахьажийна хилла дас.

Цхьана шерачу майданна тIе а хIоьттина, бакъабелла кхор охьатухуш воллуш хилла кIант.

— ХIара бакъабелла кхор хIунда туху ахь охьа, кху тIехь-х гезаршна яа хIума а яц? — хаьттина тIехволучо.

— Кху тIехь даа хIума хилале-м Iаьржа ло дагIахьара, дIо эвлахь ас дит охьа туху-ца туху хьоьжуш, лерг а ирдина, Iаш волчу тхан дена охьакхеттачу дечиган татанан гIугI охьабахча-хьанна! — бохура боху кIанта.

ІАДДА ІЕР ГІОЛЕХЬ ДЦ ХЬУНА

НКВД-н эпсар кхаьчна хилла ламарой бехачу эвла.

Иза юьртасовета чохь а волуш, арахь гІовгІанаш, девнаш девлла.

— И хІун гІовгІанаш ю? Ас ара а ваьлла дІасовцабо уьш хІинцца! — меттаха ваьлла эпсар.

— Іадда Іелахь, Дали дуьхьа, — бохура боху юьртадас, — уьш хьан юкъах дихкина герз къуьйсуш бу хьуна, шай-шай иза хьоьгара схьадоккху, шенай-шенай хьо хьалха гина, — бохуш.

ХІетахь, кхеравелла дІаведда, кхин юха лома ца веа бохура и эпсар.

ГОВР ХЬАЛХАЯЬЛЛАРГ

— Хьо йисса хьайн да велла! Хьо е хьайн ден докъатІехь! Хайраза ялар нисло хьан! — бохуш, доггах шен говрана шед етташ воллу бохура цхьа ламаро. Уллох тІехволучу цхьана къонахчо хоьтту бохура говр йолчун лулахочуьнга:

— Ма вон Iазап ду цо цу говре хIоттийнарг. Стенна оьгIаз ваханатехь иза?

Лулахочо кхетийра тIехвериг:

— И шен алаша хьалхаяларна къовсаялийтина хилла цо. Хьастаха аренца цхьана вежарша говраш хахкийтина хилла, хьалхаваьллачунна шайн йиша а йиллина.

Цу гIуллакхах кхеташ болчара шайн говраш юхаийзийна, хIара Iовдал массерал а хьалхаваьлла. ХIинца, и цхьаммо а ца юьгуш бухайиссина гужум шега кхаьчна догъэтIаш, говр ен гIерташ вукха.

Вежарий-м гIадбахана а ца бовлу боху иза шайн кочара яьлла...

ХIУММА А ДАЦ...

Ша леш бен сизаьрка юьтур яц ша, аьлла,дош делла хилла боху цхьана ламарочо.

Мацца а, цхьана хенахь, цамгаро кIелваьхьна, вала воьжна хилла ламаро. УьйтIахь а, кертахь а дукха нах хилла гулбелла чIагIвеллачунна орцах баьхкина.

— ХIара адам лаа гулделлий? ХIу ду кхузахь хуьлуш дерг? — хаьттина цхьана тIехволучо.

— ХIумма а дац. Тхан цхьа накъост ву сизаьрка юьтуш, — бохура боху леш воллучун накъосташа.

ТӀУР ТЕКХАШ ВАРА...

— Тур текхаш стаг вара сан деваша! — Дозаллаш дан волавелла цхьа ламаро.

— Вара те. Суна а дагадогӀу иза. ДегӀана лоха ма вара иза. Некъаца дӀа текхаш, чан а йоккхий хуьлура цо шен коча оьллина тур, — тӀетодира боху вукху ламарочо.



ДОВ ДАЬЛЛАЧАХЬ

Дов даьлла хилла цхьана ламарочуна аренца вехачу къонахчунца. Хи хилла цаьршинна юьккъехь.

— Маржа яI! Со цкъа дехьа ваьлла велара! Цкъа дехьа кхачахьара со! — Бохура боху аренца вехачо.

— Сехьа вала цхьа гIайгIа бе ахь, дехьа ваккха-м ас сайна тIе лоцу хьуна! — бохура боху ламарочо.

РОГI-РОГIАНА ГIУО

Хи кхачийна хилла хIусамехь. Нус яхье яьккхина а, иза хи дан яхийта гIерташ, къийсамашка даьлла мардай, марнаний.

— Со йоьду хи дан, — аьлла марнанас.

— ХIан-хIа, со гIур ву, — меттаха ваьлла марда.

— ХIан-хIа, хьан букъ лозу, со гIур ю!

— ГIур яц, хьан данне а де дац, со гIур ву!

— Шуьшиъ ма тамашийна ду.

Къийсса стенна ло шуьшиъ?

Цкъа хьой, тIаккха важий рогI-рогIана хIунда ца доьду шуьшиъ? — бохура боху несо.

БИСМАЛЛАШ ДАЬХНАРШ ДУКХА БАРА...

Ламаро хилла Теркайисте мовладе кхайкхина. Мовладе баьхкана нах дукха а хилла, юург сихха чекхъяьлла.

— Ахь бисмалла ца даьккхина дела сихха чекхъелира вайн жижиган чорпа, — Іоттар йина теркахочо.

— Ас бисмалла ца даьккхина аьлла-м ца елира, бисмаллаш даьхнарш дукха а хилла елира-кх, — жоп делла ламарочо.

ЛЕТТАЧАХЬ

Охьатохарх летта хилла ши ламаро. Цхьаммо важ буха охьа а виллина, цунна тІе хеъна.

Иза ца лайна, дозалла дан воьлла бухарниг:


— Ошшада шен биллахІ, хьо воцчу кІантана леттачахь бухара хьалахьаьжна-м вац хьуна со!

— Ва ошшаду шен биллахь, хьо воцчу къонахчунна тІера чу хьаьжна-м со а вац хьуна, — бохура боху тІаьхь волчо.

ВИРАХ ТЕША...

Вир деха веана ламарочуьнга лулахо.

— Вир дац, делла, — жоп делла ламарочо. Цу сохьта божлахь вир Іаьхна!



— Хьан вир-м дийна ма ду? — цецваьлла лулахо.

— Хьо соьх теша, я вирах теша? — девне ваьлла ламаро.

ЦХЬАНА КОГА ТІЕХЬ ЛАМАЗ ДИНАРГ

Ламаро хилла цхьана кога тІе а хІоьттина, ламаз деш.

— Ког лазайна хьан? Дала маршалла дойла, — вистхилла цуьнга чувеана лулахо.

— Лаза-м дера ца бинера, ламаз оьцу хи а кхачайна, хи дан ваха кІадо а йина, биланза биссанерахх.

СХЬАЯ ТІАККХА САЛПЕТКАШ А

Ламарой кхайкхина хилла охьарчу наха мовладе.

Тайп-тайпана юург йина хилла цара. ХІусамдас мохь бетташ хилла: "Схьая котлеташ, схьая тифтелаш, схьая гуляш, схьада плов..."

Цхьаболчара тоьар ю олуш, вукхара, хІумма а дац, сагІа хир ю, схьаяийта, олуш, тІетаьІІина хІума юуш хилла ламарой.

ТІаьххьара а хІусамдас мохь тоьхна зударшка:

— Схьая салпеткаш!

Вовшашка а хьаьвсина, ламароша бохура боху:

— Меца-м дац вай, делахь а схьаяйшу салпеткаш а. Церан чоме а хьовса вай.

ШТИРЛИЦ ЛОЦУ БУЬЙСА ГО БОХУ

Мовладе шаьш чу гулбеллачахь, телевизоршка хьийса марзбеллачу ламроша бохура боху:

— Тховса жимма доцо-о доьшур ду вай хIара Мовлад. Тховса Штирлиц лоцу буьйса ю боху вайна.

ТХОЙШИНТАХЬ ЯН-М ЯЦ...

Ломахула хала некъ бина, кIадвелла, мацвелла, цхьана кIотара кхаьчна ши некъахо.

— Оцу нехан чу верза вайшиъ, чайна стака лур ма дара цара.

— Верза, — барт хилла шина къонахчун.

Амма хIусамдай, хIусамнаний юучунна сихлуш ца хилла. Ши хьаша тергал а ца веш, шаьшшинан гIуллакхаш деш Iаш хилла.

Сахьт а даьлла, ши сахьт а даьлла, амма я кхорзуш а, я йоттуш а, я кхехкош а хIумма а ца хилла.

Шаьшшиъ мел Iерах а гIуллакх хила ца доллий а хеъна, дIаваха хьалаайвелла ши хьаша.

— ХIан, тхойшиъ дIавоьду. Iадика йойла. Беркат а, ирс а лаьттийла шун хIусамехь.

— Ма сихло дIаваха, — гIиллакхана, тохавелла хIусамда, — юург-мерг а ца хьахайо вай?

— Дера, вай хьахийчи а, тхойшингахь ян-м яц, аьлла, араваьлла, дIавохара боху ши хьаша.

КХААННЕ А ДАККХАХЬА

Шайн вешин кIант хьерваьлла, аьлла, тIебеттабелла, схьа а лаьцна, хIуманаш хууш волу стаг волчу жайна даккхийта виг на хилла шина девешо. ДIа а кхаьчна, хIуманаш хуучунна хьалха охьахевшича, ма-барра шаьш беана некъ бийца хууш ца хилла цхьанна а.

ТIаьххьаре а, дог а даьттIа, хIуманаш хуучо хаьттира боху:

— Муьлха ву шуха цомгашниг? Хьанна доккху ас жайна?

Цомгашчо бохура боху:

— Кхуза догIуш-м со бахьана долуш даьккина тхо, вуьшта, хьуо воьллачара тхуна кхаанне а даккхахьа иза.

ТАМАШЕНА ХIУМА

— Осто-о-пирлахI! Ва осто-о-пирлахI, ма тамашена хIума ду хьо, — бохуш, жайнеш кегадора боху ламарочо.

— ХIун гина хьуна? Стенах цецваьлла хьо? — хаьттина чу веанчо.

— Ма тамашена хIума ду оццул дукха долчу эпех цхьана цхьаъ ца довзар! — бохура боху ламарочо.

СОЬЛА А ЛОХА ВАЙ!

Шен къабала ялхош хилла цхьа лоха ламаро, хьийзаво ша цхьана юьртахочо, бохуш.


— Вуй, лоха нах атта хьовзалуш а ма ца хуьлура. Хьо муха хьийзаво цо? — цецбевлла нах.

— И со хьийзош верг-м соьла а лоха вай! — бохура боху ламарочо.

ХХИН ТХАН ЯН А ЯЦАРА

Котамаш лечкъо къуй баьхкина хилла ламарочун керта. Цхьаъ котамийн буна чоьхьа ваьлла, важ цуьнгара схьа а оьцуш, котамаш гале чу юхкуш хилла.

Цхьана хенахь, гIовгIа а хезна, ламаро араваьлча, котамаш гале чу юхкуш верг кхера а велла, ведда дIавахана. Цо охьакхоьссина гали а эцна, буна улло вахана ламаро.



Мацца а, ша котамаш аракхийдийна ваьлча, буна чохь волчо бохура боху:

— Кхин яц.

— Кхин тхан ю моьттуш а вац хьуна со. Чохь йолчу тхешан зудче хаьттича хIун даратехьа? — бохура боху ламарочо, буна чохь волчун мера тIе шаьлта а лаьцна.

ВАЛА-М ХЬАНХА ВЕЛЛА!

Кхо ламаро хилла бердайистехула дIавоьдуш. Цхьахуверг, шершана, хеца а велла, бердах чу вахана. ТIера чу мохь биттина шина ламарочо. Амма бердах ваханарг вист ца хилла. ПIаккха шиннаха цхьаъ халла Iинчу воьсенна, бердах ваханчунна тIехIоьттина.

— ХIун хилла цунна? — Мохь тоьхна тIехь волчо.

— Пхьарс а бойна, — жоп делла бухахь волчо.

— Кхин хIун хилла?

— Ност а кагъелла моьтту суна шина-кхаа меттехь.

— Ахь боккъала а бохий? — Цецваьлла тIехь верг. — Кхи хIу хилла кхунна?

— Корта а кагбина, пIендарш а дойна, цIий дукха дIаихна ша и татол санна...

— Вуй! Дийна ван а вуй и? — Кхоччуш цецваьлла, хаьттина тIехь волчо.

— Дийна вац.

— Велла ткъа?

— Вала-м хьанха велла! — Хьала мохь беттара боху бухахь волчо.

ВАЛИЙТА ТИЛЛИНА ТIАЙ ДАЦ!

Маларца эвхьаза а ваьлла, динаха дIахервеллачу юьртахочунна кхерамаш туьйсуш хилла цхьа молла:

— Кхи хIумма а вайшиммо ца дийцичи а, валан ца деза хьан? Велча барт хоттур буй ца хеа хьуна хьайга? СуртантIех дехьа муха вала воллу хьо и хьайн къинош кочахь а долуш? Тур санна ира, мерз санна готта хир дуй ца хеа хьуна иза?

ЛадийгIина-а, ламарочо хаьттира боху шена хьехамаш беш воллу-чуьнга:

— Мерз санна готта хир ду иза?

— Хир ду.

— Туьран дитт санна ира хир ду?

— Дера хир ду!

— Ошшада шен биллахI, со хIунда вуьйцо вай, ураттала маларан чам муха бу ца хууш кхалхар нисделларг а дехьа валийта тиллина тIай-ма дац иза!

ЦЦ БУХАХЬ ХІУНДА ЦА ОЛУРА...

УьйтІахь цхьаъ кхайкхича, беданӀра лами тІехула чу а воьссина, цунна дуьхьал вахана ламаро. Дахьаьжча, иза сагІадоьхург хилла хІума еха веана.

— Схьавоьлла соьца, — аьлла, шеца лами тІехула бедана хьала а ваьккхина, — сан ян-м яц хьуна яла хІума, — аьлла ламарочо.

— Вуй! Со кху бедана хьала а ца воккхуш, хІунда ца олура ахь иза? — цецваьлла сагІадоьхург.

— Ахь цу бухахь хІунда ца олура хьуо сагІадоьхург ву? — жоп делла, ша бинчу бекхамна воккхавеш волчу ламарочо.

ЛАМАРО ОЙЛАНЕ ВАХАР

— Хьан зуда тховтІера чу а кхетта, корта кагбина, чуьра хье ара кхоьссина, — хаам бина ламарочуьнга. Ламаро Іадайча санна лаьтташ хилла, ойланашка вахана.

— Воха ма воха, декъаза ойланаш ма йе, — кадам бина накъосташа.

— Декъаза ойланаш-м даре ца йора ас, — жоп делла ламарочо, — цу зудчун хье бан а ма бацара,

бекъабеллачу коьрта чуьра аракхоссаелларг хIун ю техьа, бохуш, ойланаш йо-кха.

ШИ ШАЙ А ЛУР ДАЦАРА...

. — Вайн хьаькаман хIу мах хадор бара ахь? — хаьттина ламарочуьнга.

— Цуьнан коьртарчу бухарин куйнах а цхьана ткъа туьма мах хадор бара, иза коьртара дIабаьккхича ши шай а лур дацара.

ДИЦ ДИЙР ДАЦ...

Мастеро телевизор ца тоеш, пхийттаза ломара охьа веана ламаро. ТIаьххьара а, мастер юьстаха а ваькхина, аьлла ламарочо:

— Тоей вала и телевизор, ас дицдийр дац ахь динарг.

ШозлагIчу дийнахь тойина мастеро телевизор.

Иза схьа а эцна, араволуш лаьттачу ламарочунна дагадаайтина мастеро:

— Ахьа дицдийр дац ма аьллера...

— Диц а дера ца дина. НаьIалт хилла хьан ворхIе дена а, хьо кху чохь латточунна а! — аьлла, дикка ластайна бетах буй тоьхна, карчайна тIекIал ваькkхина ламарочо ша хьийзайнарг.

ДЕРА ХЕА...

Чет дуьззина Iежаш а дахьаш, ведда цIа веана кIант.

— ХIорш мичара ду? — хаьттина дас.

— БичIон ирзера.

— БичIона хеай?

— Дера хеа. Иза-м хIинцца бен суна тIаьхьара а ца вели. Топ а яхьаш вогIур ву ша, аьлла, юхавирзи-кх...

СХЬАДОККХУР ДУ...

Харц дуй а биьна, къевсина, нехан беш яькkхна хилла мацах цхьана къонахчо.

Цхьана заманчохь къонаха велла. Цунна каш даккха баханчарна бухахь адаман даьIахкаш карайна. И меттиг мацахлера каш хилла.

— ХIу до вай? Каш дIакъовлай вай? — шекбевлла нах.

— ХIан-хIа, ца къовлу. И каш-м кху вайнчо дуй а биъна схьадоккхур ду шуна, шек а ма довла шу, — бохура боху цхьаммо, — схьава аш, чувуьллур ву вай!

ОЬЗДА СТАГ ХИЛЛЕРА...

Цхьана юьртахь, мацах заманчохь, цхьа къонаха ваьлла хилла. Цо каш схьа а охкай, докъана тIера марчо схьа а доккхай, иза дIадухкуш хилла. Нахана бале ваьлла хилла и стаг, делахь а, вен ца лууш, садетташ Iаш хилла.

Мацца а и къонаха велла.

ТIаккха цхьа кхиниг ваьлла.

Цо каш схьа а охкай, дакъа ирбинчу хьокханна тIе дугIуш хилла.

Юьртарчу наха дийца долайна тIаккха:

"Делахь, ма бакъахьара а, оьзда а стаг хиллера и хьалха марчо лечкъош верг. Цо-м марчо схьадаккхахь а, дакъа хьокханна тIе а ца дугIура..."

ХХО ХЬЕХАМ

Цхьа сутара, саьхьара совдегар хилла мацах заманчохь вехаш. Бинчу балхана нахана ахча дIадалалуш ца хилла цуьнга.

Цхьана дийнахь лома базара ваха ваьлла иза бес-бесара, тайп-тайпана пхьегIаш йохка.

Цхьана жимачу стаге аьлла цо:

— КIант, хьуна ахчанал а хьехар мехала хир ду. Ахь и пхьегIаш чуьра гали лома хьаладаккхахь, ас кхо хьехара дийр дара хьуна. Говрана ницкъ бан ца леа суна.

КIант реза хилла. Гали ги а диллина, лома хьалаволавелла. Совдегар говрахь цунна улло ваьлла воьдуш хилла.

— ХIара хьалхара хьехара ду хьуна, — аьлла совдегара кIанте шаьшшиъ лома хьалаволавелча, — хьайга говрахь воьдучул гIаш вахар атта ду бохучах ма тешалахь.

Цу хьехаран мах шена хуъушехьа, важа ши хьехара пайдехь хила мегакха, бохуш, гали текхош хилла кIанта.

Лома юьккъе кхаьчча совдегара аьлла:

— ХIара шозлагIа хьехера ду хьуна. Хьайга ирхонех хьалавала атта ду ирхонех чу вогIучал бохучах ма тешалахь.

Цунна а реза а хилла, кхидIа некъ бина кIанта.

Лам буьххье шаьшшиъ ваьлча, совдегара аьлла:

— ХIара кхозлагIа хьехара ду хьуна, жима къонаха. Нагахь хьайга цхьаммо асчул йорах белхало лаьцна ша, алахь, цуьнах ма тешалахь.

Берда улло а вахана, кхоьссина гали бердах чу а дахайтина, аьлла тIаккха кIанта цецваьллачу совдегаре:

— ХIинца аса а лур ду хьуна цхьа хьехара. Нагахь хьайга цхьаммо цу гали чохь цхьа пхьегIа мукъа дийна ю алахь, цуьнах ма тешалахь!

БАРТ ХИЛА МЕГАРА...

— "Сан тайпа уггаре а доккха ду" — аьлла веара Нохчийчу рогIера имам.

— Маржа яI, и тунзахойн тайпанаш даккхай долу нах Iадда Iаш белахьара, вай пекъарийн кхузахь цхьа барт хила ма мегара, — бохура боху ламарочо.

КХЕЧЦ КЕПАРА ГIУР ВАЦ...

— ХIей, нохчолг, ялсамане машта вода хаай хьона? — хаттар дина гIалгIачо нохчийн моллайга.

— Нагахь вайшиъ цхьана нислахь, вайшиммо цхьа хIума дийр ду, — аьлла моллас. — СултантIайх чекх волуш, ас хехо хабаршца Iехор ву, хьо ведда дехьа вер ву. ТIаккха ахь деши а делла, понт а йина, со а дехьа воккхур ву. Ялсамане неIаре кхаьчча, ас юха а хехо хабаршца Iехор ву, ахь деши а делла, цу тIе понт а йина, вайшиъ дехьа вер ву...

— Ай! И яхарг хIун ду? Иштта машта вода ялсамане? — цецваьлла гIалгIа.

— Дера иштта ца водахь, вайшиъ кхечу кепара цу чу гIор моьтташ ма вац со, — жоп делла моллас.

ЮУЧУЬРА ЦА ВАЬЛЛА...

— Вало, балха доьда вайшиъ! — тIеяхана нус шен къанвеллачу мардена.


— Со балха уьхучуьра ваьлла, диканиг, — хьаставелла марда.

— Юучуьра ца ваьлла хьо, — бохура боху несо, — тIеюхал хьайн рабочи хорма!

НЕСАХ ДЕРГ ДУЬЙЦУР ДАЦ

— Нус муха ю хьан? Дика юй? — хаьттина мардега.

— Несах дерг дуьйцур дац, — чIагIвелла марда, — амма вукха шина кIантана ялор а яц, со дийна а волуш!



НОВЕЛЛАШ, ЗАБАРЕ ДИЙЦАРШ

ГIАЛАРА НУЦ

Йоккхаеш, гIадъйоьдий, шен ворхIе а да цIакхаьчча санна, хьийзара къена Муслимат гIалара йоIIий, нуцций ша йолчу деъча. Цу денна билгалъйоккхий юьтуш хуьлура уггаре а ерстина котам, аьхкенан а, гуьйренан а хенахь гулбой хуьлура тайп-тайпана стоьмаш, бIараш.

Вуьшта, кху тIаххьарчу заманчохь шен нуц а, йоI а жимма хийцадала доладелча санна хетаделлера йоккхачу стагана.

Хьаладеъча нахаца йолу тIекаре а тIаьхь-тIаьхьа шеллуш лаьттара, бовза-безачеран чу дахар, берийн кара кемпет, я сомком ялар-м хьехочахь а дацара. Бабица а хьалха санна башха къамелш а ца дора. Цу хийцамна чIогIа вас лаьттачу Муслимата эххар а хаьттира шен йоIе


— Лолу, хIун хилла шуьшинна? ТIаьхьарчу хенахь шуьшинна цхьа цатам хилча сана хета-кх суна. Нахаца а ма дац шуьшиъ хьалха санна кIеда-мерза, тIекаре? Балха тIехь цхьаъ гал-м ца даьлла-те хьан цIийнден?

— *Что ты, Мамка?!* — цецъяьлла, гIадъяхана, куьг ластийра йоIа. — Иза-м хIинца ша волчахь уггаре а коьрта хьаькам вай! Ца го хьуна иза схьакхетош а, дIавуьгуш а йогIу "Волга"? Хьан нуц санна тоьлла кIант вац-кх хьуна кху юьртахь цхьаннан а ден а керта вогIуш! Шек дIа а ма яла хьо!

Муслимат шек-м ца йолура, амма невцо лелочунна хуьлуш йолу вас алсамъйолуш-м лаьттара. Цхьа вон

хIума Iемаш лаьттара Пахьруддина (иштта яра вайн невцан цIе). Аьхкенан уггаре а сихачу заманчохь, нах асарш дешший, докъарш кечдешший хьийзачу заманчохь, боллучу юьртахошна а гуш, тогIи чохь тIекIалволий Iуьллура, верззина а волий. "Верззина ма вац иза, хIинца иштта массара а ма доIу хи йистехь са", — кхето гIертара йоI шен нана. Амма и болх Муслиматан хьекъало схьа ца лоцура. "Нахах а ма ду эхь. И воцург гой хьуна кху хьаьттан муьрехь тIекIал а ваьлла Iуьллуш? Жимма къайла волуш мукъане а велара" — олура нанас, кхоьрруш.

— Неха-м шайн да хьакхица валлахьара! Иштта невцарий шайн боцу дела дог этIара цера-м", — хадодора йоIа.



ХIинца нуц юьрта ваар гIайгIа хила йолаелира Муслиматана. Хьалаверъча, иза цхьа пардо санна, юткъа сийначу пазатан "цIапп" — аьлла тIелетта хеча а юьйхина, аьлча а, тIе а озийна, керта хьовзахь, цунах шен бIаьрг кхетарна кхоьруш, уьдуш лелара. "Веза дела, керта цхьаъ вагIахь хIун дер-те? ДIаяккхийта цуьнга, иза, бохуш йоIе а невцан хеча хьехайойла а ма дац..." — юхий, хьаьвзара Баба.

ГIехь хан яьллера Пахьруддий, Лолий хьала данза. ХIундда гинехь а, Муслиматана цхьа тамашийна гIан гира. Пахьрудди Ахкачу лийча ваханера. Ламанца цхьа чIогIа догIа а тоьхна, хи дистина, ирча юхь еанера. Шен нуц дагавеана, ког ма боллу чехка Муслимат орцах хьаьдира. Нуц хил дехьа а висина, сехьа ца валалуш хьийзара. Хи тIеттIа доккхахуьлуш лаьттара. Юьртахь мел волу стаг гулвеллера тогIи чу. Цхьаммо а нуц кIелхьаравоккхуш гIо ца дора.

Муслимат дIакхийдара, нуц кIелхьара ваккха, амма дIа ца кхочура. ДIакхаьчча а, иза башха схьалаца тамехь а вацара: верззина ву ала мегар долуш вара.

"Схьалаца хьайн нуц, ма вахьийта! Юха ишттаниг хир вац хьуна! Хьа-хьа-хьа!!!" — маьхьарий деттара тогIи чу гулбеллачара. Муслимат кхоччуш халча хIоьттинера, ша хIун дер ца хууш. Къаьсттана гIадъяхана хьийзара Муслиматан лулахо Куьзимат. И шиъ къаьсттина вовшашца яхь йолуш ма яра!

"Пхьарс лаца! Ког лаца! Ва-хьа-хьа!!! — йьлуш, гIадъоьхура Куьзимат. — Дукха йоккхаеш а яра хьо

цунах, хьайн кIантал башха ца хета хьайна, бохуш. Схьалаца, ма вахьийта хIинца!.."

Невцо цхьаъа-м де бохуш схьабетта мохь а нохчийн маттахь бацара.

— ХIун боху ахь? Нохчийн маттахь алахьа! Со ца кхета ахь дуьйцучух! — елхаран къурдаш а деш, дIакхойкхура Муслимат. Уллохь лаьтта нах кхин а чIогIа буьйлура. ТIаккха, куьйга эшарехь Пахьруддис дуьйцучух кхетта, цхьа дечкан га дIакховдийра стуннанас невце. Нуц хIинца сехьаваьлла волуш лаьттара, Муслимата цуьнан берзина пхьарс схьалаьцнехьара. Нахана гергахь Баба ца хIоьттира и схьалаца. Нуц, докъа полла бина, хино, айвина, дIаваьхьира...

Ерриге а хьацарша а юьзна, самаиккхира Муслимат, буьйсанна юккъехь. Кхин наб ца кхеташ, сахуьлуьнга елира. Хьалха а Куьзиматехь шен ца хилла безам хIинца кхоччуш чIагIбелира и дерриге а самах хилча санна. Юх-юха а дуьхьал хIуьттура иза шех кхаьрдаш, йоьлуш, цо гIаттийна хилла, гирданан бертаг санна, йоккха бага. Дагадеара шаьшшинан хьастах бежнаш дIалахка яханчуьра йогIуш хилла къамел.

— Ватта, сан дела, ма хаза хьо дуьйцуш! — "Муслиматан нуц Iуьллу кIайдарг", — бохуш, наха цIе а тиллина ю-кх и дIогара кIайдарг. И цхьайолу амалш-м йитийта а езара хьуна ахь цуьнга а, Лолийга аьлла а, — дIадолийра Куьзимата дукха хенахь дуьйна ша ала гIертарг.

— ХIун амалш ю ахь юьйцурш? — ша ца кхеттачуха-а хаьттира Муслимата.

— Суна-м хIумма а дацара иза, вуьшта, товш дац-кх. ТогIийчу, хи тIе, бедарш йитта баха а йиш яц зударийн, и цу чу охьавижахь. Жимма къайлавала мукъа алийша цуьнга.

— Ма ала дера ас-м! Иза-м гIалахь шен лаккхарчу гIуллакхехь а волуш вай! Иштта болх ма бу цуьнан! — дегабаам бира Муслимата.

— Муха болх? Верзина Iилла везашший? — цецъелира Куьзимат.

— ХIаъа, — ша а реза йоццушехь, корта таIийра Бабас.

— Ой! Хьо ма да бусалбанашка! Дера веза, хIета, шен гIалий тIехь Iилла, асвальта тIе а вижина!

Муслиматан дуьхьал ала хIума ца хилира. Сихъелла хийцира цо и къамел.

Цул тIаьхьа, йоI хьалаеанчохь Iа а ца елла, цуьнга хьахийра Муслимата:

— Лолу, хIуъа дийцича а, ма товш хIума дац-кх оцу вайн невцо лелориг. Зударий а кIордийна суна цхьацца Iиттарш еш. Сан нуц Iуьллу меттиг, аьлла цIе а тиллина ю боху вайн тогIий чохь и Iуьллу меттиг. И... духар а ду цуьнан... цхьа... тамашийна... Жимма оьзданиг леладе мукъа эр дар-техь цуьнга?

— ДIаялахь, нана, — куьг ластийра тIаьхьарчу заманчохь гуттар а чIorIa стамъяла йоьллачу йоIа, бага а гIаттош, — уьш-м *пережиткаш* яра. Нехан

невцарий, хьан нуцций цхьаъ ма вац. Хийла невзарий бу хьуна цуьнан карахь. Хьоьга дерриге а дIадийца йиш яц сан, иза мел чIогIа наха лоруш, мел боккха пайда тIебахьаш, мел жоьпаллин болх беш ву ца хаьа хьуна? Иза-м кхуза садаIа вогIий, даче санна.

Муслиматана тамашийна гIан гинчу шоллагIчу дийнахь дара иза. Декхна деанчу аьхкенан кIиран дийнахь. Беша асар дан яханчу йоккхачу стагана тIаьхьа лулахойн бераш даьхкира, гIалара йоIIий, нуцций деана аьлла. Бешара цIа хаккаелла йогIу Муслиматтий, базарара йогIу Куьзиматтий цхьана нисъелира.

ДIакхачча йоллуш йогIучу шина зудчунна, кех ара а ваьлла, нуц дуьхьал волавелира, жим-жима техка а техкаш. Цунна тIехь, и гIоза ма хиларг, и сийначу пазатан тIелетта хеча яра... Шина зудчунна геннахь хааделира иза гIехь "ягийна" хилар. Улло кхача воьлча, маларо вохвинчу невцо шен тIамарш дIасаяржийра.

— Ой-ой-ой! Хьо ма да бусалбанашка, мара кхета ца гIерта иза?!! — Муслиматана тIехьалечкъира Куьзимат. Ша дуьненчохь ю, я стиглахь ю ца хууш, холча хIоьттина, дIасахьаьвзира стуннана а. Яла меттиг бацара, ша юха а йирзина, пурх боьдучу урамехула дIа ца едча, я кертал тIех а иккхина, нехан хьаьжкIаш юккъе дIа ца лечкъича. Иза а, важа а дойла яцара. Кхин хIун дер а ца хиъна, шаьшшиъ йолччохь сецира жима йолуш дуьйна жоьра лелла, цIармат хIуманах дукха чIогIа бIаьрг бодуш йолу къена ши зуда.

Нуц, ма-воггIура, цкъа шен стунанна мара кхийтира. TIаккха Куьзиматана тIе волавелира. Куьзимат, шена хьалха базарара бохьу боккха тIоьрмиг а лоьцуш: "Ламаз!.. Ламаз дохор ду ахь сан!" — бохуш, юхаедира. Нуц, шен стунненан белшаш тIехула куьг а тесна: "Ну, маманя, .как наше здоровье?" — бохуш кех чу волавелира. "Харашо, хар-рашо", — дуьхьал мотт бийца гIертара йоьхна Муслимат, ша хIун дуьйцу а ца хууш.

"ХIара хилла-кх и суна сийсара гина гIан. Кхочуш хили-кх иза хIинца. Ма луург дели цу саьрмакан Куьзиматан сох!" — дог этташ, ойланаш йора Муслимата тIаьхьо-о...


Хьастаха юха а деанера нуцций, йоIIий Муслимат йолчу. Пахьрудди цхьа тамашийна хийцавеллера. Юткъа, пазатан хеча а, ца юьйхира. ТогIи чу верзина Iилла а ца вахара. TIекаре вара ша тIенисвеллачу нахаца. ЙоI, бакъдерг аьлча, чIогIа кхоьлина яра. Муслиматаца шаьшшиъ йиссинчохь, елхаран къурдаш а деш, дийцира цо Пахьрудди балхара дIаваькхина аьлла.

Цу дийнахь дукха ца Iийра и шиъ. Хьалххе дIадахара, автобусна тIе ларрориг, аьлла. Ша-а йисинчу Муслимата ойла йора:"ХIумма а дацара иза цу балхара дIаваккхарх-м! И оьзда йоцу хеча лелон-х дезар даций цуьнан. Верззина а ваьлла, тогIи чохь Iилла а дезар дац. Нохчийн мотт бийца а йиш хир ю. Цхьа Делан къинхетам бара иза-м сох бина, сан йоIа хIуъа дийцахь

а. Дела, хьуна бу-кх хастам! ХIора ламазехь мел кхайкхор бу ас и цу оьзда боцчу балхара сайн нуц дIаваькхинчунна!.."

ТЕХСТАНЦЕХЬ

— ХIун хир ду аьлла хета хьуна, кIант, кху дуьненах? — хаьттира шен машен кен бертехь а сацийна, заявка язъя техстанцин диспетчерски чу хахкавелла вогIучу Илесе наьIарехь лаьттачу цхьана зоьрталчу къонахчо.



— Диканиг хир ду! Диканиг бен хуьлийла а яц, тахана санна долчу хазачу дийнахь, — майрра жоп делира шен машен тояйта сихвелла вогIучо.

— Ахь боккъалла а бохий? — там хилла, тIевирзира зоьртала къонаха.

— Дера боху! Хьо кхин шек-м вацара?

— ЭхI! Дера хила хьуна и Дела реза! — доккха са даьккхира зоьрталчу къонахчо. Илеса иза кхин башха тергал а ца вира.

"Доьху сан машенан мостан редуктор тояр", — аьлла заявка а язйина, ши туьмий ши соммий кассе дIа а делла, "дов-в-в"-аьлла кел чоьхьа эккхийтира Илеса шен машен. ТIема дала кечделлачу кемано санна шок еттара галъяьллачу редукторо. "Еттар яц хьуна ахь сан кхин дог этIош-м!" — ша шега лоьра Iуьйрре керта вала аьтту нисбелла Илес.

Машен нацкъар а яьккхина, мастер лаха вуьйлира иза. "Сийна коч юьйхина, коьртахь кIайн пес а йолуш ву хьуна, Iадлан цIе а йолуш, боккха цIен мара а болуш", — вийцинера цунна диспетчерскехь. Амма хIинца иза кара ца вора. Сийна коч йолчун коьртахь пес ца хуьлура, коьртахь пес йолчун сийна коч ца хуьлура, я мара жима хуьлура. Хоьтту-уш, кертахула пхи-ялх го баьккхира Илеса. Мастер вацара. "ХIинцца вара", "ДIогахь вара", "Эццахь вара" — дуьйцура вевзачара. Амма Илес тIе ца кхуьура. Сахьт гергга хан елира. ТIетаьIина лоькхучу магнитофонца керта елира цхьа башха "ГАЗ-24". Цу чуьра охьавоьссира сийна

коччий, кIайн пессий, боккха цIен марий болу къонаха. "Iадлан! Iадлан! Во Iадлан!" — цунна тIебевдира массо а сонера нах. Шен кехаташ а айдина, Илес а тIеведира, ког ма боллу.

Iадлана нах тергал а ца бора. Хетарехь, цунна хаза а ца хезара шега ден хеттарш. Цхьацца ког боккхуш, цхьа хIума Iуьйшуш, нох а дохуш, шен мастерской чу воьдура иза.

Йоккха юкъ ялале, цхьацца-шишша волуш, нах Iадланан кабинета чуьра арабевлира. ТIаьххьара а Илес а чу вахара.

Схьаэцна, карахь а ловзийна, Илесан кехаташ юхакхийсира мастера:

— И тайпа болх бан белхахо вац сан цехехь.

— Ткъа мичахь ву?

— Ца хаьа суна.

— Хьанна хаа деза ткъа?

— Хьо кху чу ваийтинчунна.

— Ой! Цо со хьуна тIе ма хьажийна! Хьо вац Iадлан, сийна коч а, кIайн пес а, боккха... аьлча а, зоьртала а волуш?..

— Со ву, амма сан слесарш бац! Нохчийн маттах ца кхета хьо?

Чуьра араваьлла, диспетчарна тIехьаьдира Илес:

— Цо шен слесараш бац ма боху!

— Хьан?

— Iадлана.

— Хьо мила ву?

— Илес. ХIинцца хьоьга заказ йинарг!

— Иштта алал ахь. Схьагайтал хьайн кехаташ. *Таак, та-ак,* Iадлана бен йийр яц хьан *редукторна регулировка*. Кхечара беш берш кхин тайпа белхаш бу. Цхьаберш *костопрваш* бу, вуьйш *мотористаш* бу, вуьйш *сварщикаш* бу, вуьйш *маляраш* бу, вуьйш...

— Ма багарбехьа суна уьш! Ас шуьга заказ елла. Сан редуктор тояйтийша, ас шуьга кхин хIумма а ца бохура!

— Накъост, лата ма гIертахь! Ваха а гIой, хьайн редуктор тояйтахьа!

— Цо ша ца то йо ма боху!

— Хьан?

— Iадлана!

— Мича Iадлана?

— Мастера! Сийна коччий, кIайн пессий, боккха марий болчо! Багара къаьркъанан хьожа етталучо!

— И хьан бала бац.

— ХIун?

— Цуьнан бете гIарта.

— Директор мичахь ву шун?

— Шен чохь.

— Мичахь ю цуьнан чоь?

— ШоллагIчу этажа тIехь.

— Со цунна тIе воьду!

— Цул мастерна тIе гIохьа.

— Мича мастерна?

— Iадлана.

— Мича Іадлана?

— Сийна коччий, кІайн...

— Ой! Ас цо гІуллакх ца до ца боху хьоьга!

— Ас схьавола боху алал.

ГІеххьа тентаг а ваьлла, Іадланна тІе вахара Илес:

— Хьоьга диспетчера шена тІе вола боху.

— ДІавогІу ала ахь.

Ах сахьт гергга хан елира. Мацца а араваьлла Іадлан, диспетчерски чу вахара. Цунна тІаьххье чу Илес а тилира.

— Іадлан, оцу накъостан редуктор хІунда ца тойойту ахь?

— Слесарш бац.

— Стенга бахана уьш?

— Заказаш кхочуш еш бу-кх.

— Бовла маца бевр бу?

— Хьана хаьа и? Со шайхха-х ваций.

— Уьш бевлча, кху кІентан гІуллакхе хьажахьа. Директорна тІе ваха гІерташ ву-кх хІара.

— Хьожуьйтур бу, бовла ма-бевллинехь.

— Маца бевр бу уьш? — ца Іавелира Илес а.

— Накъост, ваха а гІой, цаьрга шайга хаттахьа, шу маца девр ду, алий. Хьо ма тамашийна ву! Нахаца лелла ван а вуй хьо?

— Хьалххе иштта схьа мукъа стенна ца олура аш, соьга кхо сахьт гергга хан а ца йойуьйтуш? ХІун ю церан цІераш мукъа?

— Цхьаъ Леча ву, важа — Сулим.

Хьаьдда вахара Илес мастерской чу.

— Оссолом Іалайкум!

— ВаІайкум Саккум!

— Леча муьлха ву шух?

— Со ву.

— Редуктор яр-кх сан регулировка ян езаш.

— И ду хаза! Машенийн бен хуьлий редукторш?

— Хьа-хьа-хьа-хьа-хьа! — бийлар иккхира мастерской чохь. Илес шегара хІун дели ца хууш воьхна висира.

— Со Іадлана ма хьажийра кху чу... Кехаташ а ду сан кийча!

— Муьлхарнаш?

— ХІорш.

— Ткъа вуьйш?

— ХІун тайпанаш?

— Бес-бесарнаш. ГІолий-м цІен бос берш ду.

— А-а! — къежира Илес. — Болх дика бахь, уьш а ду вайгахь-м.

— Йиш яц.

— Муха?

— Иштта. Болх дукха бу. ДІогарчу Сулиме алахьа.

— Сулим!

— ХІун боху ахь?

— Редуктор яр-кх регулировка ян езаш.

— Нана ма яла цу къамелан!

— ХІун хилла?

— ХIинццалц йина-м яц. Ца хууш дерг ца хууш ду. Хьуна лаахь, ас крестовина-м хуьйцур ю хьуна.

— Ма хийца.

— Тормозашна *прокачка* а йийр ю.

— Ма е.

— *Колодкаш* а хуьйцур ю.

— Баркалла. ЦIена ю. Сан редуктор ю гIавгIа еш ерг!

— Иза Лечина бен хуур дац.

— Лечи-и!!!

— ХIун боху ахь?

— Хала дехна даькхина долу де довш лаьтта-кх сан.

— Ас хIун де ткъа? де сацон йиш юй сан? Со АллахI-Дела ву-м ца моьтту хьуна?

— Де сацон йиш-м яцара хьан, эрна дIа ца дахийта йиш яр-кх. Ехьа и гIоза ма хиларг! Сохьтехь а Iийр вацар-кх хьо, хьайна лиъча...

Леча вист а ца хуьлуш, эстакади тIехь лаьттачу машенан болташ хьийзош Iара.

— Со сарралц Iийча а, гIуллакх хир дарий? — карийна кIеза санна, юха а хьаставелира Илес.

— Хаац.

Волавелла, юха а мастерна тIе вахара иза.

— Со маца веъча хир ду сан гIуллакх?

— Уьш бовларе терра.

— Тахана гIуллакх хир дуй-техь?

— Оф-фай! Ма кIордийна-кх суна хьо! Суна хIун хаьа, хIай накъост, хIай?!! Масане хуьлу машенаш тIехь куьйгаш Iитта дезаш хIуманаш!

— Ой, ткъа соьга хьалххе хIунда ца олура аш сихо хир яц, аьлла? Со-м генарчу районера веана вай! Кхузахь буьйса яккхар дагахь ма дацара суна!

И хьайн заявка *пирнимайт* динчу диспетчере ала ахь.

— Диспетчер!

— ХIун хилла боху ахь, хIинца мукъане?

— Ахь соьга кеста гIуллакх хир дац хIунда ца олура?

— Ахь соьга хаьттирий?

— Ой! Ахь кеста гIуллакх хир дац аьллехь, со, кхечу техстанце гIур ма вара!

— Дера хиллера ваха везаш. Ас кхайкхина валийна-м вац хьо? Я сан вордано вадийна валийна ву хьо?

— Чохь вуй директор?

— Вац.

— Стенга вахана иза?

— Хаац. Суна *доложить* ца дира цо.

— ХIан!

— ХIун ю хIара?

— Заявка ю.

— Ахча юха хир дац.

— ХIунда?

— Объединене а вахана, заявлени а яздина, ши-кхо де дайа деза, царна тIаьхьа ваьлла лелаш.

— И бохург хIун ду?

— Иштта ю *порядок*. Иштта *порядок* ца хилча-м оха заказаш а еш, ахча тхешан кисана дуьллур дара. И ца дойту Iедало.

— Дайтича, аш дийр-м дара!

— Иза а хьан бала бац.

— Директор схьа маца вогIур ву?

— Суна *доложить* ца дира цо.

— Схьаделлал ков!

— Хехоче деллийта ахь.

— Мичхьа ву хехо?

— Обеде вахана. Хьо ара валахьара, со а вогIур вара цкъа хIума а кхаьллина. Хьо вогIий соьца?

— Баркалла. Сица... аьлча а, гIоза йоийла.

Араиккхина, юха а слесарш болчу хьаьдира Илес. "Бесбесер долу кехаташ эрна ца хьахийра цу Лечас. ХIума лур ю эр ду ас цуьнга, иза тешшош. Девне вийларх гIуллакх хир дац. Де а девр ду, машен а юьсур ю тояза".

— Леча.

— ХIун боху ахь?

— Ахь сан гIуллакх дахь, ас мел ло хьуна?

— Хьо базарахь-м вац? ХIара-м социалистически предприяти яй.

— Ма сиха вара со!

— И лаьтта машенаш ерш бац сиха? Хьо царел хьалха ваккхалур вуй соьга?

"Хlа-а! Царел хьалха со воккхарг а ахча деза хьуна кхуна!" — дагадеанчу Илеса Лечин спецовкин сонерчу аьрру кисана пхи сом таlийра, цо ша тоечу машен тlе куьг хьала ойъушехь. Кисана таlийнарг мел ду хьаьжира Леча сихха.

— Хlа! Хlара хьайн пхи сом а эце, *мороженни* яа гlо хьо. Тlе *газвода* мала а диса мега хьуна. *Обед* а ю тlееана.

Ой! Ас-м кхин а лур дай хьуна. Иза ас суо рогlана хьалха воккхург ма делла хьуна!

Машена кlелхьара схьа а ваьлла, куьйгех бехчалг хьекха волавелира Леча.

— Хьо дlавоьду? — хьалхачул а чlогlа хьаставелира Илес.

— Делкъанна хlума кхалла ца вахча волий со?

— Юха маца вогlур ву хьо?

— Обед чекхъяьлча.

Малхо кхорзуш лаьттачу шен машенна чу хиира Илес. Коьртара охьа хьацар доладеллера. Мацалла чуьйраш къийкъара. Техстанцин керт яссаеллера.

Кертал арахьа ваьлла, цхьана кафе чу нисвелла, рогlехь а лаьттина, сихвелла хlума кхаьллира Илеса. Хьаьдда юха веъча, слесарш, цхьадика, схьабахказа хиллера. Цlеххьана дlахьаьжначу цунна шен машена тlехь антена ца гира. Ой! Хlара хьан яьхьи хlинца?" — дlасахьаьжира Илес. Уллохь а, я кертахь а мел мохь беттарх а орцах вала да вацара.

— Ой, аш е шайн ненах сте! Хьан яьккхи аш кху тӀера антенна?!! — чуьра ма боллу мохь туьйхира машенан дас. "Тенна-тенна-тенан" дехьа лаьттачу боксашкара дадийна юхабеара йилбазмохь. СхьахӀуьттучу суьртехь, антеннина тӀаьхьакхуьур бохург дӀадаьллера.

Мацца а, цхьацца-шишша вогӀуш, нах керта эха буьйлабелира.

— Сан машенна тӀера антенна яьккхина, — диспетчерна тӀе вахара Илес.

— Ас яьккхина-м ца боху ахь иза?

— Ца боху. Шун кертахь яьккхина боху!

— Ас милцо хӀотто везаш-м ца хиллера хьан машенна улло?

— Директор схьавеаний ?

— Веана хьуна. Вало, схьаеха хьайн антенна.

— Оссолом Ӏалайкум!

— ? ...

— Ас салам делира, накъост!

— ВаӀа - аькум.

— ХӀара хӀун *порядкаш* ю, накъост, шун техстанцехь ерш?

— ХӀун дина хьуна?

— Сатесчахьана дуьйна ву-кх со хӀара бала лелош.

— *Короче.*

— *Короче* аьлча, гӀурт бу-кх, накъост, кху шун кертахь берг! Редукторна регулировка яйта кассехь ахча дӀа а делла, машен чоьхьа яьккхина ас. Диспетчера

Iадланна тIе хьажаво, Iадлана слесаршна тIе хьажаво, слесаршна шайна йиш яц боху...

— Слесараш мукъа Iаш буй?

— Бац.

— Яьлла цIе юй?

— Яц.

— Ткъа хьо карзах стенна вуьйлу?

— Ой! Сан йиш ма яц кхузахь буьйсанаш яха!

— *Отпуск* а эций вола.

— Ой! Антенна а ма яькkхина сан машен тIера, со кертара ара валийтина!

— Машен бокс чохь ярий?

— Яцара, кертахь ара.

— Кертахь, йолчунна оха жоп ца ло. Тхан кертахь хехо вац, кенбертехь бен.

— ХIунда?

— *Штатни расписани* тIехь вогIуш вац.

— Ткъа ас хIун дан деза?

— Милицига а аьлла, хьайн антенна схьалахийта еза-кх.

— Сихха сан гIуллакх де мукъане а алахьа слесарашка.

— Эр дац.

— ХIунда?

— Хьо санна ма бу кхин болу клиенташ а. Хьо хIун хилла ву? *Дисциплина* талхо-м ца гIерта хьо? Хьуна хьан бакъо ца хета хьуна Хьуо мичахь ву хаьий хьуна? Эхь ца хета хьуна, хьо-х хIинца жима а вац? И

хIун ду ахь лелориг, дан мукъане а ? Сан болх а бохийна, хьийза хьо, дийна юккъехь чу а иккхина, неханиг бохо а гIерта хьо?

— Ой...

— *Никакой* "ой!" ДIавало, хьайн машен тоийта, ргI тIекхаьччахьана!

Кхохкийна аравелира Илес. Кхин а чIогIа хьаставала лиира Лечина. Аз дегадора.

— Леча -а...

— ХIун хилла боху ахь хIинца мукъане а?

— Ас ши туьма а лур дара хьуна, тахане сарале тIеверзий, метта ялаехьа и сан гIоза ма хиларг!

— Кхоъ.

— ХIун кхоъ?

— Кхо туьма.

— Кхоъий? Дика ду, хIета, кхоъ а ло-кх ас хьуна.

— Сулим! — дIакхайкхира Леча шен накъосте. — Валол сихха кхунна тIе глушитель а хIоттийна, хIокху накъостан редукторе хьожу вайшиъ.

Хазахетта, дог кхоссаделира Илесан. "Цхьаъ хила доллура кхунах хIинца-м!" Леча Илесан машенна тIе вирзира. Масех минот ялале мост лаIа а леIна, охьакхоьссира.

— Кхуьнан *подшипник* яаелла, накъост, керланиг еза.

— Ткъа суна мичахь карор ю иза?

— Базарахь.

— Вайна шинарин де ма ду тахана!

— Ас хьоьга тахана базаран де ду ца боху, базарехь карор ю боху подшипник.

— Шун яц?

— Яц.

— Хила а ца хуьлу. Чекхъевлла-кх.

— Ткъа ас хIун дан деза?

— Пдшипник лаха еза-кх.

— Мичара?

— Ванах, ма тамашийна ву хьо стаг! Ас ма аьлла хьоьга, базарахь карор ю, ахь ши туьма лахь.

— Ой, ши туьма-м дукха а ма дацара. Вуьшта базаран де тIекхаччалц кху кIел а хIоьттина Iан йиш юй сан? БаIаш биинчо а дуьйцур ма дац ахь дуьйцург-м!

— Дера хиллера хьайца подшипник а яхьаш, ван везаш. Соьга хIун де боху ахь?

— ХIумма а ца боху ас-м, — корта а оллийна, цхьана ведар тIе охьалахвелира Илес.

— Сан хила а мега и подшипник.

— ?!!

— Хьастах базарахь эцнера ас, цхьа хьо саннарг валахь а, аьлла. Бакъду, кхузахь-м яц сан иза. ЦIахь ю. Ас кхана схьа-вогIуш яхьар ю хьуна. Цкъачунна хьан машен юьстах теттина юьтур ю вай.

Дан хIума а ца хилла, кханенга ладогIа реза хилира Илес. Ма-дарра аьлча, иза башха дог тешна а вацара, шен тахана гIуллакх а хилла, кху кертара аравалар нислур ду аьлла. Кертал чоьхьа волуш хилла ойла, йохийна дIаяьккхинера чуваьллачул тIаьхьа.

ХIоьттина, техка а техкаш, гIалий юккъе хьешан цIа лаха аравелира жима стаг.

Буьйса юьйлира. Хьешан цIенош чохь меттиг нислур ю бохург аьттехьа а ца хиллера. Шила хьоькхура гуьйренан мох. Вокзалехь, цхьана гIанта тIе дIатаьIинчохь, сахуьлуьнга велира Илес.

Йоккха юкъ ялале, техстанцин кенберте кхечира иза юха а. Цул хьалха веана цхьа а вацара. Ур-аттал хехо а, цуьнан жIаьла а набарха даланза дара.

Йоккха юкъ ялале, техстанцин кенберте машенаш хIитта юьйлаелира. Дуьхьал волий, царна ков дIадоьллура хехочо. Илеса гIашлойн некъе дIа бIаьрг беттара, шена бевза слесарш, къаьсттина Леча, гучу ца вер-те, бохуш. Цунна дагахь а дацара, кхечу паччахьаллкхера векалш санна, кура вортанаш а сеттош, машенашца керта оьхурш слесарш буй. Иза кIантана тIаьхьа хиира, шен машен лаьттачу бокса чу ваьлча. Леча тIе тиша хIуманаш а юьйхина, кийча Iаш хиллера.

— Салом Iалайкум!

— Ва-Iаькум Саккум.

— Еарий ахь подшипник?

— Еана.

— Ма дика ду и! ХIан, хIара хьан ши туьма...

Болх дIаболабелира.

— Ой, хIара хIун ду хIинца?!!

— ?

— Кхунна тIера куьзга хьан даькхи хIинца?

— Накъост, хьуна ца хуьлуш хIума ца диси-кх кху керта веъчахьанна. Дан а дарий техь кху тIехь куьзга?

— Дан а дарий-те бохург хIун ду? Цу чу а хьоьжуш ца веана со охьакхаччалц? ХIан-хIа, хIара бакъ йолу *издевательство* ю, оьрсаша ма-аллара. Со директорна тIе воьду!

— Оссолом Iалайкум!

— ...

— Салам делира ас хьоьга!

— Ва-Iаькуум!

— Бокса чохь яйначух бен шаьш жоп ца ло бохурий ахь?

— ХIун хилла хIинца?

— Куьзга даьккхина машенна тIера. Бокса чохь йоллушехь!

— Муьлхачу бокса чохь?

— Шун бокса чохь!

— Номер яц цуьнан?

— Ца хаьа суна.

— Хьажий волал.

Хьаьжна, юхавеара Илес:

— ЙоьалгIаниг ю.

— СхьакхайкхаI Iадлане.

Илес чуьра араиккхира.

— Iадланний, Илессий чоьхьавелира.

— ХIун боху ахь?

— Шен машен тIера куьзга даьккхина боху кху накъоста. *Разберись.*

— Куьзга аьлча а, антенна...

— Антенна селхана яьккхина, куьзга тахана даьккхина!

— Осто-опирулахI, хьуна ца хуьлуш хIума ца дисикх! Цкъа сан кочара валахьара хьо накъост!

— Вер ву, аш сихха гIуллакх а дина, дIавахийтахь! Дена наьIалт хуьлда воккхавеш лелачунна!

— *Но-но!* Ма лелаел кху чохь *безобразеш*. Ара а валий ел и гIовгIа, — тIечевхира директор.

IадланнIий, Илессий ара а ваьлла, юха а бокса чу вахара.

— Хьан даьккхина аш кхуьнан машен тIера куьзга?

— ?

— Хьан даьккхина, хоьттий ас-м!

— Мохь ма хьекхахьа, Iадлан, тхо къуй ду-м ца моьтту хьуна?

— Леча, ахь даьккхиний?

— Ца-даьк-кхи-на!

— Сулим, ахь даьккхиний?

— ХIан-хIа.

— Дуй баал.

— Устазор!

— Гой хьуна, кхаьршиммо шаьшшиммо ца даьккхина боху. Селхана дийнахь антенна йоккхуш, цуьнца цхьаний-й даьккхина хиллий-техь хьан иза?

— Ца даьккхина. Куьзга тIехь дара.

— ХIун де-ткъа, доцуш ду-кх иза хIинца. Куьзга-м дефицит а яцара, иза-м туьканахь а карадора.

Гlаддайча, цахиларх а йоьду машен дlа. Со дlавоьду. Соьга хьуьйсуш клиенташ бу.

"Тlох-х-х!!! — тата делира бокса чохь.

— Эхlай, хьо йиса хьайн да велла! — цхьа гома эчиг карара охьатесира Лечас.

— Хlун хили? — тlеведира Илес.

— *Хвостовикан* церг кагъели-кха.

— Хlинца хlун дан деза?

— Щlена хвостовик еза-кх.

— И мичара хир ю?

— Базарара.

— Базарахь лун мах белча, хьуна хьайн цlахь а карор ю-кх? Кхана вогlуш ахь иза схьа а яхьар ю-кх? — дохк хьаьвзира Илесан коьрте.


— И бу-кх ас хьуна бина дика болх? Нийса олуш ма ду и, вайн стагана бина дика болх — вирана делла туьха ду!

— Дика болх би ахь-м, церг а кагйина!

* * *

Щlеххьашха Илесан дегlе зуз деара. Сийсара чомахь наб ца йинчу коьрте хьаьвзина дохк кхин а алсамделира. Iуьйранна хlума яаза волчу цуьнан бlаьргашна хьалха эппазнаш хlитта дуьйладелира. Ша хlун до а ца хууш, уллохь пенаца хьала хlоттийначу цхьана вабанах катуьйхира цо. Лечин юьхь тlера бос байра.

— Д-дукха в-вохе а ма хьовзахьа! Суна карор ю хвостовик-м, — хьаставелира слесарь.



И дохк юх-юха а хьийзара. Илесан коьрте, цкъа цхьаъ ца нислуш, тIаккха важа галдолуш. Кхузза директорна тIекхача вуьйлира. Иза балхахь ца хилира. Iадлан а, хIара вогIуш вайча водий цхьанхьа юьстаха эккхара. Орцахвала да вацара.

— "Ванах, хIун хила доллу-те кху дуьненах?!!" — шеквелира де суьйренгахьа лестича Илес.

КхоалгIачу дийнахь техстанцин кертара арайоккхучу Илесан машено еттачу шакарна тIе "тIох-х-х!!!" — бохуш лелха тата а кхеттера. Амма иза кху кертахь

кхин соцур ву бохург аьттехьа а дацара. "Цкъа цIа кхаччалц магахьара!" — сатеснера Илесан даго.

Кебертехь машен а сацийна, шок а лоькхуш, пIелга тIехь догIанаш а ловзош, техстанцин керта воьдуш цхьа кIант гира Илесана.

— ХIей кIант! — дIакхайкхира Илес.

— ХIун боху ахь?

— ХIун хир аьлла хета хьуна кху дуьненах?

— *Все будет о-кей!* — аьтту куьйган нана-пIелг ирхбахийтира кIанта.

Илес вела къежира: "Хуур-кх цу кертара ара волуш ахь хIун шок локху..."

ЛУЛАХОЙ

Лулахь дика хилар жайнахь а чIогIа мелехь лерина хилар хаьара Вадудан доьзална. Иза дика хаьара цуьнан луларчу ХIутутан доьзална а. Лулахь ца тарвалар а чIогIа оьзда доцуш хIума дуй хаьара Вадудан доьзална. Изза хаьара ХIутутан доьзална а. Лулахь ца тарло, аьлла юьртахь шайн цIе йоккхийла ца лаьара Вадудана а, цуьнан зудчунна Ребисина а. И тайпа цIе хьаштIолуш дацара ХIутут а, цуьнан хIусамнана Себила а. Амма малхо къагийначу цхьана бIаьстенан дийнахь ша бешахь хьаьжкIашна дуьххьара асар деш, керта уллохь карийна тиша этка, ласттийна, шен лулахочун Себилин хохин хеса яхийтира Ребисас,

селхана цуьнан "йоккха бат йолчу" йоІа шен йоІ тоьхна, елхор дага а деана.

ШоллагІчу дийнахь хьалххе етт цІа а беана, шен даза диссина асар чекхдаккха беша яьллачу Ребисина гира сехьа кхоьссина изза тиша этка, цунна уллохь цхьа бух дІабаьлла мацахлера чуьйнан гІумгІа а. Моха хьаьдира Ребисин дегІе. Амма дІа хІумма а олийла дацара: тІаккха селхана дехьа кхоьссина этка а хьан кхоьссина хилла гучудолура.

Делахь а, еха ца лелийра Ребисас шен даг чохь къахьо. Лулахой цІера бовллийтина, меллаша кертана тесна сетка хьала а айина, церан уьйтІарчу бай тІе шайн ши Іахар а лаьллина, баьстира бусабелла кийра.

Ши Іахар луллахь, сийначу бай тІехь, дийначу зезагашна юкъахь бежаш бара. Лулахой цІабаьхкича, ца хууш дехьа баьллера, аьлла, сехьа боккхур бу.

"Жолам, цара шайн кочаллийна дийна зезагаш-х дуур дай шина Іахаро!" — бохуш, йоккхаеш Іара Ребиса. Ца хаьара, хьалххе цІаеанчу Себилас ши Іахар тоьхна, цхьаннан ког а кагбеш, ураме кхоьссиний.

ШоллагІчу Іуьйранна бен ца карийра Вадудан доьзална шайн байна ши Іахар. Ког кагбинарг ши-кхо де даьлча, белира. Синош марсадевлира Вадудан а, цуьнан хІусамненан а. Амма хІумма а лулахошка дІахьахадойла яцара. ТІаккха ши Іахар хуъушехь кертал дехьа баькхина хилар гучудолура. ГІиллакхах духийла а яцара.

"Муха бийр бара-техь бекхам?" — ойланаш йора хIинца Вадуда а, Ребисас а. И бахьана а шашаха хIоьттира.

Цхьана сарахь ВадудагIеран кертахь топ елира. Йоккха юкъ ялале, хIусамда ХIутутагIеран керта улло вахара.

— ХIутут! Ва ХIутут!

— ХIун боху ахь? — араелира ХIутутан хIусамнана Себила. — Вади, хьо ву и, хIун бохура ахь?

— ХIутут вуй чохь?

— Чохь вац. Цхьанхьа-м ара вели-кх иза. ХIун дора ахь цунах?

— Шун жIаьла дуй-техь цIахь?

— Дера хаац суна-м. Борза! Борза! Борза! Хаалуш-м ма дац иза. ХIунда хоьттура ахь?

— Цхьа жIаьла дара кху керта хьийзаш, котаман кIорнешна тебаш. Топ туьйхи ас цунна. Улло вахча шунчух тера а ма хета суна иза.

— ХIан-хIа. Бакъ дац хьуна. Тхан жIаьла-м къурIанор дац цхьана а хIуманна а хича еш. Цхьа доккха пекъар ду. Кху чуьрчу берашна чIогIа дезаш а ду хьуна иза. Иза лахь-м, хьаха, ду тхоьга стаг велча санна доккха вон догIур! — меттаха елира Себила.

— Делахь, цкъа схьайолий, хьажахьа цуьнга. Шуьниг ца хила а мегий иза-м...

Шинне а дика хаьара дийнарг хIун жIаьла ду а, иза хIунда дийна ду а. Амма "гIиллакхах доха" тар яцара.

— Собар де ахь. Ас дийр ду хьуна цунна-м дан деззарг! — беккхам бан охьахиира цу сарахь Себилин майра ХІутут. Дика ойла а йина, милице арз яздан вуьйлира иза.

"Вайн халкъ дерриге а машарна гІуьттучу хенахь, герзашна дуьхьал къийсам латточу хенахь, тхан юьртара Дудуев Вадуд цІе йолу къонаха тІетаьІІина герз гулдеш ву. Хаац, и хІун дагахь ву, я шен деда санна, Іедална дуьхьал обарг вала воллу иза, я шен ненан ваша санна нах байа воллу, амма долахь алссам герз ду! ХІун бакъо йолуш леладо цо и герз? Иза-м таллархо а вац, цхьаннахьа а хехь а вац. Шеко йоццуш, цо и герз гулдо, шен аьтту балахь, Іедална дуьхьал вала, я къолаш дан. я нах байа. Тхуна ца оьшу юьртахь бандит. Доьху цуьнгара и герз дІа а даьккхина, тхо кІелхьара дахар. Коьртаца башха дика а вац иза, цо милла а вуьйр ву, шена дага дагІахь. ХьастагІа шен лулахочун Хутиев ХІутутан жІаьла а дийна цо, шена тебаш лелаш цхьаъ ву моьттуш. Аш и стаг юьртара дІа ца ваккхахь, тхан кху юьртахь кхин Іойла дац... ХІара яздинарш бу берриге а юьртахой..."

И кехат шоллагІчу дийнахь Іуьйрре шен зудчуьнга дІатасийтира ХІутута, тІаккха хІун хир-техь цунах, бохуш ладийгІа велира.

КІира хан ялале Вадудан керта участкови инспектор вогІуш хаавелира Себилина. Юха иза сихха кертара ара а ваьлла, дІавоьдуш а гира, кара цхьа тишачу тоьпан хьокха а эцна.

"Бакъ! ДIа-х ма яьккхи цу боьхачу хIуманера и топ", — хаам бира Себилас сарахь цIа веанчу шен майрачуьнга.

"Собар де ахь! Суна а карор ду хьуна цунна яздан хIума-м!" — чIагIо йира Вадуда шен зудчунна Ребисина хиалха.

ГIеххьа хан елира, лулахочунна яздан хIума Вадудана ца карош. ВорхIе дайшка дIа ладоьгIча а, цунна тIехь кхолла хIума дацара. ВорхIе а да а мискалла "къикъ" аьлла воллуш, баккхий пекъарш лаьттина бара, лулахошкара доьхий, морза а кхоьхьуш. "Шаьш нах хилча-м, цхьаъ мукъане а къонаха ваьлла хир варий царех!" — шен дагахь дог этIара Вадудан.

Амма цхьана базаран сарахь Вадудана а ша лоьхучунна аьтту белира. ХIутутан керта еара цхьа йоккха "Камаз" машен, цхьана охьара йоьттина докъар а дахьаш. Машенан шофер — ХIутутан йоккхахйолу йоI яхана нуц Хуту вара. Машен йолчу организацин цIе а цу машенан неIар тIехь дIаязйина яра.


Сихха чу иккхина, берийн тетрадь а датIош, цу тIера масех кехат а даьккхина, арз язда хиира Вадуд.

"Паччахьалкхан машенан шайн долахь таръелла цхьаболчу нахана. КхойтталгIачу августехь, кIиран дийнахь, ерриге а техника а шайн гаражаш чохь латта езачу хенахь, и гагIу санна йоккха, 20-13 ЧИК номер йолу "Камаз" а хаьхкина, шен стундена лачкъийна докъар дахьаш веана кху районерчу "Сельхозтехникехь" болх беш волу Хуту цIе йолу шофер. ХIун хир ду-техь,

шайга пачхьалкхо мел елла хIума массо а наха шайн дола ерзийча? Иштта вай дIадолхахь, заводерачу белхалоша станокаш шайн цIа хьур ю, нефть доккхучара буроввой вышканаш шайн кертахь еттар ю, летчикаш а буьйлалур бу шайн стунцахой болчу кеманаш тIехь эха, комбайнераша комбайнаш тIехь шайн зударий базара лелор бу.

Ерриге а юьртан цIарах доьху и зуламаш совцор а, цу Хуту цIе йолчу къонахчунна а, цуьнан стундена ХIутутана а хьакъ доллу таIзар дар а!"

Дукха хан ялале ХIутутан нуц Хуту балхара дIаваьккхина, аьлла делира юьртахь. И кхаъ Вадудана а, цуьнан зудчунна а чIогIа хаза а хийтира.



ХIутуттий, Себилий холча хIоьттинера. Шаьш бахьанехь нуц балхара дIаваккхар чIогIа IаьткъинерА стундений, стуннанний. Цул йоккха юьхьIаьржо ца еанера цаьршинна тIе хIинццалц. Шера хаьара и арз яздинарг мила ву. Амма "гIиллакхах духийла" яцара. Хьалха санна къежара луллахой вовшашна, шаьш дуьхь-дуьхьал IиттабелчА.

ХIинца шайна динарг кхоччуш юха муха доькхур ца хууш, кIелвисина волуш лаьттара ХIутут. Мел ойла ярх дага ца богIура дог IабОн долу бекхам. ТIаккха и гIуллакх цуьнан хIусамнанас шена тIе ийцира.

— Со НитIи ю хьуна, ас цу Вадуд бохучу боьхачу хIуманан саьрмике, Ребисе, кхин спекуляци-м лелаяйтахь! — меттахъелира цхьана сарахь Себила.

— Ахь хIун дийр дара цунна, йоллучу сельсовете а, милицига а ца сацаеллачу? — ца вешира ша а цу белхан ойла йина волу майра.

— Хуур ду хьуна иза-м! — дош делира зудчо. Амма ша дан дага лаьцнарг ма-дарра майрачуьнга а ца дийцира цо.

ШоллагIчу дийнахь туькана шекар эца яханчу Себилас, цу чохь мах беш йолу Хелипат бIаьца йина, юьстаха яьккхира.

— Ахь цхьаний а дега хьахор дацахь, цхьа хIума дуьйцур дара ас хьога...

— Вай массо а гIур волчу эхартор, дер дац сан багах-м, дийца-хьа, хьайн делхьа!

— Со лойла хьан, ма хьахаделахь цхьаний а дега!

— Дала бакъа а белла, хIара мотт багара охьа бужийла-кх сан, цхьана а дега ас иза хьахор делахь! Дийцахьа, ма-дарра!

— ЛадогIал, делахь. Сийсара доккха са къийри оха, нуц а веана.

— Хьенан нуц? Мила яхана вайн маре?

— Сан лулахо Ребиса яхана-кх!

— Ой! Хьер-м ца яьлла хьо? Шен майра а, доьзал а болуш яц иза?

— Хилча хIун ду? Цуьнан-м кхин цхьаъ а хилла майра, хьаьрса а волуш...

— Вуй-вуй-ву-у-уй! Со яла елла, и хIун ду ахь дуьйцург? Дийцахь ма-дарра, со хьер а ца йоккухуш! — Хелипатан ши бIаьрг къаьрзина, араэккха боллура.

— Йохка-эцар лелош ма яра Ребиса кху тIаьхьарчу заманчохь, — лере а теIаш, дуьйцура Себилас, ша дуьйцучух ша а цец а юьйлуш. — Цигахь, Москвахь, цхьаъ карийна хилла-кх цунна доцца аьлча. ХIуманаш эца йоьду олий, цунна тIе а йоьдуш, бахьанина цхьацца пайда боцу хIуманаш акхоьхьуш, цу гIазакхечунца Iаш хиллакха и борз!

— Ой! Ткъа гучу муха дели иза? — Iа ца лора Хелипат.

— Ас ца боху хьоьга, тIаьхьа веанера сийсара, шен нускал дIадан хьеделча...

— Вай, со яла елла, со яла елла! — ша лаьттачохь, шашех каеттара Хелипата. — Ткъа гиний хIара шиъ

вовшийн? Вукху, бухахь волчу, майра ву бохучо хIун ди тIаккха?

— Майрачунна ца хаьа, цхьадика. Суьрташ дохуш лелаш стаг веанера кху керташка, аьлла дIадерзий оха. Эцца, араваьллачу хIокху стага варилахь, вадий дIагIолахь, хьо мила ву а, хIунда веана а хаахь, вуьйр ву хьо, аьлла, кхера а вина дIавахийти-кх!

— ОстопирулахI, остопирулахI, ва остопирулахI!!! — дукха чIогIа цецъяьлла, ши куьг вовшахтуьйхира Хелипата. — Ма тешам бац-кх цхьаболчу зударех! Хьанна моьттур дара Ребисигара ишттаниг дер ду!

— Иза-м цхьацца болчу нахана хьалхо гучуяьлла хилла. Вокзале иза новкъа яккха веана цхьа хьаьрса къонаха вара бохуш, Москвахь доьшуш болчу вайн эвларчу студенташа а дийцина хилла. Вуьшта, хьайн делаха йолийла хьо, цхьаьна а дега иза хьахор делахь!

— Миччара! Нахе хьехон хIума ду иза? Иза-м къематан де ма ду! Эхь дац ондадовлуш лаьттачу берех а? ОстопирулахI, ва остопирулахI!

Себила, ша динчунна гIад яхана, ког лаьтта ца кхочуш, цIа еара. Кхоччуш бастабелира цу дийнахь цуьнан кийра...

Хелипат бакълийна а хиллера, цхьана дега хьахор дац ша и тамашийна хIума, бохуш. Дуккханга а хьахийра, цхьадерг шеггара тIе а тухуш.

Стелахаьштиган суьртехь, йоллучу а юьртахула а, районехула а дIадедира и эладитта. Ур-аттал, шен бажица лома кIотара Iан хьалаваханчу Вадудан ден

вешина Умхийна а дIахезира и керла хIума цу дийннахьехь, малх дIа а бузале.

КхоалгIчу дийнахь, сарахь Умха, шен Iаса а луьйзуш, Вадудан керта веара.

— И хIун ду, кIант, кху наха долийнарг? — геннара схьа мохь беттара лергашна чIогIо-о волчу воккхачу стага шен вешин кIанте.

— ХIун ду иза? — ца кхеташ, сецира хIетта балхара цIакхаьчна, кертахула цхьацца куьйгаш Iуьттуш лела Вадуд.

— Хьо боьрша ца хилар ду-кх! — тIечийха вуьйлира Умха.


— Ой! ХIун ду хилларг? Велла-висина стаг-м вац? — цецвелира Вадуд.

— Велла хилар-м ирс дара хьуна, и тайпа ледарло хьайгара йолуьйтучул! Сан зудчунна тIаьхьа лома ма ца веана цхьа а да а, ас иза сайна юххехь сацийна дела! Маскох, Растох дIахехкайолуьйту стен хIума, уллохь стаг а воцуш? Хьуна ма чIогIа тешам баьлла хилла оцу хьайнчух! Говраххий, зудчуххий ма теша, аьлла вайн дайша дина весет дицделла хьуна?

Зов хьаьдира Вадудан дегIе. ДIасахьаьжира, "цхьанна а хаза-х ца хезий-техь, кху Iовдалчу стага бетта мохь?" — аьлла. Цхьадика, гуш аддам а дацара. Зуда а божал чу етт оза яхана яра.

— Схьавоьл чу, чохь дуьйцур ду вайшимма, — чоьхьа ваьккхира Вадуда воккха стаг. — Дийцал, Ваша, ма-дарра. ХIун ду хьуна хезнарг?

Умхас дийцира шена шен зудчуьнгара наха дуьйцу, бохуш, хезна эладитта.



Иза дийцина и валале шек велира Вадуд и зов мичара схьа ду. И дийцина ваьлча, корта а оллийна хаьттира:

— Хьанна гина боху и веънарг?

— Йоллучу юьртана а гина боху. Цара-м башха тергал а ца вина боху, суьрташ дохуш леларг ву моьттуш. Ткъа цуьнгахь дерг хьан зудчун сурт хилла боху! И сурт а айдина веана боху иза вайн юьрта кхаччалц, массо а ярташкахь, гІаланашкахь чекхвуьйлуш, хІара зуда гиний шуна бохуш!

— Дакъаза ма вала и делаI, хIара Iовдал йоцург, кхиерг йихкина хилла-те цунна? Кхиерг ца мегаш хилла-те цунна? — гIад а дайна, хаьттира Вадуда. — ХIара-иза аьлла, цIарах ца вуьйцу наха вайн юьртахь иза гинарг?

— Вуьйцу! Вуьйцу! Хьан лулахо ХIутут а, цуьнан зуда Себила а дуьйцу! — тIечевхира билггал и долийнарг бакъ хиларх тешна волу воккха стаг.

— Бакъ дац иза, Ваша, вай цадезачара долийна хIума ду иза, — элира Вадуда.

— Бакъ дацахь, дера деза и гина бохуш волчу ХIутуте къорIан тIехь дуй баийта! Цунна веана ву со-м леррина ломара охьа! — меттахвелира Умха.

Ши сахьт хан юккъе йолале, тIебирзинчу Вадудан цIийнан наха ХIутуте дуй баийтира. Цо дуй биира: "Ши де хьалха буфетехь чагIар молуш хилла вайн колхозера веха комбайнер Иван воцург суна кхин бIаьрга гина оьрсий а ма вац, суна аш дуьйцург хIун ду а ма ца хаьа!" — аьлла.

ХIутутана хаан а ца хаьара. Цуьнга зудчо хIумма а ма ца дийцинера.

Вадудан гергарчара цу "цIанонах" тоам бира. Амма Вадуда ца бира. Iаьржачу буса къайллах араваьллачу Вадуда ХIутутагIеран рагIу кIел охьадассийнчу докъарна юккъе ласттийна даьхьна, цIеран хаьштиг дахийтира. Уьш самабевлла а, нах орцах кхиъна а бовлале, докъарх а, рагIух а цхьа чим бен хIумма а ца йисира.

"Шена гиннашехь, и веана хилларг ца гина шена аьлла, харц дуй биъна хилла ХІутута, цундела яьлла цунна цІе а", — дІатидира наха и хилларг а.

Дукха ирча довлуш дохкура гІуллакхаш. Вуьшта, цу гурахь ХІутута, шен даьгна ргІу хиллачу меттехь цхьа даккхий, лекха цІенош дан долийра, шаьш дина девллачул тІаьхьа ВадудагІеран цІийнан корашна къемата а малх а гойтур боцуш.

Цуьнца къовсавелла Вадуд, спекуляци лелочуьра шен зуда цІахь а сацийна, чохь мел долу школе оьху бераш а эцна, Казахстане вахана боху, цигахь божалш а дина, ахча даккха. ХІутута дан долийнчул а лекха цІенош дан...

ВАЛАРНА КХЕРАВЕЛЛАРГ

ХІуъа елахь а, йиъна цхьа хІума ца лайна , дукха вон хьал долуш больнице вадийна вуьгуш вара Ваха. Машен чохь цунна улло хиъна вогІура лула-кулара кховиъ накъост. Цамгаро къиза хьийзочу Вахас уллорчу накъосташка кІирдинна дехарш дора:

— Жабреил, Іабаз, Муса, со ма валийтийша! Сихха дІакхачавейша, со вала йиш йолуш ма вац! АхІ, эхІ, ухІ! Ма йиш яцара сан вала! Хезий шуна? Ма янне а йиш яцара сан вала!!!

— Хеза, хеза Ваха. Ма кхерахьа, хІинцца дІакхачор ву вай хьо. ДІакхоччуш лаьтта хІинца, жимма

сатохахьа. Хаьа тхуна, хьан вала йиш йоций а. Бала йиш йолуш ма ца ле нах а... Сатохахьа цхьажимма.

Вахас-м юх-юха а шениг дуьйцура:

— Эхl, ма вала йиш яцара сан! Ма вала йиш яцара сан!

Цхьана хенахь лазаро хьийзош верг эцна богlурш больницан керта кхечира. Накъосташа айвина больницана чоьхьа воккхуш а Вахас кlирдинна шениг дуьйцура:

— Эхl, ма вала йиш яцара сан, ма вала йиш яцара сан, боккъала а! Варийлаш, эшахь гlалара лор кхайкхий а, хьовзалаш, ма виталаш со иштта дlатасий! Вон хьал ду шуна соьгахь, lаламат чlогlа вон!.. Со ванне а вала йиш йолуш вац шуна!



Лазаро хьовзийначунна гонаха цу участкови больницехь мел волу лор хьаьвзинера. Сагатлуш, арахь кора кIел хьийзара хIара валош баьхкинарш а. Вахас цу чохь лоьрашка ден дехарш кора кIел лаьттачарна ара хезара:

— Варийлаш, гал ма девллаш, хьовса ма деззара, дика хьовсалаш. Вала йиш йолуш вац шуна со! ЭхI, ма вала йиш яцара сан, боккъала а!..

— Пекъар, ша валарна кхеравелла. Йиш яц шен боху вала. Байлахь дуьсу долчу шен жимчу берийн а, дан долийначу цIенойн а гIайгIа хир ю цунна, — къамелаш дора арахь лаьттачара.

— ХIумма а хир дац. ГIоли хир ю хIинцца, Дала мукъалахь! Сийсара шен зуда хьонка баккха яхийтинера цо, жахар дага беана шена аьлла. Тахана Iуьйранна цхьа бога дуьззина хьонка бии бохура цо. И чухьаьрчина хир бу. ХIинцца чо ясталур ю. ТIаккха гIоли ер ю, — элира шена хетарг, орцах хьаьдда кхаьчначу луларчу зудчо а.

Сахьт герргга хан елира. Ваха вигначу чуьра арахеза: "Со ма валийтийша, вала йиш яц шуна сан! Вала йиш яц шуна сан!!!" — боху маьхьарий а дIасевцнера. Араваьллачу лоьро, вела а велла, цомгашниг хIинца Iаламат дика Iаш ву, аьлла кхаъ баькхира. Чуваха луучунна, чуваха а маршо юьту ша элира.

ХIинццалц кора кIел лаьттинарш хазахетта, Ваха Iуьллучу чубахара. Важа-м шек а воцуш, вела а

къежаш, Iара хIинца, ша цкъа а лазаро ца хьовзийча санна.

— Ванах, хьуо валарна ма чIогIа кхеравеллера хьо, Ваха. Хьуо вала йиш йолуш вац бохург ма чIогIа дуьйцура ахь, дийцахьа хIинца, хIунда йиш яцара хьан вала? — хаьттира чоьхьа ваьллачех цхьамма, массарна а хаа лууш дерг.

— Э-э, дIаваьллахь, куьг ластийра Вахас, дала тIе ма дохьийла иза! Со ца везаш мел дукха нах бу хаьий хьуна вайн юьртахь? Царна мел боккха кхаъ хир бара хаьий хьуна со велла, аьлла шайна хезча?!!

Учурхас даьккхина диплом

Техникум чекхъяьккхина диплом а ду шен, ша юьртабахаман говзанча а ву, аьлла нахана гергахь дозалла дан йиш йолуш вацара колхозан бригадир Учурха. "Хаьа тхуна, ахь муха дешна а, ахь и диплом муха даьккхина а", — аьлла, тIехтохаран сахьт дацара. Нахана-м хIумма а хуур а дера дацара, ша лелийнарш, шена а хазделла, Учурхас масаьрга а дуьйцуш ца хиллехьара. Цундела хIинца "тап-п" аьлла, Iадда Iар бен гIоли яцара.

* * *

— Деша ваха веза хьо, Учурха, дешна, говзанча воцург хIинца колхозехь а юьккъерчу звенохь куьйгалхочун балхахь вита йиш яц боху, — дуккхазза а аьллера кхуьнга председателa а, парторга а. Цу белхан хаза меггарг гIайгIа яра ханна а хIинца башха жима а воцчу бригадирана. "Хьаькамалла" дIатаса а атта ца хетара. Шийтта шо хьалха ворхI класс чекхъяьккхина цхьа кетах-м дара кхуьнан шифанер тIехь йолчу цхьана Iаьржачу йоккхачу чамди чохь дIадиллина хила дезаш. "ХIинца иза кIезиг ду, диплом хила деза боху, жIалеша и даарг!" — дог этIара бригадиран.

ТIекхечира Учурхас дуккхазза а гIийла ойланаш йина де. Техникумехь экзаменаш дIаюьйлаелира. Стоьл тIерачу билетех цхьаъ схьа а эцна, тIеххьарчу стоьла тIе охьа а хиъна, йоьхна, яьржина ойланаш еш Iара Учурха. Ткъей иттазза дешнера билет. Коьрто хIумма а схьа ца лоцура. Цуьнан берриге а сатийссам а экзаменаш схьаоьцуш долчу кхаанах, аьрру агIор хиъна Iача зоьрталчу къонахчунца боьзна бара. Безам бацара Учурхин оцу юьккъехь Iачу озачу, бIаьргех куьзганаш доьхкинчу зудчехь. Аьтту агIор хиъна Iан жимо-о зуда а башха шен "гIуллакх доцурш" дукха дуьйцур доцчух тера хетара, хан яьлла-а волчу абитуриентана.

Шозза а яьккхинера Учурхин фамили. Амма иза тIеваха сих ца лора. Сатуьйсура, цхьа гIуллакх Iоттаделла а и куьзганаш доьхкина еханиг ара ца яьр-

техь, бохуш. Зоьрталниг а кхуьнга резавоцуш санна схьакъерзара. Делахь а, цуьнга-м председателла цхьацца хIуманаш къадийна хила дезаш дара.

Райкоман секретарах а, министерствера баьхкинчарех а, — цхьанна хьаькамах а цкъа а оццул чIогIа ца кхийринера Учурха, хIинца оцу хьалха догIаделла Iачу "дакъаделлачу гIомах" санна.

Арара цхьацца чувогIуш, экзамен дIалой, араволуш, хан дIайоьдура. Цкъа мацца а Учурхас сатийсинарг а хилира: куьзганаш долу экзаменатор шена уллохь хиъна Iачаьрга цхьа хIума а аьлла араелира. Учурха, ведда вахана, шен билет а эцна, бухадисинчу шинна хьалхха охьахиира, доккха са а даьккхина.

— Гайтал хьайн билет. Та-ак. "*Фосфор а, цуьнан химически свойстваш а. Фосфорах юьртабахамехь пайдаэцар*", — дIадийшира билет зоьрталчо. — Дийцал, хIун хаьа хьуна фосфорах лаьцна?


Наха "фосфор" олуш-м хезнера Учурхина. ХIинца, гIоза ма хилларг, и хIун ю дага ца догIура. Абитуриент вистхила хьевелча, зоьрталчо жимма гIо дира:

— Фосфорни удобрениш ца лелайо аш шайн колхозехь? Царех хIун пайдаоьцу ца хаьа хьуна?

— А-а! — дагадеара Учурхина, — цхьа кехатан тIоьрмигаш чохь хуьлуш ерш юй уьш?

— Хила тарло, — велакъежира экзаменатор.

— Эх! Хьайн дела дуьхьа хьажа! И дага ца догIуш ма Iара со хIинццалц! Евза къурIанор-кх и удобрени-м, дика а евзаш! Бакъду, хьалхо-о шерашкахь и кIелйилла



рагIу доцуш дукха чIогIа бала а ма хьоьгура оха. ХIинца, цхьа дика, керла исклад а йина, тIулг ца хуьлуш дика лаьтта тхан иза, бIаьсте яллалц. Амма догIанан тIадам кхеттачул тIаьхьа и шага тIулг а хуьлукх хьуна цунах, диг деттарх йохалур йоцуш!

— Та-ак, гигроскопични ю. Нийса боху. Кхи хIун хаьа хьуна цунах лаьцна?

— Кхиий? Дера хаьа, и тесначохь ялта дика хуьлий! ХIокху пхьарс-пхьарсал латабо-кх хьуна и тесначохь кан! — шен пхьарс ирахбахийтира Учурхас. — Бакъду, Маржана шен звенохь кхушара и тасаза а йитина, даккхий девнаш а хилла-кх хьуна тхан. Шега дIадуьйцучух кхеташ ма яц и, гуар! Ткъа Базанта динарг хаахьара хьуна! — велавелира Учурха. — Шен и дукха мел теси дика хир ду моьттуш, динна ведарашкахь тIе а йихкина, ерриге а хьаьжкIийн куп яйинера-кх! Дош-м, къурIанор, дацара цуьнан и гара ши ност каг ца йича!

Аьтту агIор хиъна жима зуда хала Iара, ела ца яла гIерташ, цергашца лахара балда а лаьцна. Зоьрталниг-м леррина ла а дугIуш, Учурха юкъах а ца вохуш, экзамен оьцуш воллура.

— Нийса боху. Iаламат нийса боху. Шен барам хаа беза массо тайпа удобрени тосуш а. — Зоьрталчо юха а билет караийцира. Цо шоллагIа хаттар дIадешале аьлла, сихвеллачу Учурхас хаьттира:

— Цхьа баьццарчу бочканаш чохь а ю тхан удобренеш. Уьш чIогIа дIаьвше а ю боху, лар ца лахь. Царех лаце а дийца ас хьуна?

— ХIан-хIа. Хьашт дац. ХIокху шоллагIчу хаттаро хIун боху хьовсур ду вай. "*ХIун таййпа хуьлу химически соединенеш*". Схьадийцал, хIун хаьа хьуна цуьнан хьокъехь?

Учурха ладоьгIуш Iара, сих-сиха бIаьргаш а бетташ.

— Нохчийн маттахь аьлча, муха хир дара-те иза? — хьаставелла, къежна хаьттира Учурхас. Зоьрталчо дийцира, шена ма хуъу, шен куьйга пIелгаш вовшах а хуьттуш. Амма Учурхин хьекъало схьа ца лоцура иза ала гIертарг. Экзаменаторийн яххьаш кхулуш лаьттара. "Ванах, хIуъа дийцина а, цхьаъ ца дийцахь, гIуллакх телхаш ма-лаьтта!" — ойла йира абитуриента.

— Оцу баьццарчу черманаш чохь йолу удобрени-м чIогIа дIаьвше ю моьтташ а ма ву со! Бетах йоьллина партивагаз а хила еза олуш хезна суна уьш лелочу хенахь-м. Амма тхан завсклад уьш яхьар йолуш-м вац, ша вала а волуш. Пайдехь ма дац цунна а уьш лелор. ДIайоьхкича уьш оьцур йолуш аддам а вац...

— Дика ду, дика ду. Удобренеш жимма евза хьуна. Кху шоллагIчу хаттарна хIун дийр дара-те вайшимма? — шениг дуьйцура юха а экзаменаторо.

— Удобренешна юкъахь кхеллел диканиг-м, хьаха, яц цхьаъа а! Оцу ахь хоьттучу поспорни удобренех а, я оцу баьццара черманаш чохь йолчех а дала схьа а кхоьллина дан хIумма дац хьуна, нагахь аренаш тIе

алссам йилина кхелли яцахь! Ялта мерза а, цхьа ше-ен чам болуш а...

— Собар-собар. Дика ду. Доцца аьлча, шоллагIа хаттар ца хаьа-кх хьуна? Ца хаьа. Задача йиний ахьа?

— Задачий? — кхуьйлира Учарха. — Ян хьожур-м ма вара со, цу тIехь долчух цкъа дикка суо кхетта ваьлча.

Шозза-кхузза дийцира зоьрталчу экзаменатора задачас хоьттург. Учархас чIогIа лоре ладугIура хIораззa а. Амма къежбала болабеллачу коьрто хIумма а схьа ца лоцура.

— Дика ду делахь, — доккха са даьккхира экзаменатора. — Соьга шун председателa леррина ван а веана, дийцина хьо шайн тоьлла бригадир а ву, цхьана хенахь, целинник а хилла, медалаш а ю бохуш. Ахь школа чекхъяьккхина а дуккха а хан а хиларна, оха кхоъ хIоттор ду хьуна. Амма деша вон дешахь, тIаккха дIасакъаста а дезар хир ду вайн, нагахь хьо важа экзамен дIа а елла, конкурсах чекхвалахь а.

* * *

Харц а бакъ а чекхвелира цу шарахь Учурха конкурсах а. Цхьаццаммо гIо а деш, контрольни белхаш а дIакхехьийтира. ТIеара экзаменаш дIалучу сессин хан а. Учурхина моьттура, и еха, оза, бIаьргех куьзганаш долу экзаменатор кхи шена дуьхьал хIуттур яц. Амма иза бакъ ца хиллера. Хьасталой велалой, карийна кIеза санна, Учурха дуьхьал хIуттуш, тIо биъна цициг санна

вукхо ара ластош, кхузза ваханера студент Магдалина Илларионовнина тІе экзамен дІаяла. Доллучул а Учурхина новкъа дерг шега нийсса цуьнан цІе ца яккхаялар хетара. ГІоза ма хиларг, иза мукъа шега нийсса яккхаелча цхьа ах гІуллакх шен хир долуш санна хетара.

Цхьана хенахь кхоччуш дог а диллина, дешар дІатаса ойла хилира Учурхин. "Маржа яІ, волавелла мукъана а, ма хили велара! Ма доккха эхь ду хІара, деша а ца делла дІаваьлла бохург! Ма дуккха а зен хуьлуьйтур дара ас сайна суо волавелла а ца хилийта", — гІийла ойланаш йора студента. "Дера веза со жимма совгІат-хІума а эцна, цкъа и йолчу цІа ваха", — ойла хилира Учурхийн эххар а". "СовгІат ца дезаш стаг ца хаавелла суна хІинццалц схьа кху сайн шовзткъей масийтта шара чохь!"

Йовха, екхна, хаза бІаьстенан суьйре яра иза. Іуьйранна дуьйна лехна, хиттина, Магдалина Илларионовнин адрес даьккхинера Учурхас. СовгІат вовшахтоьхнера: кучана кхо метр можа дарий, ІатІарийн набор, кньякан шиъ шиша, шампанскин шиша, кхин а цхьацца пайда мел боцург а, балдех хьокхучу басаран бисттелц. И берриге а пал а шен студенчески тІоьрмиг чу а берзийна, ши бІе грамм къаьркъа, майраллийна, шен логал чоьхьа а даьккхина, цхьаний а дена ша лелориг хІун ду а ца тосадолуьйтуш, хьехархо йолчу волавелира Учурха.

Некъаца дIа мел гIерта а, кхералой, цхьа ца оьшу ойла хьаьвзара Учурхийн коьрте, амма вухавала йиш яцара. "Вуьйр-х ваций цо со. Чу-х вуллуьйтур хир ма вац, цо со, ша бакъ лехь. ГIуллакх генадалахь, 8-чу Мартана луш яра эр ду-кха. ХIумма а дац 8-гIа Март чекхдаьлла бутт гергга хан яьллехь а. ХIетахь лара ца вина висира, аьлла а, цхьаъ эр ду-кх.

Групперчу цхьана студенте кехата тIе дIаязъяйтинера Учурхас ша воьдучу хьехархочун цIе. Кест-кеста шен карарчу кехате и хьожуш, Магдалина Илларионовна, Магдалина Илларионовна, Магдалина Илларионовна..." — хьехархочун цIе йоьшура цо.

КхоалгIачу этажа тIехь ехаш хиллера куьзганаш долу хьехархо. Йоцца звонок туьйхира Учурхас ша наьIаре кхаьчча. Халат а юьйхина, араяьллачу хьехархочунна ма-гиннехь вевзира шен шатайпа студент.

— Схьавола, чоьхьавала, — шийло-о чукхайкхира хьехархочо.

— Зд-драстуй, Мандалина Ил-л-люровна, — хIетта метта веана, маршалла хаьттира Учурхас.

— Здравствуйте. Проходите, — юха а реза йоццуш чукхайкхира студент хьехархочо.

— Спасиба. Я сичас хачу палажит, — ша неIарех чоьхьа ма велли, тIоьрмаг чуьра пал охьабаккха хIоьттира Учурха.

Магдалина Илларионовна, схьагарехь, кхийтира Учурхас дагалаьцначух.

— Э-э! Ваша, и забарш ца лелор вай! Чуяхкал уьш юха оцу хьайн тIоьрмаг чу! Хьуна со хIун ю моьтту? Оценка эца веана хьо со йолчу, хIара баккхал а яхьаш? ДIаяхал уьш суна гучура, дукха сиха!!! — марсаелира хьехархо.

— Мандалина Ил-люровна! Мандалина... пожалуста, я восмой Март хачу падарак делать, пожалуста! — дехар дан вуьйлира Учурха.

— ХIун восьмой Март? Кестта восьмой апрель ду вайна! Евза суна и базарш! Яхийтал кху чуьра, хьайн дареш а, коньякаш а эций! — Учурхас бохучунна тIеерза ца йоллура "шайтIа хилла" дуьхьалъяьлларг.

ГIовгIанаш хезна, готтачу учи чу велира спортивни хеча юьйхина лекхочу дегIара къонаха. Учурхин тIоьрмиг чохь долчу шишанех бIаьрг кхийтира цуьнан.

— Магда, хIара хIун гIовгIа ю ахь эккхийтинарг? И накъост чу хIунда ца вуьту ахь? Схьавола, чоьхьавала, — пхьарс а лаьцна чуозийра къонахчо Учурха. Цунах боккха кхаъ хилла, юха а шен тIоьрмиг чуьрчу баккхалх катуьйхира Учурхас, къонахчунна а ша весса ца веаний хаийта дагахь. Амма хьехархо боху "гIам" пен хилла дуьхьалхIоьттира:

— Кхин ког схьа ма баккхалахь! Арабаккха и тIоьрмиг! — пIелг хьажийра Магдалинас неIаре. Амма майра юхавала дагахь вацара:

— Ахь хIун дуьйцу, Магда? Иза-м вайга хьошалгIа вогIуш вай! Эхь ца хета хьуна иза араваккха гIерта? Хьера-м ца яьлла хьо? Цо хьо шайга еъча-м лелор

дацара хьуна и хIума. ДIаяла цигара, чуваийта иза! Схьаба, накъост, хьайн тIоьрмиг, охьатосур бу ахь иза.

— Ас ший а воккхур ву шуьшиъ кху чуьра ара! Хезий шуьшинна? — тIекхетта, ши къонаха вовшахваккха гIертара хьехархо. ГIовгIанаш алсамъевлира. Учурхас хьехархочун майрачуьнга гIийла бIаьрг беттара.

"Ас малар деана дела ца вуьту хьуна кхо со чу. ГIоза ма хиларг, иза дан дезаш ца хиллера ас!" — дагадеара Учурхийна.

— Дика ду, хIара дIадоккху ас, — тIоьрмиг чуьра можа дари схьа а эцна, малар чохь долу тIормиг юьстаха биллира Учурхас.

— Эта вазми, пажалуста, — дийхира Учурхас хьехархоче, дарий дIа а кховдош. Магдалинас дари каранйцира.

— Цкъа аравалал! — тIечевхира Учурхина. Шегара дарий дIаэцна хазахетта, учурха арахьа велира, шен тIоьрмигах ка а тоьхна. Иза араволлушехь, вукхо дари а тIоьрмиг чу таIийра.

— Пажалиста, вазми! — юха а чу охьадиллира Учурхас дари. Магдалина Илларионовнас тIаккха неI дIа а йиллина, ласттийна тIаьхьакхоьссира дари дIаиккхина воьдучу Учурхина. КIади даьржина, дерриге а ламеш а маждеш, охьадуьйжира. Схьа а гулдина, цхьа бен-башха боцу уьйриг а бина, Учархас юха а и дари ласттийна хьехархочун наьIарх чу кхоьссира. ТIаккха шен гIора ма-дду наьIаран тIам дIалецира, хьехархочо

иза юха ара ца кхоссийта. Зудчо неI дIаийзайора, кхо схьаийзайора.

— ДIаелла неI! — тIечийхара Магдалина Илларионовна.

— Мандалина Ил-люровна, ну пажалста, пажалста! — дехарш дора Учурхас.

— ДIаелла, я ас хIинцца милицега кхойкху!!! — мохь беттара кхоччуш марсаяьллачу хьехархочо. Милици хьахийча, Учурхин куьг хах-х-х аьлла малделира. Юха а схьакхоьссина дари шен тIоьрмиг чу а диллина, хIара дерриге а дуьне а къахьделла, Учурха, дукха гIийла ойланаш а еш, ша лаьцначу хIусамехьа волавелира. Ша некъаца дIа мел оьху а байттамалаш бохура Учурхас ша оцу техникуме деша хIоттарна. Оцу дуьхьалдаьллачу "гIоманачул" а дог этIара цуьнан ша кхуза ца веъча ца Iийначу председательна а, парторгана а.

ХIусамехь кхин а ши накъост вара Учурхица Iаш. Лакхарчу курсашкара студенташ. Цаьршинга шен къабала дIа а ялхийна, (ша тахана лелийнарг-м ца дийцира кхо цаьршинга), шен тIоьрмиг чохь хилла шишанаш а цаьрца дIа а дассийна, шоллагIчу дийнахь шен ворхI класс чекхъяькхина кехат схьа а эцна, цIа ваха ойла сецира Учурхийн.

* * *

Занятешка а ца воьдуш, библиотеке книжканаш дIалуш, шен документаш схьаэца гIайгIа беш, учахула

волавелла лелара шоллагIчу дийнахь Учурха. ХIинца хIара доллучул а чIогIа кхоьруш верг шена "Мандалина Ил-люровна" гар дара. Цхьадика, иза тахана гучу ца яьллера.

Делкъахан хуьллуш йоллура. Обходной кехат тIе куьйгаш теIадойтуш лелара Учурха. Массо а хьехархо а, студенташ а шайн-шайн аудитореш чохь бара. Учахула дехьа йистте дIа а вахана, шен лозучу коьртах наггахь таIIош куьг а хьокхуш, сагатдеш Iара Учурха, шен гIуллакх сихха чекх ца долуш, дог а этIаш.

Арахь-м яьлла бIаьсте яра. Цхьана минотехь, дедда, колхозан аренашка дIадахара Учурхин са хIара ара хьоьжучу корехула ара а иккхина, тIемадаьлла дIадахча санна. Дуьхьал хIоьттира Учурхина шен бригада. МоггIара дIа а хIиттина, асарш деш бохку зударий. ХIинца уьш охьахевши садаIа. Къоначара эшарш йолий. Маржана тIараш туьйхи. Жерочо Кесибас тIе а еана, Учурха хелхаваккха озий... Вуьйш, буьйлаш, гIадъоьху! Царна ма хаьа шайн бригадир Кесибе къайллах безам болуш вуй... Учурха, Iа а ца лой, юккъе эккха! ХьаьжкIаш а ю кхушара хьийкъина. Шортта кхеллий йиллийтина бригадира шен хеннахь. "Поспорни" удобрени а тасийтина шен барамехь. Вуьшта, бIаьсте а яьллера кхушара шен хеннахь. Дерриге а хаза дара дуьненчохь! Амма! ЭхI! Байттамал яI, хьо юьхьIаьржо! Деша цавахар санна хIума а ма дац, доьшучура дIаваккхар! Дуьне юха а кхуьйлира

Учурхийна. Дедда дахана са а шен метте, техникуман уча схьадеара.

Цхьа когийн татанаш хезира Учурхийна учахула схьа улло гIерташ. Учурхийн дегIе зов хьаьдира: дукха тера дара и татанаш цу "гIоман" — туфлеша дечух. Тата-м улло гIертара.

— Здравствуй, Магомадов, — дийкира тIехьа. Учурха, кхеравелла, ша волччохь хебира. Амма вала меттиг яцара. Магдалина Илларионовна нийса букъа тIехьа лаьттара.

— Зд-драстуй, — цIарула цIий а луш, схьавирзира Учурха. ХIара минот шена тIе ца хIоттийта, Учурхас, хетарехь, ша дуьненчу ваьлла а хуьлуьйтур вацара. ЧIогIа юьхIаьржа хIоьттинера Учурха ша селхана лелийначунна. Хьехархочунна а, хетарехь, хааделира шен студентан холча хIоттар.

— Извини, пожалуйста, — дийхира Учурхас.

— Дика ду. Со-м хьуна дов дан дагахь хиллера, делахь а, дуьтур вайшимма хилларг, кхин карла ца дохуш. Со кадрийн отделе яханера, хьан документашка бIаьрг тоха. Хьо дукха суна ма-моьтта малонча а, ледара адам а ца хилла. Хьо гуттар а къахьегна стаг хилла. Тамаша бу хьоьгара селхана ахь лелийнарг санна дерг далар а. Цхьа кхин хIума а хиира суна цу чохь, хьо хьайн документаш дIадеха вахана хилар. Ишта дуй иза?

— Ду, Магдалина Илла...рионовна, дешалур дац соьга кхузахь. Хала ду. — Дуьххьара, ма-ярра цIе яккхаелира Учурхе шен хьехархочун.

— Сих ма ло. Уьш схьаэца мичча хенахь а кхуьур ву хьо. Тховса сарахь дIогарчу аудитори чу вола. Цу чохь жимма Iамор ду вайшимма. Юха а, аьтту баьлла-баьллачохь хьоьца занятеш дIахьур ю вайшимма, хьо реза велахь. Со теша, хьуна Iемарг хиларх. Хьан балхахь хьуна хаарш оьшур ду. Ткъа сан декхар а ду уьш хьуна далар. Кестта хьо вукху студенташна тIаьхьа кхиор ву вайшимма. Реза вуй хьо?


Учурха векхавелира. Ша шоллагIа дуьненчу ваьлча санна хийтира.

— Ву! Дера ву! Ас мел чIогIа, лерина Iамор ду хаьий хьуна? — гIадвахара хенаро-о студент.

— Дика ду хIета. Виц ма лолахь, — ела а къежна, дIаяхара хьехархо. " ХIокху дуьненчохь малийкаш делахь, цхьаъ и дIадоьдург ду-кх!" — хетаделлера хIинца Учурхина.

Иштта, ша ца хьоьхучу предметашна а, массарна а гIо а деш, дика кхета а веш, лелийра Магдалина Илларионовнас Учурха. Ша хьоьхуш дерг дерриге а Учурхас колхозехь бечу балхаца дIахуттура. Цундела иза дерриге а бригадиран коьрто дика схьалоцура. Учурхас техникум чекхьяккхинчул тIаьхьа а дIа ца хедира цу шиннан гергарло. Дукха хан йоццуш Магдалина Илларионовна Учурха волчу хьошалгIа а еанера, шен майра а валош. Майрачун цIе Дмитрий

Васильевич хиллера. Учурхина хIета моттаделлехь а, амма маларна тIера стаг ца хиллера Дмитрий. "Ша а шуьшиннан барт бан гIертара цу дийнахь", — бохуш, воьлура Дмитрий. Дмитрий прокуратурехь коьртачу следователан болх беш хиллера.



Техникумехь хаарш эцначул тIаьхьа Учурхин бригадан кхиамаш кхин а алсамбевлира. Цуьнан бахьана бригадиран керла теоретически хаарш хила а мегара, ша хIинца балхара цхьаммо а диплом дацара аьлла дIавоккхур вацара аьлла Учурхас болх тобар хила а мегара. И ший а цхьане хила а мегара. Амма шен дипломах дозаллаш дойла-м яцара Учархийн. Наха цхьацца хIуманаш дагадохкуьйтур ма дара...

АПТЕКА ЧОХЬ

Делкъал тIаьхьа аптека чу велира цхьа еха мокха плащ а, холхазан куй а тиллина воккхо стаг. Кисанара схьадаьхна, дуккха а кехаташ а кегийна, царна юкъара цхьаъ дIакховдийра къоначу аптекарше:

— Хьажал, йоI, хIун ду оцу тIеяздинарг?

— Калош, ейтталгIа размер ду-кх, — юхакхоьссира йоIа кехат.

— А-а, иза дац хьуна иза. Хьажал хIокхуьнга.

— Цхьа квитанци ду!

— Хир ду хьуна. Хьастаха посылка дIаелча, почтехь юхаделларг хир ду хьуна иза. схьало ахь. Хьажал хIета, хIокхуьнга.

— *Боже мой!* Сан йиш ма яц хьан хIорш *читать* деш латта. *Что вам надо?* — легаш Iаьвдинчу хIумано санна бIаьргаш а къарзийна шен накъосте дIахьаьжира йоI. Воккхачу стага леррина тидам бора цуьнан амалин.

— КIелвисина цхьа стаг ву тхан. Каро-м еза суна цхьанхьа цунна язйина молханаш. Хьажахьа, хьайна хала делахь а, хIокхуьнга. ХIара-м дац-те иза?

— Iимранна жижигах *пятнадцать* сом. Хи-хихиъ! — елаелира йоI. — *Дядька*, хьайн цIа а гIой, *посмотри что тебе надо*, тIаккха юхаволахьа! — воккха стаг ша лаьттачохь а витина, дIайолаелира йоI, аптека чохь молханаш эца баьхкина лаьтташ башха нах а боццушехь.

— Дера, сан йиш-м яц цунна и молханаш а ца хьош, дIаваха. Хала делахь а, хьуо хьажахьа хIокхаьрга. Кхарна юкъахь ца карор-техь хьуна и молханаш тIеязъийна кехат? — хьаставелла, шен карара кехаташ гIопастан тIе охьадехкира воккхачу стага.



— Ой! *Ей богу! Что за люди?!* — еза а еш, тIееана, цхьа къен еллачу хIумане санна, йист-йистера а лоцуш, геннара кхехаташка хьежа йолаелира йоI. Лестош шена хьалха охьакхуьссура цхьацца, куро-о бIаьрг а бетташ. Воккха стаг леррина йоIе хьоьжуш лаьттара.

Цхьана хенахь ша охьакхоьссина кехат сихха хьалаийцира аптекаршас.

— Ой! Хlара адрес мичара даьлла хьуна?

— И адрес тхан клентаниг хила декхар ду-кх, иза армехь хиллачу хенахьлераниг.



Йоl цlарула цlийелира. Ша хьалха охьакхиссинарш а схьа а лехьош, леррина хьежа юьйлира кехаташка. Ша хьаьжна яьлча, хlора кехат а лорре тодеш, тlе куьг а хьокхуш тодора.

— Кхарна юкъахь дан-м дац молханийн цlе тlехь йолуш кехат. Хlун лозуш ву шун и? Ас цунна езза молханнаш-м лур яра хьуна... — йоьхна, дlасахьаьвзира йоl.

— ДIайита хьайна. Юха вогIур ву со лоьре а хаьттина. Iодика йойла, — шен кехаташ кисана а теIош, неIарехьа волавелира воккха стаг. Аптекарша Iадийча санна лаьттара.

* * *

— Со а гIо чу? Муьлхарниг ю-техь? Хаза юй? — дуьхьалъелира аптека чуьра араваьллачунна цуьнан хеннара йоккха стаг.

— Ма гIо. Ца оьшу. Вайн керта ца богIу-кх хьуна и моьлкъа, — шен коьртара куй а тобеш, урамехула хьала волавелира воккха стаг. Кара боккха тIоьрмиг а лаьцна, тасаелла цунна тIаьхьа йолаелира хIусамнана а.

ТОЬРТАХЬ ПРЕМЬЕРА

— Мила хир ву хьох, кIант, дешна ваьлча? — хоттура Рамзане юьртахоша.

— Режиссер. Аьтту хилахь артист хила а мега...

— Мега боху ахь? Иза боккъал а онда гIуллакх ду. ХIун дер ткъа, цхьаъ мукъане вайх а вала ца мега артист? Завклуб хила а мегий хьох-м хьаьвззина, — вовшашца барт бича санна, кIентан дог-мог ян гIоьртара юьртахой. Амма гергарнаш реза бацара цо дагалаьцначунна. "Боьршачу стеган гIуллакх дац, кIант, ахь схьалаьцнарг. Къонаха суьдахо, пуркурор, я цхьаанхьа куьйгаллин балхахь товш хуьлу. ХIара хIун

ду, Москвахула дIа а вахана, мура воллалц дешча а артист бен хир вац бохург, иза а , "нагахь аьтту нислахь..." Къа дац хьо кхиийначу ненан а, хьо зурманаш а лоькхуш, хелхарш а деш, волавелла лелча? Тоьар ву вайна цхьа Махьмуд Эсамбаев хилча, массарех а, массо а къамнех вийла а!"

Наггахь цхьаццанхьара доьшучура цIагуллой, вовшах а кхетий, нийсархой эвла юккъе бовлий меттиг йогIура. "Казбек, хьо цIа веана? Муха ду хьан гIуллакх? Чекхъяла йоллий хьан институт? Сихха дешна а валий, цIавоьллахь, вайна лор ма оьшу".

"О! Вайн хин волу агроном Турпал вац иза? Муха ду, кIант, хьан гIуллакх?" "Султан, чекхъяла йоллий хьан юридически институт?" — тIекара бовлий хьавзара юьртахой Рамзанан накъосташца. ХIара тергал а ца вора, цаьрца ван а воцуш санна.

"Артист а хир вац цунах. Артист муха хуьлу, я йиш лакха а, я пондаре "тIитI" алийта а, я синкъерамехь хелха вала а хууш ца хилча? Деша а дика доьшуьйту цуьнга-м цигахь?"

"Церан хIун делларг дов моьттахь, кху Iовдало цIингаш беттарх? Боьлху хир неханаш и дешар деша. Цундела латтаво хир ву", — тIехьашха Iиттарш еш берш а бацара кIезиг.

Рамзан-м шен дешарна чувоьлла воллура. Цхьа Iалашо а яра хинволчу режиссеран деган къайленехь лелош: юьртарчу клубан сцени тIехь Шекспиран цхьа трагеди хIоттор! Амма иза хIинца а цхьана дега хьахош

дацара Рамзана. Иза совгIат дара ша дешна ваьлча кIанта юьртахошна дан кечдина!

Аьхкенан каникулашна садаIа веана, цIахь вара цу заманчохь Рамзан. ЧIогIа самукъадолура кIентан кара мIара а лоций, эвла йисттехула охьадогIучу хи тIе чIерий леца воьдушш. Таханалера Iуьйре а яра чIогIа екхна, хаза, исбаьхьа. ЧIерий-м шега дуккха ца лецаделча а башха шек а ца волура иза. Коьртаниг кху шатайпанчу Iаламехь, тийналлехь садаIар дара.

ТогIичухула лакхо-о хьалаваьлча, тракторан гIовгIа хезира Рамзанна. ОхьадогIу шовда бехделла дара. "Цхьаъ деш воллу хир ву-кх хIара а, са тасале араваьлла, хин коьртте а хIоьттина. ЧIерий лецар бохург-м хила ца доллу кхунах". — Меънаш девллачу цхьана байн кIайдарга тIехь дIатаьIира кIант. Дагалеца волавелира, мил-мила бакъахьа хир вара-техь ша хIоттон дагалаьцначу спектакльна юкъавало...

Цхьана хенахь бехделла швода шен харш а хийцина, харцийначу тесара цIенкъахула схьахьаьдда хи санна, тогIи ма-ю даьржина охьадоладелира. Шен трактор юьстах а яьккхина, охьа а воьссина, тIулгаш юккъехула куьйгаш а хьокхуш, дассаделлачу хоршахула охьаволавелира тракторист. "Ой! ХIара хIун ду?!" — ша Iуьллучуьра хьалаиккхира Рамзан. Дагчу йижира цхьа ирча, маьттаза шеко. Шен ког ма боллу ведда трактористана тIевахара студент.

— Хьо хIун деш ву кхузахь?! — хаьттира кIанта, халла са а доьIуш.

— Хьуна ца го со ? ЧIерий лоьцуш ву-кх!

— Ой! Леррина чIерий леца веана хьо трактор а ялош? Айхьа хIара харш дакъийча массо а чIерийн кIорнеш а, сачохь мел йолу хIума а лийр юй ца хаьа хьуна?!!



Тракторист ваша а ца вешира. Шен мазутах буьзна пхьарс хьаькхна, хьаж тIера хьацар дIа а даькхина, юха а тIулгаш кIел кахьекха волавелира.

— Накъсот, суна хьан цIе а ца хаьа, валол цкъа сихха оцу хьайн трактор чу а хаий, айхьа дIадерзийна хи юхадерзадел, хьайна ас сингаттам баккха ца лаахь!

Тракторист цхьа ца вешаш хьала а нисвелла, къежира, озачу, хесарчу кIанте а хьаьжна:

— Сингаттам дера бу хьо тайпа доьзалхо тхов кIел хилар, каскус! Хьада яло, дIо хьуьна юккъе а гIой, хьайна хелхарш Iамаде, артист! Хьо вара хьуна хIинца суна хьаькам хилаза висинарг! Цхьа а ца виси-кх шу кху юьртахь сан майра хила ца гIоьрташ!

— Схьадерзаде хи, я ас хIара тIулг оцу хье юккъе туху хьуна! — цхьа боккха тарх кара а лаьцна, юьстахъиккхира Рамзан. Тракторист гIехь кхеравелира:

— ДIаяла цигара, тентаг! Ахьа-м схьа а ластори иза...

— Ошшада биллахIи, хьан туьта йоьллур-м ю, нагахь ахь кху сохьта хи юха шен хорша ца дерзадахь! — майравелира студент, тракторист шех озавеллий а хааделла.

— Ой! Ас-м хIорш сайна лоьцуш даций. жIалин даар кхарех хиларг, со-м совхозан директора ваийтина вай, балха юккъара а ваькккхина, замминистр ву садаIа вогIуш, цунна бакъ-чIерий леца аьлла!

Рамзана ша тIулг а буйнахь айдина куьг меллаша охьадахийтира.

— Боккъалла а боху ахь? Директора ваайтина хьо, хIара зулам де аьлла?

— Ваийтина дера-кх, охуна дечуьра юкъах а ваькккхина, тIаьхьара нох дIа а хецийтина-м! Сийсара буьйсанна ваьллина со кхунна тIе урс дилла гIерташ а! Хьуна со куьйгаш кIамделла лела моьтту, я мацалла вала воллу моьтту?

Рамзанна хIинца боккъала а къахийтира трактористах.

— ХIинца чIерий а ца лоьцуш хьо дIавахча, дов дийр ду хьун цо?

— Вуур ву, чуьйраш а цхьаьна. Я цо бохург дан деза сан, я балхара дIавала веза.

"Хьалха "бIов" баьхнехь а, башха къонаха а ца хилла хьо а", — дагадеара Рамзанна.

— Со хIинцца директорна тIе вахча, ваьхьар варий хьо хи юха сихха шен хоша дерзо, дерриге а дакъаделла далале?

— ГIо, делахь, — белшаш саттийра тракториста, жимма ойла а йина. ТIаьхьа хиира Рамзанна, и цо ша гучуьра дIаваккха аьлла хиллий. ХIара директорна тIе а вахана, юха вале важа-м ша дийриг дина ваьлла хиллера. Директора а ца дуьйгIира кхуьнгу ла. Хьаша тIеэцаран гIуллакхан хьокъехь динна лекци а ешна, араваькхира. Хьацарша а вуьзна, ведда юхавеанчу, Рамзанна гира дерггиге а дакъаделла шовданан харш. Цу чохь IохкурА елла кегий чIерийн кIорнеш, кхийолу садолу хIуманаш. Тракториста, ур-атталла, ша дIавоьдуш а дерзийна ца хиллера хи шен хиллачу хорша...

ЦIера бел а еана, сарралц ваьллира Рамзан тракториста динарг жимма мукъа битаме дало гIерташ.

Замминистр а веана хиллера цу кIиран дийнахь. Гай сатталц даа а диъна, са а къийрина, буьйсанна дIавахана хиллера.

ЧIогIа Iаьткъинера и болх Рамазанна. Шекспиран трагедина тIехь ойла ян а дог ца догIура. Ерриге дог-ойла а дIалаьцнера шен бIаьргашна хьалхха хиллачу трагедис.

Цхьана Iуьйранна Рамзанан дог-ойла цIеххьашха екхаелира. Ши бIаьрг серлабелира. Хетаделира, шен букъа тIехьа ши тIам баьлча санна. Дагадеара и шена гинарг а, Iаткъинарг а гойтуш, клубан сцени тIехь пьеса хIотто!!! Сихха дагаеара хин йолчу пьесин цIе а...

ХIума кхаьллиний-кхаллазий клубе хьаьдира Рамзан. ГIуллакх дукха ойланаш еш дIатеттина дуьтучохь дацара.

Клубан заведующис Зурмахьажас дукха чIогIа реза хиларца магийра Рамзанна дагадеанарг. КхоалгIа шо а дара кху клубера, сарахь кино гайтар доцург, нахана локхуш пондар хазаза а. Спектакль бохург-м дагадеъча а цхьа гIан санна хIума хетара.

Дерриге а ма-дарра ца дийцира Рамзана. Хаьара, директорх Iотталуш хIума дуй хиъча, завклуб а къаьхкар вуй. Декорацешна оьшур болу гIирс а, кхин а цхьацца дан дезар долу гIуллакхаш а Зурмахьажица дийца а дийцина, Рамзан пьеса язъян хиира. Ши де а ца делира иза язъеш.

Амма артисташ вовшах ца кхеташ кIира гергга хан яйира Рамзаний, Зурмахьажассий. Вуьшта вовшахкхетта бевлларш, гарехь, чIогIа аьтту болуш нисбеллера. Ша ловзон ерг директоран секретаршин Совбикин роль юй хиъча, чIогIа гIадъяханера туьканахь

йохкархочун болх бен жеро Лиза. Цхьанна а ца хаьара, сел реза хиларца цо и роль тIе хIунда эцна.

ХIумма а дуьхьало ца еш, тIелецира директоран роль школерчу хьехархочо Сулеймана а. Пхи-ялх шо хиллера иза директора тIехь цIнеош дан беш ца луш хьийзон. Тракторист хила реза хилира дукха хан йоццуш цу балхара дIаваькхина МуцIур. Клубан худрук, мукъалла валла воллуш лела ТIирни совхозан завсклад хила реза хилира. Замминистран роль кхечира шега боккъалла а тахана и болх белча а хIумма а цец вер воцуш волчу, куралла ворта сатто а вешаш воцчу совхозан фермерчу ассимиляторе БугIега.

Яз а дина, шег-шега дешнаш дIадийкъира Рамзана артисташка. Цхьанхьара-м, котамийн бун йохийначуьра фанера а еана, цунах трактор йира. Директоран кабинет кечъян стоьлаш а, гIанташ а вовшахтуьйхира. КхоалгIачу декъехь, замминистр IаламехьIаламехь шашлык юуш Iан сурт кхолла, художник ву аьлла валийна цхьаъ кехаташ тIехь лаьмнаш дахка хиира. ТIетаьIIина дIайолийра репетицеш.

Рамзанал а чIогIа тIебирзинера "актераш" спектаклана. Студентана моьттуру цуьнан бахьана ша "халкъалахь самабаькхина искусствога болу безам" бу. Дагахь а дацара цу массеран а совхозан хьаькамашца шен-шен чIир хир ю бохург.

Цхьана юккъехь ши-кхо де даькхира Рамзана цомгуш а хилла цIахь. Гарехь, шелвеллера массех дийнахь, буса бен ара а ца волуш, тIуьначу клуба чу

хьийзина. Амма артисташа шайн болх сацийна ца хиллера. Новкъа гІерташ "коьрта режиссер" а воцуш, шайна ма-тов ловзийна хиллера цу деношкахь артисташа ролаш.

Кестта эвлаюкъ а, урамаш а, совхозан маьІ-маьІера производствон гІишлош а къарзйира дІайиттинчу бес-бесарчу афишаша. Массарна тІехь а яздина дара: "Драмо-комически спектаклан премьера. "Тракторца чІерий лецар, (я хьешан легашкахь йисина даьІахк)" — кхаа дакъехь пьеса, пьесин автор а, режиссер-хІоттархо а Хахаев Рамзан".

* * *

ТІеара юьртарчу клубехь премьера хуьлу суьйре. Цу кІирандийнахь а цхьанхьара-м цхьа лаккхара хьаша а веана, совхозан уггаре а коьрта хьаькамаш хьуьна юккъе сакъера баханчуьра схьабовлаза бара. Гарехь, цунна бакъ чІерий-леца а цхьа шовда лакъийначух тера дара.

Лула-куларчу ярташкара а цхьана схьагулбеллачу наха клуб тІанк-аьлла юьзнера. Афишаша къарздинчу урамаша марсадаьхнера адамийн эшарша, божарийн иллеша, хелхарша тховса хІара чоь хьер а яькхина, хьала а айина, цхьана агІор дІахьур ю. Амма хила гІерташ дерг нахана моьттучунна аьттехьа а ца догІура. Ша хІун дер ца хууш, холчу хІоьттина хьийзара можачу плюшан кирхьа тІехьа режиссер-постановщик Хахаев. "Тракторист" — МуцІур шен дегІо ла ма л-

лов къаьркъа а мелла веанера. "Председателан секретарша" мичча яханехь а, тIепаза яйнера. "Завсклада" ТIирнис шега Iамо деллачу дешнийн метта шена дага еа-еанарш юьйцура... Хетарехь, зударша корта-ког ма марццара, шена чекх хьокха а баькккхина, ша паяльни лампи тIе хьийзаварх кхин холча хIуттур вацара Рамзан оцу сарахь санна.

Спектакль дIайоло билгалйина хан тIехъяьлла иттех минот а яьллера. Зала чохь болчара тIараш детта долийра. Кхин дан хIума а ца хилла, Рамзан шена тIе зударийн хIуманаш ийзо волавелира, яйначу "секретаршин" роль ловзо. Амма иза кечвелла валале Лиза-м схьакхечира, шен тIедуьйхина дукха инзаре, тамашийна духар а долуш...

— Же-же! Яла чехкка! Кечло, дIадуьйлалуш ду вай! — юккъехьоссира Рамзана жеро. "Директор" а кийчча шен "кабинета" чохь къовла а велла, кресло чу кхетта Iара. Кирхьа меллаша дIаделладелира.

Юккъерчу могIарехь спекулянта Заурбека дуучу хIун тата а хезаш, тийналла хIоьттира зала чохь. Шишша цхьана багарбича а, кхо бIе гергга бIаьрг сцени тIехь хиъна Iачу "директоре" хьаьжнначохь бисинера. Чоьхьа елира "секретарша". ХIинца бен терго ца хилира Рамзанан цо шена тIехь динчух: ша йолчу тIе а маьттаза яла гIоьртина, шен букъал лахарчу метте гIайба боьллинера жерочо. Месаш кIел а цхьа хIума йоьллина, айбина кур а сенчу стигал баькккхинера. Юьхь тIехь басарш Iиттина къаьхьа де динера. Болар-м

хIинцца Iаьнна, сеттина, ешна дIаер йолуш санна коча дара Лизин. Цкъа юьхьанца цхьана шиммо зала чохь гуттар а чIогIа цецваларан сурт хIоттош, шок хьовзор бен хIума доцуш тIеийцира хьовсархоша жеро. Йовза а ца евзира иза юьхьанца.

— Муса Мусаевич, гIалара хьала етташ телефон ярккх кхана воскресенехь вай долчу замминистр вогIу бохуш, — улло а яхана хаам бира секретаршас шен хьаькаме.

— Вуй! ХIара-м вайн конторера Совбика ма ю! — мохь белира зала чохь цхьанга-м.

— Ян а ма ю! — кхийтира кхин а цхьа масех. "ГIугI" — аьлла бийлар делира нахана юкъахь. Сцени тIехьа лечкъина Iан Рамзан ша а воьлура хIинца. Массарел а чIогIа гIадъяханера Лиза, шен нах буьйлий хааделла. Хала са детташ, къийлалуш Iара хуьлуш долчун билггал духе кхиаза йолу зала чуьра цхьаъ. Иза яра ша Совбика! Цунна санна дика ца хаьара Лизас лелош дерг цхьанна а. Ца хаьара, и велюрови юбка а, и доца пхьуьйшаш долу кофта а Лизас шех таръяла гIерташ юьйхинийла...

Зала чохь евлла гIовгIанаш жимма дIатийра.

— Схьагулбел тIаккха и сан подхалимаш! Завсклад схьавалаве уггаре а хьалха! — команда делира Муса Мусаевича шен секретарше. "И "подхалимаш" боху дош мичара даьлла цунна? Иза дан а ма дацара текста юкъахь..." — цецвелира Рамзан. Ца хаьара

цунна, шен тховса кхин а дуккха а цецвийла дезар дуй...

— Кху сохьта схьагулбо ас, — хьалхачул а чIогIа сеттина араелира секретарша, зала чохь гIовгIанаш алсам мел евли гIад а йоьдуш.

Йоккха юкъ ялале, директоран кабинета чу гулбелира совхозан белхахой.

— Та-ак, кIентий, — дIадолийра "директора" шен къамел. — Вай долчу кхана вогIуш IаламатчIогIа бехке хьаша ву! Замминистр ву! — меллаша тIетуьйхира директора, арахь болчарна дIахазарна кхоьруш санна, арахьа бIаьрг а кхарстош. — Совболчеран цуьнца гIуллакх а дац, сайна уггаре а тешаме волу шу масех стаг гулвина ас хIинццалц санна.

— Хьаша-м дуьххьара тIеоьцуш вацара вай, дийцал ахь дан дезарг.

— Ма кхера хьо, хьо юьхьIаьржа хIоттор вац хьуна вай!

— Иза-м вай *лучшим образом* дIадерзор ду хьуна! — меттаха бевлира чукхайкхинарш.

— Кечам ша-тайпа хила беза. Шашлыкана Iаьржа устагIа бен беза. Котамаш ерстина хила еза. Коньяк "Вайнах", "Илли", я "Эрзи" хила деза. Къаьркъа даккхийчу шишанаш чохь дерг лаха. Хорбазаш, пастанаш хила еза...

— Ой, уьш мичара хир ю? Юккъе а евлий уьш? — цецвелира цхьа белхахо.

— ГIалитIе сихонца машен ца яхийтахь ер яц. Инженер, муьлха ву вайн тешам боллуш шофер?

Инженер жоп дала жимма хьевелира.

— Iаьзиз вахийта, хьайн стуншича хуьлуш волу! — мохь туьйхира цхьаммо зала чуьра.

— Бакълоь, и тешаме хир хьуна массарел а! — гIадбахана бийлабелира кхиберш.

— Ма е, нах, гIовгIанаш! ГIовгIанаш ма е! — хьала а айвелла тIамарш ластайора Зурмахьажас. Нах жимма дIатийра.

— Машен ян-м яц, гаражан кертахь йисина, хьелийозархой бало лам тIе яхийта йитинарг бен, — куьйгаш дIасатесира инженера.

— Яцахь хIун де ткъа, хьелийозархой-м кхана балон а мегар дара. ГIаш а богIур бу, шаьш ишта саготта белахь. Грузовик сихонца гIала базара ца яхийтахь ер яц! *Та-ак*, и дIадели. ХIинца вайна сихонца бульдозер а оьшур ю.

— Вайн ян-м яц бульдозер. ХIун до вай цунах? — ца кхийтира инженер.

— Замминистарна форелаш олуш долу, бакъ-чIерий деза мега. ХIинца уьш леца кхуьур дац вай. Сихха бульдозер а яхийтина, хи дIа а дерзийна, ца лецча девр дац уьш.

— Ой! Вайн бульдозер хьалхара урс дIа а даьккхина, тIаьхьа нох а тесна, пожнивной хьаьжкIаш ен латта кечдеш, охана деш лелаш ма ю. Муха йохуьтур ю иза оханна тIера а яьккхина, чIерий леца?

Туьканахь духкуш а карор дацара-техь вайна уьш, лен ун царех хилларг!

— Инженер! Хьо жима ву хIинца а. Нахана юкъахь лелла вац, вайн директор санна. Хьайга цо боххург дичхьана ваьлла хьо! — тIечевхира цунна директоран цхьа хьадалча.

— ХIун дер ткъа... ас-м аш боххург дийр ду, — дIатийра инженер.

— Сом-ком мел езар ю-техь вайна? — жимма Iийна-а, гIийлла хаьттира завсклада.

— Цхьа шовзткъе итт туьма дезар ду, мел лахара а! — тIечевхира директор, и "санна пайдабоцу хIуманаш хьеха а стенна до?" — аьлча санна.

— Оф-фай, оцу мукадехкаша а холчу хIоттийна сом! — доккха са даьккхира завсклада.

— ХIун до хьуна мукадехкаша? — хаьттира уллохь хевшина Iачара.

— Оф-фай! Иза дийцарх хуур дац! Боккха болх букха цара оцу склада чуьра шайн Iуьргашка дIа мел кхоьхьу ялта!

Зала чуьрнаш юха а гIадбаххана бийла хIиттира. Сцени йистехь лечкъина Iан Рамзан ца кхетара и дешнаш мичара девлла а, зала чуьра нах бийла стенна буьйлу а. Цунна ца хаьара, и дешнаш совхозан боккъалла а волчу завсклада кест-кеста олуш хилар.

— Суна мичара хир ду оццул ахча? ХIа-а? — цхьа ах зала чу схьа а воьрзуш, мохь тухху хаьттира завсклада.

— Айхьа машен йоьттина кIа доьхкинчу спекулянта Заурбека схьа ца делла хьуна ахча? — мохь туьйхира юха а зала чуьра схьа цхьаммо.

— Мила ву и? Мила ву и сан цIе яьккхинарг?!! Шен ненах сте йолда цо ас цуьнан и корта схьаоьккхуьйтур бацахь! — ша Iачуьра хьалаиккхира дарвелла Заурбек. Кхо-виъ стаг иза сацон гIерташ воллура. Зала чуьрнаш юха а кIажъоьхуш буьйлура.

— ДIасовца нах! ДIасовца! Ма е гIовгIанаш, хIарам драма яй, трагеди яй, делха ма деза шу, дийла ма ца деза!!! — хьала а иккхина, мохь беттара завклуба Зурмахьажас. Вуьшта, цуьнга ладугIуш-м аддам а вацара.

Цхьана юккъехь хьовсархой юха а жимма дIатийра.

— ХIан, ма Iел хIинца! Машен гIала хорбазашший, пастанашший эца яхийта, бульдозер сихха урс тIе а диллий, чIерий леца яхийта, цхьаъ хьуьнах дечиг кечда гIо, вукхо пхьегIаш вовшах тоха! Же-же, ма Iел, хан йолуш йоллу вайна, — араиккхира директор. Цунна тIаьххье вуьйш а аралилхира.

Пьесин шоллагIа дакъа дIадолалуш трактор яра хин харш дохош гучуяла дезаш. Тракторан гIовгIа магнитофона тIе дIаязйина яра. Амма хIинца магнитофон йоьхнера. Цу тIе, тракторист МуцIур а вара вехна, халла бен шен когаш тIехь а ца латталуш. Шен гIора ма-дду тасавеллера Рамзан магнитофонах, амма иза метта ян йоллуш яцара.

— Ш-шек д-дIа ма валал хьо! *Все б-будет отлично!* — шайн режиссер тева гIертара ТIирни. Дан хIумма а дацара. Кирхьа сихха дIаделла дийзира.

Текхна-а сцени тIе елира фанерах йина трактор. Юккъелечкъинчу МуцIура багахула "ГIур-гIур-гIур-р-р" — дора. Наггахь кеп йина волчу тракториста шен букъ хьала а нисбой, трактор хьала а айлой, бухара цуьнан когаш гучубовлура. Нахана вевзира "трактор" чуьра МуцIур.

— ВаллахIи, хьо бакъахьа-а-м бу ишттачу трактор тIехь! ХIинца кхаьчна хьуна хьоьга кхача еззаш ерг! — бийларш девлира зала чохь юха а. Тракториста дуьхьал вала дезаш верг Рамзан ша вара. Ша тракторца сценина юккъе кхаьчча трактор чуьра охьа а воьссина, тIулгаш юккъе ка хьоькхуш, чIерий лоьцу сурт хIоттон дезаш вара МуцIур, амма хIуьа тасаеллехь а, цхьаъ таса а елла, "трактор" чуьра схьа а ца валалуш висинера. Дан хIума а ца хилла, цу чохь воллушехь трактористе лен волавелира Рамзан:

— Хьо хIун деш воллу кхузахь, хIай накъост?

— Хьуна ца го со? ЧIерий лоьцуш ву-кх!

— Ой! Тракторца муха лоьцу чIерий? Хьер-м ца ваьлла хьо?

— Хьуна ма-гарра, хи дIа а дерзадой лоьцу-кх!

— Хи дIа дерзийча, ерриге а чIерийн кIорнеш а лей ца хаьа хьуна? Ас, къорIанор, ву хьо шайн директоре дIавуьйцур, балхана юкъах а ваьлла чIерий лоьцуш лела аьлла!

— Хьа-хьа-хьа! Дийца хьайна ма-ттов! Цо ваийтина ву со-м кхуза замминистр ву вогIуш, цунна жижиг кIордийна, хьада, гIой чIерий леца, аьлла. (Эццигахь Рамзана шех Iоттаделла хилларг жимма хийцинера).

— Юхаерзаел хьайн трактор, ас хIара тарх тоьхна цуьнан ангалеш хьайна ата ца лаахь!

— И аьлла хьо меттах ваьллачул тIаьхьа, дера яра ас хьуна хIара трактор тIетухур, мераIуьрг!

— Тохал, хьуо боьрша велахь! — чугIоьртира Рамзан шех хьастах Iоттаделларг дага а деана. Кеп хилла волу МуцIур а боккъалла а оьгIаз вахара, шега боьршалла хьахийча.

— Тухур яц моьттура хьуна? — шина кога тIехь леккха хьала а айвелла, тIехахкавелира МуцIур. Рамзан хьалхара жимма дIатаьIира, хила мегачун ойла а ца еш. Оццу минотехь МуцIуран цхьа ког шершина сцени хьалхадIахула чу оллабелира. Трактор галъелира. Рамзана тIекхетта, каетташехь, иза айелла, докъаполла хилла гар-гар-гаров-в-в!!! — аьлла, зала чу охьаяьржина, атаелла, цхьацца кийсиг хилла дIаяхара. Iаьнна дIаяханчу фанерашна юкъара хьала а иккхина, хиллачун дуьхе ца кхуьуш, воьхна, бIаьргаш бетташ лаьттара МуцIур. Нах, кхерабелла, хьалалилхина, цкъа маьхьарий девлира. Амма кеста хиллачух кхета а кхетта, цхьа доггах буьйлура нах, метта ца богIуш.

Клубехь буьйлучу наха эккхийтина гIовгIа йоллучу а юьртах чекхъяьллера. Кхузахь хуьлуш дерг хIун ду ца

хууш, хIинца а ванза висина хилларг а схьахьаьддера. Зала чу тар ца луш, кораш кIел а, вуьшта майда мел ю а, дукха адам лаьттара. Доллу адам а даьллачу хьацарой, буьйлуш бIаьргех туьйсучу хишший дашийнера. Рамзан спектакль дIайолаелчахьана а мелла а воьхна, и нах стенах буьйлу ца хууш, хьийзара. Спектакль хаза хеташ буьйлу, я шех буьйлу? ХIинца, трактор чу йоьжча а уьш буьйлуш хилча, билггал тешнера, уьш спектаклах ца бешаш а, шех буьйлуш а хиларх...

КхоалгIа дакъа дIадоладелира, шоллагIниг хеназа юкъах а даьлла. Сцени тIе дIахIиттира берриге дакъалацархой. Вуьшта, хIинца уьш директоран кабинета чохь бацара, художнико доггах гIоьртина диллинчу "Iаламна" юкъахь бара.

— Хьо хIунда велла-техь иза? — сахьте хьаьжира директор.

— Хьаькам ма ву и, шен хеннахь ван товш ма дац цунна, — вистхилира уллорниг.

— Сакъера вогIуш-м шен хеннахь ван мегар ма дара, сица цунна вай кечйинарг яларг! — меттахвелира завсклад.

— И хIун ду ахь дуьйцург? Хьуна ма чIогIа новкъа хилла иза? — хаьттира цIе лато гIерташ хьийзаш волчо.

— Новкъа муха ца хуьлу, элп алале, кисанара кхузткъа туьма сов ахча охьадиллийтича?

— Тоийтал хIинца, велха а ца воьлхуш! — тIечевхира директор. — Юха а хир дара хьуна иза-м!

— Мичара хир ду? ХIа-а? — Юха а зала чу схьавирзира завсклад билггал цу чохь болчаьрга цхьаъ алийта.

— ХIинццалц санна шипар йохка ахь нахана, цхьаннах диъ сом а доккхуш! — хьийхира зала чохь билчара.

— Комбикорм йохка а мегар ду хьуна, центнерах кхо туьма а доккхуш! — хьийхира цхьана кхечо.

— Ма ейша, нах, гIовгIанаш, иза ша а вацара мичара муха яккха еза ца хууш, — элира кхечу цхьамма, сцени тIехь верг шайн совхозан боккъала а волу завсклад волуш санна.

— Ма ел, нах, гIовгIанаш, и аш дуьйцуш дерш кху спектакльна юьккъе догIуш а дац, — нах гуттар а марса бохуш, мохь туьйхира завсклада сцени тIера охьа.

— Спектаклана юкъа ца дагIахь а, аш лелочунна юкъа-м догIу хьуна иза — буьйлура нах.

Зурмахьажин йиш хаьллера нах теба гIиртина. ХIинца иза хIумма а ала ца луш, висинера, ша Iаччохь тIамарш а лестош. Массарел а чIогIа холча Рамзан хIоьттинера. Сцени тIехь ловзуш болчара дуьйцурш пьеси тIехь дан ма дацара...

— ВогIуш ву! ВогIуш ву! ДIогахь ю замминистран "Волга"! — маьхьарий девлира цхьана хенахь сцени тIехь. Массо а велавелла, къежна, Iункар а тавIна дуьхьал велира министран заместительна. Зала чохь

берш тап-аьлла, дIатийнера, шайна боккъала а замминистр гур волуш санна.

Цхьана хенахь Iаьржа костюм а, галстук а йолуш, дукха чIогIа сеттина, къевкъина гучувелира... фермера ассимилятор БугIа!

— Ой! БугIа ву замминистр?!! — мохь белира зала чуьра.

— БугIа ву! БугIа ву замминистр!!! — бийла хIиттинчу наха юха а оьккхуьйту моьттуьйтура зал.

— ВалахIи, и цу бежнийн кочара а-м ца вели шех замминистр хиллалц!

— Гора БугIа яI! айхьа оцу бежнашка хIотториг хIоттаделахь цу заддашка хIинца! — маьхьарий деттара наха зала чуьра хьала.

Масех минот елира юха а нах дIа ца туьйш, артистийн бист хила йиш ца хуьлуш...

Замминистр массаьрга а куро-о куьг луш чекхвелира. Iункар а таьIаш, гуттар чIогIа хьасталой схьаоьцура цуьнгара салам гулбеллачара.

— Со хьалавогIуш хIинцца оханна тIе хIуттучу цхьана тракторх бIаьрг ма кхийтира сан. Делкъал тIаьхьа бен ца богIу шун механизаторш балха? — ша схьакхочушшехь, бехк бакка хIоьттира замминистр.

— ХIинцца гаражера араваьлла вахара хьуна иза. Йоьхна яра цуьнан трактор, — кхетийра иза директора.

— Цхьа зударий а бара дукха чIогIа резабоцуш схьагIерташ, лам тIера догIуш доярка ду шаьш,

совхозо машен а ца яийтина, гIаш догIуш ду шаьш бохуш, дукха чIогIа резабоцуш бара уьш. Шофере цаьрга некъ хатта дагахь айса машен сацаяйтина хилла а дохко ма ваьккхинера цара со-м. Муьлш бара уьш, бан мукъа?

— А-а, йоьхна, новкъахь йисина хир ю хьуна оха царна тIаьхьа яхийтина хилла машен. Цунна хьайн са а ма гатдехьа, Геннадий Узуевич, уьш-м даккхийчарех дацара. Дийцахь, хьо хьала муха кхечи? ГIалахь *погода* муха ю, доьзалш буй могуш-пархIат Iаш? Валохьа, сехьа валахьа, хIоккхуза...

— Уф-фай, дера жимма са ца даIахь-м дер дац. Охьаховшал, накъостий, ма латтал! — вахана, баьрчче охьалахвелира замминистр.

Оццу минотехь сцени тIехьара схьа меттаеанчу магнитофоно ондда самукъане йиш лекхира. Директоран "подхалимаш" сцена ма-ю дIасахьаьвдира, замминистрана тIе цхьаъ ядош, важа ядош.

— Хьий, заддаш, хьовзалаш! Вай ца лелориг дац шуна хIара-м! — мохь болура наггахь зала чуьра хьала.

Замминистра совхозан белхалошна тIера кад а ойуш, дехха дош элира.

— Баркалла! Баркалла хьуна, Геннадий Узуевич! — гIадбахана меттахбевлира уллохь хьийзарш, замминистра белхалойн метта, дийнна цхьа элан такхор, я итт гектар буракашна асар дичч санна. Гарехь, замминистр ша а чIогIа реза вара шегара иштганиг

даларна. Ша цу дешнашца совхозан экономика дикка хьалаяьккхича санна хийтира.

— Хелхадовла, хелха! — бIаьца йира директора цхьана хенахь. Улло хьийзарш, шаьш ден гIуллакхаш а дитина, тIамарш а айина, министран самукъа доккхуш, жухаргаш санна хелхасетта бийлабелира. Маларо гIеххьа дегIана кеп йина волу замминистр хIинца дIа а таьIна, куро-о вела а къежаш, бIаьрг бетташ Iара.

Оцу минотехь сцени юккъе иккхира директоран секретарша. Сеттина-а замминистрана тIе а яхана, мохь тухху ш, маршалла хаьттира цо хьеше:

— Марша вогIийла хьо, накъост замминистр! Со новкъа-м хир яц шуна?

— Ой! Хьо муха хуьлу новкъа?! — Хьала а гIаьттина, дуьхьал ваьллачу замминистра, йоI шена улло охьахаийра.

— Муса Мусаевич, мила ю хIара хаза йоI?

— ХIара дера ю вайн секретарша! — йовзийтира директора.

— Ой! Ма дика ду хьо еана боккъалла а! — меттахвелира кхоччуш гIадвахана хьаьким. Сцени тIехьара Рамзан хIинца а Iара цецваьлла, хIара пьеси тIехь дан а доцу сурт мичара даьлла-техь, бохуш. Цунна ца хаьара, и сурт Лизин шен дехарца кхоьллина хилар.

Амма и сурт Лизина ма моьтту чекх ца делира. Хьалха цо динчунна а хала са тоьхна Iийначу Совбикин коьрте бIагор беара. Лиза-м тIеттIа дастам лелара.

Цхьа куьг а лаьцна, вадийна валийна, секретаршас замминистр шеца хелхаваккха хIоттийра. Оцу гIуллакхо кхоччуш тентаг яьккхира цIоькъа лом хилла егош Iан Совбика. ЦIеххьашха ша Iачуьра хьала а иккхина, сцени тIе хьаьдира жеро. Иза сцени тIе хьалаяьллачул тIаьхьа бIаьрг кхийтира цунах Лизин, амма тIаьхьа дара. Шен доггах хахкаелла йогIург ча санна тIекхийтира Лизина. Шийла мохь белира, бух йохуш лаьттачу месаша лазийначуьнга. Месашна юьккъера охьаийгира цхьа бехчалгийн бонг. Берриге а артисташ ши жеро дIасакъасто хьаьлхира. Вуьшта, доггах тасаелларг юхаяккха атта ца хиллера.

Хуьлуш дерг шайна цагарна кхоьруш санна, зала чуьра нах шайн меттигашкара хьалалилхинера. Шакарш, маьхьарий, бийлар, къаьхьа де хIоьттира зала чохь. Цхьацца агIор сцени тIе шина жерочун верасаш хьаьлхира. Зударшка маьхьарий девлира. Делахь а, дов цIий ца Iенаш дIадирзира. Шиннахьаранаш а кхеттачух тера дара, сцени тIе а хIиттина, девнаш дахар товш ца хиларх. Амма шаьш дIасакъаьсташ Совбикас тIекхетта Лизин куча кIелхьара баьккхинчу гIайбано юха а зал хьеръяьккхира. Шаьш тховса цкъа а бийла а ца бийлича санна, марсабевлла, бийла хIиттира зала чуьранаш. Гуттар чIогIа кIажвахана воьлучу цхьана шоферан лурчах аппендицит йина хилла гай тIера шу меттахбаьллера. И меттаха баьллашехьа, юхаверза ца туьгуш, ветталуччохь висинера пекъар. Геннара еанчу цхьана хьешан бIаьргех хьекхна Iаьржа басарш

бIаьрхиша дерриш а дашийна, дIадаьхнера. Моьттура, хIинца иза йоьлуш бIаьргех охьаIийдалуш дерш шекъана тIадамаш ду.

Цкъа мацца а артисташ а, хьовсархой а метта баьхкира. Спектакль юха а дIайолийра.

— Геннадий Узуевич, хIокху хорбазан чоме хьажахьа! Геннадий Узуевич, паста кхаллахьа! Ой! Геннадий Узуевич, леррина хьуна леца а лецийтина, кхаьрзина бакъ-чIерий дицделлера-кх тхуна! — сцени тIехула юха а дIасахьаьлхира "подхалимаш".

— *О! Форель* и сан *любимый блюда ю!* — чIерий шена улло охьа а дехкина, юха а дош ала вуьйлира замминистр.

— Накъостий къинхьегамхой! Суна доггах хазахийги тахана шу гина а, шу мел дика белхалой ду хиъна а. Суна ги шун балхо шагдина куьйгаш, шун къинхьегаман хьацарш. Шу иштта дика а, хьанал а белхалой дуй хууш веара со тахана шу долчу а. Суна сайн бIаьргашна ги тахана шун хьаналчу куьйгаша кхиийна буракаш, шун беркатечу куьйгаша кхиош долу даьхний! Мел хаза хийти суна и шун малхо, къинхьегамо ягийна, яхчийна яххьаш, шун гIиллакхаш, амалш! Иштта ца хилча, шун балха тIехь кхиамаш а хирг хир бацара. Со тешна ву, стохка аш пачхьалхана ах миллион бен зен дина ца хиллехь, кхушара кхин а... а-а, аьлча а, кхушара аш и зенаш дийрг цахиларх! Иза гойту тахана аш бечу балхо, шун хIайтъаьлла хьийзаро!

Хьоме къинхьегамхой! Хьоме буракашлелорхой, даьхнийлелорхой! Ас юха а...

— Собар! Собардел цкъа, накъост! — сцени тIе велира дукха хан йоццуш "бердах" вахана тракторист.

— ХIун хилла? ДIавала цигара! ДIавала гучуьра!!! — куьг лестадора трактористе "директора".

— И замминистр хьо вуй? — хаккавелла, цунна тIе вахара тракторист директоро дуьцург тергал а ца деш.

— В-ву! — къаьрзинчохь висира хьаьким.

— Бехк ма биллалахь, хьо цига ца кхаьчна.

— Муха ца кхаьчна?

— Буракашлелорхой а, даьхнийлелорхой а бац ккузахь. И лаьтта директоран подхалим кху юьртахь завмаган болх беш ву. ДIогарниг заготовитель ву, нагахь дIаваккхаза велахь. ХIара кхиберш а директоран хьадалчаш бу. Хьайна буракашлелорхой, даьхнийлелорхой а, хьашт хиллехь, аренашка, я фермашка ваха везаш хиллера хьо. ХIорш къинхьегамхой бац, жуккарш ю, кхечара дина моз дууш йолу.

— Ой! Хьо мила ву ван мукъане? — мохь белира "гIаларчу хьаькиме".

— Со дера ву и делккъехь балха тIе хIоьттина тракторист. Со балха хIунда хьевелира дийца ас хьуна?

— Дийцал...

— Цкъа и чIара дIакхалла, тIаккха дуьйцур ду ас. Замминистра чIара кхаьллира.

— И чIара дийнна ахк а дерзийна, лаьцна бу хьуна, цу чуьра ерриш чIерийн кIорнеш а йойуш.

Хи чуьра схьабаькхина чIара санна, бага а гIиттош, ши бIаьрг къаьрзира хьаькиман.

— ХIун хилла хьуна? — тIекхийтира цунна директор.

— Д-даьIахк легашкахь йисина!!!

— Лен ун хуьлда хьуна цунах! — шеггара тIетуьйхира текста тIехь доцург, хIинца а кеп дIаялаза волчу МуцIура. — Ахь хIун дей? Хьайна чIерий эшахь, шайн Соьлжа тIе а гIой, леца, нагахь хьайна цу чохь хIумма а караяхь. И а ду аш дерриге а чу мазуташ а Iенийна, бехдина. Тхан совхозерчу белхалошца хьо бала болуш велахь, ас хьалха а ма аллара, аренашна тIе вола, фермашка вола, тахана санна лечкъина а ца вогIуш! Хьайна хьашт велахь, хIара тхан директор а кхайкхий, хьуо волчу охьавига, нах балхана юкъара а ца бохуш!

Эццигахь кирхьа дIакъовла долийра...

* * *

Цу деношкахь юьртахойн и спектакль йийцар бен, кхин дуьйцуш хIума дацара. Шай-шай оццул чIогIа вийлина вац дуьнен чу ваьлчахьана! — тоьшаллаш дора наха. Совца а совций, бийла а лой, доггаха маршалла хоттура хIинца эвла юккъехь дуьхьалкхетча Рамзане.

— Рамзан, юха маца гойтур ю ахь вайна спектакль? — хоьттура массара а. Рамзанал майра а, хьекъал

долуш а, нахана дукха везаш а жима стаг цхьа а вацара хIинца эвлахь...

IаббазаН БИРТIА

Малх Чечанхойн Аренна тIех а баьлла, Суьйра-Коьртана тIе базбеллера, Iаббаз Аргун гIаларчу трубни базан кенберте кхочуш.

— Суьйре дика хуьлда хьан, — дIакхайкхира Iаббаз хорбазан дакъа а дууш, цхьа йоккха шалгу топ гихь а йолуш шена дуьхьал волавеллачу воккхачу стаге — хехоче.

— Диканца вогIийла, — ши бIаьрг серлабелира хехочун. Ах бен диъна доцу хорбазан дакъа ласттийна юьстаха дахийтира.

— Цхьа турба хьашт хиллера-кх суна, — дIадолийра Iаббаза ша деана гIуллакх.

— Езахь, дIахьур ю-кх ахь, хьайна еззарг къаста а йина.

— Суна кхо метр шуьйра а йолуш, берхIийтта метр еха турба езара.

— Ой! Iовдал-м вац хьо? Хьайна ишттаниг езаш хилча, дийнахь, кран а машенаш а йолчу хенахь хIунда ца вогIура хьо? ХIинца вайшинга меттах а яккхалур ма яц иза! — гIайгIа хилла хьаьвзира хехо.

— Машенний, кранний-м ас кху сохьта лохур ма яра, эццига новкъа а ваьлла.

— Лахахь, делор, ву хьо хьайн биргIа а эцна, дIа гIур, — резахилира хехо.

Ах сахьт юккъе ца дуьйлира Iаббаз машен а, кран а ялош базан кенберте юха кхочуш.

Шаьш кертал ара довлуш, Iаббаза хехочун кисана сом-ком таIийра.

— ХIай! Собар дел! — тIаьхьа мохь туьйхира хехочо Iаббазе, шен кисана таIийна соьмаш сихха дагар а дина.

— ХIун боху ахь?

— ХIара кIезиг ду.

— Мел оьшу тIе?

— БиргIанан метаран мах сом бу. Ахь делларг пхийтта сом бен дац. Кхо сом тIедогIу хьоьгара. Хьуна-м, юьрта хьала яьхьча цунах иттех туьма а лур дай...

Кхо сом тIеделира Iаббаза.

ШоллагIчу дийнан делккъа хенахь Iаббаз Грозный-гIаларчу аьчкан гIирсаш бечу цхьана йоккхачу заводан проходной улло хьаьвзира.

— ДIогарниг ву хьуна, и лаба йоцу хурашка тиллинарг, — гайтира Iаббазана цхьана жимчу стага цу заводан завсклад.

Маршалла а хаьттина, юьстаха ваьккхира Iаббаза "лаба йоцу" хурашка тиллинарг.

— Буровойхь яьлла цIе дIайойуш хи тухуш цхьа реактивни двигательш ю аьлла хезнера суна шун. Цхьа кхоъ хьашт хиллера-кх суна...

— Маца еза хьуна? — лерга тIехьа мIараш хьаькхира завсклада.

— ХIинцца дIахьур ма яра ас уьш хилча-м.

— *Та-ак*, — ойла еш, хьаьвзира завсклад, ша хIун дича, хIун хир дара-те, аьлла. Iаббаза шен пиджакан чоьхьарчу кисанара кIайчу шишанан бертиг гучуяьккхира, ша букъах мIараш хьакха тIехьа кхевдачуха-а.

— *Та-ак*, балхахь мичахь ву хьо? — жимма ойла йина-а хаьттира лаба йоцу фуражка тиллинчо.

— Колхозехь.

— Жарж буй шун цигахь?

— Хир бу дер жарж-м! — меттахвелира Iаббаз, ша деанчух цхьа гIуллакх хIинца хила доллий хиъна.

— Черноречьехь стуннана ю сан хьакхарчий юстош. Хьо двигательш дIаяхьа вогIуш, машен тIе кхоьссина цхьа ши-кхо тIоьрмиг бар нислур дацара хьан?


— Ой! Нислур ду дер-кх, кханнехьа-м.

Уллорчу кафе чу вахана и кIайн бертиг ерг "дIаяьккхира" цаьршиммо, тIе цIарула цIен помидор а кхоллуш.

ШоллагIчу дийнахь, тIехь масех жоржан тIоьрмиг а болуш, гIала еанчу грузовико, юьрта хьала кхоъ реактивни двигатель ядийра.

Цул тIаьхьа бутт гергга зама елира Iаббаз цIера ваьлла лелаш. Юьртахоша, цхьаболчара, Казахстане болх лаха вахана олура. Вукхара хохаш лелон, латта эца вахана хила мега олий хьесап дора. Вуьшта, Риге

йохка-эцаран Іалашонна яханчу Хьапас хазийнера, шена Іаббаз цигахь цхьана радиозаводана улло хьийзаш вайра, цхьа веха, хьаьрса къонаха улло а ваькккхина, аьлла. Амма цунах наггахь верг а ца тийшира. Цкъа делахь, массарна а хаьара цо харц буу дуйнаш. ШоллагІа делахь, юьртахь гІарадаьллера Хьапас шикхо шо хьаха Ашхабадехь цхьа туркмен хьийзор, ЧІишка-базарахь шена ши сом юха ца делларг ву хьо, бохуш. Вукхо-м, пекъаро, кхоъ деллера иза шена тІаьхьара дІаериг.



"И хир воцийм хаьара суна, делахь а, чІогІа тера вара-кх иза цунах. Суна хІун бен ду, сайн соьмаш схьахилчахьана", — дуьйцура Хьапас тІаьхьа.

Йоккха хан ялале, Іаббаз цІавирзира. Денна бохург санна почтехула цхьацца посылка йогІура цунна! Ригера, Москвара, Алма-Атара, Бакура, кхечухьара а.

Цхьана хенахь Іаббаза шен биргІа нийсса ирхъерзийра.

"Маьждиган момасар ян воллу хьуна иза", — Іоттар ян вулура цхьаъ. "Хи хьала кховсу бІов ян воллу. Инженер ма ву иза!" — чІагІдора кхечо. Дукхахболчара-м тергал а ца вора иза. Ша массо а шен-шен гІуллакхана хьаьддий-веддий лелара. РагІош динарш цІенош деш бара. РагІош а, цІенош а динарш раз тхов болу лабанаш еш бохкура. РагІош а, цІенош а, раз тхов болу лабанаш а йинарш кхоккха метраш лекха чхонаш юттуш бара. Чхонаш ян меттиг боцурш шаьш хьалха йинарш ерриге а йохош бохкура. Бакъду, Іаббаза ирахъяхийтинчу биргІано цуьнан лулахойн синтем байинера. И цу биргІанах хІун дан воллу ца хууш, цара а еана охьаехкинера шайна ишттанаш. Делахь а, ира ца хІиттийнера, цкъа Іаббазан хІун хьуьлу хаъалц.

Іаббаз-м балхана чу воьллера. Ур-аттал буьйсанна а ца совцура цуьнан кертахь лепа сваркин цІерш.

"ХІинцца кхетамчу веана Іаббаз. ГІишло а, ков-керт а ца цІиндеш, колхозехь къахьоьгуш лийли хІинццалц". "Кеста а дац. Доьзалш а бу баккхий хуьлуш. Къа дац цуьнан а цкъа мукъа кхетамчу а веана, наха лелочуьнга дІа ца нисвелча" — магадора юьртахоша Іаббаза долийнарг. Магадора, цхьа суьйре тІекхаччалц. Оцу суьйрено дерриге а дохийра... Цу сарахь Іаббазан

биргIа и сийна цIе, тIехьара ара а кхуьссуш, кертара хьалаайаелира. Хуьлуш лаьттачун дуьхе нах кхиъна бовлале, и биргIа шен алуца цхьаьна дуьне датIо санна эккхийтинчу гIовгIанца стигалан Iаьрчешкахь къайлаяьлла, тIепаза дIаяйра.

— ХIан! ДIалаца шайна, ваха шуна хIинца вайн Iаббаз а космосе!!! — гIайгIане ийгира юьртахой. Холча хIиттира "Газ-24" машенаш эца гIерташ сих а, доьзалех а бевлла лелларш а. ХIинца церан "Волганаш" хIумма а йоцурш яра, Iаббазан космически ракете хьаьжча!

— Ваха мукъане стенга ваха-техь? — цIе а, кIур а, гIовгIа а дIаяйча, массарел а хьалха меттавеана, хаьттира цхьаммо.

— Хьанна хаьа. Хийла леладо цо шен гIуллакх мел доцург! — муцIар саттийра уллохь лаьттачо.

— ЦIенна пайденна ца вахана шуна, шек ма довла шу! — схьакхайкхира дехьо-о лаьттарг.

— Дашо седа бала а мегий цунна-м! — дагадеара хIетта улло веанчу цхьанна. Цхьаболчара "лур бу" олуш, вукхара "лур бац" олуш, яккхий гIовгIанаш евлира. "Дада-а-а, со а вига-а", — бIаьрга буйнаш а хьийзош, воьлхуш хьийзара Iаббазан пхи шо кхаьчна кIант. "Тхан Дада космосе вахана! Ур-раа! Тхан Дада космонавт ву!" — урамехула дIасахьаьвддера даккхий хилларш. Къайллах, меллаша, цхьа кучан кийсиг пхьаьрса кIел а йоьллина, юьртара хIуманаш тоьгуш ерг йолчу сихъеллера Iаббазан хIусамнана Залпаъ:

"Тевезизор чуьра кхайкха багIахь а, сан-м мегарг коч а ма яц", — дагадеанера пекъарна. Хиллачух кхоччуш гIайгIа хилларг цхьа Iаббазан нана бен яцара:

— Стенга ваха Доккха Дика? И кхагара хьожа хIунда яьлла кху кертахь? И биргIа стенга яьхьи аш? ЦIа вагIахь, дов дийр ма ду цо! — хьийзара йоккха стаг, шен ехачу кучан юх а лестош.

Цу миннотехь колхозан радиостанце, председателан цIарах радиограмма кхаьчнера:

"Со могуш-пергIат юха воьзур ву-вац хаац. Кху чохь со корта хила беза меттиг а, когаш хила беза меттиг а къаста ца луш, даьндарг санна" — дIасахьийзаш ву. Амма шуна массарна а хаа лаьа суна, со кху тIурлене кхачаран бахьана цхьаъ ду: итт шо ду вайн колхозехь техмастерской йина ца йолу, проект ца хуьлуш, смета ца хуьлуш, фондаш яц олуш, подрядчикаш ца нислуш, кхин а цхьацца бахьанаш Iитталуш. Ткъа долахь гIишлош ечара хIуьа нис а до, цара сихха шайн гIуллакх а до. Цунна тешалла ду хIара сан къанлучу Iуьйранна тIемавалар а. И шуна ма-дарра хаийта велира со ши бутт хьалха балхара дIа а!"

ШоллагIчу дийнахь кисана цхьа ткъа туьма ахча а диллина, шен легковой машенна тIехьа тIе комбикорм йоьттина грузовик а хIоттийна, председатель аравелира итт шо хьалха йолийна техмастерской чекхъяккха гIайгIа бан...

Iаббаз шина кIирца космосехула кхерсташ а лелла, Тургайски областехь, Аркалык гIала уллохь охьа а

воьссина, цхьана мартанхочуьнца кибарчигаш еш сецна аьлла хабар кхечира.

ГIАЛАТ

Шена моттарехь, хьаькамашца бертахь, балха тIехь ларош схьавогIура Тукаров Важа Вашаевич. Шен директорца, Жухаев Солса Селимовичца-м муххале а бертахь вара Важа. Аьрру лерг шел а делла, иза больнице охьавижча, кхузза цунна тIаьхьа шен хIусамнана яийтинера. ДоьалгIачу дийнахь Солса Селимович балха схьавеара. ХIетахь хилийтира Солса Селимовича Важина Соче ваха путевка а...

Жухаевца Важин юкъаметтиг дика юй хууш, цхьаболу белхахой а къежара кхунна, тIаьхьашха "цIуьхIар", "мотт хьоькху хIума" — бахахь а. Иза волчохь лен а ца баьхьара директорна.

ХIинца воьллера Важа Вашаевич хьаькамца шен тоделлачу гIуллакхах. Ваха а атта дара. Балха тIехь башха къийлалуш а ца лелара. Ницкъ ма-ббу директорца юкъаметтиг мерза латтайора, цунах бIобулуш, наггахь цхьацца нхьара сом долуш меттиг хилча, цунна тIекховда башха аьрха а ца хетара...

Дерриге а дика дара Важин дахарехь. Йовххачу чохь, стоьл тIехь болх; ерстина, кIеда куьйгаш а, стоммийн настарш а йолуш зуда, шен долахь "жигули", цIенош, гена йоццуш пиво дукху ларек... Бакъду, пивох

я хи туху цу чохь волчу Дукъарца, я юьззина ца ютту... Девнаш даха а бакъхьа ца хета... Доцца аьлча, и бен кхин сингаттам бацара Важин дахарехь тІаьхьарчу заманчохь.

"ХІара хІун ду?!!" — цецваьлла виссинера Важа. "Собранин президиуме хаьржинчарна юкъахь а вац со, цу тІехула тІе Жухаевс шен доклада тІехь ледарчу белхахошна юкъахь цІе а яьккхи!"

Гуттар а санна, тахана а ша президиуме хоржур хиларх шек воцу Важа, хьалхарчу могІаран цхьана сонне охьахиънера. ХІинца кхунна ерриге а зал а леррина шен кІесар кІагчу хьоьжуш санна хетара. Шийла хьацар тоьхнера дегІе. Шен ши бІаьрг хьалаайбина, нахе дІасахьажа ца хІуттура. Хетарехь, Важин нийсса ах сира корта оцу миноташкахь ло санна берриг а кІайбелла хила декхар дара. "ХІун хилла-те хІинца?! Цхьаммо цхьа харц мотт бина техьа тхойшинан юкъаметтиг йохон? Хьан? Муха?"

Эзар ойла хьаьвзира Важин коьрте.

"Собар — собар! ХІаъа. И ду и. Маржа яІ. Цуьнан стунвашас зуда ялийначу ца вахана со хьастагІа. ЭхІ, байттамал, байттамал! Ткъа сан хІун бехк бара иза дІаерзийначу доьалгІачу дийнахь бен суна иза ца хиъча? Воьдург вахана а, вогІург веана а ваьллачул тІаьхьа, со муха воьдура цига? Ас ала-м ма элира Солса Селимовиче суо ца хууш висира, аьлла. Ца тешна. КъурІанор, соьга Малайка баха-м бехира тІаьхьа делахь а, гІуо. Мотт а бастийтий, ши-кхо туьма

а лой, схьавола. Сан иза нис-м ца делира. Цо ша баьстир-кх соьга мотт, туьканахь шега цигаьркаш ехча: "Базара а гIой, эца ахь, хьуо реза вацахь", — аьлла. Суна-м иза цу дийнахь бен йовза а ца евзира. И хиллера-кх и беркат доцу, ши бIаьрг баьттIа йилбаз, цо далийнарг! Суна чIогIа дуьхьал даьлла-кх и цIубдар!"

Важина шен кийрахь баьIаш девлча санна хетара. Халахетар мин-минотехь алсамдолуш лаьттара. "Изза хIума а тоьънехь, кхунна соьца эгIа, башха боьрша а ма вац хIара а. Со стенна лела, карийна кIеза санна, кхунна хьесталуш? Со-м, хьаха, вац кхузара валарх лийр волуш. Кхуьнан кехаташна юкъе а воьлла Iачул, цхьанхьа складе, я базе балха гIур вай со! Стагана-м ша шена Iеманчу меттара дIаваьлча, ша лийр ву моьттий! Хьанна хаьа, санг Iуллакх-м кхечухьа вахча, кхин тIе а тодала а мегий. Дешна а ву. Могашалла а ю. Со-м, хьаха, вац сайна нахе пIелгаш Iуьттуьйтур долуш. Вац къурIанор! Соб-соб-собар!.. Ванах, ас хьастах пхи туьма эцар дIахиъна-те цунна? Муха? Хьаьнгахула?.. Э! Хиъча а, хIун дара иза. Ша ца оьцуш ву хIара? Хаьара вайна иза-м. Цунна шена а хаьа ша лелориг суна а нахана а хаьий... Собар!.. Ткъа иза цуьнан гергара хиллехь? ТIаккха ма хьаштдоцург ду иза! Хьажахьа, суна иза дагахь а дацара... Ткъа Солса Селимович шен гергара хилча, соьга соьмаш стенна кхийдадо хIокхо а? Цуьнга а аьлла, соьга сихха шен гIуллакх хIунда ца дойту? ХIан-хIа. Иза а хир дац иза.

Цхьа кхин ду, хIуъа делахь а. ХIуъа делахь а кхин ду. Дера ду. Амма суна хуур-м ду. Дера ду..."

Шен къоьжа корта меллаша хьала а айбина, президиумехь хевшинчаьрга дIа шийлла бIаьрг кхарстийра Важа Вашаевича. Жухаевн гIант деса дара. Иза доклад еш вара. Юккъехь хиъна Iара Мараев. Директоран заместитель. "ХIара Iовдал. Стенна латтадо а ца хаьа, къанделла кхез. Шена атта волу дела дера латтаво Жухаевс. ХIара хIун белхахо ву? Цо деш хIун ду? Iуьйранна схьаваррий, суьйранна дIавахаррий бен? И мацахлера китил тIе а йоьллина. Мециг. Ши шай сов доьхкина хир дац цо, ша дуьненчу ваьлчахьана. Сан да велахьара, тоххара велла а хир Iари. Мара а ма бу, назранера картол санна! Эхь дац хIара нахана гайтар а, цу буьххье а ваькхина?!

ХIара а ю охьахаийна. Шен отделехь болчаьргара соьмаш лехьош лела алкоголик. Боьрша йоцу хIума. Боьрша хиллехьара, кхуьнан зуда а гIур яцара дIа, хIара кIиллу ша йолччахь а йитина. Нахана а моьтту хIара, цхьа хIума ю. Олег Овсеевич! Олег Овсеевич! — бохуш лела, тIаьхьа а хIуьттий. Олег Овсеевич!.. Мичара яьлла а хаац хIара хIума кхуза...

ХIара а ю, хьалаайина лелош. Паз. Дика ду хьо сан зуда йоцуш! Производствон хьалхелелорхо ю боху хIара. Хуур дара-кх цхьанхьа колхозан ферме кхош даха дIахIоттийча, хIара хьалхелелорхо ю я тIехьелелорхо ю. Йовххачу чохь охьа а хиъна, чай муьйлуш Iийча хьалхелелорхо хилахь-м ю хIара а

хьалхелелорхо. Дала йитахь. Мидал а ю хьалхаоьллина. Хьайн елахьара, кхин а ма ухкур яра ахь уьш...



Эхlай! Хьан дена а хуьлда наьlалт! Хьол йоккха кlиллу а хир яц кху дуьненчохь, ша юха а хьо яцахь! Хи чу lоьттина котам, и ши мекх а оллийна. Охьахьовзийна хир яцара оцу хьан мекхин юьхьигаш, хьо боьрша елахьара! ЦIуьхlур! Директорна когашна мотт хьокхур бара ахь, цо хьайга хьакха аьлча. Нахана ца го моьтту хир ду-кх кхунна ша лелориг. Хуур дар-кх ахь лелораш директорна ма-дарра дlахиъча! КъурIанор, ду ас, хьуна мацца яздина а, цкъа арэ-м дийр, хьан яздина а ца хоуьйтуш... Яздича а, тlелетар дац-кх боьхачу хlуманна. Даре дийр дац. Тешаш а

хIуьттур бац. Массо а вовшашца воьзна, вихкина ма ву тхо... аьлча а уьш!..” кхеран карахь хIун ду? кхара деш хIун ду? Стенна дойу Iедало алапа а, кхарна а луш? Цхьа ах кхаьънаш оьцуш бу. Вуьйжаш — маларан кедаш, жуккарш, цIуьхIарш! ХIай, аш е шайн ненах сте! ма шера евза суна шу! Шу-м латта а дика йо, ерраш а лахка ца лохкуш...

Арахь Iаржъеллера. “Пивной ларек а дIачIаьгIна хир ю, — жимма юкъах евлира Важин марсаевлла ойланаш.

Цхьа шиша а эцна, сайн шича Iабдурахьма волчу ваха веза со. Дуккха а хан а ю вахаза, — дагадеара Важина. — Иза вар-кх соьга стохка цхьана гIишлойн коьчалийн складехь болх хаьа шена бохуш. Вуьшта, дагавала стаг хилча а дика дара. Кху боьхачу хIуманашна юкъахь-х даций дагавала аддам а...

Собар! ХIинца хии. Дера хии. Хьажахьа, хьалххе дага а ца догIурий суна иза? Байттамал яI! И, хьаха, ву сан меттиг езаш! Ах шо а ма ду цо вала а вина, сан отделе и шен гергара Митрофанушка охьахаийна! Иштта Iовдалш ма бу директорна безаш берш а. Iовдал белахь а — шенаш! Со цунна новкъа ма ву. Со цуьнца дика хила гIерташ къахьоьгуш лелаш велахь а, хIуманах кхеташ ву. Цундела и сох кхоьру. Со ца веза. Ткъа ас хIун де? Iовдал лела веза со, суо Iовдал воццушехь? Муха лелар ву со? Нахана хIетте а гучудалаза дуьсур ма дац, со Iовдал ца хилар. Ванах, хIун дийр дара-а?! Ойла ян еза кху белхан. “Цкъа а ца хуьлучул, тIаьхьо

хилар а тоьлашха ду", — оьрсаша ма-аллара. Цкъа делахь, отчеташ тIехь гIалаташ дуьйлуьйтур ду. ШозлагIа делахь, совещанешкахь къамелаш дукха шера а, дика а дийр дац. наг-наггахь Iовдал дерг-дерг дийр ду. Масала, ша йиссинчохь бухгалтерчу жерочуьнца забар йийр ю... Вуьшта... вуьшта иза-м Iовдал хилар а дера дац. Цунах гIуллакх хир дац! Цхьа кхин дан деза. Ойла ян еза..."

Шен ойланаш еш Iачу Важина ца хааделира доклад чекх-йолуш а, директор шен метта охьахууш а. Цхьана хенахь кхунна муьшка йира уллохь хиъна Iачо.

— ХIун боху ахь? — оьгIаз а воьдуш, хаьттира дIа а вирзина Важас.

— ДIо директор кхойкху хьоьга, — президиуме пIелг а хьажош, гайтира уллорчо. Важа дIахьаьжира. Ван а вара директор Тухаровга схьа а хьоьжуш, шена тIевола, бохуш, пIелг лестош. Дог тоха а луш, хьалаиккхина Важа, меллаша президиумехь Iачу директорна тIехьашха-а тIевахара:

— ХIун боху ахь? — хаьттира, лере а таьIна.

Директора меллаша кхуьнан лере а таьIна, уллохь болчарна а хозуьйтуш элира:

— Машинисткас гал а яьлла, списки тIаьххьий, доклада тIаьххьий хьан метта Тухаев а, Тухаевн метта хьо а тоьхна хилла. Президиуме охьахаа. Доклада тIехь а, суо иза дешна ваьлча бен дуьхе ца кхиира со. Бехк м а биллалахь суна... ца кхиира со. Бехк ма биллалахь суна...

"Лапп" — аьлла дуьне серладелира. Дашо нур хIоьттира зала чохь. Важин дог доьлура. Ойла екхаеллера, бIаьстенан де санна. Дерриге а шен метта хIоьттинера. Важига схьа а хьуьйсуш къежара директоран заместитель, отделан заведущий Олег Овсеевич, кхиберш. Важа царна а къежара. Сихха йицъелира масех минот хьалха шен хилла ойланаш. Меллаша дIасахьаьжира Важа. Хьалхахь хиъна Iара директоран заместитель. Коллективехь барт бан хууш дера ву иза-м, ханна воккхо-о велахь а. ТIам тIера чов а хилла, хьалххе цIаваийтарх, цуьнан хIун бехк бу? ХIета... Олег Овсеевич... Хьекъале корта! Доьзалехь дерриге а дIа ца нисделла. ХIун дийр ду ткъа, балхана чу воьлла воллу-кх иза а. Ларадо хир вац-кх массанхьа. Доцца аьлча, коллектив-м вон яцара. Наха ца лелориг дац-кх оха лелорш а, нагахь цхьацца хIуманаш леладахь а... Солса Селимович!.. Ошшада шен биллахI, ву молодец-м! Вуьззина къонаха-м ву! Шена хIумма а ца хуучуха-а Iийнехь а ма волура иза. Президиуме охьа-м хаий, хIумма чохь болчьарга хетта а ца хоьттуш! ВаллахI, ю-кх бож-м! Исттачу хьаькамца болх бар хIун ду? ЧIарга-м ю, чIарга!

"Хьа-хьа-хьа-хьа!!!" — шен дагахь велавелла, нахала ца вала хала сатуьйхира Важас: президиумехь, тIаьххьарчу могIарехь цец а ваьлла, гIадвахана, тахана хуьлуш долчун дуьхе ца кхуьуш Iара накъост Тухаев. Цуьнан гуттар а "Вермуто" кхолина хуьлу ши бIаьрг серлабаьллера, горгъелла хуьлу ши белш

дIасанисъеллера. Пиджакана хьалхахьа оллаелла йоккха хьакхаран хьокх а мидалх таръеллера. Ца хаьара цу пекъарна тахана шен дахарехь бина хийцамаш а галъяьллачу машинисткас бина хилар.

"Хьажахьа, машинистка боху и шайтIа! Цо дина хилла-кх хIара дерриге а! Корта хьаьвзина хьуна йоьIан. Цхьаъ дагадеана хьуна цунна. ХIун де ткъе, хан ма ю цуьнан а. Шен законаш ма ду дахаран, хийца гIертарх, вайга хийца а лур доцуш. ЭхI! Дика, хьаха, ду вай цу законаш тIера дIаса ца таьIчахьана вайн дахарехь кхоларш евр йоцуш! ЭхI! Дела, хьуна бу хастам", — докка са даьккхира Важас, делаца йолчу юкъаметтигна ша башха саготта воццушехь а..."

МОВЛАД ДОЬШУЧУ САРАХЬ

Боьллачу суьйренан боданехь гал-гал юьйлуш, цхьацца ког боккхуш, Iаса а люьйзуш, халла еара къена Хьомсур шен лулахойн ШаьхьтимиргIеран керта. Уьш тахана, доккха ков а диллина, нах вовшахбетташ, цаI-м дан гIерташ бохкура.


— Ами! Во Ами-и! — ученан сонера дIакхайкхира йоккха стаг Шаьхьтимиран зудче.

— ХIун боху ахь? — пеша хьалха хьийзира, юьхьмарш а цIийина, мацца а араиккхира хIусамнана.

— Дики вац-те цIахь? Цкъа сихха вайн больнице ца кхачахь, и вайн лахаюккъехь йолу йоI йиги боху-кха

цига, лазар а деана... — йоккхачу стеган аз, йоьхна, дегадора. Больнице йигна аьлла хабар кхаьчнарг цуьнан цхьаъ бен йоцу йоI яра. Ша кIентан берашца Iаш яра Хьомсур. Амма уьш, цхьаццанхьа девлла, цхьа а цу деношкахь цIахь дацара.

— Суна-м хаац. Баба, сихо-о хьийзаш ду тхо тховса мовлад доьшуйтуш. Эцца арахь вуй хьажахьа! — кхин йист ца хуьлуш, шена тIаьхьа доггах неI а тухуш, чутилира Ами.



Хьомсур халла текхна, ураме елира. Урамехь лаьтташ масех стаг гина, царна тIе яхара йоккха стаг...

— ХIай нах, Дики ца хаавелирай шуна?

— ХIара ву-кха Дики!

— ХIун боху ахь? — шайн къамелаш а совцийна, бистхилира кегийнах.

— Дики, дера ваха хьо гIоза, бабийниг! ХIинца ахь со хьайн машенца эвлайисте больнице ца йигахь, вайн йоI яьхьи боху-кх цига, чIогIа лазар а деана...

— Соьга кхузара цхьаннахьа а ма вала-м аьлла.

— Хьан?

— Папас.

— Гена а ма дацара цига. ГIаш яхалур яц-кх со цига. ХIун дийр дара-техь, Бабийниг... ма чIогIа са хьовзийна-кх сан цу йоIа!.. Ма мел хир бар-кх хьуна...

— Хаац. Мовлад ма ду тхоьгахь доьшуш. Со хьашт хир ма ву царна!

— Ас веха хьо хьайн дега?

— Хьайна луъург дехьа.

Хала текхна, юха а керта яхара Хьомсур. ХIинца гIийлла рагIу кIелхьа динчу цIийнан кор туьйхира цо.

— Мила ву и кор деттарг?!! — дарвелла, араиккхира Шаьхьтимир.

— Шаьхьтимир, со яра хIара-м, — хьастаелира Баба.

— ХIун боху ахь, Хьомсур?

— Вайн йоI йиги боху чIогIа лазар а деана, больнице, со цига дIакхето Дики ваийта йиш хир яцара хьан? Минотехь а Iийр вацар-кх иза.

— Дики ас Дехьа ирзера молла Бакар валон вахийтина-кх.

— Дера, эцца урамехь лаьтташ ма ву иза хIинццам!

— Ву-у? И бохург хIун ду? Дики-и!!!

— ХIов-ов?

— Ой, ас хьоьга Бакар-Молла валон гIо ца элира?

Хьий, дера гIо хьуна дела оьгIаз, йовсар! Чехка гIой схьавалавел и кху минотехь!

Баба кхин тергал а ца еш, Шаьхьтимир сихха юха чуиккхира.

Керта баьхкира мовлад доьшучу кхайкхина цхьацца лулакертара зударий. Церан бIаьрг кхийтира ргIу улло хьийзачу Хьомсурах.

— Хьомсур яц и дIогарниг?

— Дера ю.

— Вала-алай, сан нана елахьара тоххарехь елла хир яр-кх иза.

— Шен юх а текхош схьакхаьчни-ц, цIахь ца Iаш.

— БIе шо кхачча доллуш а ю, сеса санна гуттар йолаелла а ю.

— Амис дIабахьар ма бара цунна и чорпин кад, кхуза схьа ца гIиртича а.

Керта баьхкинчу зударийн гIовгIа хезна, дуьхьалъелира Ами.

— Вай, шу дахка марша! Хьа-хьа-хьа! Схьадаьхкина шу? Схьадуьйла, чоьхьа довла. Ца оьшура хIумма а ян гIерта а. Хьа-хьа-хьа!

Юха а шега цаI ала тIейогIу Хьомсар а гина, зударшна тIаьххье сихха чуиккхира хIусамнана.

Текхна-а ураме аьлла, машен-хIума ца Iотталур-те, бохуш, лаьттара баба. Цхьа хан яьлча, Бакар-Молла валон ваханарг а схьакхечира.

— Дики-и, хIинца ван йиш хир яцара хьан? — чIогIа хьастаелла тIеяхара йоккха стаг, молла машен чуьра охьа а боссийтина.

— Бензин кIезиг ду-кха сан, Баба. Гой хьуна леташ болу цIен чиркх? Мовлад дешна даьлча баккхий нах а ма бу сан цIа кхето безаш.

ЧIогIа са гатделлера йоккхачу стеган. Кху керта хьийзарх кхин шен гIуллакх хила ца доллий хиира. Цхьацца ког боккхуш, техкаш Iаьржачу урамехула хьала, меллаша больнице йолаелира иза. Мохо идош, тIаьхьа кхоьхьура ШаьхьтимиргIеран кертара мовлад доьшучеран аьзнаш...

КАРПАТАШКА БИЛЕТ

ХIурда уллохь садаIа йисина хан жимлуш лаьттара. Иттех шарахь вевзаш хилларг санна, уллора тарвеллера Рамзанна шеца цхьа-ши кIира хьалха цхьана номер чу нисвелла Сергей Александрович.

— Билеташна хIинццехь гIайгIа ца бахь, тIаьхьа атта нислой а хаац. Отпуск дIа ялале цкъа Карпаташка сайн нана йолчу кхача дагахь а ву со. Иттех шо а ду суна иза ганза, — дийцира Рамзане цхьана сарахь накъоста.

— Го дер-кх. Муха Iавелла хьо иттех шарахь хьайн нана а ганза? — магийра кIанта Сергей Александровичан Iалашо. Ханна иза шел воккха а, хьаькамашха стаг велахь а, цхьанадаьхначу деношa цаьршиннан уьйр а, амалш а, Iалашонаш а, дIатарйинера.

— Ца гIахь вер вац. Йола бахарх со волчу, Целиноградe Iен дIа а ца йогIий иза-м, со шен цхьаъ бен воццушехь...

Iуьрре араваьлла, Сочехулий, Адлерехулий лелла, сарахь, веза а веш, юха веара Сергей Александрович.

— Нислур дарий кхузахь лартIехь гIуллакх?!! Кеманна билет ца нисдели-кх, йоккха стаг йолчу ваха. Поездаца вахча, хенахь дIа а кхочур вац, балха тIе хьеваларна кхерам а бу. Целиноградe билет ийци-кх кхин дан хIума а ца хилла!

"Дера кхочур вара хьо цхьа ши де хьалха кху пансионатера дIавахча-м", — ала дог хилира Рамзанан, делахь а, шена дика хуур-кх кхунна, аьлла хIумма а ца олуш Iадда Iийра.

Ши де а делира цул тIаьхьа кхин цаьршиммо вовшашка новкъа валаран гIуллакх ца хьахош. ХIундда хиллехь а, чIогIа гIайгIа хиллера Рамзанна иттех шарахь шен цхьаъ бен воцу кIант а ганза Карпаташкахь ехачу йоккхачу стеган, шена иза мила ю а ца хуъушехь, я кхул тIаьхьа а хуур ду ала меттиг а боццушехь.

— Кавказера анекдоташ кхачий хьан? — вистхилира Сергей Александрович цу сарахь, шаьшшиъ дIавижа кечлучу хенахь.

— Кхачий, — шийлла жоп п делла, цIеххьашха цкъа хIума дагадеара Рамзанна. Цхьа шира дийцар дуьйцур дара ас, хьуна лаахь...

— Схьадийцал, делахь, — ладогIа кечвелира накъост.

— Мацах, ширачу заманчохь, мостагIех летта, гIора а кхачийна, тIуьначу, боданечу лаьмнийн воршашкахь гIийла бохкуш хилла нохчий. Токхе аренаш сутарчу мостагIчун ардангаша дIалецна хилла. Мацалла ца бала гIерташ, бала хьоьгуш лаьмнаш юьккъе левчкъинарш а хилла.

Майра а, доьзалш а, гергарнаш а берраш тIамехь хIаллак а хилла, веккъа цIена цхьа кIант кIелхьара ваккха гIерташ, гIора ма-дду тийсалуш йоллуш хилла, Кебила цIе йолу цхьа миска.

Кондаргаш дIаяьхна, цхьа ирзун кIажа а цIанбина, наха сагIийна беллачу шина IахарХ гIехь жа а долийна, ша мангал хьокхуш, ша талла оьхуш, халла онда ваькхкхина цо и шен кIант. Цунах жима стаг хила волавелча, зуда ялийча чохь Iен хIусам хир яц-кх цунна, аьлла, цхьа оти тайпа а йина цаьршиммо, тоьли чуьра схьа а даьлла.

Андаваьлла кIант. Зуда а ялийна. Йоккхаеш, гIадъяхана хьийзаш Кебила а хилла. Дерриге а жа дIадоьхкина, кIантана тIехаа диканиг дин, юькъах дехка

герз, несана совгIаташ а эцна. И дерриге а нисдан гIерташ, шен могашаллех яьллехь а, Кебилийна шел ирс долуш стаг хеташ ца хилла.

Йоккха хан ялале, гIелъелла, кIелйисина нана.

"Цо еттачу йовхарша гIад а, амал а дохийна-кх, тоьли чохь аттахо а хир ма дара цунна Iен, кху чу гIертачул", — къамел долийна несо шен цIийнадега цхьана хенахь. Вукхо дуьхьало ца йина зудчо долийначунна. Несана ша новкъа юй а хиъна, марнана ша яхана тIуьначу, шийлачу, масех шарахь дIатесна лаьттинчу тоьли чу.

"Юург кховдийний ахь нанна?" — хоттуш хилла кIанта наггахь шен зудче.

"Кховдийнера иза-м!" — тIечевхаш хилла зуда, амма дукхахьолахь "йицлуш" хилла и дан. КIант ша кIирца цкъа-шозза бен хьожуш а ца хилла нана Iуьллучу чу.

ТIееана гуьйре. Деттадала доладелла Iаьнан хIо а. Юучуьнца гIело хьоьгу Кебила халла хьалаайъалой, хьуьнах йоьдий, цхьацца стом а, орамаш а, гIаш а лехьон йолаелла. Цхьаерш якъаялийта, малхе йохкуш а хилла, шена Iанна дIаяхка.

"Ешап хилла хьан ненах! Сарралц хьуьна юккъе а йоьдий, дIовшен бецаш лехьаеш лела! Молханаш яон гIерта хьуна, со къахьъялийта. Со ца Iало кху хIусамехь! Со хьерйоккхуш лаьтта цу ешапо!" — карзахъяьлла хьаьвзина юха а нус. КIант а хан-зама мел ели жимма шен зудчун шакарехьа воьрзуш хилла.

Цхьана сарахь елаелла, екхаелла, кIанттий, нуссий долчу чу еана нана.

— ХIара комарш якъийна ас вайна. ХIорш кхехкийча, кхеран хи мел мерза а, дарбане а хуьлу хаьий шуьшинна?..

Вовшашка хьаьжна зудий, майрий. "Гой хьуна, бакъ хиллий ас баьхнарг?!" — хилла зудчун бIаьргаш чохь. Майра вист а ца хилла. Чуьра марнана арайоллушехь, цунна а хезаш, ластийна баьхьна, мангалан коммарш чуьра кхийра кад арабахийтина несо.

Лаймнийн баххьашка ло тесна, тIегIоьртина шийла Iа.

— "Со ца Iало хьоьца кхин, кху кертахь и ешап мел ду! Сан са дуу цо хIора сохьтехь а! Суна пал тесна, хIуманаш хуучу стага. И ешап дийна мел ду, сан са паргIатехь хир дац боху. Ей дIаяккха иза чу а гIой, легаш а Iовдий!" — тIеттIа карзахъяьлла зуда.

Цо бетта мохь хезначу нанна гIайгIа хилла: ма атта хир дац-кх сан кIантана со ен. Йийча а, тIаьхьа дагахьбаллам хила мега-кх цунна. Цул а, ас айса юьйр, хорам а бина... ХIан-хIа. ТIаккха а со дIаюллуш а къахьега деза цуьнан. Цул а, дIагIор со хьуьнах, акхарошка яийта... ХIан-хIа. ТIаккха а, наха бехк билла мега цунна, шен нана араяьккхина аьлла... Везан дела, хIун дер-те?.. — холчахь хьийзаш хилла цу деношкахь Кебила.

КIанта тIаккха терго ян йолийна шен зудчо лелочун. Хиъна, цо шен нанна цкъа а яа хIума хьош ца хилар.

Шен нанас гехь деана дечиг а, дададой схьа а дохьий, шаьшшиъ долчу товханчохь дагош хилар. Цо шовдан тІера деана хи а, ша тІекхочехь хилахь, Іанош хилар.

И дерриге а ма-дарра хиъна кІант чІогІа холча хІоьттина. Ма-дарра гина шен ненан собар а, дикалла а, шен зудчун йилбазаллаш а, волла а.

Цу буса карладевлла кІантана ша кога-ирахІотто гІерташ, нанас мел лелийнарг. ХІинца, шех ондда стаг хилла ваьлча, нанас шеца лелайо, элий хьеггал йоккха оьздангалла, мел боккха лам башшал собар, дикалла!

Мела хиш дуьйладелла ша Іуьллучахь кІентан бІаьргех охьа. Мокхаза тарх хилла, легашка гІоьртина шад. Іийжачу даго карзахъевллачу ойланаша са хиллалц набаран суй ца байтина цуьнан бІаьргашка. Ойланашкахь дуьхьалтуьйсуш хилла кІантана ша кхана Іуьйранна шен нана йолчу чу муха гІур ву бохург. Муха мара юхкур ю ша цуьнан иръелла букъан даьІахкаш, муха воьлхур ву ша, цуьнан кара шен корта а билина! Муха дехар ду шаьшшиъ, и зудчун-алмаз кертара а даьккхина!

Корех чу син билгало ма къаьстти, хьала а иккхина, дІахьаьдда кІант шен нана йолчу тоьлий чу. Амма цу чохь аддам а ца карийна. Ара а ваьлла, мохь тоьхна кІанта нене, дуьхьал аддам а вист ца хилла. Кхеравелла, шен чуьра ма боллу мохь аьлла кІанта. Шелоно гІорийначу генарчу а, уллорчу а лаьмнаша эзар арз дина схьададий: "Нана... нана... нана... на!.." Дуьхьал хІумма а дист ца хилла. Хьун чу йоьлхуш

ларш гина, цу лорах дIахьаьдда кIант, амма и ларш а цхьана чехкачу хи уллохь дIаяйна.

Амма хIинца а го цхьаццанна лаьмнашкахь верриге а вала а ваьлла, шен нана лоьхуш лела кIант а, едда яханчу ненан Iорачу когийн лараш а. Цкъа мацца а и шиъ вовшахкхета дезаш ду боху, и гIуллакх ма-дарра хуучара. Цу дийнахь дIаяла декхар ду боху вайн дуьнен чуьра харцо а, гамо а, зен а...

Кхин цхьа хIума а ду тхан нехан олуш: къаьстина лелла, хан а яьлла наний, кIантий вовшахкхетча, стиглахь кхин а цхьа керла седа гучуболу...

Сергей Александровича хIумма а ца элира Рамзана дийцинчу ширачу дийцаран хьокъехь. Амма цунна хиира, мацца а шена наб озош а и сема хилар.

Сергей Александровича Рамзанан Iодика ши де хьалха йира. "Билет хийцина ас. Цкъа Карпаташка бIаьрг а тоьхна гIор со Целиноградe", — къежира иза цунна.

СИЛОСАН ХЬОЖА

— ХIей, йоI, бехк ма биллалахь суна, амма хьо мила ю ца хиъча, Iалуш вац-кха со!

— Боккъала а бохий ахь? Дукха хан юй хьо ца Iалун?

— Цхьа пхи минот хьалха, хьо суна трамвай чохь гичхьана.

— Дукха хан дера ю иза-м.

— Сих ма лохьа, Делан дуьхьа! Жимма собар дан йиш яц хьан?

— Яц, накъост. Хьайн новкъа дIа гIохьа, суна тIаьхьара дIа а валий!

— Ма къахкавехьа со дийна делккъахь. Хьан куьце хьаьжча-м эр ма дац хьо иштта кIоршаме стаг ю. Къа ца хета хьуна сох? Хьан багах цхьа-ши хаза дош ца далахь, хIокху кIиранчохь а наб кхетар яц-кх суна.

— Ши дош-м ас хозуьйтур ду хьуна хIинцца, хьо тIехвалахь...

— Алахьа, сан диканиг. Хьайн цIе а ала, хьо мичара, мила ю а ала. Ас а вуьйцур ма ву хьуна со.

— Ца оьшу. Баркалла! Iалур ю со ца хиъча а.

— Ма алахьа иштта. Хьо-х цхьа хаза, куц долуш, тайна, безамехь стаг ю. Со а вац башха гIаддайна а. Со вовза ца лаьа хьуна?

Лорре кIанте хьожу йоI шена и дешнаш хезча. КIант ван а ву безамехь стаг. Оззачу аматехь, нийса юьхь-сибат, къежаш ши балда, хIилланех богу ши бIаьрг, лекха, куьцехь дегI. КIантана хаа а луш, юха йолу йоьIан ойла. Амма йист ца хуьлу. ХIинццалц санна сиха дац цуьнан болар. Аьхкенан сеналло буькъначу готтачу гIашлойн новкъахула товш догIу къона ши стаг. Ела а къежий, йоIа олу:

— Ша-шен хестор хаза доций ца хаьа хьуна?

— Ас хIун де тIаккха? Хьо едда дIаяхча, суна хьо мичахь карор ю юха? Хьо мила ю, мичахь Iа хиъча-м,

ас захалу дийца нах бохкуьйтур бара шуьга. Цара хестор вара шуна со. Ткъа хIинца сан а къа дац айса мукъане а ца хастийча?

ЙоI йист ца хуьлу. Цунна улло хIоьттина вогIу ша новкъа хиларх кхета хIинца кIант.

— Со цIа кхочуш лаьтта. Iодика е вайшимма? Хаза дац тхан лулахошна гахь а.

— Мегар ду. Ткъа вайшиъ юха маца гур ду?

— Хаац. Иза сох доьзна дац.

— Ткъа хьанах доьзна ду иза?

— Тховса цIа а гIой, наб кхетий хьажа хьо, нагахь ца кхетий — юха вогIур хьо.

— Мича? Маца? ЦIе мукъане хIун ю хьан?

— Хаа лаахь, хьайна хуур ду хьуна дерриг а. Iодика йойла!

— Ой! Ма гIохьа иштта дIа! ХIай, йоI, хезий хьуна?

ШоллагIчу дийнахь, делкъал тIаьхьа, сарралц лардира Iусмана йоI чу яхана ков. Амма иза цхьаний дас а меттах ца хьадира. Цхьа мокха цициг-м делира цу кертара ара, амма иза а кхунах ца дешаш санна, цIога а айдина, лулахошка дахара.

КхоалгIачу дийнахь а ца карийра кIантана йоI. Цул тIаьхьа вар ца нислуш кIира делира.

— Мила ву оцу баьццара ков долчу хIусамехь вехаш? — хаьттира кIанта цхьана дийнахь церан лулахочуьнга.

— Марья Ивановна бохуш цхьа йоккха стаг ю-кх, гIехь къора а йолуш, — жоп делира лулахочо.

— Ой! И бохург хIун ду? Цхьа хаза нохчийн йоI ма яхара цу чу цхьа кIира хьалха-м, — цецвелира Iусман.

— А-а! — Иза-м цуьнан квартирантка Таиса ярий, кооперативни училищехь доьшуш а йолуш. Иза дIайигира хьастагIа, машенахь тIаьхьа а баьхкина.

ДIаоьхура денош. Iусманан ветеринарни курсаш а чекхъевлира. Шен лаьмнашний, бежанашний юккъе вухавеара къона фельдшер.

Къегина кхеттачу аьхкенан малхо эсала хьоьстура сийна Iалам. Цаьпцалгийн бен гIовгIа ца хезаш, таппаьлла тийна дара лаьмнашкахь. Леккха стиглахь ши тIам дIаса а баржийна, гонаш дохура аьрзуно.

Iуьйранна шура яьккхина девлла хьелий дажа лаьхкинера. Хьелийозархой садаIа чу баханера. Цхьана гу тIехь, цана а ягош, аркъалваьлла Iуьллура Iусман. БIаьргаш дIабиллича а, дIахьаббича а дуьхьалара ца долура гIалахь евзинчу йоьIан сурт. Синтем байна, шен накъостех а херлуш лаьттара фельдшер. Балха тIехь а, цIахь а, хIумма а дан керах ца долура. ХIинццалц ша забарш еш хилла Асет а ца йора кIанта-м тергал. ГIалара вуха веъчахьана Iусманан хийцавалар хааделлера йоьIан дагна а.

Асет, забарна а доцуш, холчу яханера. Кхуо шен дагахь хиндолчун суьрташ хIиттон дуккха а хан яра. Моьттура, Iусмана шега ен забарш забарна еш яц.

Iехаеллера самукъане, куьцехьчу кIантах. Гуттар а дагахь лаьттара цхьа аьхкенан юьххьера суьйре...



Сингаттаме хуьлу ломахь дохк хьаьрчича. Дикка лаьмнаш девзаш воцург тила а герга долуш, ирча хуьлу. ЦIеххьашха, тешнабехкаца хьаьвза дохк, мичара ели ца хууш, цхьана Iин чуьра хьала а йолий.

Хьелий лаьмнийн дежийлашка хьаладаьхна хан яра иза. Шен дена тIаьхьа яахIума эцна яханера хIетта ферме балха еана Асет. Ломарчу фермера дIа генахь дацара дажош долу хьелий. Асет самукъа а долуш, едда яхара цига ша дIайоьдуш. Амма иза схьа ян яьлла хир ю аьллачу хенахь охьара хьала шийла мох а баьлла, цу мохо ядийна дуькъа дохк деара.

— Собарде, сих а ца луш, дIаяха хуур дац хьуна, — элира дас, — со вогIу хьо дIаэцна, сайн накъост схьа а кхачийтина.

— ХIан-хIа, Дада, хуур ду суна. Сайна ца хаахь, ас мохь тухур бу хьоьга. Гена ма дац суна, нийсса чу яхчахьана, — ца къаръелира йоI.

— Собардехьа, сих ма лохьа! — тIаьхьа мохь беттара дас, амма Асет, едда, басах чу тилира.

Генна чуеара йоI, шен хьесапехь хIинций-хIинций фермаш йолчу кхочу ша бохуш. Амма дIакхаьчна ца йолура. Дог деттадала дуьйлира. Кхераеллачу йоIа шен доггах чIогIа мохь туьйхира.

— Дада-а-а!

Дуьхьал аддам а вист ца хуьлура. Асет елха йолаелира. Шен ког ма боллу сиха басахула юха хьалаедира иза. ТIуьначу дахкаро шелдинера Iора пхьаьрсаш, настарш.

— Воо-о Дада-а-а! — Юха а доггах мохь туьйхира цо. Iалам чIогIа къорадаьлла, дIатийнера. Цхьа а тайпа гIовгIа яцара цхьана а меттехь хезаш. Iаржъяла а дукха хан ца йисинера. Цу сохьта тIунъеллачу юькъачу бацо мачаш а, ши ког а хичу Iоьттича санна тIадийнера. Наг-наггахь баца юккъера хьалаэккхий, тIема долучу мошано а чохь мел долу са дIаоьцура.

— Дада-а-а! — юха а мохь тухура кхераеллачу йоIа. Амма дуьхьал цхьаммо а жоп ца лора. ЙоI юха а едда басах чу еара. КхидIа некъ бан ца хIоьттира иза. "Хьанна хаьа, со генна харцахьа дIагIертахь, лаха

арабевллачарна а карор ма яц со", — ойла йира Асета. ХІетта цуьнан бІаьрг кхийтира стохка бина лаьттачу элан холанах. ТІеяхана, йоІ цунаха ийзош элаш схьаяха йолаелира, ша тховса йисахь а, цу юккъехь буьса яккха, аьлла. Дукха хан ялале хІара цу ша бинчу бенна чу юьйлира. Кху юккъехь йовха яра.

ГІехь хан яра, йоІа хІун до-те хьоьжуш, цунна тІаьхьаваьлла Іусман лелаш волу. Доккха самукъа даьллера кхуьнан Асета динчух. Хала са деттара, вела ца вала гІерташ.

— ХІе-ей нах! ЦІахь дуй шу? — мохь туьйхира кІанта холийна улло а веана. И аз хезча, хазахетта, литтана кІелхьара пхьагал санна схьаиккхира йоІ. Елхар, елар цхьанаийнера хазахеттачу йоьІан.

— Чу вуьтий аш? — юха а хоьттура Іусмана.

— ДІавалахьа дІа, — хьовзаеллера йоІ, дІагІо вайшиъ сихха. Сан хьелий а ма ду оза дезаш.

— Суна-м ца хаьа, стенга ваха веза. Хьуна хаьий? — боккъала, а шена гІайгІа хиллачуха-ан хаьттира Іусмана.

— Ой! Ткъа хьо муха кхаьчна кхуза?

— Суна-м хаац. Дукха хан ю со тилла лела. ХІинца хьоьца кху холина юьккъе а воьлла, дохк дІа даллалц собар ца дахь, сан-м дац дан хІумма а. Буьйсанна дохк дІадалахь, фермера чиркхаш гур ду, тІаккха тІегІур дукха...

Йоl кхуьйлира. Чlогlа гlайгlа хилира кхунна фельдшеро дуьйцучух. Жимма хан яьллехь, хlара юха а йоьлхур йолуш яра. Тlаккха кlанта элира:

— Дика ду делахь, хьо хьайн холийна юккъе а гlой, со юхаваллалц lадда lелахь, кхин меттаха ца йолуш, со некъ а лехна, сихха схьавогlу хьуна.

Йоl резахилира.

Минот а ца елира lусман юха кхача. Яккхий гlовгlанаш хезира холийна юккъехь lачунна. Холийна улло баьхкинера фермехь мел болу белхалой, зоотехник а, учетчик а цхьаьна. Уьш буьйлуш кlажоьхура. Асетан нийсархойн бlаьргех-м хиш девллера, дукха бийлина. Мацца а бен ца кхийтира йоl хиллачух: хlара юккъе лечкъинарг фермина хьалхха лаьтта хола хиллера, ткъех коr баькхкича хlара тlе а lотталур йолуш...

Цу сарахь дуьйна вовшашка делалой, забарца бен дист ца хуьлура йоlлий, кlанттий. Бlаьргаш чохь къега дуьйлира безаман суйнаш...

* * *

— Хьо стенна лела, кlант, садаьхьча санна? Мангална гlайгlа биний ахь? — тlечевхира кlантана да цхьана дийнахь, хlара ламтlера цlа веъча.

— Бина. Хlинццалц а ас беш бац иза? — хадийра кlанта ден хаттар.

Да шек вара кlентан хийцаеллачу амалх. Цу сарахь элира цо шен хlусамнене:

— И кIант моханаш кхехьийта волавелла. Цхьа гIайгIа ца бахь, бер бац цунна. Юй хьуна хууш, цуьнан ойла летта цхьан а сте хIума кху эвлахь?

— Хаац. Хоттур ду ас, — элира хIусананас. ШоллагIчу Iуьйранна лома ваха говрана нуьйр туьллуш воллучу шен кIантана улло яхара нана.

— Вати, хьо жима а вацара хIинца. Армера а хьо цIа веана, балхахь волу а ду ши шо гергга. Кху гурахь цхьа гIайгIа бе вай хьуна?

— ХIун гIайгIа? — ша цакхетачуха хаьттира кIанта.

— Яц кху юьртахь цхьа мего йоI, хьан даго къобал йина?

— Яц, нана.

— Муха яц? Шуьца балхахь йолу доярка Асет вон йоI ю? Царна лулахь Iаш йолу хьан дейиша-м иза хестийина а ма ца йолу! Вешан ирс ма дара вайн иза хьоьга еъча-м.

— Ма хьехаехьа соьга, нана, и Асет а. Тоьар ду вайна со цхьаъ фермехь балхахь хилча а. ХIинца цуьнга а и силосан хьожа кху керта йоллийта гIерта хьо?

Говра а хиъна, нана ша лаьттачохь а йитина, кех иккхира Iусман...

Цхьана хенахь мангалан хан а чекхъелира. Бина боккха элан ши хола дIахIоттийнера Iусмана.

Къилберчу Ира Лам олучу ломана буьххье ло теснера. Iуьйранна а, суьйранна а цунна уллешха схьахьоькхучу шийлачу мохо денна схьахьедора кестта даьхний лам тIера чулахка дезаш хилар. Де-дийне мел

дели мажлуш лаьттара хьаннаш. Къилбехьа йирзинера гIаргIулийн раьгIнаш. Iусманан дог-ойла-м охьенгара ца йолура. Буьйсанна ломара охьахьожий, кхунна къаьстара генарчу Грознин, кхечу яртийн серлонаш. Вехха Iара цаьрга хьоьжуш. Цхьанхьа-м хила езаш кхуьнан йоI яра.

Бежнаш аренашка охьадаьхча, отпуск елира Iусманна. ШоллагIчу дийннехь Таисин адрес лаха, цо дешначу училище вахара кIант. Хиира, иза гIалина гена йоццуш цхьана поселке балха хьажийна хилар. Кхин цIа ца воьдуш, гIалахь буьйса а яькккхина, шоллагIчу дийнахь такси а лаьцна поселке вахара. Ерриге а туьканаш йиллина яра. Хиира кIантана, шен даго лоьхург кафехь, буфетехь болх беш хилар.

Кхиссалуш, карзахдуьйлура Iусманан дог кафена улло кхочуш. Меллаша, тебна-а велира хIара адамех йоьттина йолчу кафе чу. Чу ма воллу дIа бIаьрг тоьхча евзира кхунна шен Таиса. Иза тIетаьIIина мах беш йоллура. Пивонна рогIехь кхо-виъ стаг лаьттара. Царна тIеххьа дIахIоьттира Iусман а. Лерина хьоьжура иза йоьIан логе, хьаьрсачу месашка, хазчу бIаьргашка... ТIекхечира кхуьнан ргI.

— Вам что? — хаьттира йоIа.

Iусман вист а ца хуьлуш лаьттара. "Ца вевза-те со кхунна?"

— Хьуна хIун еза? — юха а хаьттира йоIа.

— Пиво доттахьа цхьана куршки чу. — Юьстах а ваьлла, охьахиира Iусман. Пиво дIамеллачул тIаьхьа

гуттар а карзахъелира кхуьнан ойла: "Хlунда ца вевзи? Хетарехь, со цкъа а дага ца веана хилла-кх кхунна? Со воцуш санна Iийна хилла-кха хIара?" Схьаяьккхина, бага цигаьрка йиллира кIанта. Жимма хан яьлча, тосаделира кхунна, йоI кест-кестта ша волчу агIор схьахьожуш хилар. ТIевахара, иза кIеззиг мукъаяьлча.

— Таиса, — цIе яьккхира, Iусмана, — со дага ца вогIу хьуна?

— Цхьаннах тера-м хета суна, — элира йоIа, ела а къежна.

— Сан къамел дара хьоьга дан дезаш. Хьо мукъа маца ер ю?

— ХIинцца, цхьа сахьт даьлча обедана дIачIогIур ю оха кафе. ТIаккха ер ю-кха.

— Дика ду, Таиса со хьоьжуш Iийр ву хьуна.

ДIадийцира Iусмана шен даг чохь Iаьткъинарг. ДIакховдийра йоIе мерза безам. ЙоIа ца къахкийра кIентан шега схьакхийдо тешамен некъ. Бакъо елира юх-юха а ша йолча кхача. Доллучу а дуьненан да шех тарвелира кIантана. Наггахь суьйре а ца йолуьйтура йоI йолчу ца кхочуш. Кафехь Таисица болх бен мехкарий а бевзира кIантана цхьана хенахь. Цхьа кхин хIума а хиир кхунна: Таиса — жеро хилар. Амма шеллучуьра яьллера кIентан де-дийне мел дели карзахъюьйлу ойла. Таисех къаста деза бохург кхуьнга тIелацийта онда ницкъ безара. Амма цхьа ойла йогIура коьрте. "Ша ядийна хилча, баттахь гергга марехь Iийна а хилча, схьа хIунда ца дийцина?" ТIаккха и тайпа ойла къахкайора

кхечо. "Ас хIинццалц сайга йола аьлла а ма дац. Аьлча эриг хир дай цо иза-м".

Тховса хан йиллийтар хьахон ойла сецира Iусманан.

— Таиса, — дIадолийра кIанта шен къамел. — Вайшиъ девза а хIинца гIехь хан яьлла. Со вер вуйтехьа гуттар хьох хьоьгуш лелла, буьйсанна наб ца еш, хьо дага лоьцуш, даккхий синош дохуш лелла? Вайшиъ со вехачу хIусаме хьалакхелхича хIун даратехь? — ЙоI йист ца хуьлура. Меллаша ког боккхуш, охьа а таьIна йогIура йоI. ХIара ехачу куьпа дIакхача генна некъ бара. Кху шина кIиранна чохь массийтталгIа догIура хIара шиъ ул-улло хIоьттина. Iусман хьегна ца волура йоьIан куьцах. Юткъа гIодаюкъ, лекха накха, схьаетталу тайп-тайпана косметикан хьожа.

— Ой-хIай! Хьо стенна йоьлху? ХIун хилла хьуна? — Шен дагахь чIогIа гIадвахара кIант и хиш гича. Цара тешийра йоьIан оьздангаллех. Кхетайира шена кхунах лаьцна дерриге хууш хиларх...

Доггах тIевирзина, — хан йиллийтира...

Шо гергга хан елира цул тIаьхьа. Iусманах дог диллина яьлча маре яхара Асет а.

Керла кхоллабеллачу доьзалехь, схьагарехь, барт а, ирс а лаьттара. "Дедал хьан, Iусман, нускал-м хазаниг далийна вай", — олий, шега несарша дIаса забар йича, чIогIа гIадвоьдура кIант, багах: "ДIадевлла дIа", — олий оьгIаз воьду сурт хIоттадахь а. Аьттехьа а юьтур яцара къоначу майрачо шен хьомечу нускалах вала

дезар ду боху ойла. Ца хьоьхура даго хIун совгIат кечдина хилла кхолламо.

Иза дара сентябрь беттан довха, токхе де. ГIалахь, базарахь цхьацца эца езаш хIума хилла деанера Iусманний, Таисий. Делкъахь хIума кхалла кафе чу деара хIара шиъ. Таиса даьссачу стол тIехь хиъна а йитина, рогIе хIоьттира Iусман. Кхунна тIаьхьа ргI лаьцна лаьттара цхьа жима ши стаг.

— ДIо-о хиъна Iийриг гой хьуна? — хаьттира цхьаммо вукхуьнга.

— Го. Мила ю иза?

— Дикка хьажал хьо. Евзар ю хьуна.

— А-а-а!!! Стохка мотелехь... Вспомнил! Дедал, ма сакъийрира вай. Цуьнца хилларг а яра хьуна могаш стаг-м!

— Кху чохь хIун деш ю-техьа хIара? Цхьаъ хир ву цуьнца. Маре яхана бохуш дуьйцуш а ма дара хIара.

— Маре яхарх-м шена Iеминарг дуьтуш яцара иза. Цхьа ши кIира хьалха а хааелла суна иза цхьана накъосташца "жигули" чохь хехкалуш.

ЦIе кхерстинера Iусманан дегIах. Цкъа дага деара кхунна и ши накъост ара а ваьккхина, цаьршиннах летта-летта догбIаьрг Iабон, амма сатуьйхира. Деш дерг ойла йина, къаьсттина хила дезаш дара. РогIера юьстах а ваьлла, важа ши накъост пиво мелла валлалц собар а дина, цаьршинна тIаьххье аравелира Iусман.

— Накъост, собардел цкъа.

— Схьадийцал!

— Бехк ма биллалаш, цхьана хIуманах дага вала воллу со шуьшиннах.

— Мегар ду.

— И цхьа жеро еанера тахана суна кара. Шуьшинна иза евза моьтту суна. Цуьнга эвххьаза хIума дIахьахон ца хIуттуш Iара со. Муха хета шуьшинна, урхана чIогIа-м яц иза?

— Урх-мурх-м хаац, — къежира царех цхьаъ, ахь дIаабллачунна чIогIа муьтIахь стаг ю-кха иза. ТIетаыIина къаьркъа молуш а ю, сакъоьрур долуш а ю.

— Дика евзий-техьа шуьшинна иза?

— Дера евза-кха, кху гIалахь доьшуш йолуш "Красотка" бохуш подполни кличка а йолуш лелаш йолу а, цул тIаьхьа буфетчица болх беш мел йолу а-м. Тховса карара ма ялийта ахь, дукха бу хьуна цунна го туьйсуьйтуш-м.

Ши накъост дIавахара. Iусман лаьттара воьхна, бос баьхьна. ТIехдуьйлу адамаш, лекха гIаланаш, хеххалу машенаш, дитташ, тIеIийжа малх — дерриг а дуьне шеца гамделла, шех кхаьрдаш хетаделлера кхунна. Аддам а вацара уллохь дог эцан, гIо дан. ХIинца шатайпа маьIна эцнера тIаьхь-тIаьхьа зудчо лелош тосалучу хIуманаша, цхьаболчу наха ечу къедоргаша...

— Ахь хIун до? Хьо ара хIунда ваьлла? — ТIеара Таиса. Iусман леррина хьоьжура цуьнан бIаьргаш чу. Уьш уьдура. Цу минотехь оьгIазвахар алсам даьлла, гIехь хан елира майра дуьхьал вист ца хуьлуш. ТIаккха элира:

— Ахь хIун дей, "Красотка", — и дош хезча Таисин бос баьхьара, кхераелла, юхаиккхира, — цхьаъ ван а ваийтий, хьайн коч-моч дIахьур ю ахь со волчуьра. Кхин со вехачу юьрта аьттехьа ма йоьллахь, ас легаш Iаьвдина юьйр ю хьо...


Таисин бIаьргех хиш девллера. Уьш тера дара стохка гурахь девллачех.

"Маржа яI, суна уьш тIаьхьа девзина", — ойла йора Iусмана. Юьртахь муьлххачо а дог оьцур дара Iусманан, шена хилла юьхьIаьржо дIайийцича. Иза хаьара кIантана. Цундела, кхузахь хIара жимма пергIат вара. Къинхетаме хьуьйсура гуьйрено маждина лаьмнаш а. Амма хIусамехь даьсса дара. Чуваха дог а ца догIура. Ойла карзах йохура чохь лаьттачу ша-тайпанчу IатIаринний, мазинний хьожано. Таисин хьожано. Ма дукха дIалур дара кхо хIинца цу чохь йогIуш ерг силосан хьожа хилийта...

ХЬЕДЕЛЛА БIАЬРХИШ

Лаймнийн басошкахь Iохкучу дуккха а кегийчу ярташкахь санна, кху юьртахь а дара чуьра нах дIабахана, дIатийсина цIенош. И тайпа, дечган пIендаргIашца кор-неI а къевлина, кертахь лекха бецан къух а даьлла лаьттачу, мацах дахар кхихкинчу хIусамех бIаьрг кхетча цхьа ша-тайпа вас хуьлу дагна. "ХIунда бахана-те доьзал дIа? Муха нисделла-те церан

дахар аренгахь? Аддам а вуйтехь кху керта юхаван?" — ойланаш хьаьвза коьрте.



Юьртахоша хи эца, тогIи чу биллинчу готтачу гIашлойн некъана лаккхахь, басехьа а дирзина, шина шарахь гергга лаьттира чохь аддам а ца Iаш, дIатийсина цхьа готтий, цIечу кибарчиган тхов болу, дуккха а хан хьалха дина цIенош. Цхьана аьхкенан дийнахь меллаша, башха нахана хIун ду а ца хууш, кор-неI а даьстина, цу чу юхавеара хIара хIусам дIатесначех цхьаъ. Кху чу стаг схьакхелхинера аьлла башха хийцамаш а ца хилира кертахь. Ша ма-хиллара, хьокхий дахкаделла, гараяьллачохь лаьттара бешана гонахьа йина керт. Нехан эсий чу а хьийзаш, яраш а евлла, лаьттара ахаза

йисина беш. Наггахь чохь латочу цIеран туьнкалгехула хьалабуьйлу кIур боцург, хIумма а ца хийцаделира кху кертахь. Хийцамаш бан башха де а дацара цу схьакхелхинчун. Иза яра цу доьзалан нана, къена Хурмат.

Дехачу аьхкенан деношкахь а, сингаттамечу суьйренашкахь а шен чекхдолуш лаьттачу дахаран цхьацца хиламаш дагалоьцуш, ойланаш ян шортта хан яра хIинца цу пекъаран...

* * *

...Уллора марзой а, дехой а, дукхахберш бала а белла, цхьаъ хIетта кога ваханий, важа вахазий волчу жимачу шина кIантаца ша йисинера Хурмат цу уггаре а халчу муьрехь. Верриг чевнаша вара а верина, тIом чекхбаьлча тIам тIера цIавеана цIийнда а шина шаренга бен ца велира. Шен ерриге а къоналла а, дахар а шен шина кIантана тIедоьгIна, цаьршинца доьзна чекхдолуш лаьттара ненан. Воккхаха волчу Лечас-м цкъа а догдика ца динера цуьнан. ТIаьхь-тIаьхьа деша ца туьгура, берех летара, нехан бошмашкара хасстоьмаш идабора. Цхьана юккъехь-м, Iама а Iемана, хIорш бехачу поселкехь мел бина вон болх а кхунна тIе тоттура.

— "Ой! — цецвуьйлура Леча. — Со муха лараво НиколайгIеран корабIаьрг бохо, оццу хенахь ШомсагIеран гIаз лазийнарг а со хилча, КолымкасагIеран кIантана йиттинарг а со хилча?"

— Эхlай, маржа яI-кх, цкъа хьох хlума оззалц мукъа хьан да дийна воцу! — хийлазза олура Хурмата.

— Лечих-м нанна кlант хир воций хаьара тхуна, — олура наха нене. — Хьайн жимаха верг, Хьамзат, дика Iалашве ахь, цо аттачу йоккхур ю хьо.

Хурмат ша а йоккхаера Хьамзатах. Школера цкъа а арз ца кхочура, дика доьшура, вон ца лелара. Тера вацара шен воккхаха волчу вешех. Хьамзат дегlана эгlаза, гlийла а вара. Цунна делахь а, я ша цуо аттачу йоккхур хиларх тешна хиларна делахь а, юург уггаре а мерзаниг цунна хьажайора нанас. Леча-м шен гlайгlа бар нахе кхочуьйтур долуш вацара.

Амма иза шина-кхаа шарахь бен колхозехь балхахь ца соцуш, хаккавелла юха а Казахстане ахча даккха боьлхучу нахах а кхетта, дlатилира. Хьамзат а дашон мидалца итт класс яьккхина а ваьлла, Москва институте деша вахара. Колхозан фермехь хьелиозархочун болх а беш, шен ма-хьуллу цуьнга дешийта гlерташ, тийсалуш йоллура Хурмат.

"Хlумма а дац, Леча дlаваханера бохуш, башха хьайна вас а ма е ахь. Хьан Хьамзат санна кlант хилча-м, хlун хала дара! Кестта цIа вогlур ву, дешна а ваьлла. Тlаккха цхьанхьа лаккхарчу балха гlур ву, хьуна цхьаний хlуманан гlайгlа юьтур яц", — олура юьртахоша. Иза бакъ хир хиларх Хурмат тешна а яра.

Тlекхечира нанас сатийсина Хьамзат дешна волу де. Чекхделира и деха пхи шо. Амма цу аьхка Хурматана ши "кхаъ" кхечира: цхьаъ — Хьамзат кхин а кхаа

шарна аспирантура олучу меттехь деша соцуш ву аьлла. Ткъа важа — Леча машенца авари а йина, ялх шо хан а тоьхна, чувоьллина аьлла.

Хурматана шерра дагаоьхура и денош. Дагаоьхура хIетахь шега наха дийцинарш а: "Эрна дац хьуна ахь хьоьгург. Сатоха ахь. Кхо шо дукха хан а яц". — Хурмат-м садетта а, ладегIа а Iемина яра. Йоьллера вовшех тера догIучу денойх а, буьсанех а. Сатаса дикка хан йолуш хьалагIоттий, кара чиркх а лоций, цкъа божалшка йоьдий, хьелий узура, тIаккха, цIа йодий, шен етт а Iалашбой юха а колхозанаш Iалашдан дIахьодура. Колхозехь уггаре а тоьлла хьелиозархо ю бохуш юьйцуш а яра Хурмат. Гуттара а лозучу пхьаьрсаший, настарший дIахецча-м, шен кхиамаш кхин а сов хир бара олий хетара Хурматана. Вуьшта, жима а яцара хIинца. Шераш кхузткъанга хьалагIоьртинера.

"Мелчу хи тIе юьгур ю ша со бохуш вара Хьамзат, — олий, дуьйцура Хурмата зударшка, — шен кIант хасторхьама, — со ца яхара, бежнаш дIадала стаг а ца хилла..."

Хьамзатана-м, ша аьхка масех кIиранна цIавеъча а дага ца догIура нанна дарба хиндодлу хIума лаха.

Шена схьалучу алапех жим-тIама соьмаш бен шена шекар-чай эца ца дуьтуш, кхидерг дерриге а Хьамзатана дIатосура нанас. Иза иштта хила а деза аьлла Iемина яьллера кIентан ойла.

Хурматан кучамаш а, кхинйолу тIеюху хIума а ерриге а тишъелла хиларал совнаха, цо ша эцна йоцуш,

Лечас цхьацца нхьара посылкаш чохь схьатийсиний, наха елий яра.

Амма ненан уггаре а хьоменига Хьамзата Москвара деана кортали дара. Жимчу берах тарлой, денна бохург санна иза чамди чуьра схьа а оьций, цуьнга бIаьрг бетташ Iара иза.

Дешна вала цхьа шо диссинчу хенахь цIа а веана, ша хIинца зуда ялош ву аьлла етт боьхкина ахча а, нахера даьккхина бIе туьма а эцна, дIавахара Хьамзат. Цул тIаьхьа масех бут баьлча иза шена улло яьккхина, цхьа хаза кечъелла, дуткъо юьхь-сурт долу къона зуда а йолуш, цхьана денна нана йолчу веара. — "Вай-хIай, — шен дагахь цецъюьйлура нана, — неха-м зуда ялийча, кертахь доккха ловзар а деш, зуда дIаерзош, цхьацца хIуманаш а лелош ма хуьлура, бехк-м буьллур бац-техь наха?"

— Иза-м сан накъосташа дIадерзийнера, нана, дерриге а. Цуьнан гIайгIа ма ел ахь, — элира кIанта. — МартантIе, кхуьнан нах болчу а со вахана. Со волччохь, Москвахь, кхушара лоьрийн дешар дешна йолуш ю хIара. Ловзар а оха уггаре а тоьллачу ресторанехь дина. Цунна а са ма гатде ахь.

Хурматан бIаьргех хиш хьаьвддера. "Пекъар, хьайна уллохь дехой, вежарий ца хиларе терра, хьайн кочахь йисина хилла-кх хьуна хьайн зуда дIаерзоран гIайгIа а", — бохург дара ненан дагахь. Гуттар а маракъийла дог догIура шен хаза нус. Вукхуьнан-м башха дог а ца

догIура силосан а, хьелийн а хьожа йоьллачу кхунна улло гIерта.

Хьамзат аспирантура чекхъяькхина а ваьлла, Грозный-гIала институре хьехархочун болх бан схьаеъна а ши-кхо шо делира, иза шен хIусам а хилла, дIанисвелла ца волуш. ТIекхечира Хурмата ша лаххара а шовзткъа шарахь сатийсина де а.

— ХIан, нана, — элира Хьамзата, — кечъел хьайн чамда. Хьо кхузахь хьуо Iийна ер яц. Вайна хIинца йоккха квартира елла гIалахь. Кхин гехь дечиг кхехьа а, ахка чуьра хиш даха а дезар дац хьан. Йовхачу ванни чу а керчаш, мерз-мерза яан а юуш, Iийр ю хьо. Кхин гур яц хьуна халонаш.

ДIадоладелира Хурматан керла дахар. Дуьххьара совцIа чу даьлла цициг санна хебаш, къийлалуш, чIогIа йистхила ца яьхьаш лелара Хурмат керлачу хIусамехь. Шен дагахь йоккхайина а ца йолура, шен кIантана а несана а иштта дика хIусам нисъелла.

...ДIадевлла хIинца и денош. "ХIун делира-те соьгара нийса доцург, цатарлуш дерг? ХIунда ца йийзира-те со оццул чIогIа Кисина?" — ойла йора Хурмата. Дагалоьцура массо а де а, ша-ша лоцуш.

Тамашийна доладелира дуьххьаралера де. И де дагадеъча тIаьхьо а елха а, елаяла а дог догIура йоккхачу стеган.

Ша гIала охьайогIуш, сетки чу йоьллина цхьа нисъелла, цIен нIаьна еанера Хурмата. ХIинца иза ен боьрша стаг лоьхуш, кара доккха урс а эцна,

охьайоьссинера иза лакхарчу этажаш тIера. КIант а, нус а балхахь дара.

Дехьа маьIехь машен чуьра хIетта охьавоьссина коьртахь йоккха пес йолу цхьа стаг а хаавелла, цунна тIеедира Хурмат, нIаьна пхьаьрса кIел а лаьцна, урс а лестош. Йоккхачу стага лелочух ца кхеташ, цецваьлла лаьттара йоккха пес йолу къонаха. Иза тергал а ца еш, чуваха а бакъахьа ца хетара.

— Стаг, хьуо сиха вацахь, урс хьакхахьа хIокху нIаьнина, — дийхира Хурмата.

— Сиха-м ма вацара со, вуьшта, ас хьаькхна-м дац иза цкъа а. Хьакхалур дац-кх соьга, — хьовзавелира къонаха.

— И бохург хIун ду, "хьаькхна дац", "хьакхалур дац?" Тхо долчахь-м бераша а ма хьокху иза. И дегI даккхалц муха Iийр ву, котамна урс а ца хьокхуш?" — реза яцара шен дагахь йоккха стаг. Делахь а дIаяхара цуьнга "хIун дер, ткъа" — аьлла.

Цунна уллорчу подъезда чуьра охьавоьссина вогIучу цхьана хьаьрсачу къонахчунна тIе яхара тIаккха Хурмат:

— НIаьнина урс хьокхур дацара ахь? — дIакховдийра цуьнга доккха урс.

— Ты что, бабка? — юхаиккхира къонаха.

— Ой! Хьо-м гIазакхи ма ву! Ахь хьаькхча-м бусулба стага яа а мегар яцара хIара, — сихъелла юхаелира Хурмат. Шен мера а мегар яцара хIара, —

сихъелла юхаелира Хурмат. Шен мера кIел цхьа гIамгIим а деш, реза воцуш дIавахара и къонаха а.

Дехьа маьIехь цхьа жимо-о стаг хаавелла, цунна тIеедира Хурмат ша кога ма йоллу. Амма цо а тергал а ца дира йоккхачу стага шега дуьйцург.

Кхин кхо-виъ стаг а хьовзийра Хурмата, урс хьакхахьара шен нIаьнина бохуш, амма цхьаммо а ца хьокхура.

"Ой, дера ма хила шу боьрша! ХIара хIун ду? Юьртахь-м ураме ма-елли, муьлххачу стага а ма хьокхура и урс!" — оьгIазъяха йоьллера йоккха стаг.

— Бабка, ты чего носишься с петухом по двору? — кхайкхира Хурмате эххара а цхьа ерстана зуда.

— Вот резат нада. Мужик нету, — кхетийра зуда Хурмата.

— Зачем тебе мужик? — Я мужик. Давай сюда, — тIеара зуда Хурматана. Амал дайна йолчу Хурмата нIаьна дIаелира, иза хIун дан йоллу а ца хууш.

Юьстаха яьлла, цхьана гоьргана улло а яхана, нIаьнин коьртах урс тоха йоллура стомма зуда.

— Ти что? Ти что? Нильзя!!! — тIекхетта, схьаяьккхира Хурмата шен нIаьна. — Мужик нада. Бусурба нада!

— Ну, ищи тогда своего басурмана. Найдешь ты их тут... — йоккха стаг ша йолччу а йитина, дIаяхара стомма зуда.

Дан хIума а ца хилла, цу гоьрга тIе ша охьахиира Хурмат. Божарий тIех буьйлура, цхьаммо а урс ца хьокхура.

Кертахула ловзуш лелаш цхьа кIант вара гена воццуш.

— ХIей, кIант, хьо нохчо вуй? — дIакхайкхира цуьнга Хурмат.

— Ву.

— Схьавадахьа цхьана минотана.

КIант улло веара.

— ХIун боху ахь?

— Ас нIаьнина урс хьакха Iамаде хьуна?

— ХIаъа, — резахилира кIант.

Хурмата дерриге а дийца а дийцина, нIаьна а, урс а дIаделира кIанте. Цу минотехь нIаьна, кIентан карара а иккхина, едира. Зезагийн кондаргашна юккъе а иккхина, дIаяйра. Лехарх схьа а ца карийра, шоллагIчу Iуьйранна кхайкха хIоьттичий бен.

Хьамзат а, нус а дийлира Хурмата лелийначух. Амма иштта дуьйлуш, самукъане денош дукха ца даьхкира. Кестта дихкира несо Хурматана чохь нуйгоргам хьакхар а, яахIума яр а.

— Вайн пылесос ю. Ткъа хьуна иза лело хуур дац. Газови колонкина улло а ма гIорта. Чоь оьккхуьйтур ю ахь. Мерззаниг яа а юуш, кIеддачу дIа а юьжуш, Iийчахьана йолу хьо, — схьахьедира Кисас. Марненан цхьаний хIуманах а куьг Iотта йиш яцара. Сарралц ша сатийсина кIанттий, нуссий цIа деъча, цаьршиммо

вовшашка мотт а дукхахьолахь нохчийниг ца буьйцура. Яхъеллера Хурматана пхоьалгIачу этажа тIехь кхаа цIийнан Iуьрга чохь йоккху зама. Дикка кхералора, елла дIаяллалц шен оцу хIусамашкахь Iен дезар ду, аьлла дагадеъча. Яла яхлахь хIун дер-те? кIелйисахь ма хьаштдоцург ду хIара...

Цхьана дийнахь шайн луларчу оьрсийн зудче Леча чувоьллинчу меттиган адрес гайтира Хурмата. Хаьттира, генахь-м яц-техь и меттиг.

— О-о! — ший а куьг а ластийна, цецъелира важа. — Хьан кIант Биробиджан олучу меттехь ву. Иза Генарчу Малхбалехь, Iаламат генахь ю, — аьлла. Леча лаьцначуьра араваьлла хиларе догдохура нанас. Ялх шо чекх ма даьллера иза лаьцна. Амма кестта юха а дог дилла дийзара ненан тилла ваханчу шен кIантах: хабар кхечира, иза лагерера ара а ваьлла, цхьа оьрсийн зуда а ялийна, циггахь болх а, ваха а сецна аьлла. Цхьана а агIор шен сина паргIато хин йолу меттиг ца гора нанна.

...Галахь ша и ши шо доккхуш цIе латочу пешах чIогIа хьаьгнера Хурмат. ХIинца, аьхке юккъе яхана хан йоллушехь, кест-кеста латайора цо сарахь чохь цIе. Тховса а Iара иза, хебаршка яхана юьхь схьаетталучу цIеран алуно серла а йохуш, шеца несо лелийнарш дагалоьцуш.

— Гуттар а сагатдеш, къийлалуш ю-кх хьо, нана, са стенна гатдо ахь? Юург яц хьуна, йижа меттиг яц хьуна? — хоттура кест-кеста Хьамзата.

— Со-м яц сагатдеш, хьан боху хьоьга ас сагатдо? — Хьовзалора нана. Вуьшта даго хьоьхура, багах схьадуьйцург цхьаъ хиларх, ша кхаьршинна мелла а новкъа хилар. КІантана а кІордийначух тера дара гуттар а шен зудчо лело суьрташ, цо нанна ен Іиттарш. Деношдіа мел оьху, алсам хаалора нанна, ша цушинна совъяьлла хилар.

Шена пенси мосазза ло, хІуъа оьций а, цхьаъ оьцура денанас хІетта ши шо кхаьчначу жимчу Хасикана. ХІуьттаренна санна, и эцнарг цкъа а цунна тІе ца юхуш, цхьанхьа дІатаІІийначохь юьтура Кисас. Нагахь базарара кхуо эцна Іежаш, я кхин цхьа хІума еача, чомехь уьш а майрачунна хьалха ца йохкура. Мегар вац бохуш, Хасике а ца йоуьйтура, иза воьлхуш, тІекхийддашехь.

Цу дехачу шина шара чохь хийлазза ойла йинера Хурмата юьрта хьала яха. Делахь а, юьртахой дага ма баьхккинехь, гІайгІа хуьлура: "ХІун эр ду ас цаьрга? Хьамзата нана араяьккхина аьлла долор дуй-те наха?" ТІаккха а, цхьа хан яьлча, нус дикачу агІор хийцаяларе дог а дохура.

Шен ницкъ ма-ббу, шозза-кхузза тасаелира Хурмат, Хасик ясли а ца лелош, шеца витахьара аьлла. Амма Кисас иза аьттехьа а ца дуьтура.

— Хасик берашна юкъахь кхиа веза! Хьоьца хІун Іемар ду цунна, ша ламазана Іункар лелха ца Іамахь? — элира кхуьнга несо эххар а.

Кисин нана БилтIиг а йогIура кхаьрга кест-кеста хьошалгIа. Иза Хурматал къоно, чIогIа маттана шера, хIайтьаьлла стаг яра. Цо схьадийцарехь, Москва а, Ленинград а, Рига а, Баку а иза ца кхочуш, якхийчу гIаланех цхьа а йисина яцара. Йохка-эцаран пал бара цо дукха хенахь дуьйна лелош. Цуьнца къамеле яьлча, Хурматана ша Iаламат йоккха Iовдал хеталора.

БилтIиг а тIаьхь-тIаьхьа Хурмате гома хьежа йолаелира.

Цхьана дийнахь, шаьшшиъ йисинчохь, цаьршинна дола-долуш, дош-дашера делира.

— Суна-м, суо денана хилча, сайн кIентан кIант сайга кхобуьйтур ву моьттура, — Iа а ца елла, элира Хурмата.

— Дера, и тайпа хIуманаш вайга хоьттур ма дац хIинца кегийчара. Царна дика хаьа хIинца лело дезарг. Ас сайн цхьаъ бен йоцу йоI а ца кхийна харцахьара. Цо шен кIант а кхиор ву шена матов, вайн замано махьеххара. Стаг кхион-м хаа, хьаха, деза. Ас хала кхиийна сайн йоI, тIехь да воцуш, иза йисчахьана. суна луур дац цунна цхьаьна а дас а бохам бойла. Шен ирс, хьаха, ду хьан кIентан киса санна йолу хIусамнана кхаьчна. Зудчо веш ву стагах стаг! — дерриге а цхьаний охьаIанийра БилтIига.

— Сан Хьамзат-м цкъа а вацара ца кхеташ а, я Iовдал а, хьан йоIа ца кхетийча а, — эккхийтира тIаккха Хурмата.

БилтIиган юхь тIе цIен бос хьаьдира. Мокха ши бIаьрг къаьрзира. Хетарехь, дуккха а хан хиллера Хурматца дов даккха цуьнан сакIамделла:

— И хууш дац! — чуьраелира Киссин нана, — ца го хьуна хьайн хьуьлла Бирабидчанех чу а вахана, тилла леларг? Лелар варий иза иштта хьерваьлла, шена уллохь цхьа Киса санна кхеташ зуда хилча.

Ца моьттура Хурматана чувоьллина хилла кIант цо шена тIехтухур ву. Мел хIуъа дийцича а, оцу кIантана а са ма гатдора нанас. Кхийтира Хурмат, БилтIиг, шен йоIал башха, юьзда стаг цахиларх. Кхин цуьнца хIумма а ца къийсира цо.

Эххар а йох ма-елли, юьрта хьалаяха ойла сецира Хурматан.

— Ой! И бохург хIун ду? ас йохуьйтур-м яц цхьаьана а метте! — тохавелира кIант нанас ша дагалаьцнарг хьахийча.

— Со йогIур ю шуьга кест-кеста. Хасик ца гича а Iалур яц со. Вуьшта, ца лов ас гIала, къаьсттина йовхачу хенахь. суна са ма гатде аш. Со Iемина ма ю суо Iен. Суна хIун хиларна кхоьру хьо, кIант?

— Ас такси лоцур ю хьуна, хIета, хIинца хьо Iаш яцахь.

— Ца оьшу. Ма лаца. Автобусца хьалагIур ю со меллаша. Таксица сихъелла яха башха меттиг а бац...

— Со-м аьхкенна, жимма садаIа еаний, — дийцира Хурмата юьртарчу лулахошка. — Со ца хилча уьш мегар а, хьаха, бац. Хасиках яьлча а мегар яцара со!

"Хьанна хаьа, гурале, — ойла йора цо, — яла а ца лер-те?"

Дистина деанчу хино ахка чу кегйина дечигаш текхийнера. Дийнахь царех кегийнаш схьалехьош Iара Хурмат. Ткъа буьйсанна, нахана а ца гойтуш, уьш басах хьала цIа текхадора. Ша гехь дечиг кхоьхьуш гича а, наха кIантана бехк билларна кхоьрура. Масех шо хьалха хьуьнах а йоьдий, дечиг кечдора цо. ХIинца и дан а ницкъ бацара. Цхьадика, докъарна-м гIайгIа бан ца дезара. Божал дассаделлера, ша охьайоьдуш цо шинарш а, устагIий а дIадоьхкина. ХIинца, ур-атталла, котам а, я цициг а дацара йоккхачу стеган кертахь. Юург-м, башха къестош Iедал а дацара цуьнан цкъа а.

Довха денош лаьттара лаьмнашкахь. ЦIийлуш дохкура Хурмата пхи-ялх шо хьалха уьйтIахь дийгIинчу синтарш тIера Iежаш. Ша и синтарш дIадуьйгIуш а, уьш тахханалц сатийсинера Хурмата, маца хьийзар-те оцу стоьмаш кIел шен кIентийн бераш, — бохуш. ойланашкахь дуьхьал тиссинера, цу берийн кегий куьйгаш кху генаш тIерачу Iежашка хьалакхийдаш... амма стоьмашна тIе аддам а ца кхийдара. Уьш цхьанна а ца оьшура. Синтаршна юккъехь йоккха майда йитинера Хурмата, шен шина кIантана балийна зударий дIаберзош, ловзарш дан, аьлла. Гуттар а ойланашкахь лаьттинера и ловзарш а. "Ша хелха яккха диц-м лур дац-техь нахана?", — олий дагадогIий, къежара нана. ХIинца кху кертахь ловзар хIуттур ду олийла а яцара.

Иза юха еана ши бут гергга зама елира. Гlалара аддам а ца волура гуча. Кхераелира нана: ванах, боккъалла а со ца езаш хилла-техь сан кlантана? Я цу зудчо цхьа хlуманаш лелийна, талхий-техь иза?! Масане дуьйцу наха хабарш?.. Хlан-хlа. ца лараво хир ву. Хала а, жоьпаллин а болх ма бу цуьнаниг.

Зама сецна лаьтташ санна хеталора Хурматана. Iаламат деха дара денош. Кхин а чlогlа яхъеллера буьйсанаш. Наб ца кхеташ, ницкъ хила болабелира Хурматана. "Ванах, хьеръяла там бара со!" — кхераеллера, садукъделла нана.

Ма-дарра Хурматехь долу хьал хиъча-м, юьртахоша дакъалоцур дара кхуьнан гlайгlанийн. Дечиг а дахьар дара, чу ладарш оьгучуьра тхов а тобийр бара, цхьана буьйсанаш яха бераш а дохкуьйтур дара, амма Хурмата шен дерриге а дика ду олура. Иштта ца аьлча, лаккхарчу гlуллакхехь, наха цlе йоккхуш волчу Хьамзатан цlе южур яра.

Меллаша тlе гlертара гуьйре. Азъелла, юьхьан чlуьйриг гуттар а ютъкъелла, хебаршка яханера Хурматан. Наггахь, хlара дуьхьал кхетча ца евзаш буьсура юьртахой.

— Маржа, Хурмат яI, ма хаза а, куц долуш а, оьзда а йоI яра хьо жима йолуш, — картош лестадора хlетахь къона хиллачу баккхийчу наха, Хурмат тlехйолуш. — Куц дIадаьлла, амма оьзданга лла-м йоккхур яц шегара цхьамма а, — тlетухура тlаккха.

Хьамзата шен нана кIезиг тергалъеш хилар а гучудалаза ца дисира нахана. Хиира цуьнан зудчун нана БилтIиг кхаьршинца Iен нуц волчу схьакхелхина хилар а. Гуш лаьтташехь, массо агIор а дакъаза долуш лаьттара Хурматан гIуллакх...

Цхьана дийнахь, лаккха ахка чухула хьала а яхана, къаналлой, гIелоной гал-гал а йохуш, ша нахана гарна кхоьруш, меънаш луьста дол-долчу а юьйлуш, дечкийн генаш лехьош лелара Хурмат. Малхбалехьара схьа сихха цхьа Iаьржа мархаш а евлла, стигла дIакъевлира. Сентябрь бутт юккъе бахана, гуьйрангахьа лестина хан йоллушехь, цхьа чIогIа стелахаьштиг а тоьхна, мох а баьлла, догIа доладелира. Иштта чехка догIа тоьхча цхьа ирча хин юьхь йогIура готтачу ахка чухула. Кхераелла, ошшада а доьшуш, шен муьшах ка а тоьхна, цIа хьадира йоккха стаг. Мел чIогIа яда гIортах, яда ца лора. Новкъарло йора ирачу, даккхийчу тIулгаша, хино кIаргдинчу хершнаша. Мохо сихдина дуьхьалдеттара кIудалара доьттича санна, охьаIена шийла Iа...

Цу дийнахь шелъелла, чIогIа цомгуш а хилла, меттахь йисира иза. Шек яцара Хурмат, ша кху цамгарх лийр хиларх. ХIинца Iожаллех иза цуьрриг а ца кхоьрура.

Ши кIира гергга хан елира иза меттахь Iуьллуш. Денна мехий детта оьхучу лоьрой, схьаоьхучу юьртахоший йоккха стаг ира хIоттийра.

Декхна деанера таханалера де. Стиглахь цхьа а марха яцара. Эсала хьоьжура гуьйренан малх. Геннара

схьахезара дIайоьлхучу гIаргIулийн могIарша ен сингаттаме гIовгIа. Дикка гIора дайна йолу Хурмат, леста а лесташ, гIожа тIе а язлуш, тахана дуьххьара уьйтIа яьллера.

Ке бертехь цхьа машен сецира. Цу чуьра охьавоьссина, меллаша ков дIа а теттина, уьйтIа веара онда дегI долу, цхьа зоьртала стаг. И стаг вист а ца хуьлуш, меллаша Хурматана улло гIертара. Малхана дуьхьал йирзинчу йоккхачу стагана дика ца къаьстара цуьнан юхь-сибат.

— Нана, — хезира кхунна тIевеанчу стеган гIийла аз.

— Леча! Везан дела, Леча!!!

Лечига хIумма а ца алалора. Цуьнан беснеш тIехула охьахьаьвдда хиш, ненан кIайбеллачу коьрта тIе Iийдалора. Доггах йоьлхучу ненан готта, ира белшаш кхиссалора воккхах волчу кIентан марахь. ГIеххьа хан елира марахьаьрчина шиъ вовшах ца далалуш, уьйтIа баьхкинчу нехан царшимма терго ца еш. Царех а цхьацца волчун бIаьргех хиш девллера.

— Нана, хьо ма азъелла, хьуна ма ницкъ хилла, — тIаьххьара а вистхилира Леча.

— Хьо жимма хьевеллехь, со еллачу кхочур-кх хьо. ХIунда Iара хьо хIинццалц цIа ца вогIуш? Суна-м хьо сайна кхин цкъа а гур а вац ма моьттура... — уьйтIахь лаьттачу нахаца лело йогIу гIиллакхан кепаш тидамера дIа а евлла, ша дIехецча, хIара дIаваха сихлур волуш санна, ца Iебаш кIантах хьерчара нана.

— Шо бен дац со лаьцначуьра, миччанхьа а дIасавала а мегаш, схьахецна, — дуьйцура кIанта. — ХIинца вайн цIахь берш шайн долахь машенаш а йолуш, бехаш Iаш болу дела, вайн дан дезаш цIенош а долу дела, Iара со жимма сом-ком вовшахтухуш. ХIинца гIур вац хьуна со цхьана а метта дIа... хьуна уллора а ваьлла! Суна ма ца хаьара, нана, хьо иштта вочу яьллий! Цомгуш хиллера хьо, нана?

ХIетта гира нанна керта еана, шена уллохь лаьтта цхьа хьаьрса, безамехь зудий, хIетта кога вахана хин волу жима кIанттий.

— ХIорш муьлш бу, Леча? — хаьттира нанас.

— Уьш хьан нуссий, хьан кIентан кIанттий ду-кх, нана.

Шен бIаьргех ихна хиш дIа а хьоькхуш, еана маракхийтира нус а.

— Оьрсий ю иза, нана, — элира Лечас. — Вайнаха тайпа-тукхам доккха дерш лору дела, кхуьнчул доккха тайпа кху вайн пачхьалкхехь а доцу дела, ялийна ас хIара, — забар йира цо. Нанна-м бен дIа а яцара мичча къомах иза хилча а, шена уллохь хилчахьана. Хаза кечвина Руслан цIе йолу шен кIентан кIант гича-м, Хурмат гуттар а йоьхнера, гIенах-м дацтехь хIара аьлла...

Леча цIакхаьчна аьлла хезна, схьататтабеллачу юьртачу наха керт юзуш лаьттара. Иттех шо даьллера иза кхарна ганза. Дукхах болчарна-м, иза юьрта кхин юхавоьрзур а вац моьттинера. Iен-ваха, гуттаренна а

цIавоьрзур ву бохург-м цара аьттехьа а дуьтур дацара. Церан ойланехь хIара кхоччуш тилла дIаваьлла стаг ма вара.

Ненан гIийлачу амато цецваькхина, вохийнера Леча. Шега юьртахошкара кехат кхаьчча ненехь вон хьал дуй-м хиънера цунна, делахь а, хIара ишттa дакъаза яьлла хир ю ца моьттура. Ша хIинца нанна хIун там бийр бара ца хууш, шаьшшиммо кхунна деана дерриге а совгIаташ схьадохуш, уллора цхьана а минотана дIа ца волуш, хьийзара Леча. Нанас цуьнга дуьйцура ша хIинццалц кху дуьненчохь цхьаьна а стаге ца дийцинарш, шен даго къийлина сингаттамаш. Хаьара, хIинца шена уллохь верг шен син доттагIа вуй.

ШоллагIчу дийнахь шен хьашто йолуш мел волу жима стаг чу а гулвина, царна тIе цхьацца декхарш дахка волавелира Леча:

— Ахь мехкарий кхайкха, ахь стоьмашна юкъахь майда кечъе, ахь базара а гIой, бен цхьа боккхо сту эца, вай кхана ловзар хIоттор ду кху кертахь!

— Ой! Мила ву вайн зуда ялийна?! — цецбевлира кегий нах.

— Со ву, ва, со ву! Шайга аьлларг дичхьана ца довлу шу? — бийла а буьйлуш, аралилхира кегий нах шайна тIедиллинарш кхочушдан. Массанхьа а, уллорчу ярташкахь а цхьаьна, дIахезира, ХурматагIаьргахь лама ловзар ду аьлла.

— ХIара ловзар стенна деш ду? — хоттура наха вовшашка.

— Лечас кхо шо хьалха ялийна зуда дIаерзош ду тахана, — олий, забар йора цхьаболчара. Вукхара Леча лаьцначуьра цIавеана аьлла деш ду олура. Лечина-м бен-башха а дацара, цара мухха аьлча а, шен нанна дагахь лаьттинарг кхочушхилчахьана. Нанна там бан гIерташ, хIайтъаьлла хьийзачу Лечех самукъадаьлла, цунах баккхийбеш бIаьргаш серладевллера юьртахойн.

Дукха чIогIа самукъане чекхделира ловзар. Хурмат хелхайоккху сурт хIотто а ца дицделира юьртахошна. Ша массо а воккха вийна а ца волура нанна хиллачу хазахетарх. Цунна ша-м, олуш ма хиллара, стиглахь ю а, я лаьттахь ю а ца хаьара...

* * *

Бешарчу синтарийн генаш тIехь цIийбелла, мерзачу муттанах буьзна масех Iаж бисинера. Денна боккхий, цхьацца кара лора Хурмата жимачу Русланна. Леча трактор тIей, Люба дохнан фермей колхозе балха а дахана, гуттаренна а Iен ненаца дисира.

ХIинца, ур-атталла, ша цIавеъча а, гучу ца волучу Хьамзатана кхоччуш оьгIазваханера Леча.

— Нана, со цкъа ваха а вахана, Хьамзатан цIоган кIел цхьа ши мийра а тоьхна, и цуьнан зуда боху хIума ара а кхоьссина схьаван воллу, — элира цхьана сарахь Лечас. Шена дагадеанарг кхочуш ца деш иза Iийр воций хууш йолу нана кхераелира?

— Варийлахь, Леча, хьуна-м ишттаниг дага а догIурий! Кест-кеста Маскох, Растох дIасавалар ма

нисло цуьнан. ЦIахь хир вац. Ша цIахь хилча, мича IийР вара иза ца вогIуш!.. Ахьа-м иштта Iовдалниг дан а дерий!.. - йоьхна хьаьвзира нана.

— Со-м, нана, кху цIера дIагIур волуш а вацара хьуна, — дуьцура жимма кIадвеллачу Лечас, Хьамзатана а хьалхара бехказа вуьйлуш санна, — цIенош а, беш а жимха волчунна догIу олуш а долу дела, керла гIишло ялла хIетахь вайгахь шай-кай а ца хилла дела, дIавахханчохь галделира сан гIуллакх, оцу цхьана харцтайпачу нахах а кхетта. Хьамзатера а хьуна кIезиг там хиллий хаьа суна. Делахь а, со хIинца цхьана а метта гIур вац хьуна уллора дIа а ваьлла. Керла цIенош дан а, кхиндерг дан а вайн хIинца таро ю. Шек а ма яла хьо, нана, хIинца дуьйна цхьана а хIуманна гIайгIа хир яц хьуна!

ШелъяЯла йолаелира. Йис тосий, кIайлой карайора IуьйранНа уьйтIара буц. ЦIеххьашха, цхьа бIагор а хьийзаш, вон цомгуш хилла, юха а юьйжира Хурмат. Хьамзаттий, Кисий а деара, шаьшшинга сихонца тIекхиа аьлла телеграмма кхаьчча.

Шийла хилира шина вешин вовшахкхетар. Хаьара Хьамзатана, багах схьа хIумма а ца бахахь а, Леча шена реза воций. ХIинццалц нанна а, нахана а гергахь ша диканиг а лаьттина, хIинца Леча диканиг хилар а башха къобал ца дора цуьнан даго. Шайн доьзалан юкъаметтиг шелъяларан бахьана шен ледарлонах дуй а хаьара Хьамзатана, кIоргге цуьнан дагчу кхевдича. Вуьшта, схьахIитточу суьрташца-м, цо дегабаам бинарг

ша ву бохура, ша волчуьра нана ядарна а, цIа кхаьчча ша волчу шен ваша цаварна а. Делахь а, схьакхаьчна жимма хан яьлча-м, наха шена дохкучу бехкашка ладийгIа ваьлча-м кхийтира хIара, мел йоккха ледарло, осалалла шегара аьлла хилла, зудчой, зудчун нанассий дуьйцучунна тIаьхьа а хIоьттина, шен миска нана дIататтарна. ХIинца, мел юьхьIаьржа велахь а, хIумма а шена ца хетачуха, шен зудчун а, ненан а барт бан гIерташ хьийзара иза.

Хурмат-м де мел дели чIагIлуш лаьттара. Шена шина кIанта йина хиллачу массо а халонашна а нанас гечдина хилар гойтура цуьнан эласа хьахьоьжучу, кхулуш лаьттачу бIаьргаша. ХIинцца кога вахана волуш санна хьоьжура иза Лечига. Цуьнан горгачу, хазачу юхь-сибате, баккхийчу боьмашчу бIаьргаш чу. ХIинца а, бер долуш санна, къевллина мара а воьллина, хьаьрсачу месех дайн куьг а хьокхуш, обанаш бохур дара цо шен жимаха волчу Хьамзатана. Халла цуьнан багах долу дешнаш цаьршинга бертахь, мерза Iелаш, вовшийн ларалаш бохуш дара. Шина кIентан дегнаша тIе ца лоцура и ненан хьехамаш тIаьххьара хила мега бохург.

— Ахь хIун дуьйцуу, нана, хьуна хIума хила йиш юй, ткъа, хIинца, тхойшиъ цIа вирзинчу дийнахь? — велхха воллуш, воьхна хьийзара Леча. Цул а чIогIа воьхнера хIинццалц схьа шегара нанна дика болх ца гайтина волу Хьамзат а. Сихонца гIалара шена бевза лоьраш балийна, мел оьшу боху молханаш

вовшахтоьхна, хьаьвзира иза. Нана-м гIеллуш лаьттара. Кхоччуш воьхна ши кIант, бераш санна, гор а воьжна, бIаьргех хиш а ледаш, нана Iуьллучу дечкан маьнгех тийсалора.

ТIейогIу Iуьйре нана йоцуш еара...

Нах юхабирзинчул тIаьхьа, вехха Iийра ши ваша керлачу кошан борза уллохь. Царех цхьанна хала дара хIинццалц нана яьхначу хIусаме а вирзина, парггIат ваха хаа: кхузахь дерриге а ненаца доьзна дара. Ткъа нана яцара. Вукхунна хала дара шен ненаца оццул харцо а, гамо а лелийнчу зудчунний, шен стуннанний хьалха хIотта ваха дезар.

Нана юха денлур ю аьлча шаьшшиъ валийта а реза хир вара кху сохьта ши кIант. Шаьшшиъ да мел волу рицкъа дIалур дара иза масех денна мукъане а денъялийта. Амма иза хIинца хила йиш яцара. Дийна йолуш ненан даге кIезиг ладийгIира шина кIанта. ХIинца бIаьрхиш Iенийча а тIаьхьа дара...

ГОГЧС

Цу довхачу аьхкенан дийнахь узарш деш, халла тасаелла ламанан новкъахула хьалагIерта автобус хьаьхнера чохь болчу нахана. Сатеснера сихха юьрта хьалакхача. Бовха бара корех чу бетталун мох а.

Цхьана хенахь автобус эрна арахь, некъа юккъехь сецира.

— Схьавола, чу хаа, — дIакхайкхира шофер новкъахь гIаш хьалагIертачу стаге. Юккъерчу шерашкахь хин волу, цхьа дехо-о юьхь-сибат а, доккха дегI а долу стаг чоьхьа вала ца хIуттуш, ламеш тIехь сецира.

— ХIара, цхьа жIаьла а ма дара соьца, иза хьаладаккха мегар дарий-техь? — ийзалуш, хаьттира цо.

— Хаац суна-м. Чохь болчаьрга хаттахьа. Леташ-м дац хьан иза? — элира шоферо.

— Дера дац леташ-м. Мегар дарий-техь чоьхьадаккха? — дIакхайкхира иза чохь хевшина Iачаьрга.

— ХIун ю иза? ХIун хоьтту цо? — вовшашка лен буьйлира массо а хIуманан а дуьхе кхиа лууш болу зударий. Царна дуьхьал важа жоп делла валале, неIарехула меллаша, бехкала дахана цIога а хебош, чоьхьа делира цхьа доккха, нисделла жен жIаьла. Цунах бIаьрг кхетташехь шийла мохь белира хьалхарчу гIанта тIехь хиъна Iачу цхьана стоммачу зудче.

— Ва-а-ай дела!!! Хьо ма да бусалбанашка! Арадаккха иза кху чуьра! Берзалой лелон йина-м яц хIара автобус!

ТIехьарчу гIента тIехь хиъна Iан йоккха стаг а, кхин цхьа-ши зуда а карзахъелира. И маьхьарий шена хезча, церан дог меттах дала доллу аьлла, шен да юьхьIаьржа

ца хIоттон санна, жIаьла сихха юха араиккхира. Автобус, неIарш тIе а чIаьгIна, дIайолаелира.

ЖIаьлин да, сагатдеш, сих-сиха корехула аракъерза волавелира. Важа-м, шен ког ма боллу тIаьхьадедда догIура. Цхьана хенахь тхо дерриш а корашкахула арахьаьвссинчохь дисира.

— Чу даийтийша. Леташ дац ца боху иза? — кхайкхира тIехьарчу дехачу гIента тIехь хиъна Iен цхьа жима стаг. Со вист а ца хуьлуш хиъна Iара, со кхуза дуьххьара вогIуш хьаша хиларна а, сайна кхарех аддам а вевзаш ца хиларна а, бакъахьа ца хеташ. Амма цхьаболу зударий-м, ас хьовха, шайн дендайша дехарш дича а шаьш бохучунна тIера юха бовла бохкуш бацара.

— Дера, далор дац-кх кху чу-м, со дийна а йолуш! — Юха а меттахъхьайра стомма зуда.

ЖIаьлин да вист а ца хьулура. Цуьнан кесталгIа маж-мехк дашаза йолчу юьхьца а, каралальцначу гатанан плашаца а, тIаьхьа даьккхинчу жен жIаьлица а хаалора иза цхьанхьара жа тIера вогIий. Гарехь, чIогIа вас а хиллера цунна ша жIаьлина ницкъ беш.

— Сацаехьа. Со охьавуссур ву, — Iа а ца велла, дIакхайкхира иза шофере. Вукхо автобус сацийра.

— Шуна баркалла. Шун некъ дика хуьлда. Со парггIат тIаьхьа хьалагIертар ву, — бохуш, охьавуссуш лаьттара иза.

— Ой! ГIаш маца кхочур ву хьо цу дуьнен тIе? Зударий, сатохийша жимма! ГIиллакх хила а мегар ма ду цхьа жимма. Леташ дац жIаьла бохуш ца хеза

шуна? Цо дIалаьцна латтор ма ду иза. Чу дитийша! — дийхира тIаккха, кIай пес тиллина хиъна Iачу цхьана къонахчо.

— ЖIаьлина ца хаьа гIиллакхаш хIун ю. Цуьнга ка а тохийтина, цIахь Iан хьена йиш ю? Хьо гIур вуй сан метта тукана мах бан? — тIейирзира эуда пес тиллинчуна. ГIуллакх хир доций а хиъна, важа-м, ара а ваьлла, меллаша шен жIаьлица гIаш автобусана тIаьхьаволавелира.

Со и стаг сайна цхьанхьа гинчух тера хеташ, ойланаш еш, вогIура. Цуьнан тамашийна, кIелдIахула схьакъерзон бIаьргаш, цхьа ша-тайпа, толкха экхаш санна, дахдеш ден къамел, бехкала ваханчу стеган къажар, дерриге аматаш чIогIа девзаш хетара.

— Маржа, Юнус яI, ма ца юьту ахь хьайн амалш, жIаьлин дуьхьа охьа а воьссина гIаш вогIий-ц, — элира цкъа мацца а, суна уллохь хиъна вогIучу воккхачу стага.

— Муха яьккхира ахь цуьнан цIе? — цецваьлла хаьттира ас.

— Юнус ю-кх цуьнан цIе. Тхан колхозан уггаре а тоьлла жаIу ву иза. Жима бер долуш да-нана дала а делла, чIогIа гIело текхна цо. ТIаьххьара а, Iедало дIа а вигна, то а вина, стаг а вина ваийти...

Исс-итт шо хир дара сан хIетахь. "Цхьа хьерваьлла стаг ву вайн эвлахула лелаш", — дийца долийнера цу аьхка наха. "Варийлаш, гена дIа ма гIолаш, дойур ду шу цу хьерваьллачу стага", — кхерадора дай-наноша

шайн бераш. Лорре къовлура ков-наьIарш, шаьш дIадуьйшуш. Цхьанна а ца хаьара и "хьерваьлла стаг" мичара веана. ТIаьхьо долийра, иза цхьана лам чуьру кIотарара, да-нана дала а делла, дестечо аравакхина лелаш ву аьлла. Цуьнан цIе Юнус хилар а хиънера нахана, миччара хиънехь а.

Мотт бийца ца лора Юнусе, чIогIа толкха лелхаш.

— Миска яI, ма къа ду-кх цу кIентан, дола дан стаг вац-те цуьнан? — гIайгIа хуьлура дукхахболчарна. Цхьаццаверг велалора, йоцачу хечий кIелхьара дIайсхьай шен беха, Iора, айрабоьлла ши ког а бетташ, тIаьхьа жIаьла а хIоттадой, иза гучуваьлча. Наха "кIант" алахь а, тхуна-м иза хIетахь воккха стаг хетара.

Гуттар а тIехь лелочу тишчу, шуьйрачу салтийн кителo гуттар а дуткъа хоьтуьйтура вуьшта а оза долу Юнусан дегI.

Луьстачу цIоцкъамашна кIелхьара тамашийна схьакъерзон боьмаша баккхий бIаьргаш, боьха юхьмарш, бен-башха ца еш лергина коьрта тIера месаш, дерриге а Юнусан сурт ша дуьххьара гинарг цецвоккхуш, дукха чам боцуш дара. Цунна улло даха ца даьхьаш, генна тIаьхьа а хIуьттий, цо хIун до-те хьуьйсуш лелаш хьулура цхьа берийн арданг, Юнус эвлаюьккъе ваьлча. Амма наггахь, хеттарехь, ша ондда мацвелчий бен ца волура иза нахана гуча. Шена цхьаццаммо делла бепиг а, кIолдан межарг а оьций, дIавоьдура. Цхьанна а ца хаьара цо буьйсанаш мичхьа йоху.

Эвла йисттехула охьадогIучу хин тогIий чохь йоккхура оха (тхан куьпарчу бераша) аьхкенан дукхахйолу зама. Меънийн гаьннаш а детташ, лаьттахь бун, я дитта тIехь чардакх а дой, цу чохь буьйсанаш йохуш хан а йогIура, къаьсттина аьхкенан юккъерчу муьрехь. Цхьаццанхьара идайой буьйда хьаьжкIашший, стоьмийн тIуьхкашший хуьлура тхан буьнчохь дIайохкий. Наггахь, лоьций, чIерий а кхорзура. Ма мерза а хуьлура-кх иштта юург! Хаккаделла догIучу шовданна дуьхьал таьрхаш а тухий, меънийн генаш а лоьций, лийча айма а йора оха. Дистина хи ма хьаьддинехь, айма йохайора: ТIаккха оха, йочана тIехъяьлла, екхна дIа ма хIоьттинехь, кхин йора, хин гар стомма хеттачохь. Цхьа ша-тайпа, меънийн гIан хьожа лаьттара иштта йинчу айми чохь хIинца а, гуттаренна а дIаяханчу бераллин заманчу кхаьчча санна...

Цу дийнахь а, гуттар санна, хи тIехь луьйчуш, ловзуш Iара тхо. "Юнус!!! Юнус вогIу!!!" — Мохь белира цхьаьнга. ДIахьаьжча, тхуна уллохь евллачу бIаьллангин коьллашна юкъахь, гена воццуш сецнера иза. Тхо, ирачу тIулгаша лазон Iора когаш а ца хаалуш, тоьпо кхиссина чачманаш санна, дIалилхира. Довда ца луш, кхераделла дисинчу кегийчу берийн маьхьарий генна тIаьхьа хезара тхуна. Мацца а, тхешан кхерадалар лагIделча бен гIайгIа ца хилира тхуна цу бухадисинчу берийн. Тхаьшкара яьллачу ледарлонах а кхетта, тхо

меллаша, юха а айми улло гIоьртира. Юнус гучуьра дIаваьллера. Кегийчу берийн белхар а цхьана хенахь дIатийра.

— Иза стенга вахана хьовсий вай? — Дагадеара тхуна юкъахь уггаре воккха а, хIайтьаьлла а волчу Султанна. Со а, цхьа кхин кIант а цунна тIаьхьа хIоьттира. Гена даха ца дийзира тхан. КIеззиг дехьа девлча, коьллашна юьккъерчу бай тIехь кIегар а хиъна, корта голаш тIе охьа а оллийна, велхаран узарш деш Iара Юнус. ХIинца цунах чIогIа къа хетта, Iадийча санна севцна лаьттара тхо. "Меца хир ву иза!" — сацийра оха. Сихонца схьайовдийра тхешан бун чуьра дIаехкина баьпкан юьхкаш, муьсталгаш.

— Юнус, Юнус! — Меллаша тхо шега кхайкхича сихха схьавирзира хиъна Iаш верг. ДIакховдийра оха тхаьш еанарг. Цо иза схьа ца ийцира. Тхо шена улло даьхкина хазахетта, лаьтта тIехула куьг а лоьцуш, — "куно, куноо" — бохуш, толкха а лелхаш, цхьа хIума хетта волавелира Юнус. Тхо ца кхетара цо хоьттучух. Амма гуш дара, цуьнан даг чохь Iеткъарг мел боккха бала бу, мел доккха маьIна долуш ду цунна и ша хоьттург. Юха а лаьттаца куьг а лаьцна, "кунно, Iав, Iав-Iавв?" — хаттар ди Юнуса. ТIаккха тидам хилира тхан цунна уллохь жIаьла ца хиларан.

— Аа-а! Iав-Iав! ЖIаьла дайна хьан? — кхийтира тхо. Тхо дуьхе кхиъний хиъна, цхьа чIогIа дехар деш, серладевлира Юнусан хих дуьзна бIаьргаш. ХIетта

кхийтира тхо, иза тхуна улло хIунда гIоьртина хилла а, цунна тхаьшкара накъосталла оьший а.

Юьртахь мел долчу бере тIекаре еш, шина дийнахь лийхира оха Юнусан Куно. Цхьанне а уьйтIе ца йисира тхо ца кхерсташ. Гуттар а гIайгIане воьжна, Юнус а лелара юьртахула, ша хIун дер, мича эккхар ца хууш.

ЧIогIа гIайгIа хиллера тхуна а Куно дарахь. "Куно ца карадахь цхьа кхин кIеза лохур ду вай Юнусна", — барт хиллера тхан.

КхоалгIачу дийнахь, делкъахенахь, коча аьчкан сара а тесна, цхьана нехан божли чохь дихкина латтош карийра тхан цхьана накъостана Юнусан Куно.

Ког ма боллу дедда Юнусана тIекхетта жIаьла а, иза мара къевлина, цунна обанаш бохуш хьийза Юнус а гинарг, хетарехь, воккханиг а Iалур вацара бIаьргех хиш ца довлуш. Тхо-м цецдевдла лаьттара: муха хила тарло стеган жIаьлица цу кеппара безам? ЦIога хьийзош, юх-юха а тIедетталора Куно Юнусна. Цхьа тамашийна воьлуш, цуьнан хьалхара ши ког схьалоций, тIехьарчу когаш тIе ира хIиттош, коьрта тIехула, букъа тIехула охьа куьйгаш хьоькхуш, вехха Iийра Юнус шен дайна, юха схьакарийна Куно хьоьстуш.

Цу дийнахь, оцу тогIий чуьрчу шерачу байн акъарий тIехь адамой, жIаьлой вовшех эцна марзо гуттаренна а йижира тхан дегнаш цу. Цхьаволчо жIаьлина, я цицкана тоьхча, я тIаьхьа тIулг кхуссуш гича, дагадогIура суна а, сан накъосташна а: ма генахь ву хьо хьайн адамаллийца Юнусе кхача, наха иза хьерваьлларг

лоруш хиллехь а, олий. ХIинца, цул тIаьхьа дуккха а шераш дIадевлча стенна тасаделир-техь тхан сил чIогIа, сил тешаме гергарло мелла а телхинехь а, телхинчу, мотт ца бийцалучу Юнусца, — аьлла ойла йича хета: дегнаша хьехнера, гIийлачу хIуманах къахетта, цуьнца доттагIалла лелийна волчу стагера вон болх хила йиш хирг ца хилар! ТIаьхь-тIаьхьа чIогIа тешийра со цу билгалоно.

Хиира тхуна Юнуса буьйсанаш йоху меттиг мичхьа ю а. Иза хиллера юьртана нацкъар, Iинал дехьа, дIатесна лаьттачу кIотарахь, тишчу цIенойн беданахь.

Денна доьлхура тхо хIинца Юнус волчу хьошалгIа. Бепиг, къалд, наьрс-помидор, жижиган цуьргах, тхаьшна кара еъ-енарг дIахьора оха цунна. Юнуса тхуна, ша цIахь хилча, гуттар а цхьа даккхий, цIен Iежаш, тIаьхьо, хан гуьйрангахьа лестича, ношбелла кхораш лора. Цунна уьш мичара бовлура тхуна я хIетахь а ца хаьара, я хIинца а ца хаьа. Хетарехь, цо уьш геннарчу дукъара, цхьана дIатесначу ирзера кхоьхьура.

Оха шена яьхьна яа хIума, цкъа хьалха Кунона а лой бен ца юура Юнуса. ХIинца, тхан гергарло тасаделлачул тIаьхьа, наггахь бен ца волура Юнус эвлахь гуча. Юьртан Советера нах бу Юнус лоьхуш иза дIавигийта, аьлла хезча-м, оха гуттар а кхерийна кIотарахь дIасацийра иза. Моьттура, кара вахча иза милицис чувулур ву. ТIаьхьо мел дагахьбаллам лаьттира тхуна массарна а хIетахь и волу меттиг а йийцина, иза

юьртан Совете цхьанхьа интернате, я больнице дIа ца вигийтина!

Наггахь тхоьца лийча вогIура Юнус. Тхо лийчина довллалц, охьахуий Iара. Ткъа ша висча, луьчура. Кунона тIе хиш детташ цунах воьлуш, доккха самукъадоккхура.

Гуьйренан догIанаш дуьйладелира. ДIа ца воьдуш, ша Iаччохь сецнера Юнус. Оха цхьа плащ а, тужурка а, тиша эткаш а яьхьнера цунна, шелъяла йоьлча. Гарехь, царех тоам а бина, дикка шелъяллалц Iен дагахь вара иза.

Хааза ца йисира баккхийчарна а Юнуса буьйсанаш йоху меттиг. "ХIара стенна вуьту волчара нехан юьрта а хьажийна? Шаьш нах белахьара, дола дийр дара шайн стеган. Къа а ца хетий?" — хабарш долийнера юьртарчу наха. И хабарш, хетарехь, лам чу дIахезначух тера дара.

Делкъал тIаьхьа, школера дIахецча, тхаьшна карайоьлла юург а лахьийна Юнус волчу воьдура сой, сан накъост Султанний. Iинан йисттера чухьаьжча, лаха чохь говрахь волчу цхьана стага шед лестош, эккхийна лелош цхьа кхин стаг гира тхойшинна. Дукха ирча сурт дара гуш дерг. Суна а, гарехь, сан доттагIчунна а цкъа а ца гинера цу тайппана къиза, цхьана адамо важа адам хьийзош. Ведда лахо охьаваьлча, хьалхара коьллаш дIа а евлла, ма дарра Iин серладаьлча бен ца кхийтира тхойшиъ доллучух а ма-дарра: говрарчу стага эккхийна хьийзориг Юнус вара. Кхоччуш карзахдаьлла,

Юнусехьа гIо дохуш, говрана а, цунна тIехь волчунна а леташ, го туьйсуьйтуш хьийзара Куно. Лам чу боьдучу готтачу новкъа хьала ца воьдуш, юьстаха вада гIертара Юнус, амма вукхо, дуьхьал говр туьйсуш, гена дIавада ца вуьтура иза. Кара цхьацца тIулг а эцна, говрахь волчунна чухахкавелира тхойшиъ. Амма, цуьнан яьллачу можах а, къаьрзинчу цIечу бIаьргех а, буьрсачу мекхех а бIаьрг кхетча, тIулгаш тIеластон бIо ца буьйлира тхойшиннан. Гуттар а "баккхийчарна дуьхьал ма ле", — бохуш, денна цIахь хьоьхучух а озавелла Iийна хир вара тхойшиъ.

Охьаветтавелла, тIера ша ерриг бедарш а, юхь-куьг а хотташа дуьзнера Юнусан. Охашимма мохь хьекхарх, тхойшиъ тIаьхьаидарх, орцах вала стаг ваца цу дийнахь тогIийчохь. Хетарехь, буьрса ши мекх долу стаг ша а кIадвеллачух тера дара. Мухха делахь а, цкъа ондда ластийна Юнусан букъах шед а тоьхна, говр хаьххкина, дIавахара иза.

Цу сарахь тхан куьпара дерриге а бераш вовшахкхийтира. Тахана дийнан делкъахь хилларг оха дийцира ма-дарра. ХIетта бен кхоччуш ойла ца йира оха Юнусан хиндолчух лаьцна. Кхийтира, нехан тишчу цIенойн беданахь Юнусе цу кеппара Iа даккхалур доций. Цунна шен нахана тIе дIаваха лууш ца хилар а гуш дара.

ХIун дан деза ца хууш дукха къийсаделира тхо. Таьххьара а дагадеара тхешан хьехархочунна тIе а дахана, дан дезарг цуьнга хатта. Амма тхан а, тхешан

хьехархочун а гIо кхача доьгIна ца хиллера Юнусна. ШоллагIчу дийнахь Iуьйранна, цхьана мекхаш долчу ламарочо ворданахь, шеца цхьа накъост а валош, ван а веана, вехка а вихкина, Юнус дIаваьхьи, бохуш дуьйцура, гинчара. Ворданах а леташ, тIаьхьа а хIоьттина, Куно а даха бохура.

Со доллучул а хIетахь цецваьккхинарг цхьаъ дара: хIунда Iара ерриге юрт а цу мисканна орцах ца йолуш?

ТIаьхьо кхийтира, берриге а бехк Юнуса буьйсанаш йоху меттиг лечкъош латтийнчу тхешан хилла хиларх. Юьртан Советехь иза дIавигар хьахийча, тхаьш иза юьрта ца воуьйтуш лелийтина... Цундела са а ца тоьра, Юнусах хIун хилла ца хууш.

ХIетахь дуьйнна тхаьш вовшахкхеттачохь кест-кеста хьахавора оха Юнус, амма цунах лаьцна цул тIаьхьа хIумма а ца хезнера...

Тхан автобус дIакхача герга гIертара. Шеко яцара, ткъех минот хьалха кху чуьра охьавоьссина Юнус а, мацах тхкна везина хилла Юнус а цхьаъ хиларх. Суна, цкъа-делахь, дагахьбаллам лаьттара, мацах дуьйна ган сатесна волу тхешан бераллин доттагIа цу кеппара, кхин вистхилар а доцуш, новкъахь висарна. ШоллагIа-делахь, чIогIа хаза хетара цу хенахь телхина ву бохуш леллачу кIантах иштта, ма-вийццара хьанала белхахо хилла. Сан дагахьдерг хиъча санна, юха а вистхилира суна уллора воккха стаг:

— Маржа зама яI, ма хийцаелла хьо! Кху чуьра охьавоьссина Юнус цхьанхьа шелоной, мацаллой вийна

хир вара хьуна хIара зама яцахьара. ХIинца Iедало то а вина, кхета а вина, вуьззина стаг а вина цунах. ХIинца дика вехаш ву зуда а, доьзал а, шортта рицкъа а долуш. Хуур дара хьуна, иза жима волуш хьайна гина хиллехь...

Ас воккхачу стаге хIумма а ца дийцира. Ойла дIалаьцнера хIинца цхьана хаттаро: гур-техь Юнус юха? Я гахь а, оьший-техьа цуьнга вист хилла, мацахлера беркъа, декъаза денош дагадахкийта?

ЦIЕ йоцуш хина уллохь

КхоалгIа де дара хьоькхучуьра мох ца соцу. Кхузахь, доккхачу хин уллохь-м, гIаддайча, бIаьргаш чу еттачу ченаша а ца хьийзавора. Дехьо-о аренгахь бIаьрг боьллийла а яцара.

Иттех цIа бен дацара цу совхозан отделенехь. Цу цIеношкахь а бехаш нах бан а буй-техь, олий хеталора. Цундела аддамо а тергал а ца бира хин уллорчу поппаран лохачу цIенош чу баьхкина нах. И нах а бара цхьа тамашийна, берраш — божарий, шайца цхьаьна цхьа а зуда а йоцуш.

— ЦIе хIун ю-техь кху хин? — хаьттира шаьш схьакхелхинчу дийнахь Хьусай цIе йолчу накъоста шайн бригадире Iусмане.

— Хьанна хаьа кхуьнан цIе, — реза воцуш хадийра гIишлошъяран гIирсаш боцуш дарвелла лелачу бригадира.

Сарахь, мох жимма лагIбелча, хи улло вогIура Хьусайнний, кхушара исс класс а яьккхина, дуьххьара балха веана Султанний. Тамашийна хетара хIара доккха, амма гIар-тата йоцуш, лаьтташ санна хеталуш долу хи.

Ламанан хи-м, гIовгIа еш дагIахь а, цхьаъ дуьцуш санна хета. Масала: "Со-м геннара, лам тIера схьа догIуш дай! Сан-м генна некъ бан безий! Суна дуьхьал ца болуш-м цхьа а тIулг а, берд а баций! Сан-м йиш яций шуьга ладуьйгIуш латта, дIасатаIал сан новкъара!"

Ткъа кхуо хIумма а ца дуьйцу. Стенна теба? Стенна ладуьйгIу? ХIун ца тайна?

Буьйсанна хи а, аре а, бода а вовшийн мара а хьаьрчина дIатийча, къаьсттина сингаттаме хуьлура. Хеталора, шок етташ коре бетталун мох а цу кхааммо барт а бина, тIелоьллуш санна, мехка боцу хьеший дIакъахко.

— Шек а ма довла шу, кIентий, гIирсаш кестта схьаузур бу, тIаккха вешан болх дIаболор бу вай, — шен накъостийн дог-ойла гIаттон гIертара Iусман цу сарахь а.

— Дукха нацкъара ю-кх хIара меттиг ваха-ван. Управляющис прпрабера машен ца яьккхинехьара, хетарехь, цигахь Iаш хир дар-кх вай хIинца а, кхин машен ца кхеташ, — вистхилира Зайнал.

— Дера хIета, кхуза оьхуш таксиш ян ма яц. Вай-м хало а, бала а лан, хIуъа дина а ахча даккха арадевлла дай. Цхьадолу хIуманаш тергал а ца ледарло ма елахь, Iусман, хьо тIаьхьа ваьлла хьовзаре терра бен гIуллакх хир дац хьуна, — шена хетарг элира царех уггаре а ханна воккха волчу Iабдулвахiаба. Накъостий луьйчура севцира. Массара а шен-шен ойла йора.

Цхьа Iусман воцург, кхиберш кху тайпанчу балха лелла нах бацара. "Баттахь шовзткъей итт туьманал лахара ахча аш эцахь, ас дуьйцург дош дац-кх шуна!" — бохуш, Iусмана дийцинчу къамелашка ла а дийгIина, баьхкина бара уьш.

— Цкъа болх дIа а болийна, накъостий тIе эшахь, цIа кехаташ тосур ду вай. Поппарш хьеха зударий а оьшур бу, — юха а къамеле велира Iусман. — Цхьана доьзалера шиъ-кхоъ накъост хилча, цара баттахь бIе туьма а сов ахча а эцча, иза доккха хIума ду.

— Дера, шен цIахь гIишло ян дезаш волчу стагана муххале а ахча эша ма оьшу. Итт туьманал а сов долу еттинчу кибарчигийн эзарнах а, — элира Iабдулвахiаба.

— Машен оьцуш нахера даькхина декхар дIаделла делахьара, со-м вацара кхуза оьхур волуш, — дIатаьIна, тишачу аьчган маьнги сетка екийра Зайнала.

— Сайнчул а чIогIа гIайгIа ю суна оцу кIентан. Цхьаъ нислур моьттуш, чIогIа дехарш а дина, ваийтина соьца и тхан йишас! Цо жимма сом-ком кхузара яхьа лаьара суна, айсачул а, — элира юха а Iабдулвахiаба.

Цо вуьйцург Султан вара. Иза жимма ондаваьлла, чIогIа йоккха еш яра цуьнан нана. ТIехь да а воцуш, кхиъна, дегI даьккхина кIант хIинца цхьана агIор беш а, цIеношш а нисдина ваха охьахаон везаш вара. Ненан ваша IабдулвахIаб бен цуьнан кхин уллора гергара стаг а вацара.

— Со-м дуьххьара а , тIаьххьара а веана шуна кхуза. ХIара ченаш юучул-м, хазачу, сирлачу дуьненахь, колхозехь машен а хоьхкуш Iар тоьлу. Лур йолуш а яра кхушара цIенаниг, корта а хьаьвзина, кху, сусликийн махка ца веанехьара! — шен дагара ма-дарра элира Хьусайна.

— И машен-м хьо вуха вахча а хир яра хьуна, — реза ца хилира цу къамелана Iусман. Накъостий юха а дIатийра, шаьш Iаччохь цхьацца ойланаш а еш.

— Дош-м дац шуна вайн наха лелорг. ЦIа а, кхерч а дIа а тосий, дуьненан массо а маьIехула лела, сомком яккха гIерташ, дегIах а, сих а бовлий. Я даьккхинчух а има, беркат а ца хуьлу, — ша шеца санна лен велира юха а Хьусайн.

— Вовшашца яхь ю вайн нехан. Шаьш даьккхинарг хьала а молуш хIуманна а гIайгIа а йоцуш Iийр бара, яхь яцахьара. ХIума гулъян гIертар-м, эхьен, хьаха, дацара. Эхь, хьаха, ду мийла а муьйлуш, къелла валла, нехан диканехь а, вонехь а воцуш лелар. ТIекхуьучу доьзало а боккхур бу бекх: хIун деш Iийна-техь сан данана наха шайна гIишлош еш, Iер тодеш, — аьлла. Кхуза а лелар бацара нах вайн цIахь бечу балхах цхьа

гIе-ехь, кхузахьчул ах мукъане а сом-ком луш елахьара, — ша Iуьллучура хьаланисвелира IабдулвахIаб, — сан карахь-м вовшахкхетта дац шовзткъе итт туьмане кхочуш ахча, ас колхозехь ткъех шарахь къахьоьгу! Буракаш а, я томка леладе, олу хIинца шайга болх бехча а. Со лелар ву, я соьга терранаш лелар бу зударшна юккъе а хIиттина, асарш деш? Дера, и тхан цIийнан лаппагIнаш тIекхеташ-м йохкура, сан кхин гIишло ян де доцуш. Хаац, хIинца кхушарахь кхузахь хIун нислур ду...

— Буракашший, томкий лелон ца луучунна Грознехь а, Аргунехь а, Гуьмсехь а ю заводашкахь шортта болх бан меттигаш. Чохь Iан хIусамаш а ло Iедало йоцчунна. Эццига, парггIат, меллаша шен болх а беш Iен йиш ю луучунна. Аьхка курорте ваха а йиш ю, шен нускал улло а даькхина. Кхуза ца лелаш берш-м аттахо а бехара, вай хIуъа дийцахь а, — ца къарлора Хьусайн.

— Дера хIета, кегийнаш заводашка баха а мегар ма ду. Заводашкара белхалой-м, хьаха, бу кху Iедало хаза меггарг сий деш. Дика хир дара и тайпа заводаш вай дехачу лаьмнашкахь а яхкахьара. Божарий заводашка гIур бара, зударша буракаш а, томка а лелор дара, — реза хилира цунна Iабдулвахiаб.

— Ткъех шо ду со хIинций-хIинций кхуза лелачуьра соцу суо бохуш, ас ойла ен. Суна-м карийна бац оцу вайн цIахь ткъех туьма баттахь догIуш болх. Шиъ-кхоъ говзалла а ю сан! — тIечевххаш юкъаиккхира бригадир. — ХIумма а гIадвахана лелаш а вац-кх со. Желудкина

язва ю, энаша а тІахь-тІаьхьа дІалаьцна волуш воллу. Я цхьаьна а дас деш сий а дац вайн цІахь, "шабашник" а вац-кх со. Чамда юьззина ю сан Почетни грамоташ. Ас мел дина цІенош а, божалш а, кхийолу гІишлош а ягарйина а вер вац! И дерриге а айса мел хьегна къа, цу вайн цІахь динчу цІеношна дІа а дахана-кх сан. Цу чохь ехаш хІинца и вайн кІентан хІума ю, школехь хьехархо волу. Ас уьш ца динехь, Іедалан квартира яла ца дезара цунна? Суна айса хьоьгуш долу къа эрна ца хета. Суо лечу дийнахь а сан дагна синтем лун берш ю ас йина гІишлош, хІунда аьлча, ас сайн дахар дІа эрна ца дахийтина дела.

— Оцу бераша и машенан тІуьйлиг а эцна декхарийла воьллина со. Вуьшта, хьалха ас ма-аллара, дуьххьара, тІаьххьара а веана-кх со кхуза. Шай бен ца лахь а, вайн цІахь даькккхинарг хьоме хета-кх суна. Вайн цІера хІаваъ, Іалам, шовданаш лур дац мел боккха мах баларх, — вистхилира Зайнал.

— Юучунна хІун до вай? — хаьттира мацца а Іабдулвахіаба, — вай иштта Іехкарх гІуллакх хир дуй? — аьлла, тІе а тухуш.

— Картолаш кхехкор ю вай. Болх дІа болийча-м уьстагІа-хІума а язйийр яра кхара вайна, — элира Іусмана.

— Схьакхайкха ткъа и кІант. ДІацІанъяйта цуьнга картолаш, — элира Іабдулвахіаба Хьусайне. Кестта Хьусайнний, Султанний велар чу картолаш а йоьхкина, хи улло вахара.

Бода булуш лаьттара. Хин улло вахана шиъ хьевеллера, — Султан схьа ца веана? — чу хьаьжира мацца а хьусайн.

— Ой. Шуьшиъ цхьане ца ваханера?

— Со иза картолаш цIанъеш а витина, дечиг лаха ма вахара! Чуьра ара иккхина, хин улло хьаьдира Хьусайн.

— Султа-а-н! Во-о Султа-ан! — Дуьхьала аддам а вист ца хуьлура. Хьусайн шен ког ма боллу ведда, шаьшшиъ хиллачу метте вахара. Цигахь, хин уллохь, цIанйина картолаш а чохь, ведар лаьттара, Султана шена тIера дIаяьхна хIумнаш а Iоьхкура.

— Султа-ан! Во-о Султа-ан! — Цхьа хIума даг чу тесна, цIеношш чохь Iийраш а, аралилхина, схьахьаьвдира.

— Султа-ан! Во-о-о Султа-ан!!! — маьхьарий деттара массара а. Дуьхьал хIумма а ца догIура. Хица хьала-охьа а хьаьвдира накъостий. Юха а хаддаза маьхьарий деттара. Аддам а дуьхьал вист ца хуьлура...

ШийтталгIачу дийнахь карийра царна хино юьстаха кхоьссина Султанан дакъа...

МУРДАЛА КЪАЬРКЪА ДИТАР

Оптови базера харц а, бакъ а цхьацца хIума а яьккхина, ша арадаьккхина гIуллакх кхиам болуш дIадерзарна тIера, оццу базехь нисвеллачу шен доттагIчуьнца меллера школан шофера Мурдала. Мелла а волуш хьалаван кхоьруш буьйса йолийтира шофера. Лам чу хьалавирзича, кхин а ах шиша гергга къаьркъа мелира.

ТIесерса йолаеллачу гуьйренан йочано ламанан некъаш тIадийнера. ЖагIа боьхкина боцчохь, машен шершийй, салаз санна юха хьодура. къаьсттина сацкъаран ирхенашкахь.

"Хьо йиса хьайн да велла, ма дуьхьал ели хьо тховса!" — педалашна тIе когаш теIабора маларо вохвинчу Мурдала. Пеша гIортийна цициг санна юхалилхина-лилхина, тIаьххьара а цхьа тамашийна кхосса а елла, дIаяйра машен-м. Мел стартер хьийзорах, юха хьала ца летира иза.

Ондда неI тIе тухуш, кабини чуьра охьа а воьссина, агIор шат а кхоьссина, дIасахьаьжира Мурдал. Боьллачу боданехь, тIесерсачу догIанехь самукъане хIумма а ца къаьстира.

Цхьа вон шен машенан тIелхиге дIа а хьаьжна, ласттийна чIургах мийра а тоьхна, новкъа юхаволавелира Мурдал. Дукха хан йоццуш ша цхьана

юьртана юккъехула волуш санна цхьа бIарлагIа дуьхьал хIуьттура шоферна.

Иштта хила а хиллера.

Пхи минот а ца елира Мурдал юьртан уггаре а йистерчу цIеношна тIе Iотталуш.

"ДаргIдаргI-гI!!!" — неI етта йолийра Мурдала.

— Хьуна мила оьшу? — дуьхьал еара хIусамнана.

— Б-буьйса яккха мегар дарий шуьгахь? И ш-шен да велла йисарг дуьхьалъяьла-кх суна тховса...

— Схьавола, чоьхьавала. Охьахаа. Юург а кечъйо ас кху сохьта.

— Хь-хьашт яц. С-со дIавижийтахьа, — гIента тIехь гал а вуьйлуш, дийхира Мурдала.

— ДIа-м кху сохьта вуьжуьйтур вара ас хьо, — сихъелла, сов цIачу мот билла хьаьдира хIусамнана, шен дагахь, хьаша гIанта тIера охьавожале, аьлла.

Йоккха юкъ ялале, юха а цхьамма арахьара неI етта йолийра, хьалхачул а чIогIа.

— Меллаша лелахьа, хьаша ву вайгахь, — дуьхьалъелира хIусамнана. Чуваьлла зоьртала къонаха кхин а чIогIа галваьлла вара. Хетарехь, иза кху наьIаре кхаччалц а цхьамма айвина я таккхийна валийнера.

— *М-молчать!* — тIечийхара зоьрталниг. — С-со мила ву хаьий хьуна?!!

— Делхьа, стаг, вижа дIа, ас мотт биллина хьуна. Делхьа, ма хIиттаде вай юьхьIаьржа. Хьаша ву вайгахь, — шен цIийнда тева гIертара зуда. МаьI-маьIIера

схьахезара гIовгIано самадаьхна, доьлхучу берийн аьзнаш.

— *Я вам д-док-кажу ктоя, и что вы!* — шениг дуьцура вукхо.

Хала, ийзош тIера хотташа юьзна плащ а, бертех чу а цхьана хотташ ихна мачаш а тIера схьа а яьхна, вигна, хьенаша улло биллинчу маьнган баьлла, дуьненчу серло яьржинчул тIаьхьа, мацца а самавелира Мурдал.

Малх лаккха баьлла, дуьненчу серло яьржинчул тIаьхьа, мацца.

— "Ванах, хIара мила ву тхоьгахь верг?" — цецваьлла хьоьжура иза шена уллохь Iуьллучуьнга. Лозуш эккха боллучу коьрто дага ца воуьйтура.

"Ой! Со селхана а, сийсара а цIахь а ма вацара, хIара мила ву-техь хIинца кху зудчо валийнарг? Со муха кхаьчна-те кхунна улло?!!" — кийра хьаьдира цхьа сиха, шийла шеко. Ша Iуьллучуьра хьала а айавелла, леррина хьоьжура цуьнан къорзачу бете, ондийчу меженашка. "ХIан-хIа. ХIара баьхьарча тхан эвлара вац. Ткъа зуда, мукъа стенга яхана-техь? Едда-техь со цIа кхаьчча?!!" — меллачух мукъа балаза болчу коьрте оьху ойланаш цхьаъ вуккул ирча яра.

Чухула дIаса гIийлла бIаьрг туьйхира Мурдала. Сонехь лаьтта сервант, тIехIоттийна ченех оьзна самовар а, ши бога а долуш вуккху сонехь горгачу стоьла тIехь мацах дуьйна йоьхна Iуьллу "Рекорд" радиоприемник, схьаэца ираллех хIума яцара, уллораниг дIакъовкъо оьшуш меттиг хилахь а. Маьнгана кIел

хьаьжира, ша хьастаха биллина карданни вал мукъа буй-техь цигахь, аьлла. Цуьнан метта цу кIел цхьа Iаьржа, тиша чамда Iуьллура. "Ой! ХIара-м чамда а яхьаш ма веана! Ма тамашийна хIума ду хIара!" — кхоччуш цецваьлла, шена уллорчуьнга бIаьргаш къерзабора Мурдала.



ЦIеххьана важа а самавелира. Гира цхьа чIorIa реза воцуш, шега схьакъарзина Iуьллург.

"ХIара мила ву хIинца? ХIара стенах цецваьлла? Кху чуьра вада а лууш, вада а ца ваьхьаш схьа къерза-техь хIара?!!" — диканиг ца деара вукхуьнан мустделлачу даг чу а. Ца хаьара, ша цуьнга хIун ала деза.

— Хьо мила ву?! — мацца а хаьттира Мурдала хIусамдега.

— Хьо мила ву?!! — дуьхьал хаьттира вукхо.

— Со мила ву-м ас дуьйцур ду хьуна хIинца, дукха ца Iаш... Хьо мила ву хоьттий ас-м!

ХIусамда хIинца гIехь воьхнера:"Ванах, хIара-м вада гIерташ а ма вац, мелххо а чугIерташ ма ву! ХIара хIун ду кхуо лелориг? Со кхеро дага-м ца деана-техь кхунна?"

— Борз, хьо тIечийхаш ма ву, со кхеро-м ца гIерта хьо? Хьо вала мукъане а мичара ваьлла кху чу? — Iуьллучуьра жимма хьалаайавелира хIусамда.

— И хIун ю ахь юьйцург, босяк! Ас делан къурIанор, ю хьох цхьацца эхиг йийр! — тIекхетта, легаш лецира Мурдала хIусамден. — Хьо хIун ю суна, кхеро а, цакхеро а!!!

Вовшахьаьрчина шиъ маьнганаш юккъе охьавуьйжира. Лесто яьккхинчу сервантана тIера ши бога а, ша эцчахьана цкъа а чохь чай кхехкийна йоцу самовар а къаьхьачу татанца цIенкъа охьахахкаелира. Кхераелла, йоьхна, ега а еш, чуиккхира хIусамнана.

— Ашшиммо хIун до, хIай! Сацийша! Хьерваьлла хьо, хIай стаг, хIай! — бохуш, тIеттаяларх, важа шиъ дIасакъасталур а ца хилла, юьрта юккъехула, урамехула охьахьадира хIусамнана!

— Ва усстаз, орцах довлийша! Орцах довлийша, хIай нах! Вуьйш ву-кх, вуьйш!!!

Дехьа-сехьара схьалилхира орцах хьаьвдда нах: зударий а, божарий а, бераш а.

— Хlун ду хилларг? Хlун хилла вайна?!

— Чу гlойша, тхан чу! Чохь леташ ву-кх и ши стаг!

Шайн ког ма боллу бевдда, нах леташ волу шиъ волчу чулилхира. Эгlазо-о волчу Мурдална хlума алсам кхеттера...

* * *

Тlаьхьо ма-дарра шайна хиъча, дукха чlогlа самукъане дийца даьккхира и хилларг цу юьртарчу наха.

Оцу дийнахь хиллачух ша Мурдал воцург башха дуьхе кхиъна стаг а вацара.

Машен а хиллера цуьнан цхьана бердах чу а кхозаелла, боккхачу тlулго сацийна латтош.

Цу дийнахь дуьйна дитира бохуш дуьйцу Мурдала къаьркъа.

АВХКЕНАН ТIАВХХЬАРЧУ ДИЙНАХЬ

"Пис", "бlаьрмециг", "мезиг", "хlара дуьне дузуш а юзу йоцу хlума", — масане яра хьуьнан хехочунна ЯрагIина юьртарчу наха тохку цIерш! Амма цхьанна а ца хаьара ЯрагIис ша-а виссинчохь ен сирла ойланаш,

ца хезара цуьнан дуткъачу, кIедачу син лекхадалар. Хаар а, хазар а дан а дера дацара юьртахой-м. "И дечиг хIунда еана ахь соьга а ца хоттуш?" "Ас акт дайтина хьуна, кассе а гIой шийтта туьма дIа такхалахь, ца такхахь чувуллур ву хьо!" "Сайна луъург дан сан ю и хьун!" — бохуш, ЯрагIин багах дуьйлу дешнаш хIумма а шех нехан безам лотуьйтур болуш дацара. Доллучул а юьртахошна новкъа дерг цхьаъ дара: цхьаболчаьргахь таIзар латтадахь а, вукхьаьрца (шен кисана цIен кехаташ теIош болчаьрца) чIогIа комаьрша а, дог кIеда а вара хьуьнан хехо. Царна велавала а дог догIура, цаьрца "бIе грамм" йоккхуш а, забар хIума еш меттиг а йогIура.

Делахь а, ас хьалха ма-къаддора, локхучу эшарх а, гойтучу кинох а, хазо-о йоI-жеро гучуяьлча, цунах а къаьсттина чIогIа самукъадолуш, дог-ойла айалой, тIемайолуш вара ЯрагIи, шен тIекхуьу доьзалш, кхиъна, баккхий хуьлуш лаьтташехь. Екхначу, мелачу аьхкенан суьйранна хазачу Iаламехула, хьаннашка бIаьрг а тухуш, ша араваьлча, буткъо-о мукъам бан дог догIура. Дуьхьал хIуттура цхьацца йолчу къоначу жерочун тайна амат... Наггахь ерг, кинохь дуьхьал оьхьнарг а цхьаьна, дагара ца йолура, цхьа хан юккъе йоллалц. "Нисбелла а хуьлий уьш-м, дала эшабарш, хIинца тIаьхьа-тIаьхьа тIекхуьуш берш", — вас лаьттара хьуьнхочун амал эца ирделлачу даг чохь.

"Ванах, со иштта хьаьгнначохь а вуьссуш, дIаяха йоллу-техь хIара хан-зама? ХIинца а меттах ца валахь,

къанлуш ца лаьтта со? Ткъа хIун оьшуш Iа? Со а вац и сакъоьруш болу нах санна? Шай-кай кара ца кхочу?" — ойла йора кест-кеста. "нах-м курорташкахула ма лела, лорре дIа а боьлхий! ХIара со верг яр-кх курорт, да висарг, цхьа мего-о хIума карайогIуш елахьара!"

Кху тIаьххьарчу деношкахь-м хьуьнхочун дог-ойла кхоччуш карзахъяьллера...

Хьаша еанера ЯрагIи волчу хьастаха, хьуьнах. Хьаьрса месаш,а, лекха дегI а долуш. IатIаран хьожа а йогIуш. Довхачу, хазачу аьхкенан дийнан делккъехь. Сарахь, маькIажан бода къовлабелча бен дIа а ца яхара. Ша-а-м яцара, байттамал. Цуьнца цхьана ЯрагIигIеран инженер а, министерствера цхьа хьаша а вара. Делахь а, ЯрагIин дикка самукъадаьллера-кх.

— ХIун ю хьан цIе? — хатта аьтту белира ЯрагIин хьеше цкъа мацца а, дикка цуьнга бIаьргаш къерзийначул тIаьхьа.

— Вера Андреевна.

— Iаш мичахь ю хьо?

— "Радуга" кинотеатрана уллохь. Мичахь ю хаьий хьуна?

— хаьа, — аьшпаш боьттира ЯрагIис, ца хаьа аьлча, ша кхунна башха "культурни" ца хетахь а, аьлла. — ХьошалгIа ван мегар дуй со хьо йолчу?


— Мегар ду дер-кх. Хьо волчохь шашлык а йиъна, юха хьо со йолчу веъча, ас хьошалла ца дича нийса хир дуй тIаккха? — къежира хьаша. И тоьира ЯрагIина.

Хазъеллера къонахчунна министерсвера лекха, хьаьрса хьаша Дагара ца йолура. "Ваха веза со цкъа и йолчу, — ойла сецнера. — Иза ца караяхь а, кхин а карон мега ишттаниг, цунах терра хазаниг. Масане бу уьш, и гІала юьззина дІасалелаш! ХІинца а ца водахь, дагахьбаллам буьсур бу. Аьхке а йоллу кхачош. Хьанна хаьа, даттагІалла чІагІделча, кест-кеста хьалаян а мегий иза-м. Кхочушхила а мегий иза-м, сан деган уггаре а кІоргехь Іуьллу къайлаха Іалашо: тхо кхоъ, аддам а воцчохь вовшахкхетар — исбаьхьа Іаламмий, сой, изий...".

* * *

Аьхкенан тІаьххьара де дара. Шен уггаре а чІогІа кечлуш тІеюху кримпленан баьццара хеча а, доца пхьуьйшаш долу, можачу дарен коч а юьйхина, цІий доккхуш, лерана, таІийна маж а яьшна, вортан тІехула чу а цхьаьна "Кармен" одеколон а тоьхна, коьрта кІайн, Іуьргаш долу пес а тиллина, кисана ткъей итт туьма сов ахча а диллина, Іуьйранна хьалххе автобусан станце волавелира ЯрагІи. Цхьана а дена дагадогІур дацара цо арадаьккхина гІуллакх. Я тешар а бацара, шайга дийцича а. Къаьсттина, кхо цу балхана арадаьккхина оццул ахча ду аьлча. ЯрагІи-м башха шек а вацара, цхьаболчарна и гІуллакх ма-дарра дІахиъча а. "Хаийта! ЯрагІин чот ю сакъера. Хьарам ахча ду шортта кисана деана!"

Ша дегIана мелла а жимо-о велахь а, къежбелла, тила болабелла кортий, цу коьрта тIехь уггаре а гучу меттехь чуоллабелла бехо-о марий дукха зударийн шовкъ летар йоцуш белахь а, ша-шех гIеххьа бIобулуш вара къонаха. Ма-варра ша вевзинчул тIаьхьа шен гIуллакх вон хир доцуш санна а хетара...



Вера Андреевна йолчу дIакхачале, цхьана кафе чу вирзина, гIехь шен дегIах "градусаш" йолийтира ЯрагIис. ХIинца ког байбелира. Хетаделира, олу долу дош а гIехь шарделча санна.

— Такси, такси!!!

— ?!

— "Радуга" цIе йолуш клуб юй кху гIалахь?

— Кинотеатр "Радуга" юьйций ахь?

— Хlаъ. Юьйцу!

— Дlавуьгий хьо цига?

— Дукха чехка вуьгу! — "Iехийна-м ца хилла со йоlа. Хила а хилла кхузахь и цIе йолуш кулуб!" — воккхавера ЯрагIи.

Дуккха а адмаш дара шоьтан дийнахь кинотеатрана улло хьийзаш а, чу-ара дуьйлуш а.

Цхьана юккъехь леррина дlасакъерзаш лийлира "свидани" веанарг, кино баьхкинчарна юкъахь яц-те хьаьрса месаш йолу шен хьаша, бохуш. Ца хааелира. Теранаш бара, иза яцара. TIаккха хеттарш дан велира ЯрагIи. Цхьанна а ца евзара Вера Андреевна, я нохчочуьнга хаьттича а, я кхечу къомах волчуьнга хаьттича а. Цу балхах чlогlа цец а ваьллера хьаша! "Министерствехь балхахь а хилча, гена йоццуш Iаш а хилча, йовза декхар дара нахана, цо со левина ца хилча!"

"Ялахь иза а гучуер, ца ялахь а хlора майда мел ю буьйлабелла лелачаьрца цхьаьнца гергарло таса деза ас", — ойла хьаьдира маларо бохбинчу коьрте. Хьаьдда вахана, дехачу, цхьана рейканех динчу гIанта тIе охьа а хиъна, уллохь морожени юуш Iачу цхьана жимо-очу, тамехьчу зудче бlаьрг бетта хlоьттира ЯрагIи, гоьл тIе ког а баькхина. Цхьа хан ялийтира, хlун аьлла цуьнга вистхир ца хууш. Кхин хатта тамехь хlума а ца карийна, вела а къежна , оьрсийн меттахь:

— Мерза юй? — хаьттира.

— Хlун? — цецъелира жима зуда.

— Морожени.

Жимчу зудчун бlаьргаш къаьрзира:

— Ахь цкъа а ца айиъна морожени?

Кхийтира ЯрагIи, ша динарг Iаламат чIогIа Iовдал хаттар хиларх. ДегIаца кеп ца хиллехь-м, цIийвала а мегара иза. Ткъа хIинца-м Iара, вела а къежаш.

— Хьуна хIун башха ду, ас хьайга хIуъа хаьттича а? — шашах багара делира сакъера веанчун.

— Муха хIун башха ду? — ца кхеташ, гуттар а чIогIа цецъяьлла схьахаьжира жима зуда, ша юуш йолу морожени а сацийна.

— Ялохьа, цулла а цхьанхьа ресторане гIо вайшиъ? самукъадолу хьан, кху малхе и хиъна, бер санна, морожени цIубъеш Iаш? — жимма мот шарбелира къонахчун. Важа-м, цхьа вон схьа а хьаьжна, хьала а гIаьттина, кхин йист а ца хуьлуш, йолаелла дIаяхара. ЯрагIи леррина тIаьхьа къерзара: байтамал яI, нисъелла хIума-м хIара а ма яра...

Хьала а гIаьттина, юха а волавелира ЯрагIи, ша тахана гIала вар эрна хиларх а кхоьруш. Гена йоццуш лаьттачу ларекана улло вахана, кхо-йиъ кружка пиво мелира къонахчо.

Белшах цхьа жима Iаьржа тIоьрмиг а оьллина, эвххана тIеюьхинчу къайчу куча кIелахь ерриге а дегIан меженаш а ловзуш, коьрта тиллина яйн косынка хIора ког мел боккху мохо а ловзош, ЯрагIина тIекхачча йоллуш схьайогIура цхьа чIогIа безамехь жимо-о зуда.

ЯрагIи хьаьжжинчохь висира. Товш бетталора цуьнан лекха туфлеш юьйхина когаш екъачу асфальтан тротуара тIе. Уллохула тIехйолуш, цо хьешах алссам IатIаран хIуо туьйхира. Хьаша-м когаша шаьш цунна тIаьхьа волаволийтира...

— Сих ма лохьа, хIай йоьдург, ишттa чIогIа сиха ду-те хьан гIуллакх? — тIаьхьа кхиира ЯрагIи.

— Ахь хIун боху? Хьо соьга луьйш вуй? — гIеххьа йоьхна, саца а сецна, леррина схьахьаьжира кIайн коч юьйхинарг.

— Ву, дер-кх! Хьол хаза а хилла, кхин хьаьнга луьйр вара со кху йоккхачу гIалахь?

Важа, йист а ца хуьлуш, дIайолаелира, ЯрагIига цхьа вон схьа а хьаьжна. Хетарехь, кхуо хьалха яькkхина ши бIе грамм а, тIаьхьа мелла кхо-йиъ куршка пивo а, ерриге а шерра гира хазачунна ЯрагIин бIаьргаш чохь.

— Хьо йист ма ца хуьлу! Со ледара кIант хета хьуна? Ошшада шен биллахI, вац хьуна со ледара кIант-м, хьуна хетахь а! Цкъа ладогIахьа ас бохучуьнга, сих а ца луш. — ТIахьа тасавелира ЯрагIи юха а.

— ДIавалахьа, къонаха, суна тIаьхьара, со хьуна моьттург а яцара, — дийхира хазачу зудчо, жимма шен болар лагI а дина, бат жимма схьа а ерзош. ЯрагIи-м, тIаьхьара ца волуш, кхин а генна дIавахара. Цхьана соне кхочуш лаьттачохь, кIайн коч юьйхинчу зудчо саца а сецна, леррина цуьнгахьа а йирзина, элира:

— Накъост, дІавалахьа суна тІаьхьара! Хьоьлла шиъ а хир волуш майра ву-кх сан цІахь, со цІа кхачарга хьоьжуш, мукъалла валла, доьхка хаьдда топ санна Іуьлуш. Башха хьо оьшуш меттиг а бацара-кх сан!.. Кхин ког ма баккхалахь суна тІаьхьа!

ЯрагІи ша волччахь сецира. "ГІоза ма хила хьо а, марехь ерг нисъели! Оццул чІогІа кечъелла, "цІуцІ" — аьлла стенна лела хьо, хьуо марехь хилча?" — тІаьхьа мохь тоха дог хилира сакъера веачун, иза марехь ца хиллехь, шен дерриге а толур долуш санна. Делахь а, хІумма а ца элира, доккха са а даьккхина, тІаьхьа гІийла бІаьрг а тоьхна, юхаволавелира.

Оццу новкъахула схьайогІура цхьа кхин озо-о, белхаш тІехула охьа месаш охкийна жима зуда. Иза улло кхаччалц сецна а лаьттина, шен дагахь эсало-о маршалла хаьттира ЯрагІис:

— Дарастуй!

Цхьа вон схьа а хьаьжна, бур-бур аьлла йист ца хуьлуш, дІайоьдура месаш охкийнарг. ЯрагІин кхин а алсам догдетІира:

"Хьажахьа! ХІара дала доллу Іаспар а ца деший-ц сох! Ца юьту хьуна ас хІара-м ишта", — къонаха цунна а тІаьхьавелира.

— Девушка, эй, девушка!

— ДІавала суна тІаьхьара, маларча! — тІечевхира важа-м, хІара шена тІаьхьа ма кхиънехь.

— Ой! Дов ма дехьа! Дов стенна до ахь? Цул, цхьанхьа ресторане гІо вайшиъ? Ахча шортта ду, —

оьрсийн маттахь гуттар чIогIа хьаставелла, шен дагахь йоI лейо ша бохуш, захалу дийца хIоьттира ЯрагIи. Ца еана хIун дийр дара хIокко хIара а яц башха заббари а, — ойла йора. Тешна вара, ша жимма хьаьвзича йоI берта йогIур хиларх. Амма цу минотана еха месаш йолчо дерриге а ца моьттачу агIор дохийра.

— Дурак! — цхьа дукха чIогIа ЯрагIин дог дохош, едда, дIаиккхира важа. ЯрагIи Iадийча санна, сецира. Кхуьнан кхетамехь "дурак" (Iовдал) бохучу дашал вон дош дацара оьрсийн маттахь цхьа а. Цкъа мацца а, ша метта веъча: "Сам дурак!" — тIаьхьа ондда мохь туьйхира цо. Месаш ерг-м генна яьллера.

Кхийтира ЯрагIи, ша арабаькхинчу некъах иштта атта дош хила ца доллий. Самукъане яцара ша бинчу новкъа юха мел гIерта а цо ен ойланаш. "Мелла, мелла, бIиз валлалц мала деза!" — дагадеанера догдаьттIачу къонахчунна.

Такси иккхира цхьана сонера схьа. ЯрагIис куьг лецира.

— Мукъа вуй хьо, накъост?

— Дера ву-кх, жIаьлеш хи тIе диггал-м! Стенга воьду вайшиъ?

ЯрагIин дикка самукъадаькхира таксистан багара схьадуьйлучу дог гIитточу дешнаша.

— Жерой буй хьуна бевзаш кху гIалахь?!

— Делан вазалор бу-кх, Китайхьчул а дукха-м! ХIун до ахь царех? Цхьаъ-шиъ тоьар яцар-те хьуна? — марсаваькхира таксиста пассажир. Схьагарехь,

хIара тайпаниг цунна дуьххьара ца нисвеллера. Машен шерачу асфальта тIехула сай санна дIаиккхира, охьахецначу коран куьзганна чехк мело-о мох а тухуш.

— ЭхI! Де ма ека хьо кIентан! ХIун ю хьан цIе? — там хилла меттахвелира ЯрагIи.

— Висайт а, Вахтанг а, Федя а, тайп-тайпана йоккху-кх накъосташа сан цIе. Ахь хьайна товрриг яккхахьа.

— Дика ду, Педа, со ЯрагIи ву хьуна. ГIуллакх иштта ду. Шай-кай вайшингахь шортта ю, цунах озавелла Iийр вац хьо. Вайшинна тховса са хиллалц сакъера цхьа меттиг нисъян еза ахь. Далур дуй хьоьга суна и накъосталла?

— Далур ду, къурIанор, иштташ-м! ХIинццалц мичахь вара хьо соьх схьа ца кхеташ? ХIара ерриге а гIала телли-кх ас хьо ца карош! — леттачу цIар тIе бензин тухучу хьесапехь дара таксистан багара схьа мел долу дош.

— ЭхI! Хьай деятIа хьо кIентан, ма кIант Iуьллу хьо, Iилла-м ткъа! Ма эрна ага ца техкийна хьо винчу нанас! — тIехьахула-а дIакхевдина, таксистан белшаш тIе куьг диллира ЯрагIис. Моьттира, цу минотехь, министерствера Светлана Андреевна а, морожени юуш хилла нисъелларг а, кIайн коч юьйхина хилла кураниг а, месаш охкийна едда яхана "Iаспар" а берраш а цу минотехь шен когашка охьаэгча санна. Дог-ойла ловзаелира. ГIадваханчу ЯрагIис цхьана доккхачу дуьзначу тесара санна охьаIанийра таксисте кху

тIаьххьарчу шерашкахь шен кийрахь IаьIна хилла бала. Ша йина хилла гIийла ойланаш. Кхин хIумма ца хилча а, диц ца лора ЯрагIийна шен тахана этIийна хилла дог. Боккъалла а тешнера хьуьнхо хIинца дуьйнна шен дахар дикка хийцаделла, самукъанечу тIегIан тIе долуш хиларх.

— ХIинца а жимма хьалхе хир ду моьтту суна, жимма ресторанехь хан яйича хIун дара-те вайшиммо? — хаьттира таксиста. ЯрагIи цунна дукха чIогIа реза хилира. "Педийна" там бан гIоьртина, вала а реза хир волуш вара цу юккъехь хьаша.

ЯрагIис дукха сатийсина суьйре а тIегIоьртира.

ГIалел араиккхина, шерачу асфальтан новкъахкла хахкаелла йоьдура такси.

— Вайшиъ мича воьду? — хаьттира пассажира.

— Сан даче ваха веза вайшиъ. ГIалийна жимма нацкъаро-о меттиг дика хир яц вайшинна? — схьахьаьжира "Педа".

— Хир ю. Iаламат дика хир ю. Хьай деятIа хьо кIентан! Хаа-м хаьа барзана, мичахь дика хир ду! — воккхавийна а ца волура хьаша.

Цхьана хенахь, нацкъаро-о, цхьа кегий масех цIа долчу готтачу урамехь сецира такси. Цу тамашийначу кегийчу цIеношчохь аддам а вацара. ЯрагIина мамоттара, башха цIена а, хаза а меттиг-м яцара иза, делахь а: "Ца хича а дац хIумма а. Коьртаниг — жерой!" — ойла йира хьуьнахочо.

— ДIо маьIIехь туьканаш а, базар хIутту меттиг а ю хьуна. Вайшиннан хIусам и дIо лаьттарг ю. ХIан. ХIара догIа а ду хьуна. Со вайшинна "товар" далон воьду. Тхо схьакхачале кху бухахь бан беза кечам хьайна хуур хьуна, — дачин догIа схьакховдийра таксиста.

Цкъа а ца йинера ЯрагIис юург оьцуш оццул харж: къаьркъа, уггаре а тоьлларг коньяк, жижиг, котамаш, стоьмаш, хасстоьмаш... Масане гулйира цо уьш, хьоме хьеший схьакхачале.

* * *

Ши жеро чохьхьаяьлча ЯрагIин айаделла хилла са жим-жима лахлуш лаьттара. Стоьл тIехь забар а, хабар а, амал а дика вовшах ца оьра. Шаьшшиъ юззалц хIума йиъна а, мелла а яьллачул тIаьхьа, ялийна шиъ, ший а таксистана тIетийсаяла йолаелира. ЯрагIийна и ца товра. Шена тIе цаьршиннан тидам бахийта гIерташ, хьуьнхо дозаллийца къамелаш дан волавелира:

— Сакъерар дацара хIара вай къоьруш дерг-м! Цул хуур дара шуна вай со волчу хьалха дахча! Шортта пиррода ю, дайа уьстагIий ду, шай-кай вайнчул дукха йолуш стаг вац оцу лакхенгахь! Нагахь шун хьаладахка ойла хилахь, хIумма а со леха оьшуш вац шуна, "ЯрагIи" аьлла аш сан цIе йоккхушехь со волчу схьахьажор ду шу наха. Со ца вевзаш стаг ма вац оцу лакхенгахь! — маларо вохвина, дегI малдина, ша

Іаччахь гІанта тІе дІатаьІна, ваьржинера хьуьнхо. Кест-кеста стоьл тІе буй а тухуш, кхидІа а дуьйцура: — Со хІунда вевза царна? Дера вевза, санн шайна дан вон а, дика а долу дела! Хийла стаг велха а воьлхуш, дехарш дан веана сан керта! Хийла стаг гор воьжна суна хьалха! Амма ас сайна ца лиъначул тІаьхьа и "тІтиІ" дІа-м ца олуьйту цаьрга! Нахана хаьа хьуна, ЯрагІи мила ву! Хаттал аш нахе! Хийла бо-берашна, мискачу нахана гІо дина ву шуна со, дера ву. Амма ахча ахь бохий, сан кисана шайга туьманан кехаташ ас тийсийтича, боккха болх хеташ дукха нах а ма бу тхо долчахь!..

Ши жеро, цецъяьлла, цкъа леррина ЯрагІис дуьйцучуьнга ладогІуш сацира. И хааделла важа-м кхидІа а дийца волавелира, ша дуьйцучух шен а самукъа а долуш.

— Хийлазза районера уггаре а лакхара хьаькамаш, пуркурор, суьдхо, милцой баьхкина соьга дехарш дан! Цхьаъ вогІу, шайна цхьаъ езара олий, важа вогІу, шена важа езара олий. Валла билла, гІад-м дайина сан цара!

Ши жеро хІинца боккъала а чІогІа цецъяьллера. Шаьшшимо тІейирзина юуш хилла хІума юьстах а теттина, багнаш а гІаттийна, хьоьжура и шиъ хІинца можа коччий, беха марий болчу тамашийначу стаге. Таксист-м цхьацца кемсан буьртиг а кхоллуш, къежаш Іара.

— Так что, ши йоІ, дІайгІур ю-кх шуьшиъ со волчу, мичча хенахь а! — дерзийра ЯрагІис шен къамел.

— Ткъа хьо балхахь мичхьа ву? — "шен гІуллакх доцург" хаьттира гомо настаршший, мера кІел даьлла дикка Іаьржа меккхий долчу жерочо. Цуьнгахь боцчу безамна ЯрагІина цуьнан цІе а йицъеллера. Иза яра хьуьнхо шена кхачарна кхоьруш хилларг, а. Важ-м жимма, гІаддайча "схьалаца хІума" йолуш а яра.

— Со лесник ву-кх! — дІадовзийтаза ца велира хьаша.

Важа шиъ, шаьшшинан гІаьттина баганаш тІе а къевлина юха а юучух тасаелира. Кхин ЯрагІига схьа ца хьожура ший а. Таксистана тІера бІаьрг дІа ца боккхура шиммо а.

Федяс, хьалагІаьттина, магнитофон латийра. Локхучу зурманах ша башха дика ца кхетахь а, хІоьттинчу гІовгІанах чІогІа самукъаделира ЯрагІин.

— Во! ХІара дар-кх вайна оьшург! ХІинццалц хІун деш вара хьо иза ца латош? — меттахвелира хьуьнхо. Ши жеро а хьалаиккхира. Цlенкъа юккъе а хІиттина, хьеръяьлча санна, шаьшшинан яххаш дІасахьийзо юьйлира ши жеро, "Педина" го а бина. Юккъе иккхина ЯрагІи царел а чехка дІасасетта вуьйлира. Наггахь тІекхетий, ерстинарг тІехьашха схьалоцура хьуьнчохо. Вукхо, гай тІе пхьаьрсан гола тухий, юьстахъоькхуьйтура.

ДIакхевдина, цхьаммо-м чиркх дIабайира. Ерстинарг-м, илла а билла а, шен хила ца йоллура, аьлла, дог а диллина, ЯрагIи озачунна тIекхевдира. "Цхьадика, чохь Iаьржа йолуш иза ма-ярра гуш а яц" — аьлла. Амма иза а "Педина" улло тасаеллачуьра дIа ца йолура. Цо иза цхьа пхьарс а лаьцна, юьстах таккхийра.

— ДIахеца сан пхьарс! Со хIун ю моьтту хьуна? — тIечевхира мекх дерг.

— Ашшиммо шаьшшинан барт хилларг де, тхойшиъ жимма такси чохь хахкадала доьду, — аьлла, важа шиъ-м араделира.

Чохь висинчу ЯрагIис юха а, хелха яккха дагахь, мекх долчуьнан пхьарс лецира.

— ДIахеца сан пхьарс! Со-м сайн нах а болуш яй! Соьх куьйгаш Iитта хьан бакъо елла хьуна?! — кхин а чIогIа карзахъелира озаниг.

— Ой! Цхьаболчаьрга Iуьттуьйтушший, вукхаьрга ца Iуьттуьйтушший, и ма тамашийна нах бу и хьан нах!!! — карзахвелира догдаьттIа ЯрагIи а.

— И хьан бала бац! Хьоьл оьшуш бац хьуна и сан нах хIумма а! Кхин соьх куьг Iуттур дац ахь! Дера ву хьо сан наха хIаллаквийр, кхин хIумма а ца деш! — юхаяла ца йоллура жеро а.

— ЭхIай, хьо а, и хьан нах а балла шайн... — аьлла тIеволавелира кхоччуш догдаьттIа хьаша. Шерра кхийтира иза цу минотехь, таханлера бал йоьхна яьллий, шена моьттинарг цахилла даьллий.

Вовшах хьаьрчинчу шиммо стол а тIекIалъяькхира, магнитофон а лаьттах туьйхира, доьхначу коран куьзганан татанаш а девлира... Мекх долу жеро араикхина, тIепаза яйра...

* * *

Ша билггал цIа муха кхаьчна дага ца догIура ЯрагIийна.

— ХьалагIатта! Iуьйранна дуьйна ревизи ю боху хьан хьуьнха еана хьийзаш! — аьлла, зудчо делккъехь сама а ваькхина, ша Iуьллуш, цецвуьйлура иза: "Ванах, хIинццалц ревизи еъча со ма чIогIа кхералой хьаьвзара, хIинца башха воьхна а ма вац со? И хIун ду-те?!

ЯрагIин ойла тIаьхьа ца кхуьура, амма даго хьоьхура: "Цкъа мацца а тIехIоттаза ца долуш дерг ду тIехьоьттинарг. Воьхна хьаьвзича а бала пайда бац. Цул сов, аьрхачу ойланех а къаста деза. Аьхкенан тIаьххьара де ма дара селханлераниг...

СИНХЬЕХАМ

Шен готтачу, мискачу кабинета чохь гІанта тІе хІоттийначу сейфа чуьра схьаэцна, стакан чу коньяк а доьттина, иза дІа а мелла, тховса балха тІехь хьеелла жеро Залпаъ чоьхьа ца ер-техь бохуш диван тІе дІа а таьІна, стохкалерчу газетах бІаьрг бетташ Іара завсклад Султанбек. Складан арахьара ков цхьаммо хьадеш хезира. Дог тохаделира. «Хьажахь, — там хилла гІадвахара шераш дІакерчина завсклад, — мацах санна кхиссалойц!»

ДІаеллаелира готтачу кабинетан неІ. Чоьхьавелира... кху бІаьста балха хІоьттина къона цехан заведующи Іусман.

— А-а, Іусман, хьо ву иза. ХІара букъ энаша дІалаьцна, меттахвала карах ца долуш Іуьллура со кху диванах летта. Сехьавала. Охьахаа. ЭхІ! ОхІ!!!

— Меттах ма хьел, меттах ма хьел! Дукха ца Іа со. ДІавахале, цкъа гуча вала со, аьлла веара со-м. ХІинца дуьйна сагатлуш Іийр ву хьо со ган.

— Ой! И бохург хІун ду? Стенга воьдуш ву хьо?

— Къордийна суна хІара болх, Султанбек. ТІаьхь-тІаьхьа, ура-атталла, буьйсанна наб а ца кхета.

— ХІа-а? И хІун ду ахь долийнарг юккъехула? Пардукцн дІа а елла бен воьдий хьо, водахь а?

— Оцу «пардукцех» къаьххкина воьдаккхий со дІа а! Иза яцахьара-м Іийр а вариц.

Къаьрззинчохь бисинера Султанбекан ши бІаьрг. «Там бара кху мераІуьрго, кхера а елла, цаІ дан. ХІан-хІа. Хьаста веза хІара», — дагадеара завскладана.

— ДІаваьлл-дІа цигара, — къежна, багахь мел йолу дашон церг гучуелира Султанбекан, — хІун дуьйцуш воллу валла а! Боккха болх бу ахь дина кхо бІе тон муьсталгин хи? Оха хьалха дІадаханчу шерашкахь хІун дора ца хезна хьуна?

— ХIун дора аш?

— ХIун дора бохург дан а дац, ворхI-бархI бIе тонн гIундалгIин, мангал-комарин сок ю бохуш, цхьа басарш леладора-кх, оццул *сирье* вайн Даймахкахь а йоццушехь! И берриг а гIурт а сан искладехула кехаташца чекхболуш а бара! — Жимма хабар лагIделира Султанбекан. — ХIетахь кхийринехь хир варий сох хIинцалера Султанбек? Хир варий? ХIан?

Iусман вист а ца хуьлуш, тишчу кресло чу а хиъна Iара, шина куьйга корта а лаьцна. Кхи дIа а Султанбека дехха, ма-дарра дийцира, жимма тIе а детташ, шаьш дIадаханчу шерашкахь лелийначу гIуртех лаьцна. ЦIеххьашха догдаьттIа, хIара кхоччуш карзахвелира:

— Ткъа хьайн кхин де ца хилча тхуна юккъе стенна гIертара хьо? Делан дуьхьа дийца, стенна гIертара хьо?

Iусмана меллаша хьала а нисвелла, вела а къежна, хаьттира:

— Стенна бохий ахь?

— Боху-те!

— Бакъ дерг дийций хьуна?

— Дийцал, делхьа.

Кисана куьг дахийтина, цIен удостоверени схьадаьккхира кIанта.

— Дукха хан яра республикански прокуратуре аш лелочу базарех лаьцна цхьацца сигналаш кхочу. Амма ма хетта атта дацара шун жоьлгийн гуо хадон. Цундела веаркха со шуна юккъе! Вовза мегар ду хьуна. Леррина долчу гIуллакхийн коьрта следователь Хизриев! — Iусмана шен бIаьштагана улло честь луш, куьг лецира. Маситта шарахь хIинций-хIинций хIара сахьт тIехIутту-кх бохуш, пха бетталуш Iийначу Султанбекана шен дегIах стелахаьштиг кхетча санна хийтира. Вист ца хилалуш, лахара балда олла а делла, дегIах цхьа шийла хьацар а тоьхна, ша дIасахьайча дивана «цIаррр-цIарр» аларна кхоьруш санна, вогIавелла минот гергга зама яьккхира завсклада. Цхьана хенахь, къеззиг метта веана, меллаша, хьалаайвелира:

— Ой, Iусман, и хIун ду ахь дуьйцург? Делхьа ма е соьца и тайпа забарш. Хьуна ма хаьа, со хIинца жима а ма вац и тайпа забарш лан...

— Забарш вай хIинццалц лелийнарш яра, Султанбек Хушпархажаевич, кхана дуьйна прокуратурехь дуьйцур вайшиммо кхидIа. Кечлолахь. Со дIавоьду.

— Ой! Дер гIур вац-кха, Iусман, иштта сан дог а дохийна-м. Со лолда хьан, хаа цкъа дIоге охьа. Хьо-м, схьагарехь, баккъалла а луьйш ма ву! — Султанбекан аз дегон дуьйлира.

— ХIан-хIа. Сан кхин Iен йиш яц. Суьдехь дагалеца гIерташ хьоьга къа ца хьегийта, ахь хIинцца бийцина хьалха шерашкахь шаьш лелийна гIурташ а ас кху тIоьрмиг чохь Iуьллучу магнитофон тIе дIаязбина. Цунна а башха хьайн са а ма гатде. Iо дика йойла. Кхана хьуо дIавогIур хьо прокуратуре, тIаьхьа а баьхкина «Iаьржачу хьаргIийчохь» хьуо вахьа ца лаахь.

Завскладан бос ши бIе шо хьалха йоьгIначу чуртан экъанах тарбеллера. Бат, я воьлхур, я воьлур ца хууш, сеттана гараяьллачохь йисинера. Iусманан тIоьрмиг чохь дерг шена чуьра оззийна схъадаькхина, чу диллина са долуш санна, хIинца ша дийна воцуш санна, цкъачунна лаьттира Султанбек меттах ца волуш. Цул тIаьхьа, велхаран къурдаш а деш, дехаршка велира.

Деха дийцира завсклада кIанте, кхуьнан когашка охьа а воьжна. Ша, хIара Iадда Iийриг, дийр ду боху совгIаташ мин-минотехь дазлуш лаьттара. ТIаьххьара а Iусмана элира:

— Дика ду делахь. Хьайн ГАЗ-24 машен а схьало, цул совнаха, ткъа бIе туьма ахча а ло. Со хIара магнитофонан лента хьуна а дитина дIавоьду, шун балха тIехь дерриг цIена ду аьлла.

Султанбек реза хилира. Цу сохьта-м, шега ехнехь, шен шарбал а, цIера зуда а дIалур йолуш вара дукха хан йоцуш кураллаш йина къонах.

Iусман сихха Султанбека сейфачуьра схьаэцна ахча тIоьрмиг чу а кхоьссина, магнитофонан кассета цуьнга дIа а елла, ГАЗ-24 чу а хиьна, дIаиккхира.

Мичара вели ца хууш, цхьанхьара-м Султанбекан воккхах волу ваша Iаббаз схьахIоьттира. Цуьнга дIадийцира завсклада ма-дарра шех Iоттаделларг.

— Вай-вай-ва-ай...!!! — Цецвелира Iаббаз и болх шена хезча. — Левайтина-кха ахь хьуо цу мераIуьрге!

— ?!!!

— Вай хьо вала велла, хIан-хIа, вала! Пуркуратурера следоватал гIур воций ца хаьа хьуна хьайн машен тIе а хиъна?

— Iаби, ткъа цуьнгахь цIен удостоверени ма дара...

— ЭхIай, ахь яа мустъелла кIалдаш, хIан-хIа яа! Масаненгахь ду хIинца цIен удостовереним! Уьш ца луш-м кху Iедало наггахь стаг а витина вац, цхьацца цIедIаяйархой, хи чуьра стаг схьаваккхархой, Iаламлардархой бохуш цIерш а тохкуш. Хьада, дIавала суна гучуьра! Вели хьо хIинца хьайн дуьненан рицкъанах. Нахана дIахезча хIун дан воллу хьо?

Султанбек меллаша склада чуьра аравелира, неIаршна догIанаш дIа а ца тухуш. Шайн цIа кхаьчча, божал чу а вахана, гомаш дIайоьхкуш долу чуха схьа а даьстина, иза дукъагIах хьала а дихкина, гомашо чекх корта боккхуш хиллачу гонах шен корта чекх а баькккхина, хьаьвдина тIера чукхоссавелла, ирах оллавелира. Ши минот сов хан елира. — Ой! Со вала хIунда ца ле? — Цецвелира Султанбек. Меттаххьабира ши кор. И шиъ хIаваэхь дIасалестара. Логах а ондда хорам хиллера. Кхеравелира Султанбек. «Там бара, со вала а велла, жоьжагIатехь хила!» Ошшадаш деша волавелира завсклад. ГIо ца хилира. ХIара кхин а чIогIа кхеравелира. Кхоччуш ша кхеравелча, дела а вицвелла, шен зудче мохь бетта волавелира Султанбек.

— Песс... Пес... Песиихьа-атт!!! Пес... Песи... хьа-ат!!!

— ...ХIай стаг, хIай! ХIей, хезий хьуна? Хезий хьуна? Ахь хIун до? Самавалал хIей! — бохуш, шен хонах муьшка Iуьттуш, тIехIоьттина лаьтташ зуда гира Султанбекана, верриг хьацарша а вуьзна, ша саманиккхича. Цу минотехь шена гинарг гIан хиларх кхетта волу завсклад, ши бIаьрг къаьрззинчахь висинера.

— Стаг, ва стаг, лурчах хьо шайтIано таIа а вина буьйсанна складехь висича, МитIарш-моллас даькккхина хIайкал мичахь ду? Иза коча олла ас хьуна?

— Хьашт дац, — меллаша уллора зуда дIатеттира самаваьллачо. «Харц даккхийтина долу и олла-м мила ваьхьара. ШайтIано таIийнера таIа-м...»

— КIур мукъа тоха ас хьуна?

— Хьан-хIа. Ма тоха. — Меллаша хьалагIаьттина, шена тIе пижама а оьллина, уьйтIа велира Султанбек.

ХIетта кхеттачу Iуьйренан маьлхан зIаьнарш тIехь а ловзуш, лекъ санна лаьттара гаража хьалха «Волга». Тийна дара дуьне кху екхначу сентябран Iуьйранна. Цхьанхьара-м, дIадахаза дисинчу олхазаран аьхкенан шок хезара. Сийсара гинчу гIено дагтIе тесна сингаттам дIакъехкабора екхначу Iуьйрено, исбаьхьчу Iаламо.

Аьчкан гIуй дIа а теттина, лекхачу кех ара, ураме велира Султанбек. ДIасахьаьжира, шена хIара урам дуьхьара гуш санна. Массанхьа а хIинццалцлерраниг дара. Уллох тIех волучу, куьркахь вакъийча санна, озачу хьехархочо Решида вела а къежна, хьаставелла, Iуьйре дика йира.

— Диканца вехийла хьо а, — схьаийцира Султанбека цуьнгара маршалла. И тIехваьлча ойла йира: «Со ша санна оза а, беркъа а, чот йоцуш а велахьара, къежар варий-техь суна и делан миска?».

— Iуьйре дика хилда хьан, Султанбек, — тIеера етт лалла яханчуьра йогIу ша йисина къена стаг Хелисат.

— Диканца ехийла хьо а.

Хьал-де хоьттуш, къежаш, хьесталуш, дукха лаьттира йоккха стаг дIа ца йоьдуш, ша вукхунна къордийний ца хууш.


«Хьо яла елла, — ойла йора юха а Султанбека. Стохка ас шена делла совхозан цементан ведар диц ца луш лела-кха хIара. Ма дукха хIума ца оьшу вайн нахана хьестабала...».

Жим-жима метта веара гинчу гIено вохийна Султанбек. Тийширa, ша хIинццалц ма хиллара, наха лара а лоруш, нах хьеста а луш, къонаха вуй. Бета тIехула гIехь велаваларан моха а шершаш, юха чу веара. Шена гина гIан-м цхьаьнгге а ца дийцира. Ца лаьара и тайпаниг дагалеца а.

Дийнахь, балха тIехь, цхьа тамашийна, садаьхьча санна лийлира Султанбек. Жерочунна Залпаана а хаабелира и хийцам. Сарахь цIавеъча зудчо цхьа кехат схьакховдийра:

— ХIара хIун ю те? Делкъехь вайн поштлелочо схьаелир-кх соьга иза.

Султанбека мосуьйттазза дийшира и кехат, юх-юха доьшуш. ТІаккха меллаша хьала ши куьг а дахийтина, ондда шен легаш Іаьвдира. Лазавора. «Схьайоьл!» — ТІекхайккхира цецъяьлла лаьтта шен зуда. «Муьшка ел сан хонах!» Сама ца волура. ХІара гІан дацара. Сийсарлераниг а ца хиллера гІан. Иза хиллера синхьехам. Завскладан карара охьадуьйжира прокуроро тІекхойкхуш даийтина повестка...



ВОЖЕ КХАЧАР

Хоттанечу йоьдучу автобус чохь санна юькъа яра цу довхачу аьхкенан дийнахь Шелара базар. Цхьана зудчо юхкучу импортни туфлешна тӀехь «Знак качества» юй хьоьжуш йоллучу шен мерашичан зудчунна Ловзабина тӀе Іоттаелира таттаелла, гӀоьртана, шен зоьрталчу дегӀаца нах цхьацца агӀор дӀа-схьа а туьттуш, схьагӀерта Кесиба.

— Вай! Йоі, хьо яц иза? Ахь хӀун леладо? — мара кхета сурт дира Кесибас.

— Валалай, Катя, хьо мичара ели? ХӀун деш ду шу, могаш Іай? — Меттахъелира шен карара туфлеш охьа а ехкина Ловзаби а. ТӀехбуьйлучу наха цкъа тӀехьашха тӀе кхетий Ловзаби Кесибийна тӀетухуш, тӀаккха Кесибас тӀекхетий Ловзаби лач оьккхуьйтуш, къамелаш деш лаьттара ши зуда. Туфлеш юхкучунна новкъа яра хӀинца шена хьалха пен бина лаьтташ йолу шиъ.

— Ши зуда, юьстух а ялий дейша шаьшшинна къамелаш, шаьшшиъ сан туфлеш оьцуш яцахь. Сан кхин а ма ю хӀорш йохка езаш, галий дуьззина, — Іа а ца елла, эххар а йист хилира мах беш ерг.

Шаьшшиъ дӀасакъаьсташ дагадеара Ловзабина:

— Бакъе а, йоі, жимчу кӀанта машен эцна. Теркайисте белхарга гӀо вайшиъ кхана?

— Ахь боккъала а бохий? Маца эцна кхо?

— Ши-кхо кӀира а ду. Ма хаза ю моьттахь, ша и малх санна. ХӀинцца яьлла шестой выпуск ю боху!

— ЭхӀай, дера лелае цо и гӀоза, ма хаза хийти суна иза! Ткъа белхар хьаьнгахь ду? Мила ву веллагр?

— Воккхачу Дадин йоі яханчун стувешин йишин йоі дӀаяьлла боху-кха.

— ЦаІ хир ю-кх иза а. Делахь, хьо машенаца кхана Гермачига охьа ялахьа, со кичча Іаш хир ю хьуна.

— Дика ду, делахь. Хьажа хьайн гӀуллакхе.

ТӀееара шоллагӀчу дийнан Іуьйре. Екхначу стиглара чукъерзачу малхо тӀехь зӀаьнарш а ловзош, КесибагӀеран кебертехь сецира Ловзабий, цуьнан марваший чохь долу цӀен «Жигули». Цхьана хенахь кхарех Кесиба а схьакхийтира.

Церан «Жигули» Теркаца охьа, шерачу аренашкахула биллинчу асфальтан некъа тIехула схьахаккаелла йоьдура. Охьаоьзначу корехула арахезара шена чуьра ма боллу мохь бетташ лекхалун магнитофон. Усманов Iимран а, Дадашева Тамара а шаьш локхуш ерш лекхна бевллера, хIинца Азиева Маьлхааьзнин рапI кхаьчнера.

— Уьш Iаш мичахь бу хаьий хьуна? — мохь тоьхина хаьттира цхьана хенахь Кесибас.

— Муьлаш буьйцу ахь?

— И вай белхарга доьлхуш берш.

— А-а! Карор бара уьш-м. Калиновски олучу меттехь бу бохура моьттуш ю-кх со. Хоттур ду вай дIакхаьччахьана.

— Цхьана Калиновскена-м тIехдевлла вай, — машен а лагIъеш, вистхилира тIаккха Ловзабин марваша.

— Ой! Шиъ ю ткъа кхузахь Калиновске? И цаI бен цIе ца хилла-техь кхарна ярташна тахка? — цецъелира Ловзаби.

— ЦаI станица ю. Важа совхоз ю, — кхетийра марвашас.

— ХIан, бен а яцара иза-м, цкъа цхьанхьа дIаяхийтахьа, тIаккха юха догIур вай, уьш цигахь ца хилахь, — магийра Кесибас, багаюьззина боккха Iаж а кхоллуш.

Цхьа хан яьлча кхеран машен Калиновски станицина юккъе елира.

— ДIасахьожуш хIума делахь, кIант, диллина ков а, уьйтIахь гIанташ а хир ду хьуна тезет лаьттинчу кертахь. Нах-м дIажимбелла хир бу хIинца, ши кIира а ду боху иза елла...

Цхьана бехачу урамах хьала а яхана, вукху урамах чу йогIура машен. ЦIехьашха, кхеран бIаьрг кхийтира шаьш лоьхучух: диллина ков, уьйтIахь дехкина гIанташ, кхоьлина, тийна хеталуш хIусам.

— Кху чохь бу хьуна уьш, йоI, — элира Ловзабис.

— Буй-техь?

— Дера бу. Юьртана нацкъаро-о ду бохура церан цIеноша.

Шина а зудчунна хIинца елха дезаран гIайпIа хилира. Ловзабис, тIехьа а йирзина, бIаьргех туйнаш хьаькхира.

Кесибас а изза дира, башха шен накъостах лечкъа а ца деш. Хьаж тIе озийра Iаьржа йовлакхаш. Буйна лецира мерах хьокху йовлакхаш.

— Ва-ай, дела-а! — И ерриг куп къаръеш мохь белира Ловзабин, кеберте кхоччушехь.

— Ва-а-а! Хьо ма да тIе! Хьан яла хьайн нанас ца йинарг!!! — Ловзабис хьаькхна мохь бицбеш чуьраелира Кесиба. И сийна орца а эцна, ши зуда диллинчу кех чоьхьаелира.

— В-а-а, дел-и-и!!! — Мохь болура юха а Ловзабига.

— В-а-а! АхIи-ахIи-ахIи! — узарш дора Кесибас. И шиъ нехан наьIаре дIаккхоччуш йоллура.

«ДIаз-дIиззз» — аьлла, неIарш дIай-схьай а кхуьссуш, чуьра ара лилхира цхьа онда хьаьрса къонахий, цхьа йоккха зудий. Къонахчун цхьа куьг кучан пхьуьшачохь дара, важа пхьош логаца чуолладеллера. Йоккхачу стеган дагтIе дехкина куьйгаш дара, ши бIаьрг, йоьхна, цецъяьлла, схьаэккха боллура. Цхьана апIор дуьне даьтIча санна, цецдаьлла хьийзара цаьршинна тIаьххье араиккхина кхин цхьа ши къона адам а. Яьллачу гIовгIанах цецъяьлла, шаьшшиъ мича Iуьрга эккхар ца хууш, уьйтIахула дIасауьдура хьакхин ши херсе.

Хуьлуш лаьттачух шекъяьллачу Ловзабис шен белхар лагI а дина, Кесибина гайтIе муьшка йира. Важа-м, шен белхар кхин лагI ца деш, араиккхинчу йоккхачу стагана мара кхета хьаьдда йоьдура.

УйтIа кхаьчна орца лан кхи де а ца хилла, еана, Кесиба шена мара кхетча, йоккха стаг-м ша Iаччохь лаьтта охьаюьйжира. ТIаккха, тIаьххьара а меттавеанчу хьаьрсачу къонахчо хаьттира:

— *В чем дело? Кого хороним?*

ТIаккха дIатийра Кесибийн белхар.

— Ой! ХIорш-м гIазакхий ма бу! *Извините, пожалиста,* — метта еара Кесиба. Ловзаби-м чIоггIа шен бат а лаьцна лаьттара, ша хIинццалц йоьлхуш хьекхна мохь дIабайа гIерташ санна.

— Пожалуйста, — цхьа реза воцуш элира хьаьрсачу къонахчо.


Охьайоьжна йоккха стаг чу хьош бохкура аралилхинарш, белхар эцна яхана шиъ кертара арайолуш. «Жигули» сихха цу кебертара гена елира...

Шина а Қалиновскех хехкаелча, цкъа мацца а шаьшшиммо лехначу белхарга а кхечира ши зуда. Ловзабин балдех цІий теснера, йоьлхуш лаьтташехь, ела ца яла гІерташ. Қесиба а хала Іара, шаьшшиъ нехан керта экхар дуьхьал туьйсуш. Делахь а, вонера юхайирзича кхоччуш Іабийра царшимма шаьшшинна дегнаш. Теркайистехь кхаьршимма дІадолийна елар, чехкачу машено дадийна, Теркан раьгІнел сехьа а даьккхина, лаьмнашна юккъе хьаладаьхьира.

— Со дала кхоьллинчахьана хІоккхул йийлина яц-кха со, йоІ! — элира шаьш дІакхаьчча Қесибас, йовлакх хьоькхуш, шен бІаьргех боккъалла а девлла хиш дІа а дохуш. Ловзаби-м дуьхьал хІума алалуш а яцара. Иза яхийнера дукха еларо.

— Юха йоьдуш дикане а гІойла-кх вайшиъ, — элира шаьшшиъ дІасакъаьсташ Қесибас.

— Башха вонехь-м шуьшиъ тахана а яцара, хьуна, — схьакхайкхира машен чуьра Ловзабин марваша...



ШИ ЖЕКЪАХО

Сом-ком яккха балха ваханчохь, шен вешин кIант Iимран зуда а ялийна, Уральскехь цIа ца ван дагахь, сецна аьлла хаам кхаьчнера сарахь Эдилгирига.

Итт минот юккъе ца юьйлира, цо шен хьашто мел йолу боьршастаг вовшахтухуьйтуш.

— ХIан-хIа, кIентий! — ДIадолийра Эдилгирис шен тайпанан адамийн кхеташоне диллина гIуллакх. — Вайна тIе йоккха юьхьIаьржо кхаьчна. Вайн Iимран цхьа казахан йоI а ялийна, цIа ца ван дагахь сецна боху. Хилларг нахалахь дIадаржале, катоьхнна вайх цхьа-шиъ тIаьхьа а вахана, цIоганна кIел мийра а тоьхна, и тилла хIума цIаялон еза. Со, шуна ма гарра, къена стаг ву. Велахь а, мел доьналла долчу кIонахче лелалуш дерг сайга лелалур ду моьттуш ву со. Со гIур ву цу Уральске. Амма, соьца шуха цхьа йоза-мотт хууш верг ван веза. Цундела гулдина ас шу чу.

Колхозан аренашкахь ялта дара чудерзош. Оцу деношкахь цIе яьлча санна бохкура берриге а, Эдилгирас чугулбина гергарнаш а: цаI тракторист, важа бригадир, вуьйш — шоферш, цхьа кхин — хIетта университет яьккхина ваьлла, хьехархо. Цхьанна а ца лаьара шаьш дечунна юкъах а ваьлла, хахкавелла Уральске ваха, цу тIе хилларг доккха хIума а ца хилча.

—Ялийча хIун ду казашка? — тIамарш дIасатесира тракториста КIуддуза. — Вайн гергарло чIагIлур ду-кх казахашца. Вай цига хехкалучуьра совцур долуш а дац!

Эдилгира бага гIаттийна валале юкъаиккхира шофер МилтIа.

— Цо негар а ялийна, иза цуьнца Африке дIаваха новкъаваьллехь а, йиш яц сан-м цига ваха. Ремонтехь машен шина дийнахь латтийна бохуш, вен хьийзош ву со-м оцу пирсидателла. Ас муха эр дара цуьнга хIинца со Уральске вахийта, аьлла?

Эдилгирин гIаьттинчу багара дош араэккхале юкъакхоссавелира цул башха ханна жима воцу бригадир Ахьмасолта.

— Эдилгири, кегийнаш болчахь дуьйцуш товш дацахь а, цулла волчу хенахь ахь балийна Гомуш Дукъара жеро Ловзаби, Чо Баькккханчу ирзера Iаьржа мекх долу Песехьат, КIуцIин Ахьмадан йоьалгIачу зудчо йина цхьайтталгIа йоI Собарбика цу казахан йоIал хIун гIолий бара? Шен кхоллам хилахь, чекхъер, ца хилахь, ахь балийначарех хилларг хир. Битахь кегийнаш, юккъе а ца гIерташ... Хьол хилчахьана, кхетаме вогIур вай хьан вешин кIант-м.

Цхьа кхин а дара чугулбеллачеран дагахь. Эдилгирин ши кIант а вара ахча даккха Павлодарехула дIавахана. Шенчарех ишттаниг Iоттаделча, шена царшинна тIаьхьавоьдуш товш доцу дела, чугулбеллачеран гергарлонан догойла гIаттон гIертара Эдилгира. Иза гуш дара. Амма юьхьадуьхьал дIаала гIиллакхе ца хетара.

— Ой! — Карзахвелира Эдилгири. — Шу ма хила боьрша, хIан-хIа, ма хила. ХIун дер-те аш со дIавалахь? КъурIанор, ду шу наха тIе нуьйр а тиллина, лелор. Схьаэцал дIогара нуй. ГIортал иза кагбан! Каглур бац! ХIунда каглур бац? Дуккха а девзигаш цхьана долу дела. Ткъа ша-ша даьхча, мел атта кегло девзигаш...

Кхин а дуккха а дуьйцура Эдилгирис. Масане хезнера чугулбеллачарна норах лаьцна цуьнан и кицанаш. Муха кIелхьара вер вара-техь шай-шай кху пIуллакх доцуш тIетеIочу «командировкех», бохуш кортош а охкийна, ойланаш еш Iара чугулбинарш. Цхьана хенахь Эдилгирин хьехамаш дIасевцира.

— Ваша, Элстанжарчу моллас, Болас керста къоман зуда ялийначунна хир ду аьлларг хезний хьуна? — Хаьттира хIинццалц вист ца хуьлуш Iийначу, къоначу хьехархочо Султана.

— Ца хезна. Дийцал! — Реза хилла пурба делира моллас воних эр ца хиларх тешна волчу Эдилгирис.

— И ялийначо дийнахь кхаа рожехь йовхха борщ юур ю аьлла-кх.

— «Кхахь-кхахь-кхахь!» — аьлла, бийлабелла, гIад бахара чохь берш. Эдилгири, кхоччуш оьгIазвахана, тIечевхира:

— Хьо а со Iамон гIерта, мераIуьрг? Кечлур ю хьо кхана Iуьйранна новкъа яла! Хьо юьгур ю ас цига, кIиллу!

Гулбелларш меллаша арабевлира. Шай-шай кIелхьара ваьлла воккхавеш, берриш а дIабуьйхира.

Султанан шен тIоьрмиг кечбан дийзира.

ШоллагIчу Iуьйранна хьалххе сама эккхийтира Эдилгирис шен шичан кIант волу Султан. Малх лаккхахь бара хIара шиъ Грозный-гIала кхочуш.

— Со цкъа а кеманна тIе хиъна вац. ХIуъа дей а, цIерпоштана билеташ нисделахь, — дийхира Эдилгирис кIанте, — со базара юккъе ваьлла, вайшинна некъана кхалла хIума эца воллу.

Юьстахаваьлла, цхьа-ши куршка пиво молуш а Iийна, шен дешича схьалехира Султана.

— Ас вокзале телефон туьйхира. Дац боху цIерпоштана билеташ. Кеманца ваха дезар ду вайшиннан, — элира цо.

ЧIогIа гIайгIа хилира Эдилгирина. Къанвеллачу Iуьйранна тIемавалар лууш вацара иза. Юхаверзар-м даго уллло ца дуьтура. Ша ма вара иза сийсара шен доьналла хестийнарг!

— Шена лаахь, Гагарин хеххавелла, испутник хилахьара иза, дIавало, кеманийн истанце воьду вайшиъ!

Ша дагалаьцнарг чекх ца долий а хиъна, хьалхавала дийзира Султанан.

Суьйранна бархI сахьт даьлча дIадоьдура кема. ХIетталц, я цигаьрка оза йиш йоцуш, я йоI-жерочуьнга забар ян йиш йоцуш, хала хан яьккхира Султана, «эхь дац хьуна ведда дIаваха», бохуш Эдилгирис шена уллора дIа ца волуьйтуш.

Цхьана хенахь кеман тIе ховшу хан а тIекхечира. Султанна хааделира, Эдилгири дог-ойла гIеххьа йоьхна хилар.

— Доха-м сих-сиха духу хьуна хIара кеманаш, — дешичин даг тIе туьха тийса волавелира Султан.

— Ахь боккъала а боҳий?

— Дер, боху. Вуьшта, доьхча а, кхара доьхна-м ца олу. Хьастаха шиъ дахана боху Iаьржачу хIордачу.

— ХIа-ан?

— Денна духу боху хIарш-м. КIаьсттина, — буьйсанна. ХIара вайн ши летчик а гира суна, ресторана чохь кад «бохуьйтуш».

— Маца?!!

— Со хи мала вахана волуш.

— Валол, ткъа, дIадийцал кхеран пирсидателе, мала а мелла, муха кхочур бу уьш кху булуш лаьттачу боданехь Уральске? Сихонца дIаяхийтал цаьргара парваш!

— Цунах гIуллакх хир дац.

— ХIунда?

— Цхьана тайпана нах ма бу и летчикаш. Норан зIийдигаш санна вовшех дIаийна. Вайшиъ ларор вац цаьрца. Вахча, юха цIа-м гIур вара вайшиъ...

Цо норан зIийдигашший, юхавахаррий хьахийча, гIехь шек велира Эдилгири шен шичан кIанта дуьйцучух.

— Юха-м, къурIанор, пIур вацара вайшиъ, хьо йоккха топ хилла эккхарх! ДIавалол кеманчу! — букъах хIума Iоьттира Эдилгирис Султанна.

Цхьаьна хенахь кема а тIемаделира. Горгачу корах арахьажа ца ваьхьаш, топ санна вулавелла, шен дегIе ладоьгIнначохь висинера Эдилгири. Гучаяьллачу бортпроводницас доьхкарш дIатаса аьлла, схьакхайкхийра.

— ХIорш хIунда тосуьйту? — хаьттира воккхачу стага Султане.

— Кема аркъал дирзича, вай корта Iункар чу ца эгийта.

— Ой! Аркъал а доьрзу хIара?

— Дера доьрзу. Ца гина хьуна телевизорш чохь хIорш керчаш тIекIалдуьйлуш?

— ЭхI, ган-м, хьаха, гина. Со вицвеллер-кха, — цхьана минотана дIатийра Эдилгири.

Юха а Султанан лере таьIира дешича:

— Хаттахьа оцу йоIе, хIара лаьтта охьа маца хуур ду.

Оьрсийн маттах жимма кхеташ вара Эдилгири. Цунделла Султана гоч ца дича а, иза кхийтира кема ткъа минот яьлча Минводехь охьахууш хиларх.

Четара схьадаьккхина, цхьа хьолтIам санна доккха дато сахьт каралецира Эдилгирис. Леррина цуьнга а хьоьжуш, сихвелла ошшадаш деша волавелира. Жимма а кема дIаса ма лестти, хIинца-м тIекIал долура хIара, олий, хебий, бIаьргаш дIасакарчадора.

Улло хиъна вогIучу Султана хала са деттара, вела ца

вала гІерташ. Хаьара цунна, мел доккха таІзар ду ша шен доцчу гІуллакхана араваьллачу Эдилгирехь кху сохьта латториг. Эдилгирис-м цу яхъеллачу миноташкахь шен дагахь чІагІо йинера — Минводера дІа хІуъа дина а, цІерпоштаца бен гІур вац, аьлла.

Ткъа минот чекхйолуш лаьттара. Цу заманчохь цкъа а тІекъал а ца долуш, кема дІакхача герга дахарх воккхавен Эдилгири, жимма майра ваьлла, горгачу корах меллаша аракъаьрзира. Амма хІумма а ца гира: доллучу дуьненах а дохк хьаьрчинера. Шена гинарг бакъ хиларна кхеравелла, Султане хІумма а ца хьахош веара хІара цкъачунна датон сахьтан цхьамзанаш ткъоалгІачу минотана тІех лелххалц. Цул тІаьхьа, муьшка а таІийна, коре пІелг хьажийна нахана дІахазарна кхоьруш санна, меллаша:

— Д-дохк г-гой хьуна? — элира.

— Дера го. Цундела охьа ца хаалуш хьийзаш ма ду хІара кема а!

Иза дара Эдилгири кхийринарг а. Коьртара схьабаькхина боккха чола куй шен голаш тІе а биллина, меллаша йовлакх хьаькхира цо шен, таІІош урс хьаькхна баьшначу коьрта тІе тоьхначу хьацарна.

Гуттар а ирдеш латтон къежделла ши мекх, олладеллера.

«Кема Минводехь тІе ца оьцу, дохк хиларна. Вай нисса сахьт даьлча Гурьевехь хир ду» — хаам бира стюардессас.

Эдилгири цо аьллачух шерра кхийтира.

— Гурьевехь а дохк хилахь, хІун хир ду? — хаьттира цо Султане.

— Хьастах хилларг хир ду-кха.

— Хьастах хІун хилла???

— Бензин а кхачийна, лаьттах кхетта, атаделла дІа дахана-кх кема. Наг-наггахь волчун бен даьІахк а ца карош.

Хетарехь, ша ондда, мохьтоьхна вилхича гІолий хир йолуш хилча, воьлхур вара Эдилгири. Амма велхарх хила пайда боций хаьара. Цундела болх шена цІе яккха мел хуучу эвлаяна шен-шена тІе буьллуш, дІасабийкъира воккхачу стага.

Яхъеллера миноташ. Сахьт саца-м ца сецна-те — олий, кест-кеста лере лоцура Эдилгирис шен «хьолтІам». Амма ша хІинццалц, кху тІаьххьарчу шовзткъей барх шарахь ма барра, болх беш карадора сахьт.

Цкъа хьалха, дуьххьара кемано ша лаьттах дIакъастийча, ойла йира Эдилгирис: «Юха гур-техь вина юрт?» — ДуьхьалхIиттира хьомечу Iаламан аматаш. Сеналло юкъйина хьаннаш, лаьмнийн дежийлашкахь зовкх хьоьгуш лела жа, токхечу гуьйрено стоьмех язйина бошмаш...

ХIинца Эдилгирис ен ойланаш ша-тайпа яра: «Дукха лаза ца веш, сихха валар нислой-техь кема лаьттах кхетча? ДIаволлар мичахь нислур-техь? Эхь дацара кхарна гIевланга цхьа жаIар а хIоттийна, со керстанийн кешнашка воьллича а.

Султан мукъа ма валийна велара сайца. Кхуьнан бехк а сох ма хьаьрча». Цу кеппара, цаI вукхул эшна йолуш ойланаш йора цо. Делахь а, цхьа кIеззиг дог дохийла яра Эдилгирин даг чохь меттахххьуьш: «ХIун хаьа, хIумма а ца хуьлуш, охьахаа а мегий хIара кема-м» — бохург.

Амма и дог дохийла а тIапп аьлла дIаяйра, Гурьевехь а кема тIе а ца эцна, Уральскера схьа а дохк ю аьлла хаам а кхаьчна, кема Актюбинскехьа доладелча. Эдилгирина гора, кеман чохь болу кхиберш а, гIайгIа хилла, вовшашца къамелашка бевлла.

Цхьа Султан бен вацара цу кеман чохь шен дагахь кхоччуш гIадвахана самукъадаьлла вогIург.

Дохк хиларал сов, ма Iаржллу Iаржъеллера арахь. Мел лерана корах аракъерзарх, гуш «хIуьппалдиг» а дацара. Кхо сахьт кхочуш лаьттара Эдилгиргlар кемано тIемабаьхна лелон.

Воккхачу стага шен сахьт юха четарчу кисана дIа а диллина, къевллана ши бIаьрг тIехьаббира. Дагахь доIанаш а деш, вала кечвелира иза...

...Кема цхьана хIуманах дIакхеташ санна хааделча а, шена хьалхара накъостий арабуьйлуш гуш а ца тешара Эдилгири ша лаьтта тIехь хиларх, шен бIаьрга цу лаьтта тIехь йолу гIишлошший, дIасалела адамашший, хехкалун машенашший галлац.

«Дехар ду аэровокзалера дIа ца довлар. Дохк дIаяьлча, кема Уральске гIур ду» — хаам бора салон чуьрчу радиос. Шен ши ког билггал лаьтта тIехь хиларх тешначу Эдилгирин бIаьргех хиш девлира.


— КIант, валол, такси лацал, цIерпоштан вокзале воьду вайшиъ, — элира цо.

— ЦIерпоштаца воьду вайшиъ Уральске?

— Ца воьду, КъурIанор, Уральске-м, Грозный-гIала воьду-кх!!! Цу кеман чохь, вай тIема девлла кхоалгIа сахьт доладелча эвлаяашна делла дош ду сан, кху дуьненахь цхьаний а дена бохам ца бан, сайн доцчу гIуллакхе ца гIерта!..

— Дера, Ваша, кеста-м дац хIинца делчи а, — элира майра ваьллачу Султана.

...Ши некъахо чу хиъна цIерпошт кестта Кавказехьа йирзира.



ЗАМА ТАЛХИЙНАРГ

— Оссолом Іалайкум!

— ВаІалайкум салам! Ой, Іимран, хьо вац иза?

— Со ву. Вевзин хьуна?

— ВаллахІи, ца вовззал дукха хан-м яьлла вайшиъ вовшашна ганза. Тезеташка дІа-са, со наггахь хьала веъча а хьо гуш а ца хуьлу, чу ван со а ца лараво. Иттех шо-м муххале а хир ду вайшиъ ганза!

— Дера, хан дІа-м йоьду, тоьпара кхоьссича санна. ГІаккха, Къуддуз, хІун хьал ду шоьгахь, могуш вуй хатта мел оьшург а?

— Дика Іа тхо-м цкъа кху сохьта. Шу дуй зен-зулам лоцуш Іаш?

— ПаргІат Іа тхо а. ХІинца, хьо стенга ваха ваьлла? Ас хье-м ца во хьо?

— Мичара. Сахьт гергга хан ю хІинца а сан Серноводске йоьду аьтобус дІаяха. Расписане тІехь дІаяздина итт сахьт даьлча йоьду аьлла ду, ткъа хаьттича, цхьайтталгІачух ах даьлча бен ца йоьду боху. Иштта ма ду вайн хІинца дерриге а. Шен хеннахь, шен законехь, шен барамехь лелош хІумма а дац. Мила ву а хаац, хІара зама талхийнарг!

— Зама-м вон яздара, Къуддуз, хьайн бос ца го хьуна, ша и эвлаяан санна. Хала воллучух тера вац хьо.

— Дош дацара хІара хІинца дерг-м, Іимран, миччахьа ваьхча а. Дерриге а блаттий, сваттий, взяткий хилла дІадахана. Туьканашкахь шайна вевзачунна бен духкуш мегарг товар а дац, массо маьІехь а китарлонаш ю. Массо а ахчанна тІаьхьаваьлла ву. Суна-м хаац, хІара дохийнарг мила ву. ВаллахІ, хаац-кха. Валохьа, хьо сиха вацахь, дІога гІанга охьахаа вайшиъ. Хьо мичахь, хІун лелош ву хІинца, хьалха санна трактор техь-м вац хьо?

— Ву, дера-кх, со-м хІинца а циггахь. Цхьа кІеззиг гІуллакх хилла веанера тахана гІала.

— Дика ларош а ву моьтту суна хьо-м. Бакъе а, цхьа бутт хьалха «Ленинан некъ» газета тІехь хьан сурт а ма гира тхуна, тоьлла механизатор ву аьлла. Вецаш воллу-кх хьо пекъар а, хьайн ницкъ ма кхоччу.

— Лол бетташ-м воллу. Хьо мичахь ву хIинца, Къуддуз, цхьанхьа-м завсклад ма вара хьо тохара.

— ХIинца а ву-кх эццахь тийсалуш. Сайн меттана цигахь хIара чохь ерг а йитина, цхьана ткъех дийнахь ваннаш пирнимайт дан бохуш, Серноводске воьдура со. Кхечуьнга дIасакхийдош лелча-м болх ца хуьлура цунах.

— КIентий-м баккхий хилла хир бу хьан хIинца. Шайна бевллий хIорш?

— О-о! Хьай, деяла церан, ма тила бала бохкуш бара моьттахь, ас шаьш дIамалбеш хилча. Воккхахверг кибарчигаш ечу заводехь завсклад дIахIоттийра ас. Дика сискал йоккхуш воллу иза. Вайна ма хаъара, еттина кибарчигаш нахана чIогIа оьшуш хIуманаш ма ю. ШоллагIниг пхеа шарахь институт йоккхуш ваьллинера, шех цхьа хьаьким хир ву моьттуш. Тюменехь чу а вахана, тилла дIавовра цхьана маьIаргонна. Эцца, сихонца, цIа а валийна, катоьхнна зуда а ялийна, *заведующи шашлични* дIахIоттий. КхозлагIниг а яра чIогIа юхахьара хIума. Цо хIун динера хаьи хьуна? Армера схьа кехат теснера-кх, ша эпсарийн школе а вахана, армехь саца воллу аьлла. Эцциге нана яла йоллу аьлла телеграмма а тесна, цIа валийна, такси тIе балха вахийти ас, иза а церан директор сан воккха хьаша а хилла. ХIинца цхьана сарахь а ца вогIу цIа, кисанахь пхи-ялх туьма ахча доцуш. Несарий а, йоьIарий а цхьацца-нхьа туьканашкахь бу. Шайна гIайгIа бан гIерташ бохку уьш а. КъурIанор, бохкур бацара ас шайн лаамехь битина хиллехь-м, барий? Бацара, къурIанор, баннe а-м! Бакъду, хIинца уггаре а жимчо чIогIа сингаттам баьккхина тхуна. Орджоникидзехь доьшуш вара тхан иза. Эццига нанас а, вежарша а соьмашка а марзвина, хIора буса ресторанашкахула сакъоьруш лелаш хилла хIара. Цхьа бутт хьалха лета а летта, доьшучуьра дIаваьккхи. Чу а вуллура, цхьана маьIаргона. Суо да мел волчух воккхуш лаьтта со оцу къотIалгIа йинчу хIумано. Доцца аьлча, там ца хуьлу-кха, хьуна, доьзалера. Кегий болчу хенахь-м хала а бацара уьш, баккхий хилча бала бу-кх! Цхьанна ревизи йогIу, и дIа йоьддушехь вукхунна *парверкаш* йо. *«Народни контрол»* бохуш ю цхьа хIума, редакци ю олий, йогIу важа. Милцой ма дукха бу тIаккха, хIара дуьне а дуьзна! Оффай, дIаваьллахь, кIелвуьтуш лаьтта со кху сингаттамаша,

кху телхинчу замано. Синтем бац-кх, я дийнахь а, я буса а.

Гуьйренан кхоьлинчу стиглара, кегийра дерза доладелира. Iимран сахьте хьаьжира. Кхуьнан автобус дIаяха иттех минот бен ца йисинера. Доккхачу тIингаро новкъарло еш, халла охьатаьIна, севсинчу тIоьрмиг чуьра цхьа можа, ношбелла ши кхор схьаийцира Къуддуза.

— ХIан, баал, — кховдийра Iимране цаI.

Кхор кара а лаьцна, хьалагIаьттина, кхунна уллора дIаваха бакъахьа ца хеташ Iара Iимран. ХIундда яйнехь а, тIапп аьлла дIаяйнера цуьнан дагчуьра шен юьртахо гича кхоллаелла хилла йовхо. «ХьагI-м яц техь иза?» — хоьттура ша-шега. «ХIан-хIа, хIинццалц лелийна-м яц иза цхьаьнцца а. Ткъа хIун ду? Къахетар ду? ХIан-хIа. ХIунда хеташ ду къа? Ша-шена бина бац цо и берриге а сингаттамаш а? Со хIунда ву паргIат сайн шина кIантах? Ас царех къуй ца бина, хьанал белхалой бина. Ткъа Къуддуз хьан хьийзавора? Мацалла валарна кхоьрура хIара? Сан кIант а ву Москвахь юртабахаман академехь доьшуш. Иза ма ца оьху ресторанашка. Хаьа, шен ден хьарам ахчанаш доций. И дерриге а хIинца кхуьнга баха йиш яц. Дозаллаш до моьттур ду. Вуьтур ас хIара, хIумма а ца бохуш. ТIаьхьа а ю зама».

— ХIан, сан автобус схьакхечи. Iодика йойла хьан, Къуддуз, — Iимран автобус тIе ваха дагахь хьалаайвелира.

— ГIо, делахь. Некъ дика хуьлда. Хьайн гIуллакх Iотталахь, со волчу ван мегар ду хьуна. Суна бевзаш бу, хьуна, кхузахь райпо-н пирсидатал а, кхин а цхьацца гIуллакхера нах а.

— Дика ду. Хьашт хилахь, вопIур ву со. Хьо а ван мегар ду, хьуна, со волчу. Хьаькамаш ца бовзахь а, сан а хир бу хьуна бан дика болх. Кхин ца хилахь, хьехар делла а...

Къуддуза тергал а ца дира и тIаьххьара дешнаш.

Сахьт гергга хан яра автобус лаьмнашкахьа хьалайирзина. Цхьана хIуманан ойла йора хIинца Iимрана: «Ванах, мила ву аьлла хета-те Къуддузана шен синтем байинарг, хIара хаза зама къахьийнарг?»

Карахь дIасахьийзина, Къуддуза белла кхор чIогIа качбеллера. Автобусан корера куьзга жимма дIа а теттина дIаластийна, басах чу кхоьссара цо иза.

Цхьацца забарш еш догIура автобус чуьра адамаш. Дукхахберш Iимранан накъостий, колхозникаш бара. Самукъане яра церан массеран а яххьаш.

Хьалххе, шен хеннахь чудерзийнера кхушара ялта. Кечдинера докъарш. Ломара даьхний а даьхкинера дикачу дилхала. Автобус лакхенга хьала мел ели а йоькхана алсам яра. Корех чу детталора ша-тайпа, цIена хIаваъ. ТIера Iаь а гIуьттуш Iохкура хIетта охана дина аренаш. Iимранна ша массо а дикчу белхан декъах хетара.

«Маржа-яI, кху хазчу дуьненахь, кху ирсечу заманчохь цкъа а вала а ца леш, ваха везара! Зама-м, хьаха, яц, телхина, нагахь иза цхьацца волчо ша-шена талхош яцахь!»— вела а къежна, корта дIасаластийра Iимрана.



"ГIИЛЛАКХЕ ЙАХ"

— Шопа-ар, дIаяхайтахьа хIара автобус, — цхьа гIийла, кхоьруш, буткъа мохь белира салона чохь хевшина Iачу адамашна юккъера схьа. Автобусан корехула ара а къерзаш, аьрру куьйга шен берстинчу коьртан чIениг а лаьцна, философски ойланаш еш Iачу «шопара» и мохь тергал а ца бира.

Дуккха а хан яра адамех йоьттана, совсийна Хьачара яха аьлла автобус бовхачу аьххенан малхо йоттуш лаьтта. «Шопар» сиха вацара. Кхин цхьа пассажир мукъа тIеВеъча, иза а хала а атта а чу а тарвелча, кхуьнан кисана кхин а цхьа сом дужура.

Автобус чохь бохкучарна миноташ дукха меллаша йоьлхуш хетара. Шен сахьтан цамза сецна лаьтта моттаделлера цхьана Чухчулг цIе йолчу жимачу стагана а. Цуьнан сахьт долу пхьарс саттийна, бете баллийначохь бисинера. Иза шен меракIелхьара дIабаккха воьлча я цхьана воккхачу стеган бетах гола тоха езара, я шена хьалха лаьттачу жимачу зудчун цхьа цаторруче кховда везара. Цул гIоли хетара цунна шен цхьарс ша болччахь битар.

— Накъост, хьо хIун дагахь ву? Адамаш дайа-м ца гIерта хьо? ДIа хIунда ца йохуьйту ахь хIара автобус? — эххар а схьа мохь туьйхира пес тиллинчу цхьана къонахчо. Схьагарехь, иза хьаькамашха-а стаг вара. Амма «накъоста» цунна а жоп луш шена хало ца йира.

Мохьтуххуш вистхилира хьалхарчу могIарехь хиъна Iен цхьа воккха стаг:

— Дера бу кегийнаш сиха. Атто еза хIинца кегийчарна. ДагадогIий хьуна, Iаббаз, — дIакхайкхира иза шена тIехьа хиъна, баьшначу коьрта тIе мерах хьокху йовлакх а тесна, цу тIе чола куй а тиллана Iачу шен нийсархоче, — вай бугIан-ворданашкахь Грозне ихна, новкъахь буьйсанаш а йохуш? ГIаш а доьлхура миччахьа а дIа. Хийла ихна со кху вай лаьттачу майданара Хьачара гIаш хьала. Карах а долура хIетахь вайн-м. Доьналла а дара. ХIинцалерчу кегийчаьрга кхехьалур яцара и тайпа зама. Автобус чохь дIасавахар а аьрха хета. Кху чохь йоккхучу минотана тоха са а дац. Деяла хьан, зама, ма хийцаелла хьо!

Воккхачу стеган къамсло кхоччуш дIатейира цхьаболчара резабоцуш ен яппарш. Кхийтира йовхоной, хьацаршший кхехкош берш «шопаран» шен лаамца бен автобус меттах ериг ца хиларх.

Воккхачу стеган бетах гола Iуттучул, жимчу зудчунна хьалхадIашхула иза баккхар гIоли а хетта, хала а, атта а шен пхьарс охьа а баькккхина, мерах а, бIаьштигех а Iийдалун хъацар дIадаккха, йовлакх схьа эца, киса леха волавелира Чухчулг. Амма кисанахь йовлакхан метта цхьа тамашийна горга хIуманаш караяьхкира жимчу стагана. «Ой, хIара туьтеш мичара девлла сан кисана?» — цецваьлла къаьрзира йовхоно цIийбина цуьнан ши бIаьрг. Дукха Iийра иза и туьтеш механа деза-дорах, хаза-ирча, муха дутехь бохуш. — «Ма хаза хетар ду, пекъарна, сан Масанина хIорш ас шена дIалахь, — ойла хьаьвзинера къонахчун коьрте, — цунна-х кху ворхI-бархI шарахь ас хIумма а эцна а яц!» Амма Чухчулган мерза ойланаш сихха юкъахъехира уллохь чIапвина лаьттачу, гIеххьа хан яьллачу зоьрталчу къонахчо:

— Жима стаг, цу кисанахь суьлхьанаш бен хIумма а яц хьуна, ахь мел мIараш хьекхахь а!

— Ой! Хьан киса ду хIара? Делан дуьхьа, бехк ма биллахь суна, суна-м иза сайн киса ду ма моьттура....

— Бехке дера дац кху чохь-м мичча кисана кхевдача а, — кхийтира, цхьа дика, зоьртала къонаха.

Автобус меттах ца йолура. Чуботтабелла нах дагахь йоц-йоццучу кепашкахь: вовшийн гихь, марахь, когаш тIехь, тIоьрмагаш тIехь бохкура. ГIалара шен гергарнаш болчу йогIу кIайчу хуьтан юбка юьйхина кура хьаша юьртахоша эцна яхьачу картолин галеш тIе кхетта Iара, меттах яла йиш йоцуш. Цхьа кхин жима зуда кхоччуш цхьана студентан мара яханера. Жима зуда ойланаш еш йогIура: «ХIара гуш хила везара сан майра! Хьастах юьртара цхьа кIант схьахьаъжна аьлла со хьийзинчу цо, хIун ден дарий?!» Цхьа кхин куро кечъелла шен шерел жима хетаяла гIерташ йолу зуда доггах тIехьашхула тIетаIийнера деха мекхаш долчу цхьана къонахчо. Вуьшта, и зуда шена хьалхашхула гича-м, хIуъа дина а, цуьнан гира дIаяла гIоьртар яра гIайракх... Къорзачу дарен куча тIехьара схьакъерзара кхечу къонахчун маж-мекх даьлла буьрса

корта. Хеталора, и корта цу къорза дари дуьйхинчу зудчун болуш санна. ГІалахь балхахь волчу инженеран Салманан лергахь боллура юьртарчу къеначу спекулянткин Совбикайн мара. Масане дара уьш, и тамашийна аматаш. Вуьшта, массара а са деттара. Цхьанне а шай-шай собар а, гІиллакх а доцург хила ца лаьара.

— Шопа-ар, ва шопар, кху чу кхин аддам а тарлур ма вац. И хІинцца тІевеана ши кІант а ах кхозавелла лаьтта, неІарх чу ца валалуш. ДІагІой вай, хІа-а? — дийхира цхьана гІийлачу зудчо, — Сан дог къаддала-м доллу хІинца, — аьлла тІе а тухуш.

Цул тІаьхьа а жимма хан а ялийтина, ша волчу неІарехула чуяьккхина цхьа йоккха стаг уллорчу, бухахь мотор йолчу гІопастана тІе кхиссинчу тІоьрмигашна юккъе схьа а хаийна, автобус меллаша дІайолаялийтира «шопара». Массарна а хозуьйтуш, мохь туххуш, бисмалла даккха а ца дицделира цунна.

— Ялсамане гІур волуш ву хІара вайн шопар, — оддда лен волавелира хьалхарчу гІанта тІехь хиъна вогІу узбекийн куй тиллина цхьа воккха стаг. — ТІехьаьжна а, цхьана зуькар дечийн тобанан туркх хила герга дара иза.

— Шен ницкъ а кхочуш новкъахь стаг вуьтур волуш вац хІара. Дала дукха вахавойла хІара ша волчарна!

— Дера ву оьзда, гІиллакхе кІант, — тІетуьйхира цунна уллохь хиъна Іачо. Хьастах тхо тезета доьлхуш, цу нехан кеберте кхаччалц дІадигира тхо кхо, чохьболчара балха хьелой, *тудай-судай* бохуш, цхьацца хІуьмалгаш юьццушехь.

Кхин а дуккхаммо а хестийра шайн «дика кІант» «шопар», вовш-вовшашка дош а оьцуш.

Йоьттана хиларе терра, меллаша гІертара автобус ламанан новкъахула хьала. Кхоччуш йохъеллачу моторо цІе санна йохйинера буьххьехь Іачу йоккхачу стеган хоийла а. Амма Баба-м хІуъа а ловр долуш яра, ша кху чуьра охьа ца йоссийчхьана. Ши ког хьала а баькккхина, чай, мала охьаховшу туркой санна охьахиира йоккха стаг. ГІуллакх ца хилира. ДІасакъерзарх кІелйилла томехь хІума а яцара. ТІаккха, рогІ-рогІана цхьана агІор таьІаш, тІаккха вукху агІор таьІаш, са детта йолаелира йоккха стаг. Чохь болчарна моьттура вочу новкъахула йогІучу ав-

тобусо иза дIасалестайо. Бабас-м са деттара. Хетарехь, пеш ца латош цхьа Iа дакъхал йохъеллера пекъаран къена даьIахкаш...

Некъ Къоршаре олучу юьрта боьрзучохь, «шопара» юха а сацийра шен машен. Цунна хаьара, дIасалестачу автобусо адам кхин а сов тIе а чIапдина, цхьа-шиъ чу хаъал меттиг яьлла хир юй. Хала а, атта а чу воьллира кхин а цхьа кхо пассажир. Автобус юха а меллаша дIайолаелира...

Аьрру агIорхьарчу могIаршкахь, тIеххьарчу гIанта тIехь, йисттехь хиъна йогIура Маржан цIе йолу, мара доьллина зока долу, хан яьлла-а зуда. Зокий чохь цо гIалара эцна яхьаш шура яра. Йовхачу автобус чохь шен шура еттий хьажа дагахь даьккхинехь а, я хьагъелла, мала дагахь даьккхинехь а, зудчо зоканна тIера негIар дIадаькхинчух тера дара. Оццу минотехь автобус тоха а елла, зокий чуьра шура галештIе Iаьнна, пIалара йогIучу хьешан юбкий тIе а голаш тIехула охьа а яхара. Цуьнан бат а ерриге а шуьрех дIаюьзира. Уллохь болчара гIовгIанаш ян йолийра:

— Хьо стенна гIерта, зуда, и шура а айина кху юькъачу автобус чу? — девне елира хьешан накъост.

— И хьайн бета юьхиг кхин схьа ма леелахь суна! Сайна луъуче яккха йиш ю сан хIара, богIу мах дIабелчахьана, хьайна ца тахь, такси чохь лелае ахь хьайн Заббари, шаьшшиъ иштта кура ши стаг елахь! — дуьхьал тасаеллера Маржан.

— Ма е, зударий, гIовгIанаш! Бисмиллаш, къулхьанаш деша цулла а. Хала некъ а, кхераме некъ а бу вай беш берг! — схьакхайкхира чолан куй тиллина воккха стаг. ГIовгIанаш цхьажимма дIатийра. Амма жимма хан яьлча юха а лен елира Маржан:

— Дера хаац суна-м. Оцу къаьркъа молуш лелачу вайн председателя туькана йохка кхачош шура а яц. Я цуьнга хIума ала ваьхьаш стаг а вац. Ерриге юрт а, цхьаберш цуьнан гергарнаш хуьлий дIахIуьтту, вуьш шайшай вониг ца хила олий, Iадда Iа. Хьастаха собрани йолуш а ца айди аддамо а куьг иза дIаваккха аьлла. Дерриш а «гIиллакхе адамаш» ду вайн юьртахь дерш. Цундела иза вайх ваша а ца веша...

— Мила ву и пирсадатална луьйш верг? — юккъера схьа ира мохь балийтира цхьана зудчо. Маржан кхин йист хила ца яьхьира. Хетарехь, и хаттар динарг «пирсадаталан» гергара йолчух тера дара. Йовхарш тоьхна шен йиш а тойина, юха а меттахъхьайра чолан куй тиллина воккха стаг:

— Деяла, ма сиха бу вайн зударий! Хезий шуна оцу зудчо ен гIовгIа? ГIиллакхал хьалха мотт баьлла цуьнан. Цунна ма ца хаьа пирсадатала лелораг а, юьртадас лелораг а. Цара бийриг Iедалан болх ма бу. Вайн хIун бала бу цара хIуъа лелийча а? Уьш шаьш болчохь тарлуш, мегаш ца хилча, Iедало цаьрга минот а йоккхуьйтур яцара. — Жимма сецна-а, юха а лен велира воккха стаг: — Оцу лаьттачу, вайн пирсадаталан шичан зудчунна бехк боццушехь хала хетийти оцу тIехьара схьакхойкхучу зудчо. Собар хила деза зудчунгахь а, боршачунгахь а. ГIиллакх хила деза. ГIиллакх ду уггаре а коьртанаг. ГIиллакхо йоккхуьйтуш ю нехан а, юьртан а, халкъан а дика цIе. Шайн дика цIе яккхийта еза массара а!

Маржана бохург шайн дагахь къобалдеш дуккха а юьртахой бара автобус чохь. Амма цуьнгахьа гIо доккхуш вист хила цхьа а ца хIоьттира. Ура-атталла Маржан ша а дIатийра. Цхьанна а ца лаьара гIиллакх а, собар а доцург хила.

Лаьмнийн халачу ирхонашкахула меллаша, узарш деш хьалагIертара автобус. Ванах, цкъа а хьала а кхочур юйтехь хIара, аьлла хетаделлера йовхоно, хьацарша бодбинчу нахана. ГIийла бIаьрг беттара корехула ара сийначу Iаламе, цхьа тайна дегI тоден долчу ламанан шовдане. Цхьа жима ши стаг-м, Iа а ца велла, йоьдуш лаьтташехь автобус чуьра охьа а иккхина, гIаш тIаьхьа хьалаволавелира.

Чохь болчара оццул дIакхачарга сатесна йолу автобус юха а некъа юьккъехь сецира.

— ХIинца, мукъа, хIун хилла-техь вайна? — аракъерза гIертара пассажираш.

Амма хуьлуш дерг корашкахь хевшина Iачарна бен ца гора. Лакхо гу тIехь аннех дина цхьа жимо, куьцехь цIа а долуш, цу цIа чуьра араваьлла, стол тIе самовар а хIот-

тийна, стакан чуьра бохшепачу доьттана чай, хIуп олий, шелдеш, цуьнан наггахь къурд а беш, тIе кемпет а кхоллуш, Iиндагlехь хиъна Iара цхьа доккха тIингаррий, онда вортий йолу къонаха. Сийна басар хьаькхначу аннийн гIишло тIехь можачу басарца хаза тодеш диллина кхо элп дара: Д К П. Автобус чуьра охьавоьссина «шопар» вела къежна, шен ший а моччахал гучу а даькхкхина, чай молуш Iачунна тIе вахара. Бухахь волчуьнга, мохь тухху ш, салам а делла, цунна улло охьахиира. Автобус маьлхан хьаьттахь лаьттара.

— Оцу стага мукъа хIун де боху-техь вайга? — мохь белира цхьана йоккхачу стаге.

— Цо дера боху вайн шопаре ша йоккхучух шеца дакъа де, — кхетийра иза пес тиллинчу хьаькамах терачу пассажира.

— ЦIа а яьхьна, сарахь дIаяла а мегар ма дара цунна и сица ялар! — Iа а ца елла, мохь белира карахь зока долчуьнга.

— Массара а лоьхург а шен-шен рицкъа ду, — схьакхайкхира баккхийчарех цаI. — Вайн бала бац цаьрца. Товш дац вай церан гIуллакхашна юккъе гIертар.

Аддам а кхин вист ца хилира. Автобус-м лаьттара луьрачу маьлхан зIаьнарш кIел. Адамийн яххьаш тIехула охьа Iовраш санна хиш оьхура. Кучамийн баккъаш, хи чу Iиттича санна, тIадийнера. Инзаре меллаша йоьлхура миноташ.


Цкъа мацца а дIакхечира автобус Хьачара. Пассажираш, бехча санна, леста а лесташ, буьссура цу чуьра охьа. Галеш тIе кхетта еана хьаша сеттинчохь йисинера. Иза метта ялон гIерташ, цунна муьшканаш еш хьийзара цуьнан накъост. Маж-мекх дитина зоьртала къонаха жимо хеталучу зудчунна уллора ца велира цкъа мацца а бен. Мотор тIе хаийна ялийначу йоккхачу стагах кхагара хьожа кхеттера, амма болар тоделлера: хетарехь, шен кхузткъей итт шарахь цуьнан дегIах мел кхетта шело дIаяькхинера тахана цхьана дийнахь.

ЦIа баьхкина пассажираш дIасабевлча, охьабогIурш чубуттуш а Iийра «шопар» шина сохьтехь сов.

Смена чекх а яьлла, сарахь шен цIа воьдуш, кисана куьг дахийтина «шопара» — ахчанан бонг буйна йоьллира.

Алссам хIума гулъеллера тахана а. Вела къежна, бат гара а йоккхуш, ша шега вист хилира иза:

— Хьай, Iовдалш яI! ХIара ахча суна дуьтучул, кху ахчанах аш билеташ оьцуш хилча, автобус шиъ а, кхоъ а лур ма яра шуна! Ткъа хIинца суна ма атта ду, халла бен план а ца хуьлу сайн баха... Дуьнен чохь «гIиллакхе нах» а ма эшабойла, цаьргара сом-ком яккха вай къентий а ма эшадойла! — элира цо.



ВИРО ІОХИЙ БОХЬЦ ШЕНА МОХЬ

— Сан заказ кхочушъян дагахь дуй шу? — телефонисткин жимчу корах чукъаьрзира цхьа зоьртала къонаха.

— *Лини* мукъа яьлчахьана хоттур ду ас. Цхьа жимма собар дехьа, — дийхира къоначу телефонисткас.

— Собар соьга хІунда дойтуш ду ахь? Кхоъ даьлча хир ду къамел дар аьлла дийцина дацара вайн?

— Дийцина-м дара, вуьшта, сан дан хІума дац-кх *канал* мукъа ца яьлча. Цхьа жимма собар дехьа.

— Ас собар-м дийр ду, амма шун бакъо-м яц кху кеппара нехан хан яйа. Шайга леладойту дела леладо-кх аш хІара хІуманаш! КъурІанор, яцара шу цхьаллиг-цхьаъ кху чохь балхахь йита езаш! — дукха чІогІа резавоцуш, цІий а велла, вахана гІанта тІе охьахиира зоьртала къонаха.

Иттех минот елира. Масех стаг вара райцентрерчу переговорочни пунктехь цу дийнахь къамелаш дан веана. Массарел чІогІа карзахваьлла хьийзара зоьртала къонаха.

— Вай долчахь санна хІара *безобразеш* цхьаннахьа а ма яц! Ас Москвара а, Ригера а, Бакура а къамел ца деш наггахь а город а йитина а ма яц. Вайн кхузахь санна ледара гІуллакх цхьаннахьа а дац! Динна сахьт дайа деза-кх, цкъа кху чу вагІахь!

— Сахьтехь кху чохь Іен-м хала а ма дацара, билггал сайн кІантаца тахана къамел дар нислой хиъча. Хабаровскехь ву сан иза армех. *Переговораш* заказ хІунда йина а ца хаьа. Цхьа сингаттам баьлла ма хилахьара цунна, — гІилла дуьхьал йист хилира дехьо-о хиъна Іаш [illegible]

— Цара шайна схьаяларе терра бен, оьш-оьшу гІала вайна схьаяла йиш ма яц кхера а, — телефонисткашкахьа гІо даккха хІоьттира папка каралаьцна хиъна Іен цхьа жимо-о стаг а. Амма зоьрталчу къонахчунна цунах дарба ца хилира. Йоккха юкъ ца елира иза хьала а иккхина, юха а телефонисткина тІе вада:

— ЙоІ, хьо со мел латто дагахь ю хІинца а?!

— Ва-а устаз, соьга хІун де боху ахь?

— Шен да ватIарг, кхоъ даьлча а ца олуш, диъ даьлча вола ала мегаш дацара соьга, тIаккха? — собар дайнера зоьрталчу къонахчун. — Цхьана а тайпа *порядок* яц-кх шун хIокху станцехь! — ша хьалха Iинначу охьахаа вахара иза, яппарш а еш.

Кхин а иттех минот елира. Зоьрталчу къонахчун резавоцу къамелаш-м ца тийнера:

— Ошшада биллахI ас сайца-м лелайойтур яц хьуна кхаьрга и забарш! Бакъ ма ду, хьуна, лелайойтур ца хилар! ХIинца а цхьана пхеа минотехь сатухур ду, тIаккха а кхо Москва ца лахь, хьаькккхина, кхеран *узел связан начальник* волчу гIур ву. Со, хьаха, вац кхаьрга со ловзавойтур волуш!

— Ахь оьгIаз бахийтахь, данне а дийр дуй-техь кхара гIуллакх? — гIайгIа хилла, хаьттира озачу зудчо.

— Дала хьеха дацара! ОьгIаз а бахана, сенчу стигала бовлахьара хIорш! Сан йиш ма яц кху чу а хиъна де дайа!

Пхи минот елира. «Парт-т-т!» — аьлла, хьалаиккхина, зIенан начальник волчу кабинета чу хьаьдира зоьртала къонаха: «Ас йийр ю хьуна кхеран болх-м!» — бохуш, оьгIазлонаш а еш. Елхха йоллуш, тийна Iара къона телефонистка а.

— Адамашха терра болх бан дагахь дуй шу? — мохь тухху барт хатта волавелира зоьртала къонаха зIенан хьаькаме, ша чоьхьа воллушехь.

— Хунда боху ахь? — ша Iачуьра хьалаайвелла, воьхна висира начальник.

— Дера боху аш цкъа а мегарг *переговораш* йойтуш йоцу дела! Соьга кхоъ даьлча вола аьлла, ткъа хIинца доьалгIачух ах доллуш лаьтта. Со иштта Iадда Iахь, пхиъ а, ялх а дер ду. Я суна катоххе Москва ло, я со хьожур ву, шуна тIехь закон ду, я дац!

— Ой, хIинццалц-м дика болх бан гIерташ ма дохкура тхо, цхьаъ галдаьлла хир ду-кх тхан, сих ма лохьа, собар дехьа цхьажимма, — хьаставелла хьаьвзира зIенан хьаькам а.

— Дина ас-м собар! Шозза а дина, оцу хьан телефонисткас де а аьлла! Тоьар ду. Шортта собар а дина, са а даьIна. Со-м *дом отдыхе* веана ваций, Москваца къамел дан веана вай! Доцца аьлча, я сихха сан *переговораш*



схьало, я ас, ца элира олийла дац шун, министерстве арз яздийр ду шуна! Хьовсур вай тIаккха, шуна закон а, Iедал а ду я дац! — цIийвелла, кхохкийнера зоьртала къонаха. Гуш дара, цо хьаьким дикка кхерийна хилар.

— Делхьа, охьахаахьа цхьажимма, со хIинцца телефонистке вист а хилла, схьавогIу хьуна. Ас массерачул а хьалха йоккхуьйту, хьуна, хьан заказ, — зIенан начальник шен кабинета чуьра ведда, араиккхира.

Хьаькамо чехийначу телефонисткина тIехь бос бацара. Елхаран къурдаш а деш, шен доггах тасаелла йоллура иза Москва йоьхуш. «ХIан-хIа, Хабаровск ца оьшу, сихха Москва оьшу. ЧIогIа доьху ас шуьга, лойша Москва! — холча хIоьттина хьийзара йоI. — Москва- Москва??? Москва! -- гIадъяхана, мохь белира телефонисткин цхьа хан яьлча.

— Москва ю линехь!!! Доьху шоллагIчу кабини чу валар! — схьакхайкхийра йоккхаечу телефонисткас зоьрталчу къонахче. Важа, парггIат, куро-о волавелла кабини чу вахара.

Телефонисткел а чIогIа кхеравелла зIенан начальник лерг ирдина Iара:

«Ванах, и стаг суна цхьанхьа гина-м ма ву, ван мукъане а мила ву-те иза? Ма забар яц цо хIинца цхьанхьа арз яздахь. Цо дуьйцучу къамеле ладоьгIча мукъа дагавоIур вацара-те иза?» — шен кабинетан неI дIа а херийна, мохь бетташ зоьрталчу къонахчо дуьйцуче ладогIа хIоьттира иза. Кабинин хийрачу неIарехула ара хезара цо бетта мохь:

— Султан, Султан! Хьо вуй иза?.. Нисделлий хьан гIуллакх?.. Схьатесний ахь?.. Маса?.. Дерриш а ду кузаш?.. Чекх басар даьлларш дуй?.. ДIа стенах дала мегар ду?.. Ялхе а посылка цхьана ю?.. Цхьана хIунда тесна ахь, хIорш шек бовлахь, хIун дан воллу хьо? Шишша-кхоккха а тосур ю, цхьаннан цIарах а тосур яц аьлла, дийцина, ца вахийтира ас хьо?.. Мачаш хIун тайпанаш ю?.. Хьуна хIун хаьа зударша хIун тайпанаш лелайо?.. Божарийнаш эцал ахь, уьш йохка а аьтту болуш хуьлура, сайна эцнера, мага а ца мегна юхку, бохуш...

ЗIенан начальник кхин ладоьгIуш ца Iийра. ХIинца шерра дага веара цунна шена чугIиртина зоьртала къона-

ха. Шерра дуьхьал хIоьттира хьастах базарахь цо шийтта туьма доцуш шена ца елла мачаш. Зоьрталчу къонахчо кхин а дуккха а дийцира, хIуманнах а шек а воцуш. Ша ваьлча, аддамана а баркалла а ца олуш, куро-о ворта а саттийна аравелира. ЗIенан начальника-м вела а къежаш, ойла йора: «Собар де ахь, вогIур ву хьо кестта хьайн посылкаш дIаяхьа а. Хьовсур вай, милцой улло а хIиттийна, хьайга уьш схьайостуьйтуш хьайна тIехь хIун бос хуьлу! Хуур хьуна тIаккха, районехь Iедал а, закон а ду я дац. Маржа-яI, сихха схьакхачахьара уьш! Нийса-м ду-кхи: «Виро Iохий бохьу шена мохь» — боху вайнехан кица. Сан десар, ду-кх!..



ХАЛА ЦАМТАР

Бут гергга хан яра Сулба райбольницехь воьжна Iуьллу. Юьртахь башха дика цIе йоккхуш воцчу воккха хилла вогIучу цу мисканна тIаьхьа башха дукха нах а ца оьхура. Хьаьгнера Сулба цIера керла хIуманаш хаа а.

Цхьана дийнахь, шен пенсин гIуллакхах хIун хир дар-те хьажа веъанчохь, Сулба волчу чу веара цуьнан лулахо Ахьмад. СхьавогIучу шен нийсархочух корах бIаьрг а кхетта, ша чIогIа дакъаз ваьлла сурт хIоттийра Сулбас. Халла бен бIаьрг а ца боьллура, чIечкъана, агIоръяькхинера шен оза, маж яьлла бат а. Чоьхьаваьлла Ахьмад, и гича гIеххьа воьхна-а висира.

— Ой, Сулба, суна-м хьо хIинца гIолехь ву, кестта цIа а вогIур ву бохуш ма хезнера, юха а тIетаьIна хьуна и лазар?

— ОхьI! АхI! Я-аллахI! ДIаваьллахь дIа, Ахьмад, сийсара суо сахуьлунга вер моьттуш вацара со. И набаран суй суна кхетаза тховса йоьалгIа буьйса ю. Кога ира ца хIоттало, дерриге а дуьне лесташ хеташ. Дер ду соьгахь цкъачунна вон хьал. Ду аьлча тешаш хIара лоьраш а бац... Дер хаац суна-м, велла дIаваьлла велахьара сайн ирс ма дара сан... АхI! ЭхI! Йо-аллахI!

— Ой, суна-м хьоьгахь иштта вон хьал дуй а ма ца хаьара!.. Дела де хьуна дала маршалла! ХIун ю хьан лозуш ерг мукъа?

— Э-э, дIаваьллахь, и хьеха а ма хьехаделахь. Ца лозуш хIума ян а яц. Жима волуш дуьйна ас хьегна къа ду дерриге а тIедала гIерташ дерг... ТIаккха, дийцахьа, Ахьмад, хIун ду вайн цIахь керла хIума? Велла-висина стаг-м вац? Суна вайн цIера стаг газа а ма ю гIеххьа хан.

— Кхи керла хIума а дац вайн цIахь-м. Велла-висина стаг а вац. Вайн заготовителан кIанта ТурпалIелас авари а йина, шен машен-м йохийна хьастаха.

— ХIа? Маца? ВаллахIи, вара чехка хоьхкуш а-м, — ши бIаьрг серла белира Сулбин. — Ша-м ца лазийна хIара? ХIун боху дас, дохко ваьллий хIара цу беран цуьргана, хьалакъедда а валале, ша машен эцна?

— Хаац, дохко ваьлла ца ваьлла-м

— ТІаккха, кхин хІун ду керла? Дийцал ахь, со-м гІехь сагатделла а вай вайн цІахь дерг хаа!

— Вайн *завмаган растрата* хилла хилар-м хезна хир ду хьуна?

— Муха? Сапарбеканий? Ахь боккъала а бохий? — ша Іуьллучуьра хьалаайвелира Сулба. — Ма ехьа забар! И вайн районан пирсидатал ма воккха доттагІа вара цуьнан. Дера моьттура цунна кху вайн республикехь шена бала сингаттам бан а бац! ТІаккха, дийцал ахь, дукха-м ца хьаьрчина цунах ахча?

— ХІан-хІа. Иза-м дІадерзийра цара цхьацца гергарнаш юкъа а хьаьвзина. Вуьшта, шай-кай йолуш стаг а-м ву, вайна ма хаъара, и Сапарбек. Делахь а, гІехь хьокха-м кхеттачух тера-м ду цунах. Кхоьлана-а ву иза кху деношкахь...

Сулбин юьхьа тІехула велаваларан моха шершара. ХІинца иза гинчо, цхьаммо а эр дацара Сулба цомгуш ву. Гуш дара кхуьанан гІехь самукъа даьлла хилар.

— ТІаккха-тІаккха, Ахьмад, дийцал ахь, кхин хІун ду вай долчахула керланаг? Суна мел чІогІа хаза хетта хаьий хьуна хьо веана? Со волчохь вай долчуьра стаг хилаза-м кІира сов хан яьллий!

— Боккъала а бохий ахь? ТІаккха-м, хьуна вайн колхозехь хилла хийцамаш а хезна хир ма бац?

— Дера ца хезна. ХІун хийцамаш буьйцу ахь?

— Ой! Вайн завсклад чу воьллиний ца хаьа хьуна?

— ХІа-ан? Ма ехьа забар! Ахь боккъала а бохий? — Маьнги тІера ши кор чу а уллуш, къегар хиира Сулба. Цуьнан юьхьа тІе цІен бос хьаьддера. Буьйсанна цицкан санна лелара ши бІаьрг.

— Дукха хан юй хІара чу воьллина? Ма хала хийти суна, боккъалла а, ахь и сингаттамаш вайн эвлахь бу аьлла. Ара хоьцур ву-м ца боху хІара?

— Дера ара хоьцур волчух тера а ма дац иза-м. Дукха хан хилла боху цо къолаш ден. Гергарнаш болчу охьайиллина, юхкуш дуккха а комбикорм а, кІа а, кхийолу хІума а хилла боху цуьнан. Вайн пирсидатал а, чІогІа юьхьІаьржа хІоьттина, ша заявлени а делла, дІавели боху балхара. Цунах чІогІа тешаш ма вара иза.

— ХІа-а!? ДІаваьлла?! — къежна, моччахала олладелла, багахь мел йолу церг гучу елира дархочун. — Ой! И маца хилла? Ванах, и дерриге а керла хІуманаш а ца хууш валар нислор-кха сан, цхьана маьІІаргона! ДІаяккхал хьайна тІера палаш, вохвелла хир ву хьо. ХІан, дІаэцал хІара Іежаш а. ХІорш а бу аддамо а баа а ца бууш, кху чу кхиссина Іохкуш. Схьаяккхал ахь палаш, леле валал хьо! — маьнги тІера хьала а иккхина, Ахьмадан плащ хьала олла гІерташ хьийзара Сулба. ХІинца иза гинчунна моьттур дара цунах ша вичахьана цкъа а лазар а ца кхетта. Дукха хІайтъаьлла хьаьвзинера воккха стаг. Сихха маьнги тІе охьа а хиъна, гоьл тІе ког баькккхира цо:

— КъурІаннор, моьттура цуьнан дена-м и цкъа а цу балхара вухур а вац. Кура яьлла-а яра борз. Дера ца лаьтта цхьа де цхьаьнгахь. Стохка шозза вахара со цунна а, цуьнан дена а тІе хьуьнах йига трактор еха. Дера ца елира яла-м! Оханна тІера а яькккхина, йолийла дац шен бохура. ХІун телхар дара цуьнан оханан цхьана дийнахь соьга цхьа трактор елча? Баал ахь Іаж, ма кхоабел ахь! ТІаккха, кхин-м ца ваькккхина дІа аддам а? И зоотехниг боху пушхьаса-м ца яькккхина?

— ДІа-м ца ваькккхина, вуьшта, цунна а йоккха юьхьІаьржо хуьлуш-м хилла хьастаха. Иза-м хезна хир ду хьуна?

— ХІун ду иза? Дера, ца хезна!

— ЦІе а яьлла, ерриге а ферма йогуш ма хилла цуьнан хьастаха. Цхьаьна-шина хьелиозархочунна буьйлу кІур ца хаабеллехьара, йоккха юьхьІаьржо хуьлуш ма хиллера цунах.

— Дера, цІе ялар дика ма дац. Делахь а, хьарам рицкъа гулдинчу нахана хуьлуш хІума ма ду ишттаниг а. Сан вешин кІант-м сиха эккхийра цара цигара, ши сту лачкъийна аьлла. ЧІогІа доккха хІума а тарделлера царна цуьнгара даьлларг, шаьш ишттаниг ца деш санна... ХІумма а дац! Массо хІуманна а бекхам бийр бу ша аьлла дала! Ванах, мацах цкъа суна тоьшалла деш хиллачу биргадирах Эдилах хІун хилира-техь?

— ХІун тоьшалла? Суна дага ма ца догІу иза?

— Ой! Дага ца догІу хьуна ас мацах цхьа ши-кхо элан цІов а беана, вайн биргадира Эдила со суьде а велла, хьий-

завайтина? И пис вайн юьртада йогIу бохуш дуьйцуш дар-кх цкъа хьалхо-о.

— И ву-кха ткъа хIинца вайн юьртада. Оха кхаьжнаш ма тесира цунна. Цунах-м воккха хьаькам, хьаха, хилла! ДIавахана а валале, райкомо уггаре а тоьлларг машен а, хьаха, ялийтина цунна-м!

— ЭхIей, дера хуьлда кхуьнан ворхIе а дена наьIалт! Суна хаза-м хезнер-кхи иза вайн юьртада веана бохуш. Вуьшта, цуьнан гIуллакх иштта тоделлий ца хаьар-кх. ЭхI! Бехк ма баккхалахь, Ахьмад, хиъначохь дукха Iалуш вац со. — Охьа а вижина, шена тIе юргIа озийра Сулбас. ЦIийбала болабелла бос «тIапп» — аьлла дIабайра. Гарехь, воккхачу стагана тIе хорша ян гIертара.

— И парторг ю боху, шен гIуллакх мел доцчу гIерта пас-пас-м ца яьккхина цара дIа? — хаьттира Сулбас гIийлла.

— Дера ца ваьккхина. ДIа муха воккху иза? Иза-м хIинца вайн керла пирсадатал ву! — хаийтира хIумма а дагахь доцчу Ахьмада.

— ХIа-а??! — цхьа гIийла аладелира Сулбига. Кхин цо хIумма а ца элира. ТIееанчу хоршо цуьнан хесара дегI дегон долийра. Юхь мажъеллера. Жимлуш, жимлуш ши бIаьрг къайлабелира. Ванах, хIара хIинца вала воллу-кх аьлла, кхеравелла Ахьмад, палати чуьра ара а иккхина, лоьрашка мохь бетта хIоьттира.

— Же, маса довдалаш, хIара дIаволуш лаьтта шуна!!!

Едда чуеанчу лоьро пом гашчунна шиъ маха туьйхира. Дехьа чу а яьлла, кхечу лоьре цо ден къамел хезира Ахьмадана.

— Суна-м хаац, вай лелош долу дарба нийса хилча, хIинцале цхьа гIоли яьлла хила декхар ма дара цу цомгушчунна. Цуьнан пульс а, давлени а, анализаш а, массо хIума а дика а ма ю, хIун дича бакъахьа дара-техь цунна?

ГIайгIа хиллачу цу къоначу лоьре хIумма а ца элира Ахьмада, амма шен дагахь ойла йира: «Цунна кхин цхьа а тайпа дарбанаш ца оьшур-кх, аш хIора Iуьйранна а, сарахь а цхьацца вон кхаъ беъчахьана. Ма сиха толур вара иза! Амма массанхьа а дерриге а дика хилахь, сан лулахочун гIуллакх вон а ду-кха! Дера ю цунах кхеттарг хала цамгар!»

ЗАБАР

Аьхкенан йоццучу буьйсанан бода дIакъаьстина балаза бара Майрбек колхозан бригадиран Мовсуран керта воьдуш. Цунна хаьара, кху сихачу хенахь колхозан куьйгалхой конторе мел Iуьйрре дIагулло.

— ХIей, нах! Чохь дуй шу? — учара неI схьа а йиллина, мохь туьйхира Майрбека. Аравелира балха ваха хIетта кечвелла ваьлла бригадир.

— А-а! Майрбек, схьакхечин хьо? Чоьхьа вала. Чай дуттур ду хьуна чохь йолчо. Со, хьуна ма хаъара, сихо ву.

— Баркалла. Чай молуш Iачохь дац сан гIуллакх. Хьоьца цхьа къамел ду сан дан дезаш.

— Схьадийцал. Айхьа Казахстанера деана ахча декъа-м ца воллу хьо соьца?

— Цунах-м дош ца хилира. Наха корта а хьовзийна, вахара со цига. Хьуна ма хаьа, со цига хIинцца бен цкъа а вахана воций. Амма, ккул тIаьхьа гIур а вац, сайна цигахь цIен деши лахь а.

— Делахь, хIинца хьайн соьца долу гIуллакх схьадийцал, хьелуш лаьтта со.

— Соьга и сайгахь хилла трактор а схьаялийта пирсидателе, суна цхьа салаз йол яккха меттиг а ло.

— Кхин хIумма а ца еза хьуна?

— И бохург хIун ду?

— Хьуна дицделла, вайн колхозехь цкъа дIатесначуьнга юха трактор а, машен а луш цахилар?

— Ой! Хьо сан шича вац ткъа? Суна и гIуллакх дан а доьналла дац хьоьгахь?

— Дац. Нийсо хила еза нахаца лелош ерг. *Брат-сват* бохург лелийчахь, нах эвхьаза бовлу. ХIан, со дIавоьду.

— Собар, собар! Мангал тоха меттиг мукъане ло суна, сан-м Iаьнаха баккха безаш етт бай.

Цкъа ладоьгIнначохь сецира Мовсур. ТIаккха, Майрбек шена атта тIаьхьара вер воций а хиъна, элира:

— Эцца кешнийн кертара яккхахь хьайна и таххор.

— Ой! И керт хIор шарахь хьоькхуш астагIа Бетирсолта вац?

— Бетирсолта велла, хьо марша.

— Маца?

— Цхьа бут хьалха.

Майрбек ша лаьттачохь а витина, Мовсур конторехьа дIатилира.

ЦIеххьашха хезначо гIехь вас йира Майрбекана. «Делахь а, хIун де, тIаккха, массо а ду-кх вай цигга даха дезаш», — аьлла, ойла а йина, цIехьа волавелира, шен мангал кечбан.

Пхи-ялх шо а дара Майрбека мангалх куьг Iоттаза. ХIор шарахь колхозо дан а дохьий, уьйтIахь охьадассадора цунна докъар. Мегарг мангалан гIола ца нислуш, жIавнуьжиг ца карош, сарралц дIасахьийзира иза кертахула. «Са довш вахана хIун до ахь?» — бохуш зудчо тIаьхьа мохь бетташехь кел ара а ваьлла, эвлайистерчу кешнашкахьа хьалавирзира Майрбек, эххара а.

Дала гечдарг, астагIа Бетирсолта, буьйсанна а кешнийн кертахь мангал хьакха ваьхьа бохуш дуьйцуш хуьлура юьртарчу наха. Изза шех лаьцна дийцарх а дегабаам бийр болуш вацара, хIинццалц шена «Майрбек» аьлла тиллина цIе, нийса тиллина хилар дIадовзийтаза волу вайн доттагIа а.

Деха аьхкенан де кхачоза, маьркIажан бода къовлабелла балаза бара Майрбека кешнийн кертан ков достуш.

Бисмилла а даьккхина, шен карара хи чуьра зока цхьана куллана улло охьа а диллина, кхин дIа-схьа ца хьожуш, сихвелла мангал лестон вуьйлира Майрбек. Къехкон гIертарх, дIа ца долуш ойланехь лаьттара кхунна кхушарралц кху кертахь мангал бетташ хиллачу астапIчу Бетирсолтин сурт. «Пекъар, вас-м хир яц-техь цуьнан синна, ша велла а валале, со кху керта шех йисина цана хьакха веъча?» — цIеххьашха дагадеара, делаца шен йолу юкъаметтиг леррана лелочу Майрбекана. «ХIан-хIа. Хила декхар дац. Цхьамма ца хьаькхча йолий хIара? Ас ца хьаькхнехь цхьана кхечо хьокхур ма яра хIара». И тайпа ойланаш а еш, геннара кес эцна вогIура Майрбек.

Кхоччуш шен са паргIатдаккхархьама: «Хала а хета-кх, шена лаахь. ХIора базардийнахь хаспаш деш лелла волу хIара, хьарам гIуллакхаш лелоза хир вацара, дIахьаьжча», — элира цо ша-шега, эххара а. И шена дагадогIу-

шехь кешнийн чарташ ирахъихначу агIонгахьа дIахьаьжира иза. «Зуззззз» — аьлла, цхьа ирча зов хьаьдира Майрбекан дегIе. Бусабелла, ирахIоьттира дегIа тIехь мел болу чо. КIаьрзина, схьаэккха боллура ши бIаьрг, мохь хьакха гIаттийна, сеттинчахь йисинера бага: кешнийн чарташна уллохь, тIехь кIайн духар а долуш, коча мангал а тесна, леррина кхуьнга схьахьоьжуш лаьттара... астагIа Бетирсолта!!!

Цкъа мацца а метта веана, шена чуьра ма боллу мохь а хьаькхна, кхетамха ваьллий-валазий, кешнийн кертара араиккхира Майрбек. Шийла мохь бадийна, кешнашкара араиккхина вогIу стаг вайна, суьйранна хитIе баьхкина мехкарий шайн карара а, белшаш тIера а ведарш лаьтта охьа а тийсина, шайн чуьра ма боллу маьхьарий хьаькхна, цIехьа бевдира. Цаьрца дагара дийца баьхкина кегийнах, шаьш лаьттачохь шайн «жигулиш» а йитина, тоьпара кхиссича санна, вукху агIор бевдира. Цхьаъа-м, пекъар, берриге а Iаьвжина кхеттачу малхо тIера мазот лалийначу зIенан бIогIамна буьххье ваьллера, ткъа туьма делла эцна шена тIера гатанан хеча хIаллак а еш. Бакъдерг дийцича, церан бехк а бацара кхерабелча а. Булучу боданца кешнийн кертара Майрбека дохьучу орцанна кегийчарна моттаделлера цу кешнашкахь дIавоьллина мел волу стаг ден а велла, шайна тIехаккавелла вогIу.

Нисса ах юрт меттаххьайинера Майрбека урамехула «Бетирсолта денвелла! Бетирсолта денвелла»! — бохуш чудадийнчу орцано.

ТIаьххьара а, схьалаьцна, «кхетамха ваьлла» — аьлла, шайн чу ваьхьнера наха Майрбек.

Жайна даккхийта сихонца схьавалийра молла. Цхьана аьшкал тIе дагийна цуьргаш а дехкина, кIур тоха гIерташ хьийзара юьртара «хIума хууш йолу стаг» Себила. Цомгуш хиллачуьнга хьажа схьататтабеллера гергарнаш. ТIаьххьа, ша конторера схьавогIушехь, чу веара кхуьнан шича, бригадир Мовсур а.

— Ва кIант! — духьалъелира цунна Майрбекан хIусамнана, — ХIун хилла а хаац. Цхьа Бетирсолта ву вуьйцуш, денвелла бохуш. Талхийна-кх иза шайтIанаша цу кешнийн кертахь, хIинца хIун дер-техь?

Мовсур доллучух а кхийтира.

— Ас иза товахь кхин цкъа а «шабашке» ца вахийта тIе лоций ахь? — хаьттира цо зудчуьнга.

— Вай дела, кIант, и хIун ду ахь дуьйцург? Вайн делор, вохуьйтур вацар-кх! ХIинца воьдуш а башха со реза йолуш вахана а ма вацара! — хьастаелла, екхаелла хьаьвзира хIусамнана.

— Дика ду делахь, — аьлла цомгашниг Iуьллучу вахара бригадир.

— ХIинца соьга дешийтал цхьа кIеззиг, — аьлла доIанаш доьшуш воллучу моллига дIахилар а дехна, Майрбекан лере таьIира иза.

— Бетирсолта велла аьлла ас, хьоьга Iуьйранна йинарг забар ма яра, хьо сайна тIаьхьара ваккха. КъинтIера валалахь суна, Майрбек. «Майрбек» аьлла хьан цIе хилча, хьо иштта кхералур ву а ца моьттура суна-м, бакъдерг аьлча. Ас дош ло хьуна кханнехь хьоьга трактор дIаялийта а, мегочохь хьуна йол яккха меттиг хилийта а. Ахь сан а ма датIийнера дог, уггаре а сихачу хенахь трактор дIа а тесна. ХIинца расчетехь ву вайшиъ.

Майрбек меллаша меттара хьалаайавелира.

— Ахь боккъалла а бохий?

— Дера, боху!

Велхаран къурдаш а деш, шен шичана мара кхийтира Майрбек:

— Со-м, боккъал а, суо талха воллу моьттуш, кхераВеллера...

ГIад яхана, ша мича эккхар ца хууш, хьийзара хIусамнана. Майрбека адамашха терра ши дош аьлла, чохь берш а парIатбевлира.

Массарал а цецваьллера дехьо-о лаьтта молла: цунна цкъа а ца гинера доIано иштта сиха стаг товина...

"ЖИЙСОЖЧА"

Тамашийна хетара Іамирсолтийна тахана даккъаш тІехьара хьалакъедда малх. Кел арахьарчу, шина гуьйриг тІе у а тоьхна динчу гІанта тІе а хиъна, дуьххьара гуш санна хьоьжура хІара цо цІийинчу мархашка. Ца Іебаш чууьйзура аьхкенан Іуьйренан мела хІуо. Воккхавеш ладоьгІура адам меттаххьале шайн гІуллакхаш дІадерзон гІерташ, шакаршъетташ хьийзачу олхазаршка. «Везан дела, хьуна бу-кх хастам! — доккха са даьккхира Іамирсолтас, — ваьккхи-кх ахь со Іожаллин буйнара!»

Далла реза хуьлийла дан а дара пенси вахана а гІехь шераш девллачу, хан-зама дІашершинчу къонахчун: дукха чолхе операци яра кхунна йинарг. Шина-кхаа дийнахь лаьттира нисса ах юрт хиллал адамаш райбольницан кора кІел, Іамирсолта кхетамчу ца вогІур-те бохуш. «Хьуо шозлагІа дуьненчу ваьлча санна хазахеталахь, йоккха юкъ на йисинера хьан мархашка хьалавала» — забар йира кхуьнга лоьро, хІара больницера араволуш. «Баркалла шуна массарна а, цкъа а дицлур дац аш сайн Іожаллин буьйнара ваккхар», — велхаран къурдаш а деш, мара веттавелира хІара лоьрашна. ХІинца шерра дуьхьал хІуьттура и миноташ.

Цхьа тамашийна хийцаеллера Іамирсолтин ойланаш больницера араваьллачу дийнахь дуьйна. Эсала хьоьжура хІара Іуьйренца дажа лаьхкина доьлхучу юьртахойн бежнашка. Кара доций серий а эцна «Чу! чу!!» — бохуш уьш лаьхкина доьлхучу берашка. Воккхавеш хьоьжура цхьанхьара кертара ара а иккхина, «Іо-о-о-оІ, — ІоІ!!!»-ненца шен нанна тІаьхьаьхьаьдда йогІучу гомашан кІорнега.

«Хур-муурррр» — аьлла, улло деана, когех хьекхалуш, хьестадала хІоьттира цхьа мокха циций. «Ой! Хьо мичара даьлла? Хьо хІинццалц суна гина циций а ма дац», — аьлла, охьатаьІна, айдина, меллаша шен кара а диллина, цицш хьеста хІоьттира Іамирсолта. Важа-м, гуттар гІадвахана, «хуррр-муррр»-ненца туьйранаш дийца доладелира.

Уллохула тІехволучу воккхачо, соций, могашалла хоттура Іамирсолтига.

— Баркалла, дика Іа со хІинца. Дела реза хуьлда.

«Ма дика ду-кх адамаш, — тахана дуьххьара дагадеанера кхунна, — маржа яI-кха, шуна массарна а бан боцу дика болх! ХIунда ду те цхьа долу адамаш вовшашца вон? ХIун къуьйсу? ХIун оьшу царна? Даа а хилча, мала а хилча, вовшашца гамонаш а ца лелош хIунда ца беха техь кху исбаьхьачу дуьнен чохь?»

ЦIенош юьртана юьстахо дара Iамирсолтагlеран. Кхузара дIахьаьжча ма-ярра гора сеналло кхелина хьаннаш, тIулгаш тIехула кхиссалуш охьахаккаделла догIу сирла шовда, токхе дежийлаш... Ца Iебаш бIаьрг беттара цаьрга Iожаллин буйнара ваьллачу воккхачу стага. «Ванах, хIоккхул исбаьхьчу Iаламна юккъехь кхиъначу адамийн дегнаш вон хила йиш а ярий-техь? Мичара йолу-те гамо, хьагI? — ойла йора Iамирсолтас. — Ма паргIат ваха йиш яр-кх кху вайн заманчохь, кху махкахь, могаш хилчахьана. Маржа яI, хIинцца къона хила везаш вара. Ма хуур дара суна муха ваха веза! Ма нахаца бертахь, мерза йоккхур яра ас зама. Ца хаьа нахана шайгахь къоналла, могашалла йолуш, шаьш дуьне дууш дуй. Ца хаьа бертахь ирсе баха...» Воккха стаг и тайпа ойланаш еш Iара.

Цхьана хенахь кхуьнан лулахочун Шихмурзин рагIу кIелхьара схьаелира цхьа цIарула цIен, тIехь ловзучу маьлхан зIаьнаршна бIаьрг а ца сацалуш цIена машен. «Ой! ХIара хIун ду?» — цецвелира Iамирсолта. «ХIара машен мичара яьлла кху вирана?»

— Зуда-а! — мохь белира хиъна Iаччохь.

— ХIун боху ахь? — гучуелира хIусамнана.

— И машен мичара яьлла ШихмурзагIарна?

— Иза эцна-кх цара. Иттех шо а хилла и мезиг цунна рогIе язвелла. Тоьлла жаIу ларалуш ву боху иза-м кху колхозехь.

— Ву, шен долахь долу жа дажош-м тоьлла жаIу, шен да хьакхийца валларг! Хьай, лен кIорни яI, ма тодели хIинца кхуьнан гIуллакх! ДIаяло, хьайн гIуллакхе хьажа, — зуда керта хьажийра Iамирсолтас. «МIаь-у-у!» — мохь белира кхо вортан тIера а лаьцна, дIаластийначу, карахь дижина Iийначу цициган. Шена тIаьхьа ондда неI дIа а къовлуш чу вахана Iамирсолта, Шихмурзийна гIала арз яздан хиира. «Нийсонча» — аьлла буха куьг яздира, ша ваьлча.

ХЬЕШО ЛАРИЙНА БУЬЙСА

— Бехк ма биллалаш, накъостий, сийсара цхьана минотехь наб йина вац шуна со, — аьлла, ша хиъна Іаччохь, пес бІаьргаш тІе а озийна, набарна хебира тхох кхетта некъанакъост.

Халчу ломан новкъахула тхан «уазик» мел дІай-схьай кхиссаяларх, оха мел гІовгІанаш ярах кхин сама ца волуш, кхаа сохьтехь гергга наб йира цо.

— ЭххІай! Веза дела, хьуна бу-кх хастам, сийсаралера буьйса кхин юха йогІур йоцуш, — доккха са а доккхуш, вистхилира хІара, цкъа мацца а ша сама ваьлча.

— ХІун хиллера хьуна? — ЧІогІа кхунах къахетта хаьттира оха. — Сингаттам ца Іоттабелла хьох?

— Ма-дарра ца дийцича, кхетар дац шу. Шуна лаахь дуьйцур-м ду ас.

— Дийцахьа. Тхоьгара накъосталла хила а ма мега хьуна.

— Баркалла. Хаьа суна, эшначохь аш накъосталла дийр дуй а. Борзалара ву со цІера, Іаш гІалахь велахь а. Иттех шо даьллера со тхешан дехой болчохь хилаза. Жима волчу хенахь, сайн Іовдалалла, цу Борзалара йоІ ядийнера ас, цунна тІехьийзаш, езаш цхьа кхин вуй хуъушехь. ХІокху ас ядийначо кара хІума елла а хиллера цунна. ХІетахь баккхий нах юкъа а боьлла, дІадерзийнера и гІуллакх. Делахь а, вукхо делла дош дара, со веза Іийр вац ша, аьлла. ХІетахь дуьйна со вала а волуш, воьдуш вацара со цу Борзала. Иштта цхьа гІуллакх Іоттаделча бен, селхана а ца ваханера. Суна чІогІа гІад бахана хьошалла лелийна, сов цІачу мот и биллина, дІавижийнера со гергарчу наха. Шаьш берриш рагІу кІелхьарчу цІа чу бийшинера, со паргІатехь хилийтархьама. Генна гІаш некъ бина, кІадвелла хиларе терра, цхьа мерза наб озош лаьттара суна. ЦІеххьана, «го-о-вв» аьлла даьллачу татано, чуьра нисса ах са дІадаьхьира сан. «ХІан, Іаббаз, схьакхечи хьуна хьан Іожалла!», — тесира дагчу. Амма даьндарг дегІах ца кхеттера. Тата дукха чІогІа буьрса хиларехь, иза тапча йоций хиира суна. Схьахетарехь, иза цхьа иттех шо хьалха чІогІачу молханах буьзна патарма бара, шуьйталгІачу ка-

либр тоьпаца кхоьссина. Со меттах ца хьоврa. Диллинчу корах чукхеттачу беттасинан серлоно гучавоккхур вара со ара эккха воьлча. ТIаккха шозлагIа дIаьндарг соьх кхетар яц олийла дацара. Иштта со Iуьллуш, иттех минот а елира, сахьт а делира. Меллаша дIайоьдура хан. Са хила, герггарчу хьесапехь, хIинца а ялх сахьт дара... «Маржа, Масани, яI, — гIийла ойла йора ас, — йитина хилла елара-кха ас хьо кху хьерабевллачу нахана. Ма дукха дара-кха шу зудабераш хIетахь а, хIинца а. Суна стенна оьшура гIеметта хIоьттинчу хенахь кху IонтагIеран карах валар...» Масане ойла йи ас сийсара! Дера ма е и ойланаш вай дезачара...

Са хуьлу хан герга гIертара. Дуьххьарлера нIаьнеш а кхайкхира. Амма маьлхан серло гучукъедда ца йолура. «Веза дела, дийна виса воллу-те со?» — дагчу тесира цхьа мерза ойла. ХIинццалц-м лаьттина хир ма вац и Iовдал кора кIел а хиъна. Наб ца йогIу-те цунна?» ГIийла серло еара со Iуьллучу цIачу. Ас корта жимма юргIана кIелхьара хьалаайбира. Цу минотехь, Iуьйренан тийналла а ятIош, хьалхалераниг диц а деш, дерриг дуьне иккхича санна, «дIов-в» аьлла цхьа вон тата делира. Хьаьрчина, юха а юьргIана кIела воьллачу суна хезира тата даьллачул тIаьхьа «зар-зар-зар» аьлла аннийн цIенкъахь цхьа хIума екаш. Корта хьалакъадо ца ваьхьаш цхьа пхи-ялх минот а ялийтина, меллаша юргIанан йист хьала а аййина цIенкъа хьаьжира со. ЦIенкъа юккъехь Iуьллура барула можа, горга, банканаш тIе хьовзон негIар. Дехьа сонехь лаьттара цхьацца стоьмаш чу боьхкина яккхий баллонаш. Шинна тIехь негIарш дацара. Дехьарчу маьнги тIехь кхин цхьа негIар а Iуьллура... Сийсара хьала кхоьссинарг!..

Доккха самукъа даькхинера тхан некъанакъостан дийцаро. Ткъа и дийцинарг ша гуш ца хилча-м дош а дацара иза. Зоьртала дегI, доккха ши мекх, набарна цIийбелла ши бIаьрг...

Тхуна дийлар хилира цунах, амма некъахо-м метта ван воллуш а вацара. Кест-кеста доккха са доккхура Iаббаза. ТIаьххьара а ша машен чуьра охьавуссуш цо элира: «Вон ма хилалаш нахаца. Хаза бертахь дахалаш. Iожаллийна дуьхьал нисвелча, хийцалуш хилла шуна дуьненах йолу ойла...»

ХЬОШАЛГІАХЬ

— Ошшада шен биллахІ, имам Шемала шен нанна дешначу къурІанор гІур вац-кх цкъа со волчохь буьйса а яькхиний бен-м! — гІодаюккъера схьа а лаьцна, машен чу хууш воллучуьра схьаваькхира Іаддулас Іиса. — ХІара сайн ненавешин кІант ас тховса дІа ца воуьйту, шаьш сиха делахь шу дІагІо! — дІакхайкхира иза машен чохь болчу Іисан накъосташка.

Гонаха лаьттара аьхкенан мела суъйре. Дакъаделла латта зангалдаьллачу муьрехь а наггахь ерг бен машен а ца йогІучу, цу дийнахь дуьххьара бен гина а йоцчу ломан басах леттачу юьртахь виса ца лаьара Іисана. ГІайгІа яра кхана райцентре дІакхача хинйоцчу машенан а, сихха дІаяла дезачу отчетан а. Вуьшта, шена хІинццалц буьйцуш хезна а боцчу Іаддуллагіаьргахь, муьлаш бу а ца хуучу цуьнан доьзалехь буьйса йоккхуш саца а бакъахьа ца хетара.

— ХІан-хІа, Іаддулла, баркалла хьуна. Тховса цІа ца кхаьчча йиш яц сан. Балхаца а ду тхо сихо-о дохкуш. Юха вогІур ву со шу долча буьйса а яккха, са а къера, сайн йиш хиллачух, — шен доггах юхагІоьртира Іиса.

— Ацу дале вазилор, хІара дуьне хьакхайн муцІур хилла хьовзахь а, ас тховсу хьо дІа-м ца вохуьйту! — катоьхна пхьарс схьа а лаьцна, юха а дІаозийра Іаддуллас Іиса. — Вайн чохь яа сискал а ю, тІемала къаьркъа а ду. Ацу дали минотехь лула-кулара йоІ-жерой вовшах а тоьхна, вай хьуна и маІа синкъерам а бийр бу! Кхи хІун эшу къонахчунна? Іийр вац бахуриг хІун къамел ду?

— Іаддулла, ас къаьркъа наггахь а молуш а дац, я сына синкъерамехь хелхавала а ца хаьа, дІавахийтахьа со тховса, — чІогІа хьаставелла, «ГАЗ-69» машенан тІам къевллина схьа а лаьцна, пІийла цу чохь болчу шен накъостийн бІаьра а хьожуш, юхагІоьртира Іиса юха а.

— Тахана бен сайн юьрта кхаьчна а воцу сайн ненахойн тайпанан ваша ас хьошалла а ца деш дІавахайтича

суна наха бехк буьллуриг бу. Цунах гIуллакх хир дац. Дерзайтал хIинци и къамелаш! — аьлла, пхьарс дIа а хецна, юха а гIодаюккъера схьа а лаьцна, айвина, вахьа а ваьхьна, дехьо-о гу тIе дIахIоттийра Iаддуллас Iиса.

— ХIан! ХIара цуьнан партпел а дIаэца хьайна, айхьа иза тхоьца дIавоуьйтуш вацахь, — схьаластийра машен чохь болчара Iисан тIоьрмаг.

Бода булуш лаьттара. Лаьмнийн даккъашкахула хьийзаш боьдучу новкъахула ша а витина хахкаелла йоьдучу машине сих-сиха юха а хьожуш, даккхий синош а дохуш, IаддуллагIеран хIусаме волавала дийзира Iисан. ТIаьххьара а машен даккъашна тIехьа яьлча бен дог ца диллира хилаза а ца ваьлла хиллачу хьешо кху, олуш ма-хиллара, хIучIичIаьллехь ша висина хиларх.

— Юха ма хьежал хьо, сан ненаваша. Тхан нанна мел хазахетар ду хеай хьуна хьо гича? Вайшиммо, хьо иштта сиха велахь, кхана Iуьйрре цхьана бокъона тIе а хаайна, дIахьажор ву хьо, — вела а къежаш, кхунна улло ваьлла вогIура Iаддулла, ша динчунна Iаламат чIогIа воккха а веш. «Со цкъа а говра хиъна а ваш баьхча а эрна ду-кха кхуьнга», — бохуш, гIийла ойланаш а еш, цунна тIаьххье дIагIертара Iиса.

Цхьана хенахь хIара шиъ эххар а дIакхечира Iаддуллагlеран хIусаме а.

— Баба, хIара вевзий хьуна? — къежна, гIад а вахана, Iиса хьалха а ваьккхина, чоьхьавелира Iаддулла, шен зоьртала дегI Iункар а таIийна. Аьхкена юккъехь пеш латийначу чохь, дечкан маьнганна тIехь биллинчу меттахь агIор а яьлла Iуьллура цхьа йоккха стаг. Леррина Iисага схьа а хьаьжна, меттахь кIегар а хиъна, ела а къежна, йист хилира иза:

— Хьо ва марша! Бабийна-м хIинца кегийнаш бовза а ца бовзай. Схьавола, мараэккха Бабайна! Э-э, дукхаваха хьо, хIан-хIа, ваха! Хьена ву хIара, Дики? — хаьттира йоккхачу стага шен кIентан кIанте.

— ХIара хьан юьртахо ма ву! Кхуьнан денден цIе

Гинардукъа хилла. Вевзарий хьуна иза? — мохь туххуш хаьттира Iаддуллас шен денене.

— Бочин СаIдуллин кIант Гинардукъа ву хIара? — хаьттира хено бIаьрса а, кхетам а кхолийначу Бабас.

— Вац. Гинардукъин кIентан кIант ву! — мохь туххуш кхетийра Iаддуллас шен Баба.

— Вай, хьо ваха дукха, хIан-хIа, ваха! Баба муха Iаш ю хьажа веана хьо? Схьавоьлла цкъа, охьалахлол Бабайна юххе. Дийцал, хIун хьал ду шуьгахь? Докъарна а, дечгана а гIайгIа бинай аш?

ЦIарула-цIий а велла, йовхачу чохь дегIах хьацар а тоьхна, хьовзавелла висинера Iиса. «Ванах, цомгашниг волча вопIуш карахь хIума товш ма хуьлура, ткъа со сайн тIоьрмиг чохь кехаташ а дахьаш ма веана» — ойла хьаьвзира коьрте.

— Веара со-м, хьо а могаш йоцуш ю аьлла Iаддуллас а дийцина. Вуьшта, хьуна хIумма а ян дага-м ца деара сона, — аьлла кисана кхевдинчу хьешо бабина улло цхьа туьманан цIен кехат охьадиллира.

— Зуда, хьо хьешан гIуллакхе хьажа, со хIинцца, цхьана метте а вахана схьавогIу, — аьлла Iаддулла чуьра араиккхира. ЦIенкъахула дIасахьийза цхьа оза зуда цуьнан хIусамнана йолчух тера дара.

Дукха гулделла хиллера, са а гатлуш меттах летта Iуьллучу Бабин хеттарш. Лакха эвлайистерчу Къуддузан шовзткъа шо хьалха ядийна йигначу жерочунна тIера дIайолаелла, лаха эвлайистерчу лерг доцчу Хушпаран шо хьалха яйначу бугIанашна тIе кхаччалц хиттира Бабас. Ша цу юьртара шен деца-ненаца охьаваьлла а ялхитта шо ду аьлча а ца вуьтура йоккхачу стага иза. Дан хIума а ца хилла, Iисас цо хоьтт-хоьттучунна дикачу агIор жоп лора.

— ЭхIай, хьо ваха дукха, ма тайна кIант а ву, ван а! Дехьа чу а валай, жимма садоIа хьайна, — элира тIаьххьара а Бабас, хьацарша вуьзначу хьеше.

Дехьа чохь ша жимма паргIатехь хир ву моьттуш, сихха

цу чу велира хьаша. Амма, сехьа чохь берг цу аьчган пешан цхьа бух бен ца хиллера. Ерриге а цIаро юсийна пеш дехьачохь яра.

Цу пеша уллохь хингалш доттуш, хIайтъаьлла хьийзара Iаддуллин хIусамнана. Бехачу, боккхачу дечган маьнгин тIехь а, маьнгин кIел а, хингалш деш бод лелочу текхана гонахьа а, чоь ма-йю дIасахьийзара, лаххарчу хьесапехь, ит-шийтта бер.

— Ваша, со хьайн когаш тIехь хаккахьа, — наьIаран соне хIоттийначу гIанта тIе Iиса охьалахлушшехь, тIе а еана кхуьнан голех демах дуьзна шен ши куьг туьйхира цхьана йоIа. Шен хечин голаш тIера йоьIан боьха ши куьг сихха дIа а даьккхина, иза аьрру коган голи тIе а хаийна, «Ра-аз, два-а, ра-аз, два-а» — бохуш, дIасатехко волавелира хьаша.

— Со а хаххка! Со а хаххка! — тIехахкаделира кхин цхьа кхоъ бер а.

— Дика ду, ас шу рогI-рогIIана хоьхкур ду, — бохуш, цхьадерг дIа а туьттуш, цхьацца голаш тIе а хийшош, дIасатехко хIоьттира Iиса юха а.

— ДIадовла цигара! ХIун леладо цара, къотIалгIа йина хIуманаш, шу-м мегар а ма ца хилла иза вайга ца веанехь! — олий, наг-наггахь берашка шен чуьра ма-боллу мохь а тухуш, шен хингалш деш Iара хIусамнана.

— Ваша! Ахь суна ахча лой? — мохь тухуш, тIе а веана, дIахIоьттира гIабакх йиъна, ерриге а шен бат мажйина волу цхьа букъарш.

— Дера ло. ХIан! — кисанара кхин цхьа туьманан кехат а схьадаьккхина, дIакховдийра хьешо.

— Во-о-о!! Суна Вашас цIен доккха сом делла! — гIадвахана, мохь а хьоькхуш, дIахьаьдира иза.

— Суна а ло! Суна а ло! — чухахкаделира кхин а цхьа кхо бер. Амма хьешан туьманаш кхачийнера. ЮьхьIаьржа а хIоьттина, «хIан, хIорш ду шуна, кхин дац Вашигахь» — бохуш доьхна ахчанаш дIакхийдо велира Iиса.

— Эхlай, дала дайа шун эхь, шайтlанаш, дlадовла цигара дlа! — юха а, кест-кеста ша хиъна Iаччура мохь а тухуш, хингалш доттуш Iара хlусамнана. «И кlайн ахча сайниг ду» — цхьаммо олуш, «Дац, хьайниг и важа ду» — вукхо олуш, цхьа чlогlа къийсамаш а, девнаш а девлира берийн эххар а. «Ма е и гlовгlанаш!!!» бохуш хlусамнанас беттачу маьхьаро и гlовгlанаш кхин а алсамйохура.

Цхьана заманчохь, шен керара хингал текхачу а кхоьссина, дlакхевдина, дикка ластийна, оцу лерга улло тlара далийтира нанас кхоччуш чуьрадаьлла хьийзачу цхьана берана.

— Хьан дегI а кlамделла моьтту суна! — аьлла, чухахкаеллачу цо оцу букъаюккъе хlума тоьхна кхин цаI а Iункар дахийтира. Доккха белхар хlоьттира довхачу, готтачу цlа чохь. «Маржа яI, Iаддулла схьакхаьчча мукъане жимма пагlато ер ящар-техь» — бохуш верриге а хьацарша а вуьзна, хиъна Iара хьаша. Доьлхуш, ловзуш, уьдуш, чоь ма-ю дlасахьийзара бераш.

ЦаI-м схьаэца гlерташ, шен букъа тlехьарчу шкафа тlехула дlакхийдачу цхьана кlентан тидам ца хиллера Iисан. «Дап!» — аьлла къора тата а долуш, кхуьнан коьртах кхийтира цхьа хlума. Цу чуьра, ах хьешан чета а, ах белшаш тlехула охьа а хахкаелира дама санна цхьа кlайн хlума. «Парт-т» — аьлла, хьала а иккхина, наьIаре хьаьдира хьаша.

— Эй, хьо вала и хьайн ши куьг лахийна! ХIунда Iанийна ахь ас леррина дlайиллина йолу и *тиральни поршок?* — хlусамнанас бетта мохь тlаъхьахезара араиккхина воьдучунна.

Амма арахь, шена тlера бедарш егош вах ца велира хьаша. Шена чухахкаделлачу цхьана доккхачу, месалчу жIалех ведда, юха а сихха чу а иккхина, ша хьалха хиъна Iийначу охьахаа дийзира цуьнан. Воьлхуш хиллачу шинна тlе хlинца кхоалгlаниг, порошок Iанийнарг а, кхеттера.

— Ва Устаз, юьхьIаьржо ю-кх хlара бераш! Охьахилал, ас дlавегавей хьо, — аьлла, тIееанчу хlусамнанас, куча

кочана тIе туху аьлла, ластийна Iисан вортанах гIабаккхах дуьзна шен куьг туьйхира. ШоллагIа тIара цо хьалаайдешшехь, кIелхьараваьлла, хьаша Баба Iуьллучу чу иккхира. Кху чохь жимма паргIатехь дара. Бабийна а, цхьадика, наб озийнера...

Цхьа зама яьллачул тIаьхьа кисанашка а, чета а теIийна, къаьркъанан шишанаш а долуш, чувелира хIусамда.

— Далин наьIалат хиларг, и завмаг боху турча ца карош, хIара ерриге а овла талли-кх ас! — бехказа вуьйлура иза. — Хьада ялол, хьайн юург аттача яьллехь, зудаберашший, жерой схьагулбан гIол, вай тховса синкъерам бо! — тIечевхира иза шен зудчунна. — Гомашан дукъара Хазман а, Чобаькккханчу ирзера жеро Кемпет а ма йицъелахь! — тIаьхьа мохь туьйхира цо суй санна араиккхина йоьдучу зудче. Схьагарехь, и «команда» цо шен зудче дуьххьара деш дацара.

— Синкъерам хьашт бац, ма балабе жерой, — бохуш Iиса тийсаваларх, кхуьнга ладугIуш аддам а вацара.

Йоккха юкъ ялале чу таттабелира Iаддуллин накъостий а. РагIу кIелхьарчу доккхачу цIа чу гуллуш мехкарий а, жерой а бара...

Накъостий стоьла улло хилира. «Ша хирг хир кхунах!» — аьлла, цхьана доккхачу стакан чу йисттех доьттина къаьркъа, вукхара санна логал чоьхьа а даькккхина, тIе доккха хингал кхаьллира хьешо. Дукха хан ялале дуьне ловза делира. ДегI ша и пиллиг санна дайделира. «Мичхьа ю-те кхеран и йоI-жерой чугулбина меттиг?» — бохуш, корехула аракъерза вуьйлира Iиса. Амма уьш болчу кхачале, кхин а цхьа стака къаьркъа логал чоьхьа даккха дийзира кIентан. ТIаккха, жимма Iийча, шен накъостел а хьалха а ваьлла, чуьра араиккхира иза. «Стенга дахана-те и суна чухахкаделла хилла жIаьла?» — дагадеана, дIасахьаьжира кIант, амма жIаьла гуш дацара.

Леррина кхунна диллинчу лекхачу гIанта тIе хьаша охьахаийра, синкъерамехь. Амма кестта цунна тIера иза охьа а ваькккхина, шайна юккъе охьахаон дийзира накъо-

стийн: тера дацара хIара цу тIехь сацалун волчух. Цкъа а хелхаваьлла воцчу Iисан болар шарделлера. Дика-вон валар ца дийцича, хIора шоллагIа хелха волуш верг хьаша вара. Ша хелха мел волу а шеца хелхайоккхуш ерг Кемпет цIе йолу жеро яра. Хила а хиллера иза-м, ша и Кемпет санна хьешан дог хьагош.

Синкъерам уггаре а чIогIа къинжбаьлла хан яра иза.

— Iаддулла!!! — чуьра ма боллу мохь тоьхна, дIакхайкхира хьаша хIусамдега.

— ХIун боху ахь? — Чувелира Iаддулла.

— Хьо боьрша вуй? — юха а мохь туьйхира хьешо. Чохь берш Iадийча санна бисира. Iаддулла а висира гIехь хьовзавелла.

— ХIунда хоьттура ахь? ХIинццалц схьа ву бохуш лелаш-м ву со, — вела а къежаш, жимма цецваьлла-а жоп делира хIусамдас.

— Велахь, и дIогахь хиъна Iаш йолу Кемпет йоссаел суна тховссехь!

— Ой! И реза хуьлу — ца хуьлу а ма ца хаьа вайшинна, — хьовзавелла висира Iаддула.

— Реза хир ю, хьуна лаахь. Доцца аьлча, суна Кемпет йоссае-кх, тховса, нагахь хьо къонаха велахь! Со хьаша вац хьан? — карзахвелира вехна, кеп хилла хьаша.

Лоькхучуьра пондар а, еттачуьра вота а сецира. Iадийча санна Iара чохь мел верг хIусамдас хIун олу-техь, бохуш, ладугIуш.

— Дика ду, Iиса, йоссор ю вай, иза реза ю-яц а хьаьжна, — чохь болчаьрга бIаьца йира Iаддулас.

Кемпет-м Iара Iаьржа ши бIаьрг серла а баьлла. Дог кIеда стаг яра Кемпет. Иза реза хир яц олийла янне а яцара...

— Реза хилар, цахилар дийца оьшуш а дац! Ша къонаха волчо хетта а ца хоьтту, йоIе реза ю-яц бохуш. ТIекхетта, ядайой, докъаполла бой дIаюьгу! Аш ца йигахь, ас юьгур ю хIара-м! — хьалаиккхана, жерочунна тIехахкавелира хьаша. Хевшина Iачу мехкаршка а, жерошка а,

наьIарехь лаьттачу зударшка а маьхьарий девлира. Чухахкавелла воьду хьаша накъосташа катоьхна схьалецира. Амма, куьг я ког Iоттабеллехь а, хIуъа Iоттаелла а, цхьа хIума Iоттаеллачух тера дара жерочух.

— Ва-ай! Дела!!! Со дакъаза ели-кх хIинца! — аьлла, мохь бетташ, елха йолаелира жеро. Цуьнан верасаш Iисана чу гIоьртира. Хьешехьа гIодаккха хIусамда а, цуьнан гергарнаш а хIиттира. Цу девнан кIуьрехь цаI-м дIакхетта атабелла дIабахара чиркх. Боккхачу синкъерамах адамаш а, гIовпIанаш а, наьIалташ а вовшахъийна боккха уьйриг хилира.

ХолчахIоьттина, ша хIун дер ца хууш, массарна а тIеветталуш хьийзара хIусамда. Моьттура, хIара девнан кIур пхи-ялх стаг вуьш бен боьрзур бац.

Иттех минот а елира синкъерамехь берш бодашлахь вовшахкъерчаш. Амма аддам а вийна а, ведда а йист йолуш яцара. Кхи дан хIума а ца хилла, хIусамдас, ведда вахана, беана цIена чиркх латийра. Серлаелира чоь. Вуьшта вийна а, лазийна а Iуьллуш аддам а вацара. Вовшашна чуччугIоьртинчара берриге а шаьш беш болу тIом зудаберашца а, жерошца а беш хиллера. Цаьрца церан хIун гамо хиллера а хаац... Цхьа Iиса, пекъар, хиллера меттахвала карах ца долуш, гIанташна юккъе а воьжна, Iуьллуш. Кхин а жимма ша цигахь витича, цунна наб кхетар йолуш а яра.

Синкъерам дIабуьйхира. Амма дов хьеден Кемпетан верасаш дIаса ца бухуш и сирла са хилира. Цу буса санна холча хIоьттина вац ша бохуш дуьйцу боху хIинца Iаддуллас.

Нахана ца гойтуш, лачкъийна ваьхьна, цхьана басонна кIел а ваькхкина, садаьржаш, говра тIе хаийра Iаддуллас хьаша.

— Хьо хIинца катоьхна эвлаха ца валахь, кхузахь вер-ваккхар хила тарло. Хьо райцентре дIакхаьчча, говр дIахеца ахь. И ша цIа ян Iемина ю, хьуна.

ХIинццалц цкъа а говра хиъна вацара. Iиса. Делахь а,

хIинца ша кхунна тIевиллинчуьра Iадда Iара. Ца Iерах шена хила машен а, кема а доций хаьара хIинццалц юьйцуш а ца хезначу кху юьртара дIаваха.

— Кемпет тIаьхьаяийтой хьуна? — забарна тIаьхьа мохь туьйхира Iаддулас, говро дIавахьа волийначу хьешана. Амма вукхуьнан дуьхьал вист хила де дацара.

Шина Iинна дехьаьаллалц чу ца вожош дIавехьира говро хьаша. Амма, йоккха юкъ ялале, цхьана шерачу басах чу а хахкаелла, шен коьрта тIехула-а ластийна, ваьхна, Iункар а, бертал а чу варжийра. Кхин шена тIаьхьа а ца кхиийтира, мел дехарш дарх, тIаьхьа идарх, дена а, нанна а бахарх. Цкъа мацца а, верриге а хьацарша а вуьзна эккха боллучу коьртаца дIагIертачу Iисана дуьхьалкхийтира райцентре дIа а кхаьчна, юхайогIу говр.

— Хьо хIун эцна яханера цига, берзан даар хьох хиларг? — хаьттира Iисас. Иза шена улло нисъелча. Амма важа-м юхахьажа а ца ешира...



ИЧЧАРХО

Тайп-тайпана нах бу вайн деношкахь лаьмнашна юьккъера охьабаьхкина, Теркаца бехаш. Мацах шаьш «хьалахь» лелийнарш дуьйцуш, кест-кеста вовшийн самукъадоккхуш Iа цу совхозерчу цхьана куьпахь беха кIентий а. Къаьсттина дукха дийца хIуманаш хуьлу Иччархо цIе йолчу къонахчун.

Сан бакъйолу цIе Несирхо ю, — дуьйцу Иччархочо. — Гуттар а толлуш лелла ву со хьалахь. Цундела юьртахоша «иччархо» баьхначохь, иштта дIа йисина ю и сан шоллагIа цIе.

Хан-зама мел ели дицдаларан метта, тIеттIа алсамдуьйлуш лаьтта Иччархочун инзаре тамашийна дийцарш. Хьалхо йийцинчу берзалойх хIинца черчий хилла. ЦIоькъалоьмаш а Iиттаделла шех Шаро-Органан тогIешкахь бохуш дуьйцу хIинца Иччархочо. ЦаI-м, пекъар, кхунах дедда, Макажа кхаччалц дIа а дахана, цигахь цхьана бердах чу а иккхина, делла, иччархо шена тIаьхьара ца волий хиъча.

— Хьох кхераделла ца деллехь а, ахь дуьйцург хезча догдаьттIа-м лийр дара хьуна иза, — Iа а ца велла юкъаиккхина хилла Къуддуз цIе йолу цхьа накъост. Цул тIаьхьа Иччархо схьаваьллачу юьрта а вахана, цо ма-дарра къастийна Иччархочунна и шоллагIа цIе мичара яьлла. Соьга дийцира цо иза хьастаха. Кхин вукхо дозаллаш дахь нахе а дуьйцур ду ша боху.

Ши-кхо де хьалха суна хезна Иччархочо юха а дозаллаш деш. Цундела сайн а бакъо ю моьтту суна иза шуьга дIадовзийта.

Эвлана йисттехь, сеттинчу моан гIуркхех йинчу кертан цхьа маьIиг колхозан хьаьжкIийн майданах дIа а Iоттаяуш, и майда жимма чу а лоцуш, важа кертан маьIиг цхьана мокхазан бердах чу а оллалуш йолчу кертахь рагIу кIел динчу цIеноп чохь вехаш хилла Несирхо. Колхозан хьаьжкIаш ларъеш (ша а, шен гергарнаш а боцчех) балхахь а хилла, чохь, бух баьттIачу гали чуьра охьахецаелла картолаш санна, бераш а хилла.

Шайна таса алссам хьаьжкIа-хIума караюлуш хиларе терра, цхьана аьхка лелон алссам котамаш эцна хилла Несирхочун хIусамнанас. Амма уьш, вовшашца барт бича санна, наггахь а кертахь совцуш ца хилла. Наггахь, керта лелхий, Iаьнна лаьттачу хьаьжкIех зIакарш а тухий, бердах чулелхаш, я хьуьнах йовдуш, я хьийкъина ирахъихначу колхозан хьаьжкIийн гIодамаш юьккъехь тIапп-олий дIайовш хилла.

— «ХIай стаг, бун е вай наха санна», — бохуш зудчо вита а ца витина, Несирхочо цхьа кIарин тайпа йича а, котамаш уггаре а лекхачу таьллин лакхарчу генаш тIе бен ховшуш ца хилла.

Кхара котам лаьцначу дийнахь, «Вооо! вооо!! Оха котам лаьцна! Уррааааа!!! Тхан Дадас котам лаьцна! Уррааааа!!!» — Бохуш хазахетий дIасахьовдучу бераша иза йоллучу а юьртана дIахоуьйтуш хилла. Цундела, нагахь урамехь цхьа чIогIа маьхьарий девлча, «НесирхогIара котамма-м ца лаьцна-техь?» — олий, дагадогIуш хилла эвларчу нахана.

Цкъа цхьа чIогIа бехке хьаша веана хилла Несирхогiаьрга. Цунна ен котам ахь лаций, ас лаций аьлла, цхьа боккха тIом эккхийтина хилла зудчой майрачой. Шена и котам хIара шиъ ца ен гIерта моьттуш, «Тхо долчахь-м хьаша веъча устагI ма боьра, хIорш ма боьхна хьийза цхьа котам ер боккха болх хеташ», — аьлла, дегабаам а бина дIавахана хилла и хьаша а.

Наггахь, сарралцлера де дойуш хилла бераша, кара даккхий таьрхаш а оьций, керта улло а ловчкъий, хIинцийхIинций котам гучу ца ер-техь бохуш. Божалан соне а хIуттий, цаьрга: «Тоха», «Ма ялийталаш!», «ТIаьхьа довда», — *«Вперед!»* — бохуш, командаш луш Iаш, церан нана а хуьлуш хилла.

...Аьхке дIаяьлла. Зама гуьйренгахьа йирзина. Ехачу аьхкено лелхийна лелийна, бухайисина котамаш, чIогIа акхаевлла хилла. Аьхка а схьа ца лецаелла йолу котамаш, шийлачу Iай муха лецалур яра аьлла дагадеана хиллехь а, я гурахь йовахчу махкашка дIадоьлхучу олхазаршца и шайн ша-тайпа котамаш дIаяхарна кхеравелла хиллехь а,

цхьана хIуманна тIехь ойла сецна Несирхочун. Суьйранна зудче газанан мохь а лахийтина, топ а цIанйина, чуьра туьха схьа а доккхуш, чачманаш ехкина, ша хе лелийна патарманаш а кечдина, са ма тесси, шоллагIчу Iуьйранна боьрах чу волавелла Несирхо.

— «Ахь хIун до, Несирхо, хьо хIинццалц талла лелаш а ма ца хаавеллера тхуна», — олий, дуьхьал кхеттачо шега хаттар дича, — «Тхешан керта уллохь ченан лараш хааелла суна, цунна тIера цкъа цIока ца яккхахь, дош хир дац, Iийр яц иза схьамарзлахь», — олий жоп луш хилла цо. Вуьшта, суьйранна цIа вопIуш-м, плащан тIома къел а лачкъайой яхьаш ерг цаI, я шиъ котам хуьлуш хилла. Цунна а, цуьнан зудчунна а ши ча йийначул а и хазахеташ а хилла.

* * *

Иштта, хIора денна шайн котамашна талла ихна хилла Несирхо, уьш кхачаяллалц.

ХIетахь цо лелийнарг гуча а даьлла, тиллина хилла юьртахоша Несирхочунна «Иччархо» — аьлла и цIе.



ЦХЬАНА ДИЙНАХЬ...

Некъа юккъехь машен а йоьхна, оьгIаз вахана Iачу машенан дена тIе йогIу гехь галий а долуш цхьа зуда.

— ХIей *шопар,* хьайн дели доьхьа йига со а.

— Стенга йига боху ахь?

— Хьо воьддачу, со Мескер-Эвла *поворотехь* охьаюссур ю хьуна.

— Со ваха-м ца воьду цигахула.

— Ткъа стенга воьду хьо?

— Цхьаннахьа а ца воьду-кх.

— Кханоле а гIур вуй хьо?

— ГIур вац.

— Ткъа маца гIур ву хьо?

— Цхьан-цкъа а гIур вац, сан Мескар-Эвлахь гIуллакх а дац, я суна и мичахь ю а ца хаьа!

— И мичахь ю-м ас дуьйцур дара хьуна.

— Ма дийцахьа, зуда, со сайн накъост схьаваре хьоьжуш лаьтта, дIасаваха йиш йолуш а вац, палец дIабаьлла хIокху машенан.

— И схьавале-м хьо шозза-ккузза дIасаваха а ларор ву, хьуна, цхьа *палец* дIабаларх-м! Неханаш-м, ерриг чуьйраш гуш хилча а, дIа ма йоьлху хьорш!

ХIумма а ца олуш Iара шофер.

— Хьайн накъост схьавеача мича гIур волуш ву хьо? — юха а тIеэара зуда.

— Париже!

— Мескер-Эвлахула ца воьду цига?

— Ца воьду.

Дехьо яьлла лаьттара зуда.

— Ас ши сом а лур ма ду хьуна, — юха а тIеэара иза.

— Зуда, суна хьан ши сом а хьашт дац, сан хьо дIакхетош ван йиш а яц, ма чIогIа тIейирзи хьо суна, дIа новкъа а яле, кхечу машенашна куьг лацахьа, хIара йоцург кхин машен ца го хьуна кху Минуткехь? — ТIечевхира палец бан вахана волу накъост хьевелла, вуьшта а оьгIаз вахана волу шофер.

— Вай! Хьо ма чIогIа веза сетта суна, хьан бен кхин

машен яц моьтту хьуна? Сан вешин берийн, къурlан, ю хlорш кхоъ! Доккха хlума дара ахь со Мескер-Эвла йигча? Хьайн ги йоллалахь хlара хьайн къечlалг!

Зудчо беттачу маьхьаре ладоьгlуш лаьттара тlегулбелла нах. Ша вевзарг цаI тlенислахь а ма йоккха юьхьlаьржо ю хьо, — аьлла, сихха машен чуьра ара а иккхина, тlехйолу такси а сацийна таксисте пхи сом кховдийра къонахчо: — Хьайн дели дуьхьа, йига хlара зуда Мескер-Эвларчу *повороте!* — аьлла.

Амма зуда кхин а карзахъелира.

— Хьуна со кхин сагlадоьхург ю-м ца моьтту? Со-м, хьаха, яц дала сом а, туьма а доцуш! Хьо а, хьан машен а эццал ахча ду, хьуна, соьхь-м! — аьлла шен гира галий а, керара тlоьрмиг а охьа а тесна, хьалаяьккхира пазата чу таIийна цхьа ахчанан бlонг!

Машен а, цунна гонаха гулбелла нах а лаьттачохь а битина, иккхина ваьлла, вахара машенан да. Цхьана пивнушки тlехьа а ваьлла, нах дlа ца бухур-те бохуш бlаьрг а тухуш, шен гlийлла пиво молуш лаьттара иза.

Дукха ца Iаш машенна гонаха гулбеллачу нахана тlе веара милиционер.

— Хlара машен хьена ю? — олуш хезира къонахчунна. Мохь хьоькхуш лаьттачу зудчо схьанехьа а иккхина, дахдина куьг хьажийра пивнушки тlе.

— И дlо тlехьа лаьттачун ю-кх!

Нах а, мохь хьоькху зуда а дlабаханчул тlаьхьа а лаьттира милиционер машенна уллора дlа ца волуш. Цхьана хенахь палец бан вахана накъост а схьакхечира. Дан хlума а ца хилла, пивнушкийна тlехьа лаьттарг шен машенна улло веара.

— Схьагайтал хьайн шоферски удостоверени, — лерга улло куьг лаьцна честь а луш, тlевеара кхунна милиционер. Шега схьа ма кхаьччи, удостоверени шен тlоьрмаг чу дилира цо.

— И хlунда доккхуш ду соьгара дlа? — цецваьлла хаьттира шоферо.

— Пиво а мелла, машен лело йиш йоций ца хаьа хьуна? — хаттар дира милиционера. Дуьхьал ала хlума ца хилира кхуьнан.

Цхьана хенахь машен тойина а велира ши накъост.

— Мичахь ю и хьан тIехьийза йоI ян мукъане а? — веза а веш, хаьттира шоферо шен накъосте.

— Мескар-Эвлахь.

— Мичахь?

— Мескар-Эвлахь ду-кх и сан деган зезаг!

— «Маржа яI-кх, ма харцахьа даьлла-кх и зезаг! Цитахь бухахь и соьца дов эккхийтина зуда караяхь, хIун дан деза-те? — кхеравелира машен ерг. — Ас Мескер-Эвла мичахь ю а ца хаьа, цуьнца бала а бац ма аьлла цуьнга», — делахь а, шен дагара накъосте ца хаийтира. Цу зудчунна ша ца гуш вуьсур вацара-те ойла а йина, ца вахча нийса а ца хетта, шен накъосто бохучу дIаван реза хилира машен ерг.

Шегара праваш дIаяьхна хиларе терра, руль шен накъосте а елла, «Минуткера» Мескер-Эвла хьалахаьхкира кхаршимма машен.

ЙоI хи тIе кхайкхийтира. Товш лаьттара кегийнаш хи йистехь. Эхь хеташ лаьтте хьоьжура хазчу йоьIан бIаьргаш. Амма машенан ден бIаьргаш урамехула дIа-схьа къерзара. Цеххьана цхьана пурх бирзинчу урамехула ги тесна доккха гали а долуш, каралаьцна боккха тIоьрмиг а болуш, схьаоьзна тиллинчу кIайчу йовлакха кIелхьара схьакъерзаш мокха ши бIаьрг а болуш схьаиккхира кхуьнан бIаьргаша лоьху зуда. «Зоовв» аьлла, зов а хьаьдда, тIаккха дего дуьйлира машен йолчу кIентан дегI.

Кхин шен накъосте а, я цуьнца йолчу йоьIе а вист хила ца ларош, машен чу а хиьна, дIаиккхира иза шерачу асфальт тIехула.

Ша гIалина чу вулуш а кеста-кеста юхахьоьжура кхеравелларг, тIаьхьа-м ца йогIу те иза? — олий.

БАКАРЕ БАЙЙТИНА ДУЙ

Маларца эвхьаза ваьллера хьуьнан хехо Бакар.

Чета къаьркъанан шиша а диллина, хьуьнчу веанчуьнга дечиг хьовха, динна цхьа лам а дIабохьуьйтур бара Бакара. Чохь дукха бераш а долу дела, хIинций-хIинций ша кхетар-техь бохуш, латтавора и къонаха балхахь хьаькамаша а.

Цхьана сарахь леррина Бакаран гIайгIанна вовшахкхийтира цуьнан дешичой Къуддуззий, Къосаммий, Кхойсаммий.

— Кхин вай мел дийцарх а дош хир дац, — барт сецира дешичойн, — цуьнга къурIанах дуй а баййтина, и малар ца дитийтахь.

Цу сарахь дуьйна тергал ван волийра дешичоша шайн шичан кIант, цхьана сарахь мукъа, хьалха къурIан дилла мегар волуш, ваставелла ца вогIур-техь хIара, бохуш. ДIаоьхура денош, кIиранаш, амма Бакаран бIаьргаш серла ца довлура. Кхин гIуллакх хирг а ца хилла, цхьана Iуьйранна, тIебеттабелла, ша Iуьллучу маьнганах дIа а вихкина, суьйренга валийтира дешичоша Бакар. Цул тIаьхьа, тIебирзина, къамелашка бевлира.

— Эхь дац иза, — чупIертара Къуддуз, — ша массо стаг а ваха гIерташ, дуьненан рицкъа гулдан гIерташ лела, ткъа хьо хьайна кара мел деана сом къаьркъанах духкуш лела. Къаьркъа а дитий, хьайна бахам гулбе, наха санна. Хьо сийдоцуш хетча, тхо а хета нахана сийдоцуш. Мел лесторах а ца эгна куьйгаш тIера пIелгаш. Хьо-м тхан вай, мухха велахь а. Наха шайн диканиг лур ма вац тхуна хьох. ХIунда дойу ахь хьайн дегIан а, хьайн нехан а сий, эхь ца хета хьуна?!!

— Ахь къаьркъанах мел доьхкина сом тIекIалдуьллуш хиллехьара, я къаьркъанан метта нахера ахча оьцуш хиллехьара, хьол хьалдолуш стаг хир вацара кху вайн махкахь! — Лен волавелира Къосам. — Хьажал хьайн хьацарша коракIелош охьа а яьхна лаьттачу поппаран цIеношка. Нах шаьш лара ма-ббо, еттинчу кибарчипийн цIеношка деш бохку, ткъа хьуна хIумма а ца оьшу, къаьркъа бен. Хьайнчул сов цIеношка дан аьтту хьенан бу кху юьртахь?

— Тхуна хьан хIумма а ца оьшу, — юккъе кхоссавелира Кхойсам. — Хьох стаг хилчахьанна, тхуна кхин оьшуш хIумма а дац. Ткъа нахана хьо стаг хетар вац, чохь Iаш хьан оьздaниг хIусам а яцахь, чохь-карахь а дацахь, дIахоккуш машен а яцахь, институтехь доьшуш бераш а дацахь. Ткъа и дерриге а хьан хила чот а, таро а яра. Эхь дац ткъа иза: нахана къаьркъанах вохкавелла хьо!

— ХIан, — юха а дош ийцира кхарел воккхо волчу Къуддуза, — вай мел дийцарх, хабарех дош ца хилла даьлла. Бакара тховса дуй баа беза, ша тховса дуьйнна нийсса шарахь я къаьркъанах а, я чагIарх а, цхьаний тайпа вахочу хIуманах а къурд бийр бац аьлла! — Оцу дешнашца цо схьадаьстира плюшан кIадийна юккъера къурIан. Бисмалла а даькккхина, иза меллаша стоьл тIе охьа диллира.

Бакар цкъа агIор дIахьаьжира цу къурIане. КъурIан бакъдерг дара. Хиира кхунна, шеца забарш лелон ца бохкий.

Сийсара дуьйна къаьркъанах къурд база доьхна дегI, лозу корта, цадогIу дог, дерриге а юха а теттина, цхьа кIеда, хьаставелла, мас-малик хилла дийхира Бакара:

— И пиво боху хIума мукъа йитийша оцу шаьш цIераш яьхначарна юккъе ца йохуьйтуш...

— Юьтур яц! Яц! — тIечевхира Къуддуз. — Дера йовла хьуна уьш сица! ХIун башха ю йоккха хьакха а, жима хьакха а! Валарна-м ца кхоьру хьо, царех дIахаьдча!

— Велча а дац хIумма а, уьш ца мелча леш велахь, — тIетуьйхира Къосама.

— *Давай,* баал дуй! — Меттахвелира Кхойсам а.

Хиира Бакарна, ша юхагIертарх дош хир доций. Дешичойн муцIарш сихха шена гучура дIаяхархьама делахь а, я шена а и къаьркъа мийла къордийна дела делахь а Бакара, сихха тIевахана, бисмалла а даькккхина, дуй биира нийсса шарахь цхьана а тайпа вахош долчу маларех къурд ца бан.

Йоллучу юьртана дIахиира Бакара къаьркъа дитина хилар. Шайгара даьлларг хIумма а къезиг гIуллакх а ца хеташ, гIадбахана лелара Бакаран дешичой а.

Денош дIаоьхура. ЧIогIа хийцавелира Бакар къаьркъа дитинчул тIаьхьа. Я вонехь, я диканехь дакъа ца лоцуш, шен кисанара ахчанан цхьа кепек дIа ца хоьцуш, цхьана а

дена дика болх ца беш, барам а, чот а йоцуш саьхьар велира иза. ХІинццалц, малар дитталц дешичошна хІун ду а ца хууш, кетІа такхайойтий, ягон дечиг карайойтура, мангал тоха ирзошкахь меттиг хуьлуьйтура, хІуъа а шега дІаьлларг кхочуш дора, мел ша мелла хилча а. Амма хІинца дІахервеллера. Доцца аьлча, тешнабехк хиллера цуьнга къаьркъа дитийтинчарна. ХІинца, вовшашка хІума ца алахь а, Бакарна къаьркъа хьарамдина шо кхачарга сатеснера дешичоша.

ТІеара вукху шеран гуьйре. Бакаре шаьш дуй баййтина де шерра дагахь лаьттара дешичошна. Шен заманчохь и де а тІекхечира. ТІех а делира. Амма Бакара цхьана а тайпа къаьркъанах а, пивох а хІума бага ца оьцура. ГІехь кхерабеллера дешичой: ванах, кхин къаьркъа мала а ца волалуш, иштта саьхьар виса воллу-техь хІара, аьлла.

Бакар-м, цкъа а шен логал чоьхьа шаррий, етташурий бен кхин молу хІума ца яьлча санна, де-дийне мел дели дІахерлуш лаьттара оцу спиртан хьожа йогІучу маларех. Шена дешичоша хьехна ма хиллара, еттинчу кибарчигин цІенош дан волавелира, «Жигулина» рогІе хІоьттира, ураатталла, беран кара эппаза а ца луш, дІачІагІвелира.

Дечиг а, докъар а доцуш, буьсуш лаьттара дешичой. Кара дагарш а эцна, хьуьнах эха буьйлабелира. Улло гІертара шийла Іа.

Цхьана сарахь кетІарчу терхи тІехь хиъна Іара Къуддуззий, Къосаммий, Кхойсаммий.

— ДІахерлуш лаьтта вайх и кІант, — дІадолийра къамел Къуддуза.

— Бакар бохий ахь? — хаьттира Къосама, шена иза шерра хуъушехь.

— Херлуш-м ца лаьтта, акха кхиъна виран бекъа санна, дІакъаьхкина-кх, — тІетуьйхира Кхойсама.

— И дуй-м баййта безаш а ца хиллера, хьуна, цуьнга, — юха а дІадолийра Къуддуза.

— *Ошибка* елира вайгара эццахь, — шена хетарг элира Къосама.

Цул тІаьхьа ойланашка бевлла, жимма дІатийра.

— ХІинца цо иза юха мала доладахь-м эр дацара, шуна, вай цуьнга ма мала, — эккхийтира юха а Къуддуза.

Цул тІаьхьа, дукха хан ялале церан къайллах барт се-

цира. Бакаре юха къаьркъа малийта аьтту баккха.

Нуц вогIуш дисина дара, аьлла, Бакарна ши шиша къаьркъа эцна вахийтира Къуддуза шен жимаха волу кIант. Цул тIаьхьа ши де а делира. ХIумма а гуча ца долура. Ша волчу веанчу хьешаца стоьле кхайкхира Къосама Бакар. Стоьл тIе шортта тайп-тайпана маларш а хIиттийна, ша аравелира, амма Бакара хьешана вуззалц къаьркъа а малийна, цуьнан дегIах эпсаран кеп а йоьллина, ша динна цхьа котам а йиьна, тIе чорпа а мелла, дIаберзийра и бал а.

ТIаьххьара а, кхаа барзо маттар а вина, Бакар волчу цхьа хьаша вахийтира, чета уггаре а тоьллачех ду боху «Русская водка» цIе йолу къаьркъа а диллина. Иза вара ЛТП олучу меттехь цхьа зама а текхна, цIавеана, хIинца шен дагахь молла а хилла, наха мовладашка кхийкха волор вацар-техь ша бохуш лела, Харсар цIе йолу къонаха. Шен «дикалла» дIайолийра цо, Бакаре ма-дарра ша хIунда ваийтина а дийцина. ТIаккха Бакарна цхьа хIума дага деара...

Ши-кхо де делира.

КетIарчу терхи тIехь юха а хиьна Iара Къуддуззий, Къосаммий, Кхойсаммий. ЦIеххьана церан бIаьрг кхийтира пурх схьабогIучу урамехула гал-гал а вуьйлуш, леста а лесташ, багахула кура иллин кIеж а етташ схьагIертачу шичан кIантах.

— ЭххI!!! — там хилира дешичошна. — Гой шуна? ВаллахIи, биллахIи, дуьтуьйтур дац, шуна, вай цуьнга и кхин-м! Дала муьтIахь войла хьо **цунна** а, **иза** хьуна а! **Цунах** ваьлча-м, хьаха, хилла хьо стаг хуьлу кехат довр долуш!..

Бакар улло гIертара.

— Оссолом Iалайкум! — Геннара салам кхоьссара цо дешичошка. Вуьйш цецбевлла Iара. Цкъа а, цхьаьнггехь а ца хезнера царна шичан кIанта кIанбеллачу дешичошка саламаш кхуьссуш.

— Салам схьа стенна ца оьцу аш, боьрша дац шу? — ТIечевхира Бакар дешичошна.


— ВаIалайкум салам! Хьаьнг-хьаьнга а кхисса мега моьтту хьуна и саламаш, хьеръяьлла хIума? Юха а хьайн тохарлера амал схьаэца-м ца воллу хьо ?— меттаххьайра Къуддуз.

— Ца воллу, къурIанор, валлане а-м! Ца воллий шуна гур а ма ду. Аш хIун дей, кIентий, кхул тIаьхьа билет а доцуш, цхьа а хьуьна юккъе чIийшаш лахьон вогIур вац шу. Ошшада биллахIи, ву ас шуха сайна хаавелларг тоьхна акт а хIоттийна, таIIийна чувуллуьйтур. Хезий шуна? Ас иза дича суна наха бехк а буьллур бац. Ткъа со юха а къаьркъане марзвинарш шу ду. Ду я дац?!! ЭхIай, дала ларвойла шуха цхьаъ суна хьуьна юккъехь дуьхьал нислучух! Рром-машки сорваны-ы завяли л-лют-тики-ии!.. — шен иллин кIеж а етташ, Бакар цIехьа волавелира. ТIаьхьа хьаьвссинчохь бисинера дешичой.

— Юха а *ошибка* елира вайгара, — элира доккха са а даьккхина Къосама.

— *Да-а-а,* хаза меггарг-м елира, — реза хилира Кхойсам.

— Дера ву со хIинца дуьйна вай дечкана а, докъарна а и *«экономи»* боху хIума ян езий-те моьттуш, — дIадерзийра уггаре а воккха а, кхеташ а ву бохуш волчу Къуддуза.



ЛОВЗАР ЦА ХИЛИРА

— Собар, собар! *Торгово-закупочни* базехь ю боху ахь иза болх беш?

— ХІаъа.

— ЦІе Тома ю кхуьнан?

— Ю.

— Вай! Суна а ма ю цйгахь цхьа Тома евзаш. Ахь бехк ма биллалахь, иза-м башха хастаме стаг а яц, хьуна. ГІалий юккъехь ас шега цкъа забар йича, гуттар гІад яхана, шен адрес а дитина дІаяханера иза. Вуьшта, шен цІе-м нийса аьлла ца хиллера цо, Луиза ю ша аьлла. Вахана дІакхаьчча хиир-кха иза Тома юй. ХІинца-м ю сан цигахь евзаш жеро. Зина бохуш.

— Тоийтал хІинца, Руслан, кІордийна суна и хьан Дон-Жуанан къамелаш. ХІета а, вета а хьуна евзарг хила аьлла-м дац иза?

— Дика ду делахь. Цхьа хІума де вайшимма?

— ХІун ду иза?

— Охьахаал. Ас дуьйцу хьуна...

Шина накъостан цхьана хІуман тІехь барт хилира...

* * *

Аьхкенан уггаре а довха денош дара уьш. Тов хІоьттина, кхехкаш лаьттачу лахенгара цхьанхьа лаьмнашка, шийло-о хІуо долчу хьалабахка хьаьгна бара гІалахой. Шаьшшинан барт хиллачу шоллагІчу дийнахь веара Руслан базе. Юьстахо-о «Жигули» дІа а хІоттийна, аракхайкхира Зина.

— *Привет, старуха!*

— Хьо ваа хьуо везачо. Со хІунда ю «старуха»? ХІинца бен ткъей пхиъ шо а ца кхаьчний са-м.

— Ахь ма вуур вара со...

— ХІета, чІогІа хьо дагавоьхна Іаш ю, хьуна, со. Хьо ваза тахана бутт кхоччуш боллу. ХІинца а ца веанехь а хІумма а дацара, башха саготта яцара со хьо ган.

— Цундела вай кхана меттахІоттор ду-кха кху баттахь данза диснарг...

— «Вай» муьлш ду?

— Хьой, сой, сан накъосттий, Томий.

— Томех хIун до ахь?

— Ас ца до! Накъост ма ву соьца. Ма йохалахь, со оцу Томе вист хуьлуш а, иза оьшуш Iаш а вац хьуна.

— Иза йогIур яц.

— ХIунда ца йогIу иза? Ша хIинццалц йолу Тома яц иза?

— Хаац. Цхьа эпсар ву иза йига гIерташ, чIогIа тIаьхьаваьлла, Алма-Атара дуьйнна кехаташ кхоьхьуьйтуш.

— Алма-Атахь верг-м шен Алма-Атехь Iийр вара. Хьанна хаарна кхоьру хIара? Алма-Атахь верг а вац ала ахь шен цхьа гIайгIа ца беш. Ялол дийцал ахь. Йиш яц иза кхана вайца ца хилча.

— Стенга доьлху вай даха?

— ХIинццалц вайшиъ ихначу. Ялол хьо, леле ялал!

Руслан тIаьхьахьоьжу чуйоьдучу къоначу жерочун дегIе. Стоммийн кIайн настарш, забарна санна яй коьрта тIе йиллинчу косинки кIелхьара охьахецна юькъа, еха месаш, дай, сетташ ден болар. Зинийн и болар дара Русланна къаьсттина хазахетарг. Ярташкахь ца хуьлу и тайпа болар. Ша-тайпа, гIаларчу мехкарийн болар...

Схьайоккхий, багаюллий, цигаьрка латайо Руслана. Дукха ца Iаш Зина а юха арайолу.

— Реза ю иза-м. Вуьшта, вай цхьана а дена ган йиш яц хьуна. ЧIогIа кхоьру иза ша цхьанна гучаяларна.

— Шек дIа ма хила эр ду-кха ахь цуьнга. Мохь тоьхча адам тIе ца кхоччучу, хьуьнан хьакхарчий бен ца леллачу дIадаха чот ю-кха зайн. Кичча Iелаш, со кхана Iуьрре схьакхочур ву шуьшшинна.

— Дика ду. *Чао!*

— *Бывай!*

* * *

Стохка гурахь веанера Муса шен да-нана долчу. Жимачу, басах леттачу ламанан юьртахь наггахь а стаг ца висинера шайн эвлара дуьххьара ваьллачу капитане хьажа ца вогIуш. Массеран а бала кхаьчнера: мел Iан деза хIинца а Алма-Атахь? Зуда хIунда ца ялийна хIинццалц? Кара хIума кхочучохь вуй хIара? — олий хоттуш верг а волура. Масане хьехабора Мусага мехкарий! Къаьсттина карзахъяьллера дейиша Белиса.

— Ва нах, хьо муха ву? Хьоьга йогIур йоцуш цхьа а йоI яц-кх кху Нохчийчохь, ахь цхьа ши дош алахь. Стенна ийзало хьо?

— Со жима вац хIинца, Деца, кегийчу зудаберашка забарш еш лела. Сан ткъей пхиъ шо сов хан ма ю. Ша жимма а кхеташ ерг йогIур ма яц соьга, шена вевзина жимма а хан яьлла ца хилча-м муххале а.

— Ой! Со яла елла! ЙогIур яц бохург хIун ду? Хьан санна Iаьржа, хаза бIаьрг-цкъоцкъам, лекха дегI, ган куц долуш кегийнах сов бевлла лела моьтту хьуна и лелаш берш? Дитал и хабар!

— Дика ду, Деца, ахь цаI лаха а лахий, соьга адрес данйтахь цуьнан. Ас наггахь кехат а яздеш, тхаьшшиннан дагахь дерг къастор ду. ТIаккха, со юха цIа веанчух цаI дийр дай вай-м.

— Девза суна, диканиг, и хьан хабарш. Суна и тIуьрли а боьттина, дIаваха гIерташ ма ву хьо юха а. Бакъ хила мегаш ду и наха дуьйцу цхьацца къамелаш. Цхьа хьашт доцу зуда ю боху цигахь хьуна тIаьхьаяьлла лелаш. Амма бакъ-м дац шуьшиннa моьттург. Нагахь иза иштта делахь, аса ян а еана коьрта тIехь мел йолу мас юхйоккхур ю цу зуьдан! Хезий хьуна?!

— Хеза, Деца. Бакъ ма дац иза. Бакъ хилча а хIун дара иза? — забар еш, велакъежира Муса.

— Вай, вай, вай, ва-а-а-ай!!! Хьо ма дала бусалбанашка!

ЧIогIа цецйолу сурт хIоттадой, шина куьйга корта схьа а лоций, дIасатехка Белиса. — Там а ма бара ахь цхьа иштаниг дан а дина, вай нахала даха! Делор, карор дацара хьуна и хьан къанделла дай, наний дийна кху цIахь, хьо и юьхьIаьржо а яхьаш, цIа веъча!

КхидIа Децига дах ца дайта, Мусас вела а къежий,

цуьнан букъах куьг туху:

— Ас аьллий хьоьга, Деца, айса ахь аьлларг, хьуна лиънарг бен ялор яц. Сан дашах ца теша хьо? Вуьшта, хан лохьа суна айхьа суна лехнарг мила ю хьажа, тхойшиъ вовшашна довзийта. Ас дуйцург дош дац-кх хьуна, жимма а тхойшинна барт хилахь, со юха отпуске веанчохь ас иза схьа ца ялаяхь! Вай ловзар а хIоттор ду-кха тIаккха кху кертахь!

Муса шен отпуск чекхъяла гергаяхча дIавахара. Дейишас дукха хан ца йолуьйтуш, цунна ялон йоI а лехира.

«Цхьа кIеззиг марехь Iийна-м ю, делахь а дешар диканиг дешна ю, — ойла йора захало дуьйцуш араяьллачо, — туьканийн аьлча а, махбаран дешар. Иштта чо ледар кхобур вац!»

ХIетахь дуьйна вовшашка кехаташ кхехьийта дуьйлира Мусай, Томий. Хетарехь, ловзар улло гIертара.

* * *

Дукха хаза Iуьйре яра таханалеранига а. Малх лаккхабаьлла, дуьненчу тов хIоттале, хьалххе араиккхина, шерачу асфальта тIехула хаккаелла йогIура Русланан «Жигули». Аренашкахь ялта дара чудерзош. ХIинцале дIакхоьхьура машенаша керла кIа. Гарехь, комбайнераша сийсара башха наб йина а ца хилла.

Дукха ца хьевира Зинассий, Томассий ши накъост. Кестта хIорш чохь болу машен лаьмнашкахьа хьала йирзира.

— ХIун ю, Руслан, хьан накъостан цIе, хIара башха вист хуьлуш а ма вац? — схьакхайккхира Зина.

— Бексолта ю-кх. Тхан автобазехь механик а ву, зуда ялоза а ву. — Жимма Iийна-а тIетуьйхира. — Кхуьур яра шуьшиъ хIара вовза-м. Дехха де а, буьйса а ю хIинца а.

— Ой! Цигахь вайга буьйса яккхийта дагахь-м вац хьо? — Гуттар цецъйолу сурт а хIоттош, схьакхайккхира тIаккха Тома. — Сан мамин дог кIаддалийта воллу хьо!

— ХIумма а хир дацара хьан мамина-м. Хьо Алма-Ата дIаяхча, хIун дан йоллу хIара?

— НаьIалт хьуна, Зинка, и мукъа хIунда дуьйцура ахь кхаьрга? — хIинца оьгIазйоьду сурт хIоттийра Томас.

— Дийцича хIун дара иза? Хьо-хьуо а ма яц башха цунах ешаш Iаш а. «Алапана тIе а хиъна Iан деза, цуьнга яхча а. Муха ву а ца хаьа, цкъа а гина вац» бохуш.

Цу тIехь шина йоьIан хабарш жимма дIасевцира. Бексолтас, дIакхевдина, магнитофон латийра. Машен чу цхьа башха тайна, мукъамаш баьржира. Ногъетташ, дIа ца кхачарна кхоьруш санна, сихделла догIура лаха чохь Орга. Йочанаш хьеелла, цIанделла, серладаьллера иза кху деношкахь. Аьрру агIорхьарчу басонна буьххьера чукъерзара мин-минотана бохлуш лаьтта малх. Қийра Iабабора цIенчу хIавао. Шеко йоццуш, де хаза хила доллура.

Машен цхьана хенахь басах чу а йирзина, гобаькккхина ирахъихначу моънашна юьккъерчу байн акъари тIехь сецира.

Цхьаммо хи дахьаш, вукхо дечиг гулдеш, кхоалгIачо жижиг хедош, дIаболийра садаIа баьхкинчара шайн болх.

— Руслан, хIара хьан Бексолта ма кхоьлина ву. Томина тIехьийзаш эпсар ву аьлла, вай кхерийна моьтту суна хIара. Хи-хи-хи-хиъ! — елар иккхира Зинига. — Шек а ма вала хьо. Вай хьуна йоьттуьйтур яц хьуна цуьнга-м. Эцца казенни чорпеш а юуш Iийначу цунах, хIун стаг хилла хир ю моьтту хьуна. Хи-хи-хи-хиъ!

— Томина хала хетар дац ахь иштта аьлча? — хаьттира Руслана, шен карара шампураш кIегаш тIехула дIа а нисъеш.

— Томка, хезий хьуна? — кхайкхира стаканаш цIандеш йоллучуьнга Зина. — Хьуна хала хетий ас хьайн Мусана воиг аьлча?

— Вал-а-лай, Зинка, — схьакхайкхира ша Iачуьра хьала а айелла важа, — ма кIордийна-кх суна хьо а, и Муса а, со цхьа чIогIа гIадъяхана лелаш санна. Витийша иза, кхин ца вуьйцуш. Вуьшта а дог вон хуьлу сан, сайн маре яха деза аьлча.

— Хьо хьан хьийзайо цуьнга гIуо бохуш? — хаьттира тIаккха дехьо цигаьрка уьйзуш латтачу Бексолтас. Томас духьал жоп ца делира.

Лерина чукъаьрзара гIонжагIе баьлла аьхкенан малх.

— ХIан, тIехилал! — мохь туьйхира цхьана хенахь Руслана. — ДIалацал кедаш. ДIамалал цкъа дуьххьарлераниг, вай вовшашна довзарна тIера!

Сакъера баьхкинарш Iиндагlехь яржийначу шаршуна гонаха охьахевшира. Хьалхара стаканаш дIатуьттуш, шаьш мер дац боху сурт хIоттон йолаелира ши накъост.

— Аьшшима хIун дей, — вист хилира цаьршинга Руслан. — Суна сеттар яц шуьшиъ. Дуьххьара молуш-м дац аьшшима? Шаьшшиъ стенга йогIу хаьарий шуьшшинна? Бексолтех хетта шуьшинна эхь? Бексолта, цкъа тIехьа верзал, кхаьршиммо цхьацца дIамаллалц. Цул тIаьхьа-м вайшинга кIезиг хIума кхочуьйтур яра кхаьршиммо.

Хаьара вукха шинна, шаьшшиъ оьгIаз йоьду сурт хIотторах иза чекх дер доций. Меллаша хьалаайдира стаканаш. Русланна хууш ма хиллара, цул тIаьхьа кхаршиммо шаьшшинга дукха ца бохуьйтура...

Малх Органан вукху басонна тIехьа лачкъа дагахь, чуоллабеллера. Йоккха латийна хиллачу цIерах цхьа юккъий, гIилла хьалабуьйлу кIуррий бен хIумма а ца йисинера. Зезагаш даха дахана Русланний, Зиний схьадаза дара. Машен чу а хиъна, магнитофоне ладоьгIуш Iачу Бексолтийна улло охьахиира Тома, цхьа цаешачу кепара ела а къежаш.

— Хьан самукъа ца долу? Зудчунна са-м ца гатдо ахь?

— Со зуда ялоза ву ца элира шуьшинга Руслана?

— Иза-м массара а олура аш, зудчунна уллора цхьа ши пIеллиг шаьш дIахерделча.

— Ас хьайга тохара деллачу хаттарна жоп ма ца делира ахьа.

— Мича хаттарна?

— Хьо хьан хьийзайо маре гIуо бохуш, аьлла хаьттиркха ас.

— Вай-хIай! Бакъ ца лоь со тIаккха? Ша лартIехь волу стаг гIертар вуй вайн заманчохь эпсар а хилла, ткъей пхеа шарна цIеравала? Ша кхеташ хиллехьара, цхьанхьа базехь, туьканахь, заготовитель, я цхьана кхечу, кара хIума кхоччучохь балхахь хир вара.

— Айхьа цуьнга кхоьхьуьйтучу кехаташ тIехь иза олий яздой ахь цуьнга?

— Хьерам-м ца ваьлла хьо? — гуттар цецйолий, качлой дIасасетта, ша хиъна Iаччахь, вуьшта а маларо дегI

малдина йолу Тома. — Ишта-м тхойшинна юкъахь йоккха любовь, хьаха, ю! ЧIогIа со езаелла ву боху иза цуьнан дейишас, тохара цIавеана волуш со цхьанхьа-м ган а гина боху цунна. Ма дарра аьлча, цуьнан алапех тешна Iан дагахь а ма яц со. Цигахь военторгехь дукха диканиг товар хуьлу боху. Ас посылкаш лохкур ю, хьуна, цигара-м вайн Кавказе! Дитал хIинца и къамелаш. Кхин дийцар дац-кх вайн тахана, сан маре яхар бен. Уффай, ма йовха ю кху чохь. Iа а лой хьо кху бутки чу а хиъна!

КIант меттахваккха гIертара маларо самукъадаьккхина йолу жеро. Иза хааделла, Бексолта леррина дIахьаьжира цуьнга. Малхо цIен бос эцийтина, хилла стом санна, йогу беснеш, дог хьагон балдаш, безаман дохк хIуьтту бIаьргаш, лекха накха, йоцачу джинсови юбкина кIелхьара схьакъеда стаммий настарш, — муьлххачу а къонахчун дагах гилдигаш дохур долуш дара кху сохьта къоначу жерочун сурт. Амма, маларо корта хьовзийна ца хилча, жерочунна ган декхар дара шега хьоьжучу Бексолтин бIаьргаш гIорийначу буса стиглахь лепа седарчий санна шийла а, генахь а хилар...

Бексолта машен чуьра аравелира. Томина моттаделира, хIинца иза шеца забаршка вер ву, ша эвхьаза яккха гIертар ву. Цунах дош ца хилира. Са даьхьна стаг санна, дIахервелла, тогIичухула волавелла лийлира кIант, накъостийн дIабаха барт саццалц.

* * *


Ма Iаржллу Iаржъеллера, шаьшшинца хилла шиъ дIа а кхетийна, ши накъост юхавоьрзуш. Машенан охьаоьзначу корех чу детталора цхьа мела, хьаькхначу бецан хьожа ийна хIо.

Стиглахь лаккха хьалаайделлера горга, можа беттаса, Вовшашка вист а ца хуьлуш вогIура ши накъост.

— Дика накъостална ди ахь суна, Руслан, баркалла хьуна, эххара а элира уллорчо. Важа дуьхьал вист ца хилира. Цуьнан дийца башха хIума а дацара. Русланна хаьара ойланаша иза мел гена дIавехьна. Цу ойланашна юьккъе цхьа а гIерта оьшуш дацара...

* * *

Маре яха кечлуш, цхьацца пал вовшахбетташ лелар ю цкъачунна Тома. Мусан кехат хIунда хьеделла ца хууш, сагатдеш а хьийзар ю. Амма цунна цкъа а хуур дац, екхначу аьхкенан дийнахь Органан тогIий чохь ша цхьаьна сакъийринарг автомеханик Бексолта а воцуш, Алма-Ата-ра леррина ша йига цIавеана Советски эскаран капитан Муса хиллий...



МЦХА БЦ ЦЦЬНАН БІАЬРТАШ?

Бексолтина отпуск аьхкенан юккъерчу баттахь еллера. ЧІогІа оьгІаз вахана, шен дена а, нанна а реза воцуш вогІура иза цІа. Эскарехь гІуллакх деш воллушехь, цунна девзаш а доцу цхьа нускал далийнера цунна. «Стенна сихбелла хилла?! — догэтІара кІентан. — «Дикачу цІентІера» ю аьлла, гома ши ност а йолуш, цхьа хІума хир ю ялийнарг. Ца хилча, йогІур а яцара шена ца вевзачу кІанте!»

ЦІа кхаьчча, юьртахь цхьа а шен доттагІа а ца карийра салтичунна. Цхьацца нхьа: эскаре кхайкхина, деша бахна дІасабевллера. ГІалахь доьшуш ю бохучу шен зудчунна тІаьхьа вахар а аьттехьа ца дитира Бексолтас. Делкъал тІаьхьа шайна уллорчу ахкачу а воьссина, седа санна сирлачу, малхо-доздинчу хи чу а иккхина, цхьана боьрах охьаІенначу гІамартІе а вижна, юьхьтІе газет а тесна, Іуьллура салти.

Аьхкенан малхо эсала хьоьстура Іора дегІ. Шовданан зевнечу гІовгІано херйора совнаха ойланаш. Дуьхьал хІуьттура эсалчу мехкарийн цхьацца суьрташ...

ЦІехьана цаІ вист хуьлуш санна хетта, хьалаиккхира Бексолта. «ХІан-хІа, тарделла». Ахкан тата бен дацара. Юха а хезира цхьа аз. ХІинца леррина ладуьйгІира кІанта. Цхьа йоІ яра хьуьна юккъехула гІийла йиш а лоькхуш, схьагІерташ.

«Ой! Со-м верззина ма ву!» — аьлла, шен бедарех ка а тоьхна, моънаш юккъе лечкъира Бексолта. Дукха хан ялале гучаелира цхьа тайна, хаза кисен юткъа коч юьхина йоІ. ДІахецна хьаьрса месаш, горга юхь-сурт, жима мара, боккха, сийна ши бІаьрг, беран санна, цІен, жима ши балда, берзинчу когаш тІе юьйхина сандалеш, дай болар — йоьІан дерриг а амат кІант цецвоккхуш хаза дара. Іадийча санна висинера салти шен коьллашна юккъехь.

«ХІара мила ю-техь хІинца? Ма тамашийна болх бу хІара малик кху акхачу ахкачу кхачар. Билггал цхьа хьаша хир ю хІара тхан эвла еана. Цхьаьна аддам а дуй-техь кхуьнца?» — ойланаш хьаьвзира кІентан коьрте.

Меллаша, шен йиш а лоькхуш, Бексолтас дуьхьал тIулгаш а дехкина, тодинчу хи улло яхара иза. Коган буьхьиг чу Iоьттина, хи шийла-довха муха ду а хьаьжна, меллаша шен готтачу халатан нодарчий дIаяха йолаелира йоI.

«Дап-дипп, дап-дипп»-нехь деттадала доладелира коьллаш юккъехь лечкъана Iачу салтичун дог. Ца детталойла цуьнан дан а дацара: дукха исбаьхьа дара къоначу йоьIан дегI. Товш дацара йоIе къайлах бIаьрг беттар. Тебна-а, готтачу гIашлойн новкъа а ваьлла, ша хьуьнхара вогIучуха-а, йоIана улло веара Бексолта. ЙоI леррина схьахьожура кIанте.

— Хьо мила ю? — меллаша хаьттира кIанта.

— Хьо? — кIеззиг цец а йолуш, дуьхьал хаьттира йоIа.

— Бексолта ю сан цIе. Отпуске веана со эскарера. Хьо сох кхера-м ца кхоьру?

— Ца кхоьру, хIинца-м.

Кхин хIумма а ца хаьттира безамо вахош лаьттачу салтичо. Цуьнга бIаьрг ца баккхалора йоьIан сийначу бIаьргаш тIера, хьаърсачу месаш тIера, балдаш тIера, лога тIера...

— Лийча вайша? — улло а таьIна, меллаша хаьттира кIанта. ЙоIа корта таIийра.

Iийжаш кхеттачу малхо малдинчу хи чохь доьлуш, ловзуш, керчаш цхьа хан яькхира къоначу шиммо. Цул тIаьхьа, гIамаран басахь, йоI гIодаюккъера схьа а лоцуш, хаьттира кIанта:

— Хьоменниг, ахь хьер воккхуш лаьтта-кх со, кхин цкъа а дIаса ма къаста вайша? Соьга маре йогIий хьо?

— Со-м еана хьоьга, — кIежира йоI. — Со ма ю хьан зуда Лиза. Делкъанна йогIучу автобусца хьала а еана, йохъелла, аьхкачу еанера со... Ца моьттура хьо кхузахь хир ву... Иштта ца хилча, со Iийр ярий хьоьца кху акхачу ломан чIожахь!..

— Муха? Хьой?!! — цецвелира салти. — Вай хьо яха дукха! Хьо хIинццалц мичхьа яра?

Эсала хьоьстура Бексолтас шен кIона зуда. Куьйгаш а лаьцна, Бексолта бераллехь уьдуш, ловзуш леллачу, цунна эскарехь волуш а дуьхьал лаьттинчу ахка чухула хьаладоладелира къона ши адам. Сарахь, малх даккъашна тIехьа баьлча, цхьана боккхачу берда йисте кхечира и шиъ.

— Вайшиъ дехьа далалур дац, — элира Лизас.

— ХІан-хІа, вайшиъ цхьана мел ду, хІумма а хир яц вайшиннан новкъахь, — аьлла, шен жимачу зудчун куьг а лаьцна, Бексолта бердах чу кхоссавелира. Цу минотехь, и шиъ айделла, тІема делира. Дукха лийлира Бексолтий, Лизий тІема даьлла, шайн юьрта тІехула, колхозан токхе-чу аренаш тІехула, хьаннаш тІехула, лекхачу лаьмнашна юьккъехула...

— Подъё-о-о-м!!!—мохь белира казарми чохь. ШозлагІ-чу ярус тІера охьа а иккхина, сихха тІе хІумнаш а юьхина, шен накъосташца цхьаьна зарядка ян хьаьдира Бексолта. Отпуске ваха дисинарг ткъей бархІ де дара. Юха казар-ми чу вахча, шен тумбочки чуьра дІатаса кечдина кехат, конверт а датІош, схьадаьккхира салтичо. ДІадайира цу тІехь: «Аш со цІахь а воцуш, и Лиза боху йоІ суна ялаяхь, со цІа вогІур а вац», — боху дешнаш. Церан метта яздира: «Муха бу оцу аш суна хьахийнчу Лизин бІаьргаш?»



ХЬАША

Февраль беттан шийла, цIевзинчу цхьана сарахь Орджоникидзера цIавогIу студент Расул Грозный гIалахь вехачу шен дешичин хIусаман наьIаре кхечира.

— Ваша, суьйре дика хуьлда хьан, — аьлла, эхь хеташ, меллаша улло хилла, мара кхийтира иза, неIаран горгали тоьхча, аравьаллачу Сайдалбекана!

— Ой! Расул! Хьо вац иза? Диканца вогIийла хьо а! Чоьхьа вала. Схьая хьайн портфель а. Куьйгаш ма чIогIа шелделла хьан, каранаш дац хьан?

— Дан-м дара уьш, цхьанхьа эгийначух тера ду-кх ас уьш, — цхьана хIуманна ша бехке волуш санна, ийзалуш чоьхьавелира кIант.

— Суьйре дика хуьлда хьан а, Роза, — элира Расула, хьалха санна бехкалавахана къежа а къежаш, телевизоре хьоьжуш кIедачу гIантахь агIор яьлла Iачу дешичан зудче а.

— *О! Кого я вижу! Явился пропащий!* — хьала а айелла, меллаша дуьхьалъеара иза, — дIаяккха хьайна тIера куртка. Хьо ма шелвелла, иштта шийла ю вайна арахь?

— Шийло ма ю тахана. Делахь а, кестта бIаьсте ер яра вайна-м. — И шело латтарна а шен бехк болуш санна, бехказа вуьйлуш дара кIентан къамел.

— Сайдал, *поставь, пожалуйста, чайник,* кIант мацвелла хир ма ву, — элира Розас майрачуьнга.

— Цул жижиг кхарзахьа, — меллаша дуьхьал вистхилира майра.

— Ца оьшу, ца оьшу, со вуьзна ма ву. Баркалла. Сан яа дог делахьара, ас эр ма дара, — дуьхьал тасавелира Расул.

— Делахь, хIоаш кхорзур ду вай. *А ты все-таки чайник поставь,* — дIадерзийра къамел зудчо. ТIаккха ша хьалха Iийначу гIента охьахиира. Расул а диванна йистте а тасавелла, телевизоре хьежа вуьйлира.

— Iадда Iе, меттах ма хье, — бохуш хьала гIаьттинчу

Расуле куьг а лестош, кухни чуьра сехьачувелира дешича. — Чай довха ду. Хоккей чекх яьлчахьана мер ахь... Чу-м ца туьйхи? — хаттар дира цо тIаккха шен зудче, цунна уллохь лаьттачу кIедачу гIента охьа а хууш.

— ХIан-хIа, *счет прежний,* — жоп делира зудчо.

КхоалгIа сахьт а доладелира Расул чу кхаьчна. Хан меллаша йоьдура. «Ма дика ду-кха хIара телевизор мукъа йолуш, хIара яцахьара оха вовшашка хIун дуьйцур дара» — бохуш, ойланаш а еш, тийна Iара «хьаша». Цхьана хенахь Расулан чохь хIума доцу, яьсса чуьйраш къаррр... къуррр... бохуш гIовгIанаш ян юьйлира. Ондда шен гай тIе пхьарс а таIабой, «Ухь! Ухь!» — олий, и гIовгIа дIаяйа, кест-кеста йовхарш тухура кIанта.

Цхьана хенахь хоккей а чекхъелира.

— Ой! Цара тховса ма вон *сыграть* дира, кхана *с кем наши играют?* — хоьттура Розас шен майрачуьнга.

— *Кажется, с чехами.*

— О! Иза чIогIа *интересно* хир ду. Сайдал, ахь кIантана чай доттахьа, со Рустамчикана тIера хIума дIаяьллий хьажа, йоьду. ХIуъа дичи а, буьйсанна шена тIехь *одеяло держать* деш ма вац иза.

Нус дехьачу елира.

— Схьавола, Расул, хIума кхалла жимма. *Каникулаш* хир ю шун. Хьо садаIа веана хир ву? — хоьттура дешичас.

— Ю. СадоIуш ду тхо, цхьана шина кIиранна. Iаьнан сесси дIаяьлла тхан. Тховса юьрта хьалайоьдучу автобусана хье а велла, буьйса яккха ас, кхана Iуьйранна хьала а гIор, шу хIун деш ду а хьожур аьлла веара со. — Юха а бехказавуьйлура хьаша.

— Бакъ веана. Хьо хийрачу нахе ма ца веана. ХIан. ТIехилал! Чай мукъа мала хьайна баьпка тIе маргарин а хьокхуш.

— Со вуьзна-м вара, делахь а, цхьа стака мер ас...

— Мала ахь. Шиъ а мала. Меца лела мегар ма дац. Эхь а ца хеташ, хьайна оьшшург схьаала ахь. Хьан да схьа-

велахьара, цо иштта ийзалуш лоьлуьйтур ма вацара хьо. ХIинца маса шарахь деша деза хьан?

— Шина шарахь.

— Лор хир волуш ву-кх хъо?

— ХIан-хIа. Зооинженер.

— А-а! Да. Суна-м дицделлерий. Хьо-м *будущий председатель* вай.

— Хаац — эхь хетта къежира Расул.

— Дика хир ду. Ахь хIума кхалла. Со дехьачу воьду. Бакъе а, дицделлерий суна-м... хьан нана муха Iаш ю-те? Иза-м кхуза гIалахь больницехь а Iиллина ма хилла, шина-кхаа баттахь. Тхуна иза хаа а ма ца хиира.

— Дика Iаш ю бохура иза цхъа кIира хьалха-м. Ара-чу йолуш ю, боху. ХIинца гIолий хиларга дог доху оха.

— ГIолий хир ю. *Обязательно. Только* шел ма ло ала. Шелонца ма ду вайна лазарш.

— Дера ду.

— Ва кIант, ас зал чохь *постель застелить* дина хьуна. Хьуо ваьлча, кухни чура *свет выключить* а яй, дIавижалахь — схьакхайкхира девешин зуда.

— Дика ду, Роза. Баркалла хъуна.

ГIала дIатийнера. Наггахь тIехйолучу трамвайн тата бен ца хезара Расул Iуьллучу хIусамехь.

...— ХIара вара хьуна хIинца вайна оьшург, — дIадолийра Розас шен майрачуьнга резайоцу къамел.

— Сих ма лохьа, хIай. Иза-м кхана Iуьйранна автобусца дIавоьдий. Ма чIогIа новкъа веа хьуна иза, чукхаьчна а валале. Иза-м сан воккха волчу шичан кIант вай. Со воцург кхин уллора гергара стаг а ма вац цуьнан. Цуьнан дас, дийна волчу хенахь, вайшиъ шайгара муха данйтора дага ца догIу хъуна? Иза а ма ву кхана Iуьрре, шен да санна, я *завфермой,* я председатель а хилла дIахIуттур волуш.

— Аса-м *просто* цунна вайгахь *скучно* хир ду аьлла ма бохура.

Жимма дIатийра кхаьршиннан къамел.

— Бакъахьа-м, дIавоьдуш цуьнан кара цхьа туьма — пхи сом делча дара, — вист хилира Сайдалбек.

— *Тоже мне!* — реза ца хилира зуда. — Хьуо вац хьо «Жигулина» райисполкомехь *очередехь* а ву, *квартирана обмен* ян а деза, ахча *копить* де бохуш Рустамчикана хьастаха базарахь джинсови костюм ца эцийтинарг?

— Джинсови костюм стенна оьшу пхи шо кхаьчначу берана? Шортта ма ю цуьнан и костюмаш.

— *Вот-вот!* Цундела ма боху ас: ца оьшу цуьнга туьманаш кхийдо. *Тем более* иза *на учебу* воьдуш а вац, а *домой едет...*

— Каранаш эца цхьа пхи сом мукъа ца делча вер вац со цуьнга, — ойла йина-а, юха а элира майрачо.

— Хьайн хьашт дерриг дехьа! — оьгIаз йоьду сурт а хIоттийна, ха хаьрцина, бат пенехьа ерзийра зудчо.

ЦIеххьанна майрачун бIаьрг кхийтира спальнин неI хийра йисина хиларх. Меллаша хьала а гIаьттина, иза тIететтира майрачо.

— Вайшимма дийцинарг хаза-м ца хезна-те цунна? — зудчун лере таъIира иза. Ткъа иза-м «хуррр-тIуррр» — бохуш Iуьллура.

Iуьйранна хьалххе хьала а гIаьттина, шен юхь-куьг дилина, тIе хIума юхуш воллура Расул, Сайдалбек пижама а тIехь и волчу чуволуш.

— Ой! Хьо ма хъалхе гIаьттина? Жимма *понежиться,* хIунда ца до ахь? Стенга сих велла хьо? — хаьттира цо кIанте.

— КIант, ахь хIун до оццул *рано?* — йист хилира, сетта а сетташ, дехьачуьра сехьаяьлла нус а.

— Д!а ца вахча вер вац со. ЦIа вахале, цкъа сайн ненаваша Шуддди волчу балха тIе кхача дезаш а ву со. Шу Iаш долчу хIокху районан райсоветан председатель балха ваийтина боху иза. Хала хетар ду цунна, со гуча а па волуш, лелча.

— Муха — муха?!! — иккхира цецваьллачу Сайдалбе-

кан багара, Іадийча санна, цецъяьлла лаьттара Роза а. ГІехь хан елира царшиннах цхьа а дист ца хуьлуш.

— ХІан, марша Іойла шу. Со дІавоьду. Бехк ма билла хан йоцчу хенахь ван а веана, ас шаьш хьийзадарна.

— Ой! И бохург хІун ду? Дер, гІур вац-кх, веъанчуьра цхьа кІира а ца доккхуш-м! ДІаякккхал хьайна тІера куртка! Роза, схьаяккхал цуьнгара портфель.

ТІекхеттачу дешичас курткин нодарчих катуьйхира. Несо портфель дІаозийра. Виттане а царшимма вита а ца витина, тІера куртка дІа а яьккхина, схьахилийначу кІедачу гІента охьахаа дийзира хьешан.

— Ас хІокху сохьта *мясо жарить* до хьуна, — кухни чу иккхира хІусамнана.

— Хьо, хьаха, вац оха иштта дІавохуьйтур. Ахь сийсара хьо дІагІур ву аьлча а, сайн дагахь хьо вохуьйтур вац бохуш Іара со. Хьо стохка Іай бен со волчахь буьйса яьккхина а ма вац. Эхь ду хьуна и... Хьо-м сан воккхаха волчу шичан кІант вай! Схьавелахьара, хьайн дас-м могуьйтур дацара хьуна иза. ТІаккха, *успехаш* муха ю хьан? Сесси дІа муха ели ахь? Хьо хІумма а хьайх лаьцна дуьйцуш а ма вац!

— Дика чекхъели сан сесси-м.

— Дика хир ду. Хьо-м, хьаха, ву *молодец*. Со-м суо волччахь чІогІа хьох воккхавеш Іаш ву, хьуна! Дика хир ду. Іаламат дика хир ду... Дела дуьхьа, Расул, ма йоккха юьхьІаьржо хили моьттахь суна а, Розина а хьан нана кхузахь больницехь юй ца хууш. И хиънехьара цунна оьшуче ла а дугІуш, цунна уллохь соцур долуш ма дара тхойшиъ. Хьайн дели дуъхьа, алалахь цуьнга, цу балхана тхойшиъ Іаламат чІогІа юьхьІаьржа хІоьттина ду, алий. Вуьшта, цига юьрта и йолчу дІадаза-м Іийр дац тхойшиъ!..

ТІаккха жимма соцунгІа а хилла:

— Дика хир ду... ТІаккха, хІинца кхуза ваийтина волу райсоветан керла председатель хьайн ненаваша Шудди ву боху ахь? — дІадолийра цо юха а къамел.

— Ву бохуш-м хезна суна.

— Хир ву, хьуна. Дера хир ву. Шудди-м хьаха ву чIогIа кхеташ стаг. Соьгахь, цкъа оха Павлодарехь цхьана дахийтина суьрташ а ду цхьанхьа-м хила дезаш. Собар делахь ас хIинцца и сурт тIехь долу альбом схьайохьу хьуна. — Сайдалбек сихха дехьа чу иккхира.

Кухни чуьра схьахезара кхарзалучу жижиган хьожа. Схьаетталучу оцу хьожано кIентан цергех хи доладалийтинера. Меллаша шен кога мачаш а туьйдина, курткий, портфеллий кара а лаьцна, вист а ца хуьлуш аравелира Расул...

Шелоно кIац тесна лаьттачу лаьмнийн бахьаш тIерчу попан хьаннех а тийсалуш, ца лууш санна, халла хьалаайбелла лаьттара Iаьнан малх, Расул чохь волу автобус кхеран районан дозане кхочуш. Арахь шийла хир болуш белахь а, автобусан коран куьзганна чекх хьаъжна малх, юьхь хьоьстуш, эсала бара. Ша хиъна Iаччохь наб озийнера Расулана. Сийсара дешичой, цуьнан зудчой дийцина къамел а хезна, логе шад хIоьттина, наб ца кхеташ буьйса яьллера цуьнан. Ненавешех, Шуддех лаьцна цо дийцинарг а бакъ дацара. Шен дешичий, нуссий шена билггала довзийта дийцина дара цо иза...

Амма, шен аьшпаш гуча а бевлла, ша цаьршинна хьалха юьхьIаьржа хIоттарна а ца кхоьрура Расул хIинца. Ойла сецнера кхин цаьрга ца ваха.



КУПЕ ЧОХЬ

Цхьаьна накъост а воцуш, ша вара командировкера вогIу трестан экономист Хьасан, яьссачу купе чохь «Москва — Баку» поездо техкош вахьаш. Кхо-диъ сахьт а даьллера поезд Москва гIалара араиккхина. «Ма тамашийна хIума ду хьо таханлераниг, хIара вагон хIоккхул яьсса хилар», — ойланаш йора, тIера бедарш дIа а ца йохуш, керла биллинчу кIайчу меттахь аркъал вижна Iуьллучу жимчу стага. Де кхачош лаьттара. Суьйренца цхьанаэшшарехь тIедоладеллачу кегийрачу суьйренан догIаной, цхьатерра гIийла дIай-схьай лестачу вагоной кIадделлачу дегIе мерза наб гIертайора.

Цхьана хенахь еана, цIеххьана неI дIа а йиллина, проводницас самаэккхийтира хIетта наб озийна Хьасан. Чоьхьа яккхира цхьа стомма зудий, кхиъна яьлла, чIогIа куьцехь йоIIий.

— *Располагайтесь!* — аьлла цаьршинга цхьа дош а кхоьссина, проводница дIаяхара. Чоьхьаяьлла шиъ катоьхнна шаьшшингара даккхий, совсийна тIоьрмигашший, тIергашца дIайихкина баккхалшший, сетканашший цхьаццангахь терхи кIеллий, неIар тIехулий дIаса теIон юьйлира.

— ЭхI, Лиза, ма доккха гIуллакх хилира-кх кхунах. Туьма-м даькхи вайшингара цу жIаьло, делахь а, цу *общий* вагон олучу жоьжагIатичуьра вайшиъ араяькхина дика ду-кх,—хьуьхьйоьллачуьра ша меттаяллалц а ца Iаш, къамел долийра стоммачу зудчо. Важа жиманиг кест-кеста Хьасане бIаьрг а тухуш, йист а ца хуьлуш Iара.

— Дика гIуллакх хили вайшинна хIинца ярах, — ца сацадора стоммачу зудчо шен къамел, шаьшиъ дIанисъелла, охьахиъначул тIаьхьа а. — ХIара дедерон-м тIаьхьтIаьхьа карош а дац, хьуна, Москвахь а. Кхуьнан метарх-м хьастах ЧIишка базарахь шийтта туьма делира суна!

Ши зуда чоьхьа яьлча Iилла бакъахьа а ца хетта, шен терхи тIехь кIегар а хиъна, корах ара а хьоьжуш вогIура Хьасан, боьллачу боданехь башха гуш хIума доццушехь.

Чоьхьаяьлла шиъ мила ю кхеташ лаьттара Хьасанна. Стомма зуда-м шек а йоцуш, шен йохка-эцаран гIуллакхаш дуьйцучуьра саца дагахъ яцара. ТIаьххьара а, шен накъост гена яла йоьлча, жимахйолчо цуьнга къайллах бIаьца йира, жимачу стагехьа йирзинчу шен голаш тIе дилинчу куьган пIелг а лоцуш. Зуда кхийтира цо бохучух, амма шен бага ваьшта яхийтина дукха ца Iийра.

— *Ты кто, парень?* — йист хилира иза Хьасане.

— *Как кто, человек,* — вела а къежаш, оьрсийн маттахъ жоп делира кIанта а.

— *Я это знайт. Ты кто по наци?*

— *Дагестанец,* — аьшпаш боьттира Хьасана, ша нохчо хилар а, шаьшшима лелочух кхетта хилар а хиъча, шина зудчунна эхь хетахь а, аьлла.

— ХIара-м суьйли хилла, йоI, хьо инзарйилинехь а. Безамма-м ца бахана хьан кхуьнга?

— Йитахьа, Деца, и хьайн Iовдал забарш, — эхь хийтира йоIана.

— Кхахь, кхахь, кхахь!.. — ела елира зуда, шен багахь мел йолу церг гуча а йоккхуш. — ХIунда ю уьш Iовдал? Везавелча хIун тамаша бара хьуна и санна хаза, зоьртала суьйли? ХIара-м хаза цIена куьцехь стаг а ву, цхьацца берш санна а воцуш. Хьол цхьа ворхI — бархI шо бен воккха а хир вац. Соьга гIур белара кхуьнан безам. Кхахь, кхахь, кхахь!..

Йоккха гIовгIа эккхийтира самукъадаьллачу зудчо. Лиза-м шега Децас ечу эвхьазчу забареххий, шаьш вижан-

чуьра гIаттийначу жимчу стагаххий бакъахьа ца хеташ Iара.

— ХIа, йоI, со цкъа оцу Куьрчаларчу зудчух кхетта йогIу. Цуьнгахь цхьа дубленкаш хааелла суна. Цо уьш мичара ийцира хатта йоьду со. Чуьра ара ма яьллахь, оцу суьйличух тешам бац хьуна, — олуш, стомма зуда сеттина-а купе чуьра араелира. Хьасанний, Лизий шаьшшиъ дисира.

«ХIинцам муххале а со нохчо хилар хоуьйтучохь дац хIара, — ойла йора Хьасана. — ЙоI чIогIа юьхьIаьржа хIуттур ю шен накъоста дийцинчух».

Арахь ма Iаржллу Iаржъеллера. Кора тIе лач схьадетталу догIанан тIадамаш алсамдевллера. Бехк лоьцуш охьа таьIна йогIучу йоIе тIаьхь-тIаьхьа безам боьдуш лаьттара жимчу стеган. Идон гIертарх бIаьргаш ла ца дугIуш сих-сиха цуьнан куьцечу дегIах хьерчара.

Цхьана хенахь цигаьрка оза тамбур чу велира Хьасан. «Ванах, Лиза декъахь ю-те оцу спекулянткас лелочуьнца, я лаамаза цхьаьнанисъелла-те? — ойла йора кIанта. — Декъахь елахь, ма хаза доцу гIуллакх ду хьо. Ма эхь дара цуьнан куьцана, цуьнан эхь хетачу бIаьргашна»...

ЙоI цхьана сетки чуьра баккхалш схьа а яьхна, цаьрга хьоьжуш, самукъадаьлла Iаш карийра, юха купечу ваьллачу Хьасанна. Жима стаг чуваьлча, иза юха а шен пал дIахьарчон юьйлира.

— Москвахь эцна ахь уьш? — хаьттира кIанта оьрсийн маттахь.

— ХIаъ, — корта таIийра йоIа.

Хьасанна дагадеара йоьIе бегашба.

— Со волчу Махачкала еанехьарий, хIоккхул гена Москва а ца гIерташ. Ас юххур ма яра шуна и санна ерш, — къежира кIант.

— Муха? — цецъелира Лиза.

— Цигахь центральни универмагехь директор ма ву со...

ЙоІ ела а къежна, Іадда Іийра, кхин хІумма а ца олуш. Цхьана хенахь чуеара цуьнан стомма накъост, шен ден маршкехула Куьрчаларчу зудчун архІей да чекх а воккхуш.

— ХІун дина хьуна цо? — хаьттира Лизас.

— ХІун дийр дара цо суна-м? — оьгІаз яхана эккха йоллура стомманиг. — Ца дуьйцу-кх ша дубленкаш мича туьканара эцна. Собар де ахь, соьга ала хІума а хир ду хьуна цу вира-м...

— Деца, — меллаша йист хилира Лиза, — хІара вайшиннан накъост мичахь балхахь ву хаьий хьуна?

— ХІа-ан? — Кхераелира Деца, — Милицехь-м вац?

— ХІан-хІа. Иза дера ву Суьйлийчохь уггаре а йоккха туька карахь ерг...

Шаьшшинца верг космонавт ву, я кхечу дуьненчуьра веана стаг ву аьлча иштта цец ер яцара стомма зуда. Цуьнан ши бІаьрг къаьрззинчохь бисинера, лахара балда олладелира.

— Ой, ой! Ткъа ахь хІумма а хьахийний цуьнга? — шабар-шибарехь хетта юьйлира Деца.

— ХІун? — ца кхетара йоІ.

— Ой! И бохург хІун ду? Гергарло дІа-схьа ца хьахий ахь кхуьнга? ХІара иштта валийта мегар ма дац! Хьера-м ца яьлла хьо?

Хьасан хьалха газет а лаьцна, вела ца вала гІерташ, хала са детташ вогІура.

— Соьга хІун де боху ахь, ва Деца, ас муха хьахор ду, мила ву а ца хуучу стаге гергарло? Сан де ваша-м вац иза?

— Ас а ца боху и хьан де ваша а, ненаваша а ву, хьо талух яларг! Жимма забар-кабар е. Хьайца ловза ваккха. Безам бахийта хьайга, тІаккха атта хир ма ву хІара вайшинна ма хетта ловзава!

— Ой! Деца! И хІун ду ахь дуьйцург? — боккъалла а оьгІаз яхара Лиза. — Ас муха воккху ловза поп санна волу стаг?

— «Муха» дан а дац. Со кху чуьра ара а яьлла, дIа йоьду хьуна, хIуъа дай а, хIара тховса хьайна тIеверзор ву ахь!

— И ма делахь, Деца, со Iийр яц хьуна кху чохь суо, — кхераелла хьаьвзира йоI.

— Сетта ма сеттал суна! ХIун дарна кхоьру хьо цо хьайна? Яарна-м ца кхоьру хьо? Ас а ца боху хьоьга цунах хьайна майра ве. Тоьар ву хьуна Казахстане поппарш хьеха вахана хьайн майра а. Безам бахийта хьайга, вайшиъ ша волча еъча кхунна евзачу агIор. Атта ду хьуна Москвах, Ригех, Ленинградех хехкалуш лела, хьайн меркIелхьара туьканаш а йитина? Суна тIаьхьа схьагIертахь мегар дац хьуна! — *Ну, я пошла, дочка. Дасудани!* — Деца араелира.

Зудчо тIаьххьа динчу къамелах чIогIа цецваьллера Хьасан. ХIинца велавала дог ца догIура. ОьгIаздахана, экха доллура жимчу стеган дог.

«ХIун до-техь хIинца хIокху жимчу зудчо, муха ловзавоккху-те со кхо?» — Ойла а еш, вист а ца хуьлуш ьогIура хIара. Амма Лиза а яцара йист хила йоллуш.

— Хьан хIун ю и зуда? — хаьттира Хьасана, оьрсийн маттахь.

— Ненан шича, — меллаша жоп а делла, сецира йоI.

Схьагарехь, хIара шен децас бохург лелон йоллуш яцара. Цо жимма даьстира яхь йолчу кIентан дог.

Буьйса юккъе гIоьртинера. Чохь волчу кIантах эхь хеташ, ша хиъначуьра агIор ца йолуш, йогIа а елла йогIура жима зуда.

«Цкъачунна-м оьзда зуда ю хьо, — ойла йора Хьасана. ТIаьхьа хIун хир ду-техь хьох, хьайн децина улло яьлла лелахь?..»

Хьалха санна, шена тIера хIуманаш дIа а ца йохуш дIатаьIначу Хьасанна цхъана хенахь наб озийра. Корах чукхеттачу Iуьйренан серлоно самаваькканчу цунна, ша хиънначохь йогIа а елла Iаш гира Лиза...

* * *

Малх лаккха хьалаайбеллера Лизин стомма Деца купе чу эккхаш. Ела къежна, Хьасане *«Дарасти»,* — аьлла маршалла а хоттуш Лизина тІейирзира иза:

— Дийцал, йоІ, хІун боху хІинца вайн «невцо?» Евзарю бохий вайшиъ ша волча еъча? Лур ду бохий вайшинна товар?

Лиза йист ца хуьлура.

— Ой! Мотт кхобуш-м яц хьо соьга? Йист стенна ца хуьлу хьо?

Схьагарехь, чІогІа оьгІаз яханера Лиза хІара ша чохь а йитина дІаяхарна. Буьйсанна наб ца йина цІийбелла цуьнан ши бІаърг, хІинца хих буьзнера.

— ДІаяьлла дІа, — шена моьттучу агІор дІатидира Децас и кхуьнан елхар, — хьанна хаарна кхоьру хьо?..

Лиза цкъа сихха, ягийча санна дІахьаьжира Децига, делахь а хІумма а ала а ца делла, корехьа йирзира. Хала са тоьхна Іийра Хьасан а.

— Дика ду, делахь, со новкъа хир ю шуьшинна хІинца. Со-м юха а дІагІур ю. ГІой со? — хаьттира стоммачу зудчо. Лиза йист ца хуьлура. — ГІой со? — Юха а чІоггІа хаьттира Децас, ша йийриг забар цахилар а хоуьйтуш.

— ГІо хьо! — Іа а ца велла мохь тухху ш, нохчийн маттахь дІакхайкхира тІаккха Хьасан. Хуьлуш долчун духе ца кхуьуш, схьахьаьжжинчохь йисира ши зуда.

— ГІо хьо! Дера гІо! Кхуьнан сий а, дахар а хІумма а йоцург ма ю, хьуна товар хилчахьана, — тІетуьйхира кІанта доггах.

«Партт» аьлла, хьалаиккхина, Лиза купе чуьра ара едира. Хьасана а, чуьра дІаваха дог хилла, шен портфель схьалехира.

— Собар дел цкъа, къонаха! — мохь бахийтира, цкъа мацца а метта еанчу стоммачу зудчо. — Хьо мила леван гІерта, хІай?! Хьуо туьканан заведующи ву бохуш, йоІ стенна лейора ахь, хІай?! — чуьра елира зуда.

— Со туьканан заведующи вац, со ОБХСС-ан инспектор ву! — Iехийра Хьасана зуда, юха а кхуьнга гIовгIа ях ца яйта.


Тешна-м хир яцара стомма зуда, делахь а, кхин «бур-бур» аьлла йист ца хилира. Хьасан кхечу вагон чу вахара.

* * *

Шен хенахь поезд Грозный станци кхечира. Ша хийцинчу вагон чуьра охьа а воьссина, дехьо, цхьана киоскана уллохь сецира Хьасан. Цуьнан бIаьргаша лехира ша хьалха чохь веана купейни вагон. Дукха ца Iаш цу чуьра охьа а иккхина, сихъелла трамвай соцучу хьаьдира Лиза. Цуьнан карахь цхьа жимо тIоьрмиг бен бацара. Ша дерриг тIоьрмагаш а, сетканаш а ги а йоьхкина, охьайоьссина стомма зуда дукха хьийзира дIа-са, шен накъост лоьхуш, амма жима зуда яцара. Иза троллейбусца дIаяханера. Шен беккхалш цхьана такси чу кхиссира стоммачу зудчо, тIаьххьара а.

...«Ма дукха ду-кх дуьнен чохь хIинца а маьттаза, цIармата хIуманаш», — ойла йира кIанта, доккха са а даькхина.

Мелла хийцаеллехь а, хийцаелира тахана дахарах йолу кхуьнан ойла.



КАТЯ

Август беттан тIаъххьара, декхна, довха денош дара уьш. Кокчетавски областехь, студентийн гIишлошъярхойн отрядехь болх а бина, цIавогIуш, тхешан дешича волчу хьошалгIа хIотта дагахь, поезд чуьра охьа а воьссина, хIинца автобус чохь дIагIертара со иза вехачу Илек щIе йолчу поселке.

КхоалгIа сахьт дара со автобус чу хиъна. Шерачу арен-гахула, тхо цхьа кхо-виъ стаг бен чохь а воцуш, йоьдура автобус. Корах арахьежарх гуш самукъадала хIума дацара, ша наггахь дIасауьдучу, я юлаелча санна лаьттачу сусликашка ца хьежахь. Дехьо хиъна йогIура казахин цхьа йоI. Цуьнан дуткъачу, куьцехь дегIа тIе юьйхина кIайн коч, кIайн, буткъа буьхьиг болу туфлеш, каралаъцна кIайн тIоьрмаг, юьхь тIехь богу цIен бос, дерриге а хIума цхьа ша тайпа товш, самукъане хетара. Схьагарехь, йоI ша а хила герга дара самукъане стаг.

— ДIакхача дохкий вай? — хаьттира ас йоIе.

— КIорда-м ца дина хьуна? — ела а къежна, дуьхьал хаьттира йоIа.

Суна ма хеттара, хила а хиллера иза самукъане стаг.

— КIордийна, гIехь. КхоалгIа де ма ду со новкъахь волу.

— Шек а ма вала хьо. ХIинца цхьана эха сохьтехь некъ бичахьана, дIакхочур ду вай.

Оьрсийн мотт шерра буьйцура йоIа. ГIалара цIайогIуш студентка хир ю хIара, сацийра ас.

Ткъех цIа бен доцуш, жима поселок хиллера Илек. Со чу ваха веза хIусам а гайтира суна Катяс. (Иштта хиллера оцу самукъанечу йоьIан цIе). Ша дIайоьдуш, юха а йирзина:

— Тховса клубехь хаза кино ю хьуна, — элира цо.

— Дика ду. Хьо хир юй цигахь?

— Дер хир ю! — ела а елла, дIаяхара иза.

Дукха чIогIа хазахетта тIеийцира со гергарчу наха. Суна гобинчуьра дIа ца бовлура сан баккхий а, кегий а хIусамдай. Цецбевлла хьийзара, со батта тIера воьссича санна. «Ванах, хIакхара иштта, ваа санна хьийзавахь, йиш а хир юй-техь сарахь клубе ваха?..»

Меллаша тIееара суьйре. ДIавижале, жимма волавала воллу, аьлла бахьана а хIоттийна, меллаша клубехьа волавелира со. Со воьду меттиг хиъча-м тIаьхьахIуьттур долуш дара дешичан шийтта берах цхьа ах, муххале а...

Кино дIайолалу хан тIекхаччалц арахъ а лаьттина, неIарехь хиъна Iачу цхьана къеначу казахера билет а эцна, пена улло, тIеххьа охьахиира со.

Кхо-виъ стаг бен вацара зала чохь. Моьттура, нах тIебогIур бу, царна юккъехь Катя а хир ю, амма кху чу кхин аддам а ца веара. Кино юккъе яллалц терго йира ас, аддам а вогIий-техь чу, бохуш, цул тIаьхьа, пенах дIатаьIинчохь, суна наб озийна хиллера. Къеначу казаха муьшка ца йинехь хетарехь, и буьйса а цу чохь яккха мегаш а хиллера ас.

ШоллагIчу дийнахь, сайна йоIа бинчу тешнабехкана дог а этIаш, делкъахенахь, белша тIе гата а тесна, лийча вахара со. ГIамаршна юккъехула схьадагIахь а, чIогIа цIена а, сирла а хи хиллера Илек. Тапп аьлла тийна лаьттара дуьне.

— Хьаьтта хан йолуш, поселкера берриге а механизаторш а, шоферш а, ялта чудерзо бахана, — дийцира соьга селхана къеначу кассира, ас шега нах кIезиг хIунда баьхкина кино, аьлла, хаьттича. Тахана дийнахь а вацара наггахь стаг а гуш, кегий берашший, къанбелла зударий бен. Сан дешича а са ма тесси балха дIаваханера. Дагахь, хIара дерриге а Илек а суна сайна дисна-кх, бохуш, меллаша охьагIертара со хин йистехула, чу вала аьтту болуш гечо лоьхуш.

Жимма лахохь хи чу кхеттачу цхьана хIуманан тата делира. ДIахьаьжча — сирлачу хи чохь луьйчуш, говза нека деш йоллура цхьа йоI. Улло ваха товш а ца хетта, лакхохь сецира со.

Бовхачу малхо эсала хьаьстина, меллаша, сих ца луш схьагIерта хи дукха тамехь, дегI тодеш дара. Наггахь, сонтачу ойлано вадавой йоIа некадечу агIонгахьа хьора со... Цхьана хенахь иза а лийчина яьлла, цIа яха дагахь со волчу агIор схьайолаелира. И дуткъа дегI, нийса настарш, дай болар, охьахецна месаш гича со шеквелира, ткъа улло нисъелча-м, ма ярра евзира. Иза Катя яра.

— Кавказехьчул тоьлий? — схьакхайкхира иза генна-ра, шен бІаьргех дохку Іаьржа куьзганаш дІа а дохуш.

— Кавказехь зудабераша тешнабехк ца бо, — резавоц-цуш элира ас. — Хьо кино хІунда ца еара, соьга вола а аьлла?

— Со-м еара, хьо вижина вара-кх.

Сан дуьхьал ала хІумма а ца хилира. Ойла йира: ма хир а вара со, кино еана, тІехІоьттина йоІ а йолуш, «хуур-хурр» деш, вижина Іуьллуш...

— Иза а ду-кх бакъ. Поездой, автобусой дІасавттина чІогІа кІадвеллера со. Тховса йогІий хьо?

— Дер, йогІу!

— Хьалххе йоьллахь!

— Массарел а хьалха-м йогІур ю, — елакъежира йоІ.

Иза дІаяхара. Ас юха а сихха суьйре тІеярга сатесна...

Кино юккъе яллалц Іийра со Катя яре хьоьжуш. Цул тІаьхьа, чекхъяла йоллац арахь а лаьттира. Амма йоІ яца-ра. ОьгІаз а вахана, со цІа вахара. ШоллагІчу дийнахь хи тІе лийча а ца еара йоІ. Сарахьо гира суна иза почтан яьшки чу кехат таса йоьдуш.

— Сийсара хІунда ца еара хьо?

— Со-м еара.

— Маца?

— Айса ма аллара. Массарел а хьалха.

— ТІаккха, дІаяхара хьо?

— Яхара, кино чекхяьлча-м.

— Ой! Хьо я-м ма яцара!

— Дикка хьаьжнехь, гур яра хьуна. Суна хьо-м гора. Ахь шозза меттиг а хийцира, тІаьххьара а ара ваьлла, хьо дІавахара...

Со цецваьккхинера цу къамело. Урам юккъе а хІоьттина, деха дуьйцуш латта товш дацара.

— Ткъа тховса йогІур юй хьо?

— Дер йогІур ю!

— Маца?

— Массарел а хьалха.

— Суна гур юй хьо?

— Суна хьо-м гур ву, нагахь хьо вагІахь...

Тхойшиъ дIасакъаьстира. Цу сарахь со кино чекхъяллалц Iийра. Сан ворта дIасахьизийна кIадъеллера. Чохь хиъна Iачу веа-пхеа стагана хIоранна а маршка вахара со. Уьш сийсарлерраниш бара. Царна юккъехь Катя яцара. Со юха а кхоччуш оьгIаз вахара.

Ас хьошалгIахь даккха дагалаьцна кхо де-буьйса чекхделира. Цу сарахь со леррина Катя ган дагахь сецнера. Ас цхьа жима йоI яхийтира и йолчу, кара яздина кехат а делла: «Катя, ахь со левеш лелош ву. Иза товш дац, со гIевеана хьаша хилча муххале а. Доьху тховса мукъане клубе яр».

Яханарг юхаеара. Ас яздинчунна бухахь яздина дара: «Хьо сийсара со йоцчунна массеран а маршка вахара. Иза суна чIогIа новкъа а деара. Со йогIур-м ю, вуьшта, ахь со тергал ца еш, суна хала-м хета...».


Со кхоччуш цецваьккхира цу балхо. ЙоьалгIачу суьйранна со кинохь ву, я шайтIанан болехь ву ца хууш дIасакъерзара со. Амма Катя яцара. Цхьана юккъехь, бакъдерг аьлча, со жимма кхера а велира: ешап-м дац техь иза, аьлла. Суна хIуьттаренна санна, кино а яра «ВИЙ» цIе йолу Гоголя язйина, белларш денбелла гойту кино...

ШоллагIа сахьт дара со чохь волу автобус шерачу аренгахула хаккаелла йогIу. ГIийла бIаьрг беттара ас август батто къанйинчу бецийн конжанашка, Iаьнна кечам беш хьаьвдда хьийзачу сусликашка. Юх-юха а ойла йора цу тамашийначу казахин йоIа лелийначух. «Иза-м кхета а кхийтира сох, ца тору хIума санна», — ойла йора ас. — «Эхь дац иза, нахана дIахаахь муххале а!» Ткъа нахе иштташ дийцаза суо Iалуш цахилар-м суна хууш ма дуй-ца.

Цхьана хенахь, юхахьаьжча со гуттар а цецваьлла висира: тIехьарчу гIанта тIехь хиъна йогIура... Катя. Суна дуьххьара гуш ма хиллара, дерриг кIайн духар а дуьйхина, къежа а къежаш... Шех сан бIаьрг кхеттий хиъна, соьга схьакховдийра цо цхьа хьерчийна, жима кехат. Гарехь, цо иза со шена ма гиннехь яздина, схьадала кечдина латтийнера. Ас кехат сихха дийшира.

«Бехк ма биллалахь, Кавказера хьаша, суна хьо кхетар ву моьттура, студент а хилча. Суна хьо хIора сарахь а гора, нагахь чIоггIа лууш хиллехь, хьуна со а карор яра. Iо дика йойла. Некъ дика хуьлда. Киномеханик — Катя».

ХIетахь дуьйна, суо мичча кинотеатр чу ваьлча а, цкъа хьалха кинобудкин Iуьргех чу бIаьрг тоха гIоьрта со, цу чохь сайна Катя гур йолуш санна...



ЖЕНЕ КЕХАТ

Ивановски пединститут чекхяьккхина яьлча Нина Сергеевна Нохч-ГIалгIайчу балха хьажийра. Нанна вас хиллера: ца лаьара тIам тIехь майра а вийна, ша хала кхиийна йоI, шена бевзаш боцчу махкахула дIаяхийта. Луларчу зударша гуттар а цецъяьккхинера йоьIан нана: «Ой, цигахула дIа муха йохуьйту жима йоI? Хьанна хаьа, уьш хIун, муха нах бу? Уьш-х шишша-кхоккха зуда а йолуш, цхьа буьрса, оьгIазе нах бу боху».

Нина ян а яра жима, бер санна. ТIехьаьжна эр а дацара цо институт чекъяьккхина. КIайн, дуткъачу лога уллохула охьахецна хьаьрса месаш, дуткъий пхьаърсаш, озачу юьхь тIера эсала схьахуьйсу баккхий, сийна бIаьргаш, ийна амал. Хетара, цуьнан цхьана а тайпа хало лан де а хир дац, халчу ламанан юьртахь иза ларор а яц. Кхета мегар дара ненан сингаттамах а.

— Со ректорна тIе гIур ю. Цо соьга ладогIа декхар ду. Со тIеман ветеран ю, дуккха а совгIаташ а, чевнаш а йолуш, — тохаеллера нана. Амма йоIа иза аьттехьа а ца дитира.

— Со суо хьажжийначу гIур ю, мама. Сайга гIуо алахь, Сибрех а, Генарчу Малхбале а, миччахьа а гIур ю. Ахь айхьа ца Iамийна со иштта хила? Цул сов, комсомолка а яц со? Ца оьшу, мама, хIумма а дийца а. Ахь суна чIогIа халахоьтуьйтур ду, нагахъ хьо цига йодахь. Ца лаьа суна сайн дахар цхьаьнга корта бетташ, дехарш деш дIадоло.

Ненан бIаьргех хиш девлира. Къевллина марайоьллира цо йоI.

— Ца оьшу, ма елха. ХIумма а доцург ма ду иза. Массанхьа а ду дика адамаш. Хьайна и ницкъ хIунда бо ахь, Iовдалчу зударшка ла а дийгIина? Со йолча хьошалгIа йола хьо, цулла а, со дIанисъелла яьлча. Кхин суна хьайн бIаьргех хин тIадам болуш ма гайталахь! — елакъежира йоI.

Ган а ца гайтира нанас кхин ша йоьлхуш, Нина чу хиъна поезд геннахь къайлаяьлчий бен.

...Делккъахенахь ламанан новкъахула шен рогIехь хьалагIертара Грозный гIалара йогIу автобус. Дерриге а тамашийна хетара йист йоцчу аренашкахь кхиъначу оьрсийн йоIана: гIовгIаеш хаккаделла догIу ламанан хи, лекха лаьмнаш, адамаша мохь бетташ, ден къамелаш, баккхийчу нехан коьртара лекха куйнаш. Уьш чIогIа самукъане, забаре нах хийтира Нинина.

— ЙоI, хьо стенга йоьду? — хаьттира кхунна уллохь хиъна Iачу цхьана зудчо оьрсийн маттахь. Нинас цIе яькхира ша балха хьажийначу юьртан.

— Со а ю-кх циггара. Керла хьехархо-м яц хьо?

— Ю. Хьуна муха хиира? — цхьа товш къежира йоI.

— ТIехьаьжна хиир-кх. Тхо долчохь оьрсийн ши-кхо доьзал бен ма бац. Уьш болчу оьху церан гергарнаш а тхуна дика бевза. Ткъа хьо суна дуьххьара гуш ю. Цул совнаха, тахана пхийттагIа август а ма ду вайна...

Нина елаелира, шен лулахочо дина хьесап хазахетта.

— ХIун ю хьан цIе? — хаьттира зудчо.

— Нина ю. Ткъа хьан?

— Сан цIе ПетIаматюкх. ДоттагIаш хир ю вайша, хьо соьл жима елахь а. Со а ма ю колхозан берийн бешахь воспитателан болх беш. Хьуна лаахь цхьана а Iийр ю-кх вайшиъ. Со йолчахь шортта яьсса чоьнаш а ю.

Нинина чIогIа хазахийтира кхузахь, схьакхаьчна а ялале, шен доттагIалла тасаделла.

— Хуур ду-кх, цкъа школе дIакхаьчча, директора хIун олу а ма ца хаьа.

— Иза-м ас сайна тIелоцу хьуна. Шек а ма яла хьо. Вайшиъ Iаламат дика Iийр ю, хьуна!

ПетIаматна хаалора, йоI мел ийзалуш, аьрха хеташ йогIу шена цадевзачу адамашна юккъе. Цундела, цо Нинига дийриг жимчу йоIана чIогIа товш, гIиллакхе къамел дара.

Шен и керла гергарло тасадаларх йоккха а еш, йоIа лорре бIаьрг беттара корах ара. Колхозан аренашкара леккха хьала ихна хьаьжкIийн майданаш, сеналло юкъийна дежийлаш, дерриге а Iалам токхечу беркатах дукъделла хеталора. Цецъяьллера йоI бердашна йистте тийсаелла лаьттачу бIаьвнех, шена дуьххьара гучу, Iам

чохь Іохкучу гомашех. Вуьшта, юьртана йисттехь йинчу хин айми чу детталуш, гІовгІанаш еш, ловзуш лела бераш-м массанхьа а дерш дара.

Тидам хилира йоьІан, воккханиг автобус чу ваьлча, жиманиг хьала а гІоттий, цунна меттиг луш, жимчо воккхачуьнга билетана ахча ца долуьйтуш. И дерриге а чІогІа товра йоІана.

Автобус эвлана чу юлуш лаьттара. Цхьана хенахь, автобус чохь мел верг — жиманиг а, воккханиг а, барт бича санна, цхьатерра шаьш хевшина Іачуьра хьалаайвелира. Берриш хьалаайбелча, йоха а йоьхна, Нина а хьалаайелира. Нах юха охьахевшича, йоІа хаьттира шена уллорчу ПетІамате:

— Фатима, вай эццигехь хьала хІунда гІевттира?

— Кешнаш ду цигахь. Бакъахьа ца лору тхан беллачарна тІехволуш хьала ца айвелча.

...Ши-кхо де а делира Нина Сергеевна шен кхаа шарахь болх бан дезачу эвла кхаьчна. Тховса хІара сихъелла шен нене кехат яздан хиънера:

«Сан хьоме мамочка, — яздора йоІа, — со Іаламат дика схьакхечи. ЧІогІа дика тІе а ийци со школан директора а, хьехархойн коллективо а. Биолог чІогІа оьшуш хиллера кхузахь, цундела хаза а хийти массарна а со еана. Со йоккхае кхуза кхаьчна. Гуттара а сайна хІара мохк бевзина хилча санна хета».

КхидІа а дехха яздира Нина Сергеевнас шена гинарг, хиънарг, тамашийна хетарг. Яздира шен керлачу доттагІчух, Фатимех лаьцна, ша иза йолчахь Іаш хилар а дуьйцуш.

Кехат чекхдолуш йоІа яздира: «Мамочка, ма бакъ ца хиллера хьоьга зударша дийцинарш а, хьо кхийринарш а. Кхузара адамаш чІогІа гІиллакхе, самукъане, оьзда ду. ТІевеана хьаша чІогІа лорий лелаво кхара. Шаьш вовшийн лору, кегийчара воккхачо аьлларг до. Дийна болчера-м хІунда дуьйцура, беллачу нехан а чІогІа сий до кхара, хьала а гІовттий бен кешнашна тІех а ца бовлу. Хьо паргІат


хила мегар ду хьуна, со кхузахь мел ю. Кестта дерриге а хьайн бІаьргашна гур ду хьуна, со йолча хьашалгІа еъча.

Іо дика йойла.

Къевллана мара а йоьллина, обанаш боху хьуна хьан Нинас».

Кехат конверта чу а диллина, тІе адрес а яздина, стоьл тІе охьа диллира къоначу хьехархочо, кхана дІатаса дагахь.

Дукха хан ялале цунна паргІат, мерза наб кхийтира.





КИЦАНАШ, ХЬЕХАМАШ

ХЬЕХАМАШ

Доттагlчунна гечде. мостагlчунна ма къежа. Цаваьлла бен, юха-юха а ойла а ей бен стагах мостагlа ву а ма ала.

Стаг массо заманна а шен доттагlаш юькъехь ремонт еш хила веза. ширвелларг карлавоккхуш. бехвелларг цlанвеш.

(Сэмюэль Джонсона аьллачух тардина)

Наха дика ву бахахь, стаг дика ву. Цуьнца гергарло, доттагlалла лело гlорта.

Доттагlалла нахана дош хеташ болчу нахаца леладе. Юхьаьржа хир вац.





Ала вониг а долуш, диканиг ца олу наха. Нахера баркаллега сатуьйсуш, ма ваца. Делера ял хилчахьанна тоийтуш, ваца. Хьайна хьуо дош хетайтуш, ваца.



Хьекъал долчу стагах ма кхера, иза мостагIа велахь а. Хьекъал долчехь къизалла хир яц. Къизалла йолчехь хьекъал дац. Къизалла йолу стаг-акхаро.



Къомана пайда бан тIертачо цкъа шен цIентIехь хIу пайда бина хьовса. ЛартIехь волу стаг цкъа шен доьзал дIа а нисбина бен къам нисда хIуттур вац. Иштта чах авантюрист олу. Авантюристех къомана пайдабаьлла меттиг яц исторехь.

Къомана тIе а хеъна, шен гайна пайда бан тIертарг массарел а оьшу.



Дикачу кIанта ша дахьош дерг шен ден дахар дуй а хууш, шен а, шен ден а сий лардо.

Массарна а веллалой ма хила. Атта хетарву хьо.



Цхьаннех а цец ма вийла. Дохко вер ву хьо.

Диканехь а, вонехь а собаре хила. Дуьнен чохь нахана ганза а, наха ланза а хIумма а дац. Хьоьх цецвала кечвелла цхьа а вац. ХIора а хьаша ву. ХIора а бIаллагIа ю. ХIорангахь дерг а гIан ду.

Дуьненчохь Дала уггаре а стагана делла деза совгIат — нах беза дог. Цу деган мах бац. Цу даго стагах ирсан да во. Амма и дог къонахче бен ларлуш дац. Iаламат дукха халонех, харцонех, ямортлонех, тешнабехкех чекхдаккха деза цо иза шел ца далайтуш, дар ца далайтуш, къахь ца далайтуш.

Вала а волуш, къийса мало. Хьекъал дерг ах дош оллушехьа кхетар ву. Iовдалниг цкъан а кхетар вац. Цуьнга дийцича а эрна ду.

Нахаца уьш кхеташ болу, атта мот бийца. Хьо хьекъалан да велахь а, ахь дуьйцучах цакхетарг хьан мостагIа ву.





Дуккха а нахехь Делера къайленаш ю. Амма Дала царна кхетам белла гІара ца бийла. Цундела цхьа а стаг а атта ма хета. ХІора стаг а — дийнна цхьа дуьне. Стеган меха хІумма а дац.



Цкъан а, цхьаннахьа а хьуо ма вийца, хьайга хоьттуш дацахь, я цамгаро хьовзайна вацахь.



МостагІчунна хьеста ма луо. МостагІчух доттагІа ван а ма гІерта. МостагІчунна хьайн къонахалла, оьздалла гайта. ГІаккха мостагІчунна эхь хетар ду, иза ша хьуна тІегІертар ву.

МостагІа лаьттанчу стагана хьайн дог дІа ма делла. Хилларш, лелларш дицлуш дац.



Бедарца, хотІаца нахаха къеста ма гІерта. Беццара халат юхарх Далла улло ца кхочу. Беццара-м пхьид а хуьлу. Можаца хьекъал хилча газа хьекъалан да хир яра.

Мекхашца майралла хилча цицигал майра хIума хир яцара. Шайха къеста гIертар нахана дош ца хета.


Суьрташ ма леладе, гIуллакх де!

Баьрче хаа ма гIерта, наха юхавоккхур ву хьо. ЮхагIерташ хила, наха хьалхатоттур ву хьо.

(Талмуд)

Нехан гIалаташ гучудахахь — мостагIий бу хьуна. Нехан гIолехь йолу агIонаш лехахь — доттагIий бу хьуна.

"Со бакъдерг дIа ца аьлчи Iалуш вац, ас бакъдерг юьхьадуьхьал дIа олу" — бохуш лелаш волу стаг воккха Iовдал ву. ХIунда аьлча, бакъдерг а, харцдерг а масийтта агIонаш йолуш хуьлу. Цундела олуш ду: "Ккел ян ма гIерта, хьуо ккеле озо ца лаахь."






Массарна а дика хила ма гIерта. Ницкъ кхочур бац хьан, гIора хеназа хедар ду.



Далун доцуче са ма тийса. Далун дерриг схьалаца. Схьалаьцнарг кхоччуш дика де.



¤ ¤ ¤

Виран амал йолчу стагаца ма къийсалахь. Виро хьовла а ца диъна. я моз а ца диъна. Цундела цунна боIал мерза хIумма а ца хета.

¤ ¤ ¤

Айхьа нахана гIо динехь, я дика болх бинехь, иза кхайкха ма делахь. Ахь айхьа кхайкхийча, иза дайна ду. Наха шаьш и дийцар хьуна сийлахь ду.

(Берсанов Хож-Ахьмадан хьехамаш)


Хlара дуьне хьуо воцуучуьнга а хийла ойланаш яйтина дуй хаа. Дуьненан хlуманашна кlорге кхийдаш ойланаш ма е. Дуьненан хlума хlорд санна ду, берриге а малалур бац, аьлла ду. Чамай а эцай, улло а гlой, хьайна тоъал схьа а эцай, юьстаха вала.

Пайда боцучу майраллех, я нахана зуламе йирзанчу майраллех, сонтала олу.



Зама керчаш ю. Цкъа велаво, цкъа велхаво. Хіуъа хилла латтахь а хьайх нахана бала ма хилайта. Хьуна хилла бала дІабоьрзур бу. Ахь нахана бина бала хьуна а. тІаьхьарчу тІаьхьенна а кочахь буьссур бу.

Іовдалчуьнца къийссалуш верг — Іовдалчул а Іовдал.







Кхечунах дозуш долу гIуллакх майра ма дийца. Кхечунах дозу гIуллакх — кичча юьхьIаьржо.



Машар безахь — лаьттIа. Дов дезахь — бага етта.



Лехча ца карабахь айхьа билла некъ

(Латинийн хьехам)



БIаьрзечуьнца зезагех ма дийца.

(Латинийн хьехам)



Хьо аьттонах ца тешахь — хьуна дахар ца девза.

(Конрад)





Бакъдериг я деррига а дийца. я хIумма а ма дийца.

(Латинийн афоризм)



ЦаIоттабеллачу сингаттамех кхоьруш са ма даа. Боккъала а сингаттам Iоттабелча тоха са тоьар даац хьан.



Хьайла томехь хетарг яа. Нахана томехь хетарг тIеюха.

(Франклин)



Доттаглашна а верриге дIа ма веллало. Дахар деха ду. Доттаглех мостагIий хуьлуш меттигаш алсам нисло. Хьан гIийла агIонаш бале йохур ю хьуна цара.




Хьоьх нах кхийринехь, нахах кхера дезар ду хьан.

(Публиций Сир)

Іу воцу бажа наха лаьхкина бигна.

(Нохчийн кица)



Зийначух теша.

(Вергилий)

Хьуо везачух теша.


(Латиннийн хьехам)

¤ ¤ ¤

Аьлларг дети делахь а, ца аьлларг деши ду.

¤ ¤ ¤

Вир хьалхаямалц ца хоьхку говр.



¤ ¤ ¤

Арарчу соьмал цIера этпаза тоьлу.

¤ ¤ ¤

Дийцинчух дети хиллехь а, цадийцинчух деши хилла.

¤ ¤ ¤

Дийнахь тIерабаьнболчу бехко шарахь некъ байтина.

¤ ¤ ¤

Хьарамчу хьолал хьанал къелла тоьлу.

¤ ¤ ¤

Диканах Iеха а ма ло, вонна велха а ма велха.

¤ ¤ ¤

Хала дара алий бIо а ма къажабе, атта дара алий тасий а ма дита.

¤ ¤ ¤

Цхьа сом зен леринарг бIе соьмах ваьлла.


¤ ¤ ¤

Мискачух ма кхарда, тоьллачух ма кхера.

¤ ¤ ¤


Варда йоьхча — дечиг, сту белча — жижиг.

(Нохчийн кицанаш)



Мецачуьнца ма къийссало.

(Латинин хьехам)





Iовдал стаг хеста ма ве. Цунна бакъхетар ду ахь дуьйцург.



Ницкъала динчо цкъан а пайда ца бохьу.

(Лютер)



Вонаш хи тIехь язде. Диканаш — тIулга тIехь. Халонах ма вожа. Диканах ма Iехало.

(Т. Жирмунская)



Цахуучун да хир вац стагах.

(Гёте)



Шен доцчу вирана тIера хотталахь вуссу.

(Нохчийн кица)





Стаг вовза лаахь, цуьнах хьалкам ве.

(Европейцин кица)



Сий а, хьал а ул-уллохь ца деха.

(Европейцин кица)



Къоьла дика яц. Даьсса гали ира ца хIутту.

(Франклин)



Статехь хIу доллу хаале стаг бехва ма сихло.



Дийца, мила ву хьан даттатIа. Суна хьо мила ву а хуур ду.

(Европейцин кица)



Хинволчун ойла еш хиллачун бен хинберг ирсе хуьлуш дац.

(Толсуорси)



Ларло собаречу стеган моханах.

(Драйден)

Астагlчунца гlожамаш ма къийса. Хьалдолчуьнца бахам а ма къийса.



¤ ¤ ¤

Iам лаьттинчу меттехь уьшал ца эшна.

¤ ¤ ¤

Цкъа лата везара бохуш, гуттара оьгlазе ма хила.

¤ ¤ ¤

Стаге ма хьажа, цуьнан уьйрашка хьажа.

¤ ¤ ¤

Шайна хет-хетарш хуьлуш ца белла паччахьаш а.

¤ ¤ ¤

Аьтто болчохь лата, аьтто боцчохь вада.

¤ ¤ ¤

Ша а, наха а пайда ца оьцург шайтIанан даьхний ду.

¤ ¤ ¤

Ткъе итт шарахь ца хилла хIусам цкъа а хир яц.

¤ ¤ ¤

Барзах кхийринчу Iуьнан жа ца доладелла.



¤ ¤ ¤

Дехьа ца къевсича, сехьа яккхаелла яц.

¤ ¤ ¤


Тоьлла ваха ницкъ бацахь, тайна ваха хаа деза.

¤ ¤ ¤

Нахана кIел кор туйсург ност йойна висна.

¤ ¤ ¤

ЦIийнах илла бежана берзан бага дахна.



¤ ¤ ¤

Хьанал болх ца бинарг шен ирсах кхиъна вац.

¤ ¤ ¤

Майралла къийсарх. вехаш хилла вац.

¤ ¤ ¤

Туьха диинчо ша мер ду хи а.

¤ ¤ ¤

Хьуна долчу эхьан декъахь вацахь. ваша ву ма ала.

¤ ¤ ¤

Диканах ца Iаьънарг воно лаьцна.

(Нохчийн кицанаш)

¤ ¤ ¤

Хьайна хьекъал долуш хила лаахь. хоттуш дерг говза хатта. дуьйцучуьнга дика лаДогIа. хаьттинчунна сих а ца луш

ойла а яй жоп ло. Хьайн кхин тIетоха хIума дацахь, вист а ца хуьлуш Iадда Iе, къамел хадийта.

¤ ¤ ¤

Хьайн ала дерг нисса дIаала, совдерш а ца дуьйцуш. Къамелаца чалхаш текхо оьшуш дац. Чалхаш дистинчу хе текхош тов.

¤ ¤ ¤

Вист ца хуьлуш IадIеро боккха толам боккху. Хьан къайле а хьоьгахь юьсу, хьан дагахь дерг а хьоьгахь дуьсу.

¤ ¤ ¤

Нахана хьан дагара а хууш хьо вист ца хуьлуш IадIеро ахьа вистхуьлуш аьллачул дазде собарца сацийнарг.

¤ ¤ ¤

Вист ца хилар доккха жоп ду хьуна дуьхьал яккханчу харцонна, гамонна, хIуьттаренна, хьаьгIашна.

¤ ¤ ¤

КIорггерчу цабезамца, ца вашарца дуьхьал жоп ца даларал, цунна эшам беш жоп хир дац цхьа а.

¤ ¤ ¤

Вист ца хуьлуш Іаьіеро хьекъална. хаарна тоьшалла ца дахь а. Іовдал воцийла хоуьйту.

¤ ¤ ¤

Стагах шена ца тайна дерг цуьнга шега дийца деза. иза гІалатонех ларор дуьхьа. Цунах ца тайнарг ахьа нахе дийцича цунна вас хир ю. Стагана вас ца ян шен цІенна цІе таса мегар ду.

¤ ¤ ¤

Хьуо майра хила лууш велахь, нахана зулам ма делахь, харцо ма елахь, тешнабехк ма белахь.

¤ ¤ ¤

Іовдалчу стагаца дов ма даккхалахь, сан дотагІ, я иза санна Іовдал хила дезар ду хьан. я къурд аьлла юхавала дезар ду.

¤ ¤ ¤

Могашалла ларъелахь, могашаллин хама белахь. Могашалла боккха бахам бу. Гатта ца луш меттахь висначу лазархочунна гІевланга дашо гІайба билларх гІоле хир яц.

¤ ¤ ¤

Дуккханций а къийса хала ду. Дуккхачу зингаташа цIоькъалом эшийна. Дуккханций а ма къийсалахь.

¤ ¤ ¤

IовдалчУ стагана хьехамаш ма белахь. IовдалчУ стагана хьехамаш бен стаг ша Iовдал хиларан билгало ю.

¤ ¤ ¤

ДIадаьлларг дицделахь, сатийсарх иза юха хир дац. Керахь долчуьнан хама белахь, кхана хин дерг хууш дац.

¤ ¤ ¤

Дукха луьйш хьуо нахана кIорда ма вайталахь. Хаза дийцарх дукха луьйш кIордадо.

¤ ¤ ¤

Нехан хьакъ ма даалахь, сан доттагI. Нехан хьакъ дууш хьо вацахь, екхачу кхачанан чам мерза хир бу.

¤ ¤ ¤

Нах болчу кхаьчча дукха ма лелахь. Еса туьта а чIогIа ека, еса ворда а чIогIа ека, беса корта а дукха лоь.

¤ ¤ ¤

Юххера шовда а шийла ца хета, лулара йол а хаза ца хета, тидам ца бича. Лулахь хаза йол йоллушехь кхечу эвлара дало нускал ма лехалахь.

¤ ¤ ¤

Дуьне, вахар дезий хьуна? Хан, зама эрна дIа ма яхийта. Зама иза урд ду. Ахьа кхиабахь стом кхуьур бу. Деса дитахь къухо хьулдийр ду.

¤ ¤ ¤

Деши, дети механа деза ду. Амма адаман вахарал деза дац цхьа а хIума.

¤ ¤ ¤

Хьекъал долуш, корматалла йолуш волчу стеган эрна хан яйарал доккха зен дац.


¤ ¤ ¤

Хан — иза хьекъалечу, кхетамечу белхан хазна ю.

Вахаран Iалашо хила еза шеран а, беттан а, дийнан а, сохьтан а хьесап долуш. Цхьа а сахьт, цхьа а минот эрна дIа

яхийта дехкар дац кхетам болуш волчу стага пайдехь долу цхьа гIуллакх ца деш.

(Берсанов Хожа-Ахьмадан хьехамаш)



Нахера евллачу лердарлонашна гечдо. Хьайгара йиллачарна геч ма де.

(Авзоний)





Рицкъел атта гуллуш хIума яц. Могашаллел хала юхайоьрзуш хIума а яц.



МостагIчунна хьуо осал ма гайталахь. МостагIчух доттагIа хир ву хьан мацца хилла а.

ДоттагIчунна хьуо осал ма гайталахь. ДоттагIчух мостагIа хир ву хьан мацца хилла а.

Хьан даге хьаьжжина гуллур бу хьуна улло накъостий. Хьайн дог хьулур дац хьоьга нахах, иза цIена делахь а, боьха делахь а. Стагах стаг веш дерг а, иза дакъаза воккхуш дерг а цуьнан шен дог ду.



Воккхачо дуьйцург схьалацале иза муха ваьхна а, цо шен доьзал муха кхиайна а хьажа. Иштта дикаболх бийр бу цо шуна а.





Хьо нахана вон болх бина вацахь хаалахь: хьо аьттано лоьхуш ву хьуна.



Хьуо массарна а дукхавезар ву ма мотта. Массарна а везна цхьа а вац, цхьа а устаз а, шайх а, эвлаяъ а.

Дала бохург цадеш болчу наха айхьа бохург дийр ду ма мотта. Адамийн амалш цхьаннта а ца хийцаелла.


Дестанчу хие тIейоху нехаш санна, зама керчачу хенахь тIеюьйлу бухара тодакхаш.



Хьайна дакъазавала лаахь хьайна хетарг бен дош дац, алай, нехан пархIато хедае.



Хьуо веза лаахь — нах беза.





Хьуо бакъвелахь бехказа ма вийла, тIелата!



Хьуо а ваха, нах а баха бита.

(Европейцин хьехам)




Баьла мискачунна дIадекъа ахча — баьлей цхьаъ мисканиг хир ву.

(Европейцин кица)



Нахах теша. Паккха уьш хьоьх а тешар бу.

(Эмерсон)



¤ ¤ ¤

Ларде стеган сий, галвалар, тIалатвалар. Гечде цунна цкъа а, шозза а, ккхузза а. Нисве иза вахаран новкъа. Адамашца

вон ма хила, вас ма е царна. Ма е харцо, гІело, хІуьттаре. Стеган сагатдеш, са ма даа.

¤ ¤ ¤

Нахана гІиллакх, оьздангалла хьоьхуш волу стаг ша гІиллакх долуш а, оьзда а хила веза.

¤ ¤ ¤

Нахана хьо мухха а хетчи а бен а башха а дац. Хьо хьуо верг хилар ду коьрта.

¤ ¤ ¤

Айхьа стагана деш долу гІуллакх веза а ца веш, текъамаш а ца беш, дегаза а воцуш делахь. Ахьа дегаза а волуш хала дина гІуллакх баркалла доцуш довра ду хьан.

¤ ¤ ¤

Айхьа дийр ду аьлла тІелаьцна гІуллакх стаг тІаьхьа ца вазош делахь, тешам хир бу хьох.

¤ ¤ ¤

Хьайн чохь нахана комаьрша хиларх, нехан комаьршаллех пайдаэца ма гІорталахь.

Стагах, мухха иза велахь а, ма кхардалахь. Кхардам шех бахарна кхерам бу. Бlаьргаш берг бlагlарчух воьлу. Бlагlарниг астагlчух воьлу.

¤ ¤ ¤

Хьайн бала боцчу метте ма кхийдалахь, хьайн гlуллакх доцчу метте ма хьежалахь хьайн рагl йоццург ма дийцалахь, юьхькlай хир ву хьо.

¤ ¤ ¤

Хьайн ден сий ларделахь, сий долуш хир ву хьо. Хьайн ден сий деш хьо вацахь, хьан хьайн а сий дац, хаалахь.

¤ ¤ ¤

Кхайкханчу метте ца воьдуш ма lе. Дикане кхайкханехь диканан дакъа лаца, зуламе кхайкханехь зулам ма хилийта, вон деъна кхайкханехь вонан дакъа лаца.

¤ ¤ ¤

Адамашца тарлуш хилалахь, лорур ву хьо, дика болх лууш хилалахь, везар ву хьо.

¤ ¤ ¤

Хир ду бохучу диканах теший ма Iелахь. Хьуна даор ду бохачу кIалд-даьттанал ахь буу болу тIайн-берам гIолехь хир бу хьуна.

Нехан дикане са ма тийсалахь. Нехан дикане са ца туьйсуш. хьайн долуш долчунна далла хастам белахь.

¤ ¤ ¤

Нагахь хьайна наха новкъарло йо аьлла хетахь, дуьненчохь ваха оьшуш а дац. Наха хьайна новкъарло йо аьлла хеташ хьо нахах дIахаддахь иза валарал а оьшуш ду.

¤ ¤ ¤

Хьайн дикане сатесна воццунна дика дан ма гIерталахь, баркалла хир дац хьуна.

(Берсанов Хожа-Ахьмадан хьехамаш)

Нахе дуьйцучу вонах ма теша, хьайна галлац. Наха дуьйцучу диканах теша. Бакъ хилахь барриге а кхаъ бу хьуна. Бакъ ца хилахь ах кхаъ бу хьуна.

Дуьненчохь уггаре а сонта хIуманаш оьгIаз ваханчохь деш ду. Моха дIаяьлча бен кхел ма йе дан даталацначун а. хиллачун а.

Керт ян ма сихло. ПIай тилла ма хьело.

Хьайна дуьне сирла ган лаахь, даггIера мекха дIаяккха.

Ма гIерта нах бехба, хьуо бехвала ца лаахь. Нах нисбина, ирсе кхаьчна цхьан а вац. Хьайх бала ма хилайта нахана. Хьайн дог дIало къомана. дуьхьала хIумма а ца доьхуш. Иштта бу Далла тIе боьду бакъболу некъ.

ДИН, КХЕТАМ, ФИЛОСОФИ, ГИЛЛА, МАШАР

Кху дуьненах вай кхета йиш ца хилча хаа деза хIара дуьне вайн доцай. Акхароша, бежанаша, дийнаташа бен тоам ца оьцу кху дуьненах. Адаман са кхечу, лакхарчу тIеIанна тIе тIерта, амма иза дIалальцна деIан чалха.

Адаман са Дала дуьненчу цIандалийта доккхуш ду.

Са цIандалар — стаг декъала хилар ду.

Дешаро бен кхетам ца ло. Кхетам ца хилча стагах къонаха ца хуьлу, сонта борз-м хуьлу.

Цадешар, цахаар — КъоIано уттаре а къилехь леранарг ду.





Аьттоно Iехаво.
Бала дIаболу.
Безам ширло.
Гуттаре а стагана юьссуш ерг. цуьнан са хьоьстуш ерг. иза декъала веш ерг — Делаца йолу марзо.



Хийцамаш сихба ма гIерта.

(Мацахлерачу нехан хьехам)



Я бакъверг дийца. я хьаькам а хилай. аьшташ буьттуш лела.

(Жорес)




Iовдалла — инзаре ницкъ!

(Энгельс)

Къам тобанашка декъар – къам дакъаза даккхар. Оьздачу, гІиллакхечу къоман, бусалба къоман амалехь дац тобанашца, партешца декъадалар.

Барам боцуш пагІато еллачу наха Іазап кхуллу.

(Платон)





Адамашна бакъдерг леза. Амма къастам бечахь шайна пайдехь дерг къасадо, бакъо юхкай а.

Уггаре а воккха мунепакъ — ша Делах тешарх байракх а йина, нахана везавеш, шена ца хуу хьехамаш беш леларг.

Бусалба динехь хIора дийнахь соввала гIертар — цIеначу новкъа валаран билгало.

Дика стаг пархIатехь ву, иза лай велахь а. Вон стаг лай ву, иза эла велахь а.

(Августин Блаженный)
(354–430)

Нах безахь, стагана Дела веза.

(Августин Блаженный)





Дерриге а хоЛкъана диканиг дан гIоьртинчо гуттара а гIучIа бо.

Я. Гашек (И. Швейкан дешнаш)



Хьекъале стаг гIаравала гIертар вац.

(Лао Цзы)



Уттаре а стаг дакъаза воккхуш. Делаха воккхуш. нахаха воккхуш долу сакхт – атто езар.



Делаца йолу юкъаметтиг хIоранна а шен-шен къайле ю. Статана хьехам бе. дов ма де Дела бахьана а дей.



Адамаш ца дезачунна Дела везийла дац.





Шен даймаххахь миска хилар тоьла нехан маххахь хьолада хуьлучал.

(А. Вертинский)



Палатойе. цахаарре ши ваша ду.



Ямартлонал а чIогIа герз ду бакъдерг.

(Талейран)



Iаламо уттаре а мехала кхуллуш ерш — адамийн ойланаш.

(Сенека)



Хьайна кхана хьуо бакъвара наха ала лаахь — тахханехь лей дIавала.

(В. Гюго)


Дийна мел ву бакълюйчунна там ца беш, наха шайна нитташ беттайтур бу, четахь зун а лелор ю.

(В. Гюгос бохург нохчийн амале дерзайчи)

Герзо йина чов йоьрзу. Дашо йиннарг цкъан а ца йоьрзу.

(Нохчийн кица)







Лерам — белачийн малх.

(Наполеон)



Бакъдолчух тарйина, хазйина харцо-йолу цамгар ю.



Дерриге а хеа шена бохучунна хlумма а ца хеа.



Ларйоцуш хlумма а ван йиш яц. Къайлагlур ду, бохуш, деш долу зенаш — стага ша шена еш кларлагlа ю.

Къайлаха деш долу диканаш — стага ша шен сина гулъеш хазна ю.



Вала хала даац. Хала ду ваха.

(Нохчийн кица)



Дуьненчохь цецвийла диссина хlумма а даац. Дуьненан балхана шеквийла оьшуш даац.

(Нохчийн хабар)

Вайн дахар — гІан ду. вай духе кхиа ГІертарх вай кхетардоцуш. Коьртанит — Дала доссайнарг нийса а. цІена а лелор. цуьнах. дездай. мохь а ца беш шена а. нахана а.

Тешамо бен ца бохьу тешам.

¤ ¤ ¤

Ах-моллас дин дохийна.



¤ ¤ ¤


Тlаьхьа вон доцуш дика а. тlаьхьа дика доцуш вон а хилла дац.

¤ ¤ ¤

Шаьлта иръечо валар лехна. гота аьхначо сискал лехна.

¤ ¤ ¤

Тlамах шура ца йогlу. цlий догlу.



¤ ¤ ¤

Памо вої ца вина, винарг вийна.

¤ ¤ ¤

Бух боцу шелиг хих дузур дац.

¤ ¤ ¤

Валарах кхоьруш воцург лийр вац.

¤ ¤ ¤

Цхьа де гуттар а ца лаьтта барзехь а.



¤ ¤ ¤

Ши сту вовшех летча, баршо мала іоьттинарг эшна.

¤ ¤ ¤

Сиха дахана хи хlордах ца кхетта.

¤ ¤ ¤

Хьалхе тоделларг тlаьхьа телхар, телхинарг толур.

¤ ¤ ¤

Хьийзаш белахь а, некъ тоьлу.

¤ ¤ ¤

Дlадаханчу хиэ хьер ца хьовзийна.

¤ ¤ ¤

Хьайна тlом ца безахь, хьайн гуо чlагlбе.


¤ ¤ ¤

Машар безнарг пагlат ваьхна, дов дезнарг хlаллакхилла.

¤ ¤ ¤

Заманна дуьхьал ваьлларг замано ваьхьна.

(Нохчийн кицанаш)





Дуьне мацца а цкъа дуьсур долуш ду. Ойла ел. дуьненчохь хIун дитна воьду хьо.



Хало тIехIоьттича забаре. доцIена стаг — Далла дукхавезна хиларан билгало ю.



Валарах ма кхера. Валар — закон ду. таIзар дац.

(Сенека)



Дуьненчохь белла эвлаяаш хестабо. дийна эвлаяаш сийсазбо.

(Хови)


Пом хилаиза а ца баьлла хуьлуш бац, политикаш сонта хиларна хуьлуш бу.

(Лоу)



Законаш дохо дагавеанчара законаш дукха дуьйцу. Царна аьххаре а цхьа а закон а мегаш а ца хуьлу.

(Вольтера аьллачух тардина)





Кху вайн готтачу дуьненчохь адамийн, къаьмнийн кхиала хийра, мостагlаллеца lойла дац.

(Эдлай Стивенсон)



Заманой, адамашай ца деш а, дийр доцуш а хlумма а дац.

(Л. Вовенарг)



Адам кхето хала ду, нагахь цунна цакхетарна луш ахча делахь, я хуьлуш кхи пайда белахь.

(Синклера аьллачух тардина)



Пусар ца динчу хlуманах хьегор ву ша стаг, — аьлла, делла дош ду боху Делан.

Цхьаболчара къомана пархIато йоккху а бохуш, шайна луъург лело пархIато йоккху.



Далла хийцам бан леъча цо эвлаяъ (гений) кхуллу.

(Эмерсон)





"Дала диннарг хир ду" — бохуш дуьненчохь Іовдал лелларг делаха а волу, дуьненаха а волу.



Сан Даймохк — дерриге а дюне.
Сан вежарий — дерриге а дамаш.
Сан дин — ас ден дика гІуллакхаш.

(Пейн)



Дарц дадлачахь дитна дуйнаш малх кхетча дицло.

(Шекспир)




Кхиам — къинхьегам.

(Дизраэли)

Ницкъаца деана Iедал ша — шех кхоьруш хуьлу. Цуьнан коьрта Iалашо — шен са дадайна лелар.

(Коссут)



Моз дахьачу накхаро ю ца туху. Ю етташ дерш — меца, дера накхарий.

(Н. Доризо)





Ша дерриге а кханенан дуьхьа лелайначун кхане цкъан а тІе ца кхаьчна.

(Миллер)



Вай дин лело деза. динан дай бу бохучара иза мел дакъаза дахахь а.

(Жоветт)



Цхьаболчарна Дела стаг ву моьтту, мархаш тІе а хеъна. ши кор чу а оллайна. Іаш.

(Элстанжара молла Бола)



ДогІа а, стелахаьштиг а тоьхча бен стелаІад а ца хІутту.

(Европейцин кица)



Цхьане къоман а бакъо яц кхечу къомана бехкаш даккха.

(Вильсон)

Национализм — берийн цамгар.

(Эйнштейн)

Машар боццахь парлато ца хуьлу.


(Эйзенхауэр)

Іовдалчой. веллачой ца хуьйцу шен ойла.

(Лоузлл)

— Цlе йоцу хlума дуй кху дуьненчохь наха лело тарлуш?

— Ду. Масала. ша бахьанехь байинчу нехан кешнаш тlе а хlоьттина. и нах ша ирсе бина. бохуш. дозаллаш дар.





Шен къомана тІе тІом беанарг бехказа ву, нагахь шен данана дийнарг бобер делахь.



БІаьрзечо бІаьрзечун куьг лаьцча ший а бердах воьду.

(Европейцин кица)



Дешнарг бен парІате вац.

(Эпиктет)



Хьекъалин къийсам боцучахь парІато яц. Хьекъалах харцлуьйриг бен ца кхоьру.

(Эдлай Стивенсона аьллачух тардина)



Уттаре а дика Іедал — Іедал гуш а доцуш нах дика Іаш болчахь дерг.





Доккхачу вонна мотт ца хеа.

(Сенека)



Машар болуш кIенташа дай дIабухку. ТIамехь дайша кIентий дIабухку.

КIентий байина дай — политикех левзина кхахьпеш.

(Геродота аьллачух тардина)



Массо тIом а ахча дезаро болабо.

(Платон)



ТIамо нийсо ца йо цкъан а. ТIамо адаме акха амал оьцийту, къизачу, боьхачу нехан тобанаш тIейоху. Бакълуьйчу нахана цхьан а закон ца дуьту.

(Плутарх)


Декъала хир бу машар лоьхурш. Уьш Дала шена улло озор бу.

(Инжал)

Тур батта чу дилла. Тур айдинарш туьро бойур бу.

(Инжал)





Уггаре а боккха толам баькkхинчу тIамо а беркат а машар а ца бохьу. Къам кхераман, синтаттаман бага кхуссу.

(П. Гольбах)

Тlемалоша герз охьадиллахьара тlом безачу хьакамин цlога кхерамо, осалло хабайна гур дара.

(К. Вольней)

Дала вочу нахана садоьттy. Амма даима а ца доьттy.

(Сервантес)

Кху дуьненчохь кхачо хуьлуш хlумма а дац валар доцург.

Кху малха кlел керла хlумма а дац.

(Соломон)


Хьакхарчашна жовхарш ца оьшу.

(Инжал Матвейра)



Карара машар гIолехь бу хила мегачу толамала.

(Тит Ливий)





Вон гIуллакх — хийца йиш йоцу гIуллакх.

(Публиций Сир)



Делан бекхам сиха бац, амма цахуьлуш буьссуш бац.



Хьекъаллерг миска ца хуьлу.



Дуьненна а хилларг — ловзар.


(Нохчийн кица)



Кхолламо Iовдалнаш хьоьсту.

(Латинийн афоризм)

Шинна дов — кхозлогIчунна белам.



КIоргтера кхетам синтатгаме бу. Цундела шелаг кхетам ца лоьхуш. цхьа чами ирс лаха.

Стагана хета. Далла хеа.

(Европейцин кица)





Чlерана нека lамо яхана москал.



Йиххина латтайна парrlато чlоrlа лета.

(Цицерон)



Наха бохучух кхийринехь эвлаяаш а хир бацара.



Хилаза цадолучуьнца къийсавалар — lовдалла.

(Лоуэлл)



Сецна сахьт а хуьлу суткехь цкъа бакълуьйш.


(Европейцин кица)

ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, БАРТ, КЪОНАХЧАЛЛА

Шегара яьллачу ледарлонна наха буьллу бехк лар яц къонахчалла.

Ша дика динарг нийсса харцахьа а дерзайна. вонит дина бохуш. наха кхийкхочу заманчохь собаре хилар ю къонахчалла.

Хьайн "къонахчаллех" нахана хIун пайда хуьлу хьажа.







Стаг къонаха вац лоттаха зударийн сий деш вацахь, иза мичча къомаха елахь а.



Уттаре а йоккха майралла, доьналла — дуьненчохь собарца вахар, эшначахь сатохар.



Хьекъалечу куьйгалхочунна хьекзале хьехамча оьшу, хьехамчин сий дан хьекъал а оьшу.

(Диоген)



Хьекъал — яхк ю, стаг воккха а хилла, коьртара месаш охьаэгначул тІаьхьа кхочуш йолу.



Берзан ницкъ — цергаш.
Стеран ницкъ — маІаш.
Стеган ницкъ — хьекъал.

(Горацис аьллачух тарлина)

Барт болчу кIезаг наха барт боццу дукханна тIехь шайна луург до.

(Дюрана аьллачух тардина)

¤ ¤ ¤

Дикачу къонахчо дов атта доккхур дац, дов даьлчи, кхеравелла юха а вер вац.

¤ ¤ ¤

Дов даьллачохь тIиллакх лацарал, нийсо лахарал, собар хиларал сийлахь хIума дац къонахчун амалехь. Къонахчуьнгахь дов деш валлахь а хила деза тIиллакх, собар, лаха еза нийсо.

¤ ¤ ¤

Дуьхьал леташ верг эшчи, цунна кхин тIело а ца еш юхавалар къонахчун тIиллакх ду.

¤ ¤ ¤

Кийрахь дог долчу стеган яхь хир ю. Яхь йоцуш иза велахь, кийрахь дог дац.

¤ ¤ ¤

Стаг бахамах, таронах валар, ца1а доцуш, кхерч боцуш висар доккха зен дац. Доккха зен ду стаг сий дайна висар.

¤ ¤ ¤

Оьзда, г1иллакх долуш, хьекъал долуш хиларх стаг лаккхарчу дарже (г1уллакхе) ца кхочуш виса тарло. Лакхарчу даржах стаг атта вухур ву. Амма стаг шен г1иллакхца, собарца, хьуьнарца, оьздангаллица, нахана дика болх лаарца, хьекъалца ша даьккхинчу сий1аллин даржах вухур вац.

¤ ¤ ¤

Стеган къонахчалла цкъа баьккхинчу толамах, гайтинчу доьналлех билгалдаьлла 1еш дац. Даима цуьнца долчу г1иллакхца, цо дечу кегийрчу а, даккхийчу а г1уллакхашца билгалдолу.

¤ ¤ ¤

Дан дезачохь собар далуш волу стаг дан дезачохь дов далуш волу стаг санна къонах ву. Къонахчуьнгахь бен собар хир дац.

¤ ¤ ¤

Стаг шен дешан да хила веза. Шен дешан да воццчух къонах ца хилла, я хир а вац.

¤ ¤ ¤

Къонахчалла дегIехь ницкъ хиларх, терз лело хаарх яц. Къонахчалла собар долуш бакъ хиларх ю.

¤ ¤ ¤

Къонахчалла мостагIчунна тIехь толам баккхар хилла ца Iа. Къонахчалла шен лаам кхочуш бан доьналла хилар ду.

¤ ¤ ¤

Турпалхой бешшехь ца бина турпала. Уьш замано, къийсамо, стогаллехь, доьналлехь кхуллу.

¤ ¤ ¤

Яхь йолчу къонахчун дог халкъан дуьхьа детталур ду.

(Берсанов Хожа-Ахьмадан хьехамаш)

Гулъелла холкъан тоба гуттара а Iовдал хуьлу. Къам — гуттара а хьекъале. Тоба — къам дац. Къам — тоба яц.

Талейран

Нах баларх бакъдерг алсам ца долу.

Сихвелларг — Iовдал. Паьхьа виссанарг — партал. Паравийла ца гIертарг — хьекъалан да. Паравийла гIертарг — декъаза бож.


Собар — хьекъал. Стеган мах собаро хадабо.





Девнехь цкъан а бакъдерг ца къастало.

(Сайрус)





Нисда йишйоцург собаро дерзадо.

Собаро коммаран гIах дари до.

(Китайцин кица)

Хьехар дIалаца корта боццунна гIода гIертар эрна ду.

(Франклин)

Хьекъалечу стеган уггаре а тIаьхьа кхосса дитана герз — велакъажар.

Уггаре а боккха толам — стага ша-шена тIехь баькхана толам.

(Платон)

Цхьа книшка бен ца ешнарг хIумма а ма ешначул кхераме ву.

Хир дуй хеа. Маца хир ду ца хеа.

(Латийннийн кица)

Памо хlумма а ца нийсдо.

(Вергилий)



Мел дукха лехча а, нийсо кешнашкахь бен ца карайо.

Іовдалчунна делла хьехар — вирана лекхна пондар.



¤ ¤ ¤

Барт болчохь — беркат. барт боццохь — зулам.
Барт болчу бежана экханан кхерам кIезиг хилла.

¤ ¤ ¤

Барт болчу цицгаша барт боцу берзалой эшийна.

¤ ¤ ¤

ХIума яйначунна — исс къа. лачкъийначунна — цхьа къа.

¤ ¤ ¤

Сих а ма ло. виц а ма ло; собар — толаман меттамотт.

¤ ¤ ¤

Ойла йоцуш леттарг ка йоцуш велла.



¤ ¤ ¤

Барт болу ши стаг юьртана а тоьъна.

¤ ¤ ¤

Сихалло са диъна, собаро лам биъна.

¤ ¤ ¤

Іовдалчо яькkхина шаьлта майрачу стага яькkхиначул кхераме ю.

¤ ¤ ¤

Барт боцу тоба цицгаша йохийна.
Барт боцчу доьзалехь беркат ца хилла. хилларг дедда.

¤ ¤ ¤

Дов шар-худар дац. цІий-моаий ду.

¤ ¤ ¤

Іилманан корта — хьекъал. хьекъалан корта — собар.

¤ ¤ ¤

Коьртехь хьекъал ца хилча. когаша къахьоьгу.

¤ ¤ ¤

Хьекъале хьаьжжина бен хуьлуш дац гІиллакх.

¤ ¤ ¤

Барт боцу доьзал а. барт боцу юрт а хІаллакьхилла.
Барт боцу доьзал ка йоцуш тІом бу.

¤ ¤ ¤

Нахана юккъехь леларе терра бен хуьлуш дац хьекъал.

¤ ¤ ¤

Сихалла — сонталла. собар — кхетам.

(Нохчийн кицанаш)

АДАМИЙН АМАЛШ

Уггаре а кхераменаг — стешха хьаькам. Шен са дадайна лелаш волчу хьаькамо къоман цIий Iанор ду.

Атта ду дерриге а къам беза. Хала ду шен лулахой беза.

Къомо а. зударша а бехкениг бехказа воккху.

(Байрон)




Шен ков-керт дІанисда керах ца дальларг мохк нисба ваха оьшуш дац. Шен да-нана. доьзал. йиша-ваша ирсе ца динчо къам ирсе дийр дац.

Хlун ю ца хеъначе дешин гlорза дlакхоьссина.

Бакъдолчо пайдехь долчунна некъ битана.

Уттаре а хала дов — шен доьзаллехь долу дов.



Адамана кхерам адамера бен ца богIу.

(Сенека)

Барт боцчу доьзаллехь има а беркат а ца соцу.

(Нохчийн кица)

Дика хорбаз къасто хуучунна а хуур дац дика зуда къасто.

(Французин кица)

Ларло оьрсех: уьш дуьненна тIе ховша гIертар бу.

(Талейран)


Дика стаг куьрк санна ву. Цунна гонахьа гуттара а хьийзар ду адамаш.

Меллаша аз дагна хеза.

Іовдалчу стеган нахах кхьдааш самукъа долу.



Массара а ю бахахь говран а ши моІа ю.





Нахана везаш юькъавала хала дац. Хала ду нахана везаш дІаваха.



Боьхачу нехан дика боьха бедар санна дІататта. Хьожа йоьр ю, цкъан а дІа а ер яц.



Хьолаза ца веза нахана, амма цуьнаха пайда бен зен ца долу нахана.



Цхьаволчу хьаьжочунна олу: "Циггахь Іин веларакха иза, дика стаг а хилла, кхуза юха схьа а ца гІерташ".



Кхеташ волчо Іовдалчунна некъ буьту.

(Ходжа Насреддин)





Муьста муцIар йолчу стага тюка йилла эшац.

(Китайцин кица)



Зуда хазаниг ялае. олуш ду. Дикалла яцахь а. хазалла гуш ю. Дика яра. аьлла ирчанит ялаяхь. тIаккха и дика а ца хилахь — гуттар а далатоьхнарг ду.

(Нохчийн шира хабар)



Генахьверг бехкева атта ду.



ЖIаьла къастале леташ дерг.
Етт — шура луш берг.
Накъост — оьзда верг.

Каранаш лелочу цицито дакха ца лоцу.

(Франклин)



Атта деанарг атта дІадахана. Атто езнарг дакъаза ваьлла.

¤ ¤ ¤

Бакъ стаг, дика къонаха кхоах-ахчанах эцалур вац. Цуо озабезам бакълуьйчуьнгахьа бийр бу.

¤ ¤ ¤

Хийрачу нахаца зовкх ца хьега, шен нахаца къаьхьа бала такха мегар ду.

¤ ¤ ¤

Дуне, вахар иза гIан дац. Цуьнан ниIматаш даккхийра ду. Довза Iамалахь дуьненан ниIматаш, шуьйра халкъаш, ирсан некъаш.

¤ ¤ ¤

Стаг цкъа а зуламе хила ца веза. Цуьнан Iалашо даима машарехьа хила еза.

¤ ¤ ¤

Кхетам болуш волчу хьаналчу, цІенчу стагана мел чІогІа хІилла долуш волчо къайлахь лело ямартлонаш куьгтанахь санна туш хир ю.

¤ ¤ ¤

Хаза гІиллакх доьналла долуш волчу стагехь бен хуьлуш дац. Хазчу гІиллакхо стеган сийлалли дарж кхуллу.

¤ ¤ ¤

Хьанала, цІена стаг цкъа а нахах, я нехан дикнах хьоьгур вац.

¤ ¤ ¤

Шен долчух кхачам бинарг синтем болуш вехар ву. Шен долчух кхачам ца беш нехан дикане сатуьйсуш верг къен ву.

¤ ¤ ¤

Нахаца хьатІ йоцуш, доганка, шен даг чуьра серло йогуш хила веза стаг.

¤ ¤ ¤

Шен гӀуллакх тоьлча кураваьлла стаг нахал эшна ву.

¤ ¤ ¤

Ша даржана лакхара хеташ нахах дӀакъесташ волу стаг — бацалара бӀаьӀашка дахна вир ду.

¤ ¤ ¤

Нехан синтем а бойуш, нехан са а татдеш, синкъерам а бохош, ахьа дечу гӀуллакхан ши кепек мах бац.

¤ ¤ ¤

Адамаш деза кхоьллина стаг. Адамаш дезаш иза вацахь, адамех хаьдда вуьсур ву. Адамех хаьдда виснарг дийна велахь а беллачийн новкъа ву.

¤ ¤ ¤

Вахар къинхьегаман хьелашца доьзна ду. Стеган ирс стеган сий хьаналчу къинхьегамах кхоллалуш ду.

¤ ¤ ¤

Стеган сий дайа гIортар йоккха ледарло ю. Ша лакхара а хеташ, нах шел лахара хеташ стаг велахь, иза нахал оьшуш хиларан билгало ю. Нехан сий дайа гIерташ волу стаг ша сий дайна вуьсур ву.

¤ ¤ ¤

Стаг хьекъал долуш кхетаме а, гIиллакх долуш оьзда а, харц луьйр воцуш бакъ а, хьатI йоцуш доганка а, кIоршаме воцуш кIеда-мерза а, ямартло йоцуш хьанала а, цIармата воцуш комаьрша а, къизалла йоцуш къинхетаме а хила веза. Иштта хилчий бен со стаг ву ала бакъо яц цуьнан.

¤ ¤ ¤

Дуьне хIора стагана, зудчунна я берана шен-шенна хийцалуш ду. Цкъа ирсан неIарш йоьллий воккхавевеш велаво, тIаккха балано лоций велхаво.

¤ ¤ ¤

Стага ша шен лара веза. Ша шен лара хууш иза вацахь наха а лорур вац.

¤ ¤ ¤

Хlумма а ца деш волу стаг дукха луьйш а мохь бетташ а хуьлу.

¤ ¤ ¤

Дерриге а шен амалехь диканиг долуш стаг хилча, ститалан малик хилла тlемащца гlоттур вара.

¤ ¤ ¤

Ша вина, кхийна Даймохк мел хьоме, мел мерза, мел сийлахь бу яхь йолчу кlантана. Шен Даймахках хаьдда кlант да воцу буо ду.

¤ ¤ ¤

Адамашна тlело яр дицделла дуьсур дац. Ша нахана дина вон шен кхерча догlур ду.

¤ ¤ ¤

Шен къоман мотт ца безаш, цуьнан сий ца деш волу стаг стаг вац. Цунна шен къам ца дезар, ца ларар туш билгало ю иза.

¤ ¤ ¤

Пиллакх доцчу нахаца тасаделла тергарло цхьа пулакх іоттаделча, тилоран тай санна, атта хелла.



¤ ¤ ¤

Наттахь Iотталуш долу бIаьрла гIуллакхаш шаьш нахана гайтархьама цIарна кхочушдо цхьаболчу "дикачу къонахаша". Амма пайдаоцчу кегийрчу гIуллакхаш тIехь гучубовлу уьш.

¤ ¤ ¤

Вахаран шен сецца хаийна мах бац, вахаран мах ахьа шен пайдаэцаре хьаьжжина хир бу.

¤ ¤ ¤

Ойла карзахе яьлла, дагна сингаттам Iаьткъича, карош верг мерза доттагI ву.

¤ ¤ ¤

Дуьне доккха ду. Вахаран хьелаш дукха ду. Ахьа хаьржинарг хьан некъ бу. Ахьа лехнарг хьуна карор ду. Амма хьайн дог мел лаьттачу дикане хьо кхачалур вац, хьо хьайн диканах Iебар а вац.

¤ ¤ ¤

Вайн дахар хьесапе ду. Амма цхьа а Iалашо йоцуш долу вахар шен кхерчахь дуьсур ду. тIаьхьало йоцуш хедар а ду.

¤ ¤ ¤

Вайн заманчохь турпалхо лара мегар ду тIейогIучу ханна вахаран некъ схьабоьллуш верг. карахь долчийл дикаха хьелаш кхуллуш верг.

¤ ¤ ¤

Историн цхьа оьздa тIиллакх ду: шен халкъана муьтIахь волу кIант эшна кIелвисна вац. Иза дуьненах дIахадарх. исторехь вуьсуш ву.

¤ ¤ ¤

Йоккха тIовгIа еш верг даккхийра тIуллакхаш дан доьналла долуш хир вац.

¤ ¤ ¤

Халкъан дуьхьа къахьегна волчуьнан гIуллакхаш цкъа а лийр дац.

¤ ¤ ¤


Дуьненчохь массо а хIуманел хьомениг — нана ю.

(Берсанов Хожа-Ахьмадан хьехамаш)

Массо а хаттарна жоп Iовдалчунна бен ца карадо.

(Вольтер)







Уттаре а воккха Іовдал — шен бепитца а. даьттанца а эгІаш верг.

(Свифта аьллачух тардина)



Кху дуьненчохь шортта ерг. хийца цалуш схьайогІуш ерг — адамийн Іовдалла.

(Конфуций)



Харцлоьчу стага мохь онда боьтту.



Вонаг дицдинчунна вонаг карладолу.

(Сантаяна)



Шена хетачунна тІера ца волуш, дуьхьалваьлла стаг — волчунна бала, нахана кхардам, шен сина мостагІа.

Уггаре а доккха сакхт — бехке воцу стаг бехке вар.

Уггаре а сонтагиг — къомана тІуллакх до ша, бохуш, къомана бале волуш верг.

Батайца къонаха хилалуш вац.

Дикалла къорачунна а хеза, бІаьрзечунна а го.

(Бовис аьллачух тардина)





Толам Iемалаша боккху, сий-бахам инарлашний, церан зударшний кхочу.

(Наполеона аьллачух тардина)



Дахарехь уггаре а кхераменаш — вайн дахар тода Iерташ йолу Iеламца йоцу товакхаш.

(Брендейс)



Кхаанна хуург къайлехь лаьттар ду, цераха шиъ велла велахь.

(Франклин)



Дерриг дуьне — театр.
Дерриге а адамаш — актьораш.

(Шекспир)

¤ ¤ ¤

Боьхачу стеган виканах ца ларвелларг цуьнан вонах ца ваьлла.

¤ ¤ ¤

Мел мекара цхьогал а туро лаьцна.



¤ ¤ ¤

Вон нах байа вай, аьлча, уггар вочо тур ирдина.

¤ ¤ ¤

Ойла йоцуш динарг гlайгlа йоцуш ца дирзина.

¤ ¤ ¤

Хазалла — саррадц, дикалла — валлалц.

¤ ¤ ¤

Нехан вонах ца кхийринарг шен диканна ца вийлина.

¤ ¤ ¤

Дас, нанас динарг хама ца беш диъна.

¤ ¤ ¤

Хьаша ца вогlучу хlусаме беркат ца догlу.

¤ ¤ ¤

Ніаьна кхийрина, латта а кхачийна, ша маццалла баларна.

¤ ¤ ¤

Дикачу дех ваьлла кІант цхьа дикалла йоцуш хир вац.

¤ ¤ ¤

Шозза аьлча, хьерахь а хеза.

¤ ¤ ¤

Доцург тІелетар дац, наха мел дийцарх.

¤ ¤ ¤

Ши лам вовшах ца кхетта — ши стаг вовшахкхетта.

¤ ¤ ¤

Хазачу дашо Іуьргара лаьхьа баькхина.

¤ ¤ ¤

Мел майра пхьагал а эро лаьцна.



¤ ¤ ¤

Дика зуда — дика накъост, вон зуда — коча оьллина гуьйриг.

¤ ¤ ¤

Зудчо кIант вича а, атто эса дича а стаг кураволу.

¤ ¤ ¤

Ладийг1инчу хьакхано хьаьжк1аш ца йитьна.

¤ ¤ ¤

П1ам бойна куьйра къийгаша хьийзадо.

¤ ¤ ¤

Къегтина малх хьаьжначу дийнахь а стогар а латабай де захало.

¤ ¤ ¤

Нохчийчо делара шен мел бохург делахьара, дашо ков хир дара шен, аьлла жуьгтийчо.

¤ ¤ ¤

Марзошца къийсина нус ц1ийнаха йоьхна.

¤ ¤ ¤

Пьхьависинчун дакъа циципо дигьна.



¤ ¤ ¤

Хазачу дашо лекха лам башийна.

¤ ¤ ¤

Дуьне кIордийна вала лигьна стаг хир вац.

¤ ¤ ¤

Хlума яйначунна — дуьне доккха, лачкъийначунна — дуьне готта.

¤ ¤ ¤

Дина хиъча, шел езна, вардана хиъча, сара безна.

¤ ¤ ¤

Лелачу цхьогалан батт хьена хуьлу.



¤ ¤ ¤

Серах ца бина хIоз хьокханах хир бац.

¤ ¤ ¤

Нахах кхаьрдинарг шена тIедеъна.

¤ ¤ ¤

Хьарам даьхний дезнарг махках ваьлла.

¤ ¤ ¤

ХьатI ерг — кIилло, яхь ерг — къонаха.

¤ ¤ ¤

Зурманча дукханна а вевза. зурманчина кIезиг бевза.

¤ ¤ ¤

Дуьме ца кхаьчначу цициго: "Буур а бацара аса хьо" — аьлла.

¤ ¤ ¤

Къуьно бен хастор вац къу-стаг.

¤ ¤ ¤

Халкъаца ийна верг халкъана везаш ваьхна.

¤ ¤ ¤

Мехкан доцчу эро пхьагал ца лаьцна.

¤ ¤ ¤

Охуш аьлларг оруш карийна.

¤ ¤ ¤

Дукха Iехна эса шина аттах декхна.

¤ ¤ ¤

Жижиг телхича-м туьха тосура, ткъа туьха телхича хIун дан деза?

¤ ¤ ¤

Адамашца къаьхьа хилларг тlепаза вайна.

¤ ¤ ¤

Ца туху йолу шаьлта а яьккхина. туху болу буй байна.

¤ ¤ ¤

Новкъа ваханчо цхьа некъ беш. нацкъар ваханчо ши некъ бина.

¤ ¤ ¤


Куьг дуьхьал лецарх. малх къайлабаьлла бац.

¤ ¤ ¤

Дукха Iиллинчу берзан цIога дехкаша диъна.

¤ ¤ ¤

Дукха хиттIа кхехьна кIудал хийистехь йисна.



¤ ¤ ¤

Доцу де шега деъча. вир бедана даьлла.

¤ ¤ ¤

Дуьйцург дош доццун биънарг дуй а хир бац.

¤ ¤ ¤


Тайначохь ца дитинарг ийгIинчохь дитина.

¤ ¤ ¤

Ша везарийн дог ма эшаде, цавезарийн пусар ма де.

¤ ¤ ¤

Дог доцчу атто юх йоцуш эса дина.



¤ ¤ ¤

Ша шена лоьхуш дерриг кхочу стаге.

¤ ¤ ¤

Суьйренан бала — вон зуда. Іуьйренан бала — йоьхна мачаш.

¤ ¤ ¤

Кхана хуттур, аьлла, дитина гІелан цІога хоттаза дисина.

¤ ¤ ¤

Нахах ца ваьшнарг наха ваьжна.

¤ ¤ ¤

Дикачу кІанта шен ден дог деладо.

¤ ¤ ¤

Дукха дезаро долчух ваьккхина.

¤ ¤ ¤

Куьпчичо тІам шена луъучу латабо.

¤ ¤ ¤

Ма-хетта ца хилча, ма-торру.

¤ ¤ ¤

Дог ца деъча, кот ца шерша.



¤ ¤ ¤

Туьран чов йирзина. матто йинарг йирзина яц.

¤ ¤ ¤

Маларо вахийнарг васталахь а. сискало вахийнарг ца вастало.

¤ ¤ ¤

Дика кIант — гIала. вон кIант — бала.

¤ ¤ ¤

Лергана хаззал хастийча. бIаьргана галла телхина.

¤ ¤ ¤

Хьаша веъна халахетачу хIусамнанас бераш делхор ду.

¤ ¤ ¤

Стешхачу жIаьло тIаьхьашха катуху.

(Нохчийн кицанаш)



Ахча дIасакхуьйсуш верг — Iовдал.
Ахчанах Дела веш верг — ахчанан лай.





Уттаре а вехаш волу стаг — шен долчух тоам бина стаг.



Дала кху дуьненчохь уттаре а мехала кхоьллинарг — бакъдуьйш волу стаг.

(Эндрю Корнеги)



Хьал а, къоьла а — ший а хала ю дагна лан.

(Паркер)



Дешил а, жовхарел а дезаниг — адаман эхала дог.

(Шекспира аьллачух тардина)



Кхидолу къаьмнаш цадезар — уттаре а культура лахара йолчу къаьмнаш юьхьехь бен хуьлуш дац.

(Тёте)





Меца жlаьла дузаде — доттаrlа.
Меца стаг вузаве — мостаrlа.

(Марк Твена аьллачух тардина)



Худар дан ца хуучунна а моьтту ша махкана куьйгалла гlоли дийр дара.

(Сократа аьллачух тардина)



Меца стаг паргlатехь вац. Мацалла дlайоккхуш доцу iедал паргlато йоккхуш деана iедал дац, шаьш буза деана iедал ду.

(Эдлай Стивенсона аьллачух тардина)



Палат далийта паргlатехь воцу стаг паргlатехь вац. Палатана мах хадо iедал доцучахь вехаш верг а паргlатехь вац.


(Тандис аьллачух тардина)

¤ ¤ ¤

Зулам лехнарг лаьтто хеназа хьулвина.

¤ ¤ ¤

Вон къиг вон Іаьха.



¤ ¤ ¤

Кепах тера йолу кибарчиг.

¤ ¤ ¤

Вирца даьжна эса вихар Iаьхна.

¤ ¤ ¤

Цхьана суйно дийнна юрт ягийна.

¤ ¤ ¤

Дукха кхерстачу зуьдана кхета гIаж ца эшна.

¤ ¤ ¤

Вон ца лалучуьнга дика а ладелла дац.

¤ ¤ ¤

ЦIога цахиларх пайда бац, наха жIаьла алахь.

¤ ¤ ¤

"Куьйсачу стагах дала ларвойла", — аьлла сагало.

¤ ¤ ¤

Тlалам боцуш динарг тlаьхье йоцуш ца дирзина.

¤ ¤ ¤

Дений. нанний вон хиллачун чlир шен доьзало оьцур.

¤ ¤ ¤

Буьйса Iаржа мел ели а дика хетта курхалчина.

¤ ¤ ¤


Ла мел дийгlи — татанаш, бlаьра мел хьийжи — бlарлагlаш.

¤ ¤ ¤

Нахана даькkхинчу ор чу ша кхетта.

¤ ¤ ¤

Адамашна зене баьлча, саьрмак стигала баькkхина.



¤ ¤ ¤

Дукха хьеший листинчу цIентIера беркат эшна дац.

¤ ¤ ¤

Iаьхча — Iуьно боь, ца Iаьхча — барзо боь.

¤ ¤ ¤

Ала дезачохь аьлла дош — тоха езачохь тоьхна топ.

¤ ¤ ¤

Шина сагIе хьаьдда молла цхьа а доцуш висна.

¤ ¤ ¤

Сайрамсекхан кIолла хьажжIа баьхьча а ца яйна.

¤ ¤ ¤

Къен кура стаг мохк боцу эла лерина.

¤ ¤ ¤

Къеначу барзо ши уьстагI баьхьна.

¤ ¤ ¤

Динах лата ца ваьхьнарг нуьйрах летта.



¤ ¤ ¤


Аьхка хье ца кхиххинчун Iай яй кхиххина бац.

¤ ¤ ¤

Iай тIе мохь еъча, даг тIе курална йогIу.

(Нохчийн кицанаш)

Деш пуллакх а доцуш, повпа еш лела ледал хьоа а дина екачу котамал оьшу.



Осалнаш къинхетаме ца хуьлу.

(Гандаи)

Уттаре а кхераменаг — къанвелла Іовдал. Нахана цуьнан хенаца кхетам бу моттало, цо дуьйцуург дош хета.



Кегийчарна баккхинаш Іовдал бу моьтту. Баккхийчарна кегийнаш Іовдал буй хеа.





Іовдаонаш хи ца дилличи а деба.

(Фуллер)



Сакхт веллачу стеган а ду: ша лийр хилча дуьненчу вала а оьшуш дацара!..



Вай вешан кегий лелларлонаш юьйцу яккхийнаш яц моьттийта.

(Ларошфуко)




Берриге бехк а ша бехке вац бохучу стеган ду.

(Карлейль)



Сакхаташ доцу стаг — доттагIашна а, нийсархошна а бала.

(Франклина аьллачух тардина)





Шен балхана къераволчу стеган бехк бац.

(Сайрус)



Доьзал — хlора дийнахь керла ян еза тlишло.

(Моруас аьллачух тарбина)




Зударий шитайпа хуьлу. Цхьаболчара тlемаш ло, вукхара — буржул.

(Бичера аьллачух тарбина)



Мерзачу стоьмана олхазарша етта зlаькарш санна, дикачу нахана вочара алсам дуьйцу элдиттанаш.

(Свифт)





Вочу нахана вон даржо оьшуш дерг цхьаъ ду: дика нах Iадда Iер.

(Берк)



Ирчачу зудчунна атта ду суьпаяла.



Хьоьх лаьцна дуьйцучу иттаннех иссаммо вон дуьйцур ду. иттаIгIачо цавааьлла цхьа-ши дош диканиг эр ду.

(Риварол)




Адаман дагчохь массо хIуманал а чIогIаниг — хьагI.

(Шеридан)

Вочу Наха жоьжагIата кхача гIерташ алсам къахьоьгу, дикачара ялсмане кхача гIерташ хьоьгучулла.

(Биллингс)

Хаза духар дуьйхинарг Iовдалшай, зударшай бен ца лору.



Шена луъург ауьйцуш лелачунна шена ца луург хезар ау.

(Латинийн афоризм)

Vloria лачкъийнарг сихха а гучаволу.

(Латинийн афоризм)

Къуна массо а къу ву моьтту.

Уттаре а халаниг — ша харц вуй хуъушехьа къарцалург.

Аьшташ бутту стаг — стаг вац.
нехан когех хьерча баргол ю.

БЕЗАМ, ТЕШАМ, ИРС

Вочу белхан ойланаш дукха ма е. Хlара дуьне боху бlаллагlа йолчу тlе а хьайна къахь ма е. Хlора стаг а Дала дуьненчу ирсе хила ккхуллу.

Доггаха Делах а тешаш, нахана ямарт а воцуш, нахана пайде вала гlерта стаг ирсе ца хила йиш яц.

Безамо стаг айво. Безамах lабаза виссанехь а, айвинчахь латтаво.

Мостагlалло са дуу. Мостагlа лацар — дакъаза валар.

Цабезам бlаьрзе бу. Цуьнан цlергахь догу дин, гlиллакх, оьздангалла, безам, тешам, ирс.





Стаг ирсе хилар — ша-шен лоруш хилар.

(Пейн)



Безамой. кхерамой бен ца къардо адамаш.

(Аристотела аьллачух тардина)



Іовдалчу стага ирс генахь лоьху. Кхеташ волчо — шен когаш кІел.

(Оппенгейм)



Юург. мерг. наб. безам — дерриге а шен барамехь хилийта.

(Гиппократ)

¤ ¤ ¤

Даима велавелла. векхавелла волу стаг ирс долуш ву. И ирс хила аьтту болуш волу стаг дика стаг ву.



¤ ¤ ¤

Ирс иза цхьа а хало а йоцуш. цхьа а сингаттам а боцуш кхоллалуш дац. Ирс хьан сих. дагах доллуш ду.

¤ ¤ ¤

Ирсан аьтту хилча, шен хеннахь цунах пайдаэца ца хиънарг, ирс дедда висча, велха оьшуш дац.

¤ ¤ ¤

Пайдехь хилар, синтем болуш дог цIена хилар — и ши совгIат ду стагана ирс долуш хила бакъо луш.

¤ ¤ ¤

Ирс лехарх карош дац. Ирс кхоллалуш ду къинхьегаман хьелашца, вахаран некъашца, адамашца йолчу уьйрашца.

¤ ¤ ¤

Стеган ирс цуьнан къинхьегамца йолу шовкъе хьаьжжина кхоллалуш ду.

¤ ¤ ¤

Ирс долуш хила лаахь даима оцу ирсе кхача гIерташ хила веза. Ирс стенах кхоллало хууш хила а веза. Ирс долуш хилар керахь долчу хьелашка хьаьжна дац. Иза хьоьга хьайга хьаьжна ду.

¤ ¤ ¤

Ирс къийсамца доккхуш ду, ирс стага ша кхуллуш ду. Ирс цхьаммо а хьуна схьалуш дац, кара лун дашо сом санна.

¤ ¤ ¤

Ирс новкъахь Iуьллу шай санна карош дац. Ирс хьаналчу къинхьегамца, хьуьнаречу гIуллакхашца, хазчу гIиллакхашца, нахана дикаболх лаарца кхуллуш ду. Ирсе кхача некъаш дукха ду.

¤ ¤ ¤

Безам дагна хазна кхуллуш, ойла самайоккхуш доккха совгIат ду.

¤ ¤ ¤

Безам, хьо цуьнга дIакхаьчнехь цул деза совгIат дан а дац. Безам хьекъалан нур ду. Ойланан серло ю, деган йовхо ю, ирсан шовда ду.

¤ ¤ ¤

Безам боцуш дерг вахар дац. Цхьа безам боцуш вехийла дац.

¤ ¤ ¤

Безамо дог-ойла гlаттайо. Безамо дегlе ницкъ ло, майралла, доьналла кхуллу.

¤ ¤ ¤

Безаман барам бац, и буста ницкъ болуш цхьа а вац.

¤ ¤ ¤

Йоlаний, кlантаний вовшийн дезаделлехь безаман кlорге хир ю, цушиннен вовшийн амалш таре, хьекъалан кlоргене хьаьжжина.

¤ ¤ ¤

Безам цхьана хазаллех лаьтташ бац. Хазалла, бlаьргаш lехош нур шега кхерсташ, хазна ю. Безам деган догlа ду. Иза дагах кхетта безаман хьу ю. Мерзачу дашо, хазчу гlиллакхо, сирлачу хьекъало, оьздачу дегlо кlаргбо безам.

¤ ¤ ¤

Кхоччуш дагах кхетта безам дагна Iаьткъаш бу. Марзо оьцуш. воккхавевеш безам белахь. иза доккха совгIат ду. Харцо еш. дагна вас еш. шеко кхуллуш безам белахь. цо дагна чов йо. Иза боккха бала бу.

¤ ¤ ¤

Ша вехачу маххахь. карахь долчу хьелашкахь лаха деза стага шен ирс. гена вуьйлуш лехарх иза карор дац.

¤ ¤ ¤

Хьо вогIу гичи хазахеташ нах белахь. ирс долуш ву хьо. Хьо вогIуш гичи. нах юьстахбийлахь ирс дайна ву хьо.

¤ ¤ ¤

Хьайн берриге а ницкъ ца кхоош. цхьа башха оьздачу стеган амалехь кхиаре лерина. массо а денна. массо а ханна къахьоьгуш хьо велахь. ирс долуш. оьзда стаг хир ву хьох.

¤ ¤ ¤

Ирс дайна висна стаг декъаза ву. Амма докъазалла хьаша доьналла долуш иза велахь, ирс долуш ву.

¤ ¤ ¤

Ша шен лаамехь волу стаг ирс долуш ву.

(Берсанов Хожа-Ахьмадан хьехамаш)

Доггах еза езар шен йиша санна лорур ю къонахчо.







Ирсе ву шен хIусамехь ирсе верг.

(Л. Н. Толстой)



Хазалла — дарба ду.

(Ф. Абрамов)



Ирсе ву Iилманца ирс карийнарг.



Ирсе ву шен хенахь велларг.


(Латинийн афоризм)



Ирсах ма кхера. Ирс хьарам ца дина бусалбанашна.

ГОВКВЕРА АЗЕРАЧЦ КВАЬМНИЙН КИЦАНАШ. ХЬЕХАМАШ


Мостагlа вlавахча майранаш алсамбовлу.



Дуьне хи чу дахарах. ГІаз шек ца йолу.




Эмкален рема юха йирзича. астагIа эмкал хьалхахьа нисло.




Массо жIаьла а цхьатера лета.

Малх гlовталан гlомаца дахьуллур бац.

Массо вир а мохь чlогlа хьоькхуш хуьлу.







Цхьана шарахь ши бIаьсте ца хуьлу.



Моташ хила лаахь — юург кIезиг яа: нахе хьуо ларийта лаахь — хабарш кIезиг дийца.



Хьайн лозу корта корта ца лозучуьнга ма бийца.



Девне, оьгIазе ма хила — хьалхе къанлур ву хьо.



Ъча ца вуьзнарг мот хьекхарх вузур вац.





Жlаьлина луург хилча — стиглара чу жижигаш оьгур дара.



Йораха чорпа мерза ца хуьлу.



Лулахо дика хилча бlаьрзе йоl а маре яхана.




Хьайга кхайкхинча дlагlуо. Хьуо ца оьшуча ма гlерта.



Iовдалчу хьешо хlусамда кхобу.

Йижана Іуьллучу текхарган цІогана тІе кор ма баккха. Баькхича бехкенаш ма леха.



Паж юькъе гІиртанчунна кхета.





Лам лекха ма хета — некъ бинчо боккхур бу. МостагIа чIогIа ма хета — леттачо эшар ву.



Барзах къахеттарг жа доцуш виссина.



Хьан доттагIа къиг елахь кхеллеш яа дезар ду хьан.



Текхарго цIока хуьйцу, амма амал цкъан а ца хуьйцу.




Цицигаца левзинчу дехкана балар карийна.






Вир вирах хьекхало.





Жіаьлеш дукха долчу юьртахула гІаж йоцуш ма лела.

Къиго къиган бІаьрг буур бац.



Хьуо гомачу урамехула водахь а, ког нийса баккха.

Хи уллохь тIу ца йоккху.

Дикачу стага беш юьту. Вочу стага монаш дуьту.

ТIу чу шеташ ма етта. Хьагвелча оьшур ю хьуна.







Кхелли юькъахь жовхарш ма леха.



Тилла вахарх хIумма а дац цIаван хиъчахьанна.



ХIу бен ю кIай хьакха а, Iаьржа хьакха а?



Iаьржа ца гинчунна кIай хIу ду а ца хеа.



Дукха уьдург цкъа охьакхетар ву. Дукха воьлург цкъа воьлхур ву.

Барзо ца еъна бахахь а. бат-м цIеш долуш хуьлу.




Эхь дайна. вехачул. сийлахь валар тоьла.

Hel йиллина елахь а. чоьхьа вала мегар дуй. алий. хатта.

Жlаьлана ша барзал майра ду, олий. хета.

Ерстинчу виро шен дена катоьхна.



Дахкаделлачу унах ма теша.

Цlе теснарг вогур ву цlергахь.

Дакъаделлачу дитта тlе тlа ца долу.



Сеттанчу тlожа тlе ма вазло: охьакхетар ву хьо.

Диканна дуьхьала дика хlорамо а до. Вонна дуьхьал дика къонахчо бен ца до.

Эсалчу эсо шина аьттан шура еъна.

Кlохцалана ша а зезаг ду моьтту.


Кхаж баьлларг ма велха.

Лохачу вирана тlе муьлхху а хаало.

Эзар къиг цхьана тlулго кхерайо.

Кхераделла жIаьла кхаа дийнахь лета.

ХIора цхьогало а шен цIога хестадо.



Бата цхьаъ ю. лергаш шиъ ду. Хабарш кIезиг дийца. ла алсам дийгIа.

Толкха стаг сихвар пайда бац.

Вир іоьхуш олхазар дІасоцу.



Іовдалчу шина стеган тергарло тена ца доьду.



Зингате хаьттина:

— Хьан корта боккха хIунда бу?

— Цу чохь хьекъал долу дела.

— Хьан гIодаюкъ готта хIунда ю?

— Со оьзданг долу дела.

— Хьан цIога доккха стенна ду?

— Хьайн бала боцург ма хетта!

Хьекъал дерг ойла еш Iашшехьа. Iовдалчо дой карадойту.

КIадвелча. я кIелвисча ойла ян хIутту сонтаниг.

Iовдалчо тIу чу кхоьссина тIулг шовзткъа стаге схьа ца баккхабелла.

"Ас дешна" — ма баха. Хьайна хуург схьагайта.

Iеламча хила хала дац. Хала ду адам хила.





Іовдалниг гІуллакх дан хьажаве — тІаьхьа ваха дезар ду хьан.



Зезаг дезахь кІохцалгех ма кхера.




Гергарнаш сийсазбахь нехан наха хьошур ву.




ЦІахь барт боцург наха юькъехь гІийла ву.

Дика зуда — синкъерам.
Вон зуда — тезет.



Къегана басар сиха кхоьла.

Болх Дала тІе билла, хІете а эмкал дІаехка.



ХІума яйначо а, лачкъайначо а, шиммо а Деле гІодоьху.

Кхо газа ерг харц ву. Баьа газа ерг бакъ ву.

Бат атlор йолчо а, элан йоlа тlехьийза кlентий къестийна.

Ши къу — цхьа стаг. Хlете а барша а вац.


Къу лайна къам — Далан мостатlа.

Къунах дозалла дина дай. нахаца лелачу йолах дозалла дина нанай — цхьаъ ду.

Пелъеллачу говрана шин цlога а деза ду.

Хьоладен ремай юькъехь мискачун говр йов.

Іахар ет Іеха алсам Іоьху.




Лаьттачу хи тІе Іеха лоцу.

Стом ца боьгIча IиндагIа ца хуьлу.

Мокъа Iаш волу стагIе, велла стагIе цхьаъ лерина.

Мокъа стаг Далла ца везна.







Чlара коьртера бахкало.



Цхьана зезагах бlаьсте ца хуьлу.



Нахах велахь — воьлхур ву.



Хьалдолчунна хьехамчаш хьал гулделча гучубовлу.



Къечу стеган хьекъал — хьалдолчуьнга деха ца вахар. Хьалдолчуьн хьекъал — дерриге а дlа ца декъар.



Мискачунна чlара ма луо. чlара лаца мlара луо.

Чурх:

1. Забарш, анекдоташ 5
2. Новеллаш, забаре дийцарш 89
3. Кицанаш, хьехамаш 375

Издательство «Нохчмохк»
выпустит в 1997—99 гг:

1. С-Х. НУНУЕВ. *Дух и золото*
Роман. 700 страниц.

2. С-Х. НУНУЕВ. *Нахи и священная история*
(Исторические события в Коране, Ветхом Завете. Позиция науки). 300 страниц

3. С-Х. НУНУЕВ. *Пленники чужого разума.*
Философский роман. 550 стр.

Все книги в твёрдом переплёте.

По вопросам спонсорского участия,
оптовых и мелкооптовых закупок
обращаться по телефонам в Москве:
(095) 900-06-08; 900-06-05;
352-91-08.

Нунуев С-Х. М.
«ТАПЧА ЦА ОЬШУ»

Лицензия ЛР № 071156 от 19.04.95
Налоговая льгота — общероссийский классификатор
продукции ОК-005-93, том 2; 953000 — книги, брошюры
Подписано в печать 29.10.97 г.
Формат 84×108 1/32. Печать офсетная
Объём 17 п. л. Тираж 5000 экз. Заказ № 5603

«11-я типография»
Москва, Ломоносовский проспект, 5

Отпечатано в АООТ «Тверской полиграфический комбинат»
170024, г. Тверь, пр-т Ленина, 5.





НУНУЕВ САЙД-ХЬАМЗАТ

ТАПЧА ЦА ОЬШУ